# МАХ ДУГ

*Хуымæтæджы цæстмæхъустæ бæлæтты хуызы бацæуынц, политикон æмæ литературон цæстмæхъустæ та – цæргæсты хуызы. Фæлæ цæргæсы 'нгæс кæй сты, уый-иу мацæмæ 'рдарут: уыдон цæргæстæ не сты, фæлæ уырытæ 'мæ куыйтæ.*

АНТОН ЧЕХОВ

11

2008







# НАША ЭПОХА

Издается с мая 1934 года

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ СОЮЗА ПИСАТЕЛЕЙ
РЕСПУБЛИКИ СЕВЕРНАЯ ОСЕТИЯ-АЛАНИЯ

**Главный редактор – Ахсар КОДЗАТИ**

**Редакция**

Ответств.секретарь, проза — Борис ГУСАЛОВ

Поэзия, драматургия — Казбек МАМУКАЕВ

**Общественный совет**

Руслан БЗАРОВ, Гриш БИЦОЕВ, Анатолий ДЗАНТИЕВ,
Елизавета КОЧИЕВА, Анатолий КУСРАЕВ,
Наира НАКУСОВА, Камал ХОДОВ

Владикавказ, 2008

# МАХ ДУГ

11 '08

Журнал цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНЫ
ФЫСДЖЫТЫ ЦÆДИСЫ ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ



**Сæйраг редактор – ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

**Редакци**

Бæрнон секретарь, прозæ — ГУСАЛТЫ Барис

Поэзи, драматурги — МАМЫКЪАТЫ Хъазыбег

**Журналы æхсæны уынаффæдон**

БЗАРТЫ Руслан, БИЦЪОТЫ Гриш, ДЗАНТИАТЫ Анатоли,
КОСТЫ Лизæ, КЪУСРАТЫ Анатоли,
НÆКУЫСАТЫ Наирæ, ХОДЫ Камал



Дзæуджыхъæу, 2008

## НОМЫРЫ ИС:

**НЫСТУАН ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ» КÆСДЖЫТÆМ** 5

**ПЛИТЫ ГРИС: 95 АЗЫ**

*ГРИС.* **Æмдзæвгæтæ** 9

**ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР:90 АЗЫ**

*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр.* **Фыссæн чингуытæ** 18

*БАБОЧИТИ Руслан.* **Адæми гъæр.** Æмдзæвгитæ 37

*ГУСАЛТЫ Барис.* **Æвдадзы хос.** Радзырд 45

*ТЕДЕТЫ Ефим.* **Стыр дуне.** Æмдзæвгæтæ 92

*КЪОДОТЫ Олег.* **Шофыр.** Уацау 98

*РÆМОНТЫ Геор.* **Цыбыр æмдзæвгæтæ** 122

*ДУЛАТЫ Симæ.* **Мæ фыды лымæн арс.** Миниатюрæ 125

**ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ**

*ÆЛБОРТЫ Тамарæ.* **Æгъдау — поэзийы суадон.** Уац 126

**ПУБЛИЦИСТИКÆ**

*Николай ГРИТЧИН.* **Кæй нæ балхæнæм, уыдоны амардзыстæм.** Уац 136

**«МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ.** *Цæрикъаты Билары куыстытæ* 142

**ИРОН ПОЭЗИЙЫ АНТОЛОГИ** 147

***Журналы авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы***

# НЫСТУАН ЖУРНАЛ «МАХ ДУГ» КÆСДЖЫТÆМ

Ацы аз «Мах дуджы» 7-æм номыры рацыди Джыккайты Шамилы æмдзæвгæты цикл. Æмдзæвгæтæй иу, «Фæцæуынц бирæгъы цот хадзы»(14-æм фарс), зæгъгæ, уый стыр маст сæвзæрын кодта журналкæсджыты иу хаймæ æмæ нæм дзурынц телефонæй, редакцимæ дæр сæ æрбахæссы сæ маст. Гъемæ мæ зæрды ис уый фæдыл мæ хъуыдытæ зæгъын. Æмдзæвгæ ныффыссынæн, мæнмæ гæсгæ, йæ сæйраг æфсон уыди, цыппар азы размæ Бесланы цы æвирхъау бæллæх æрцыд, уый. Стæй канд уый нæ — иудадзыг сабырцæрæг адæмы ныхмæ террористон акттæ чи аразы, сабиты, сылгоймæгты, зæрæдты, сæдæгæйттæй чи цæгъды, стæй та утæппæт æнаккаг миты фæстæ Хуыцаумæ кувынмæ чи фæвæййы, ахæмтæн нæдæр Хуыцау-Аллах и, нæдæр дин, кæд иудадзыг сæ номæй фæархайынц, уæддæр. Уыдон бирæгътæй фыддæр сты. Раст æмæ зылыны не 'взарынц, никæуыл ауæрдынц, стыр фыдбылызтæ саразынц, Къостайы загъдау, адæмæн тугуарæн фæкæнынц, стæй та Хуыцауыл сæхи фæдзæхсын байдайынц. Цы йæ æмбæхсæм, æнæуи царды куыд у, афтæ дингæнджытæ дæр мыггаггай сты: чи сыгъдæгзæрдæйæ кувы, чи та фæлитой у, Хуыцау, Хъуыран, Библи æмæ йæ иннæ сыгъдæг нæмттæ хъæуынц йæ чъизи митæ уыдон ауон æмбæхсынæн. Ахæм у Шамилы æмдзæвгæйы сæйраг хъуыды. Æрмæст фæстаг дыууæ рæнхъы поэт æгæр фæцæхджын кодта йæ дзуринаг: сау дуры кой дзы ничердыгæй фидауы. Чабæйы кувæндон милуангай пысылмæттæн сæ табуйагдæр бынат у, æмæ ахæм æнæхсæст, гуымиры æвзагæй йæ кой кæнæн нæй. Æмбарын æй: авторы æлгъыст хауы, уыцы сау дуры намыс æмæ сыгъдæгдзинад йе 'наккаг митæй цæсты чи 'фтауы, ахæмтæм. Уыдонæн сæхи зæрдæтæ сты сау дуртæ — Чабæйы æрвон дуры «антитæ». Фæлæ уæддæр æндæр аивадон фæзилæн ссарын хъуыди поэты.

Шамилы, стæй нæ иннæ авторты хъуыдытимæ редакци алкæд разы нæ вæййы — уый бæрæг у, журналы цыппæрæм фарсыл цы фыст ис, уымæй дæр. Хуыцауы, Йæ пехуымпарты, Йæ табуйаг кувæндæтты хъыджы чи бацæуа, уымæн Хуыцау Йæхæдæг тæрхонгæнæг уыдзæни, мах æххуыс Æй нæ хъæуы, мах нæхæдæг стæм Уый æххуысхъуаг.

Хъуыраны 73-æм сурæйы (йæ ном «АЛЬ-МУЗЗАММИЛЬ) кæсæм:

«9. *Ему* (Аллаху. — Хъ. Æ.) *принадлежит восток и запад (т. е. вся Вселенная). Нет истинного бога, кроме Него! Так полагайся же на Него во всех твоих делах и возьми Его в поручители за то, что Он обещал тебе!*

10. *Терпи ложь, которую они говорят, отстранись от них своим сердцем и поступай вопреки их желаниям, не обращая на них внимания, и не ищи отмщения им!*

11. *Оставь Мне тех, которые отрицают ислам и наслаждаются благами этой жизни, и дай им небольшую отсрочку.*

12. 13. *Мы уготовили неверным в будущей жизни тяжелые оковы, пытающий огонь, отвратительную, терзающую горло пищу и мучительное, невыносимое наказание».*

Афтæ зæгъы Дунескæнæг Хуыцауы-Аллахы стыр Пехуымпар, пысылмон дины бындурæвæрæг Мæхæмæт дæр: *«Аллах сам определит в День Суда, кого считает грешником, кого праведником, нельзя забывать, что Всевышний полон любви, милосердия, всепрощения, справедливости; грешники — это те, кто не верит в ясные, божественные откровения Аллаха, ниспосланные мне пророком, это те, кто не верит в День Суда, это те, кто хулит великую исламскую религию, и нет этим грешникам ни прощения, ни спасения от Ада, и Страшный Суд для них будет закономерен»* («Мухаммед». Минск. «Современное слово», 2002, 159 ф.).

«Мах дуджы» кусджытæй иуæн дæр йæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыди Хуыцауы æмæ дингæнджыты ныхмæ исты зæгъын кæнæ ныффыссын. Нæ журналкæсджытæ уыцы хабар иттæг хорз зонынц. Чи йæ нæ кæсы, уыдон та уал фыццаг сæ мадæлон æвзаг сахуыр кæнæнт æмæ кæсын-фыссын райдайæнт, стæй уый фæстæ дзурдзыстæм.

Æнувыдæй, рæстæй чи кувы Хуыцаумæ, уыдонæй курæг дæн: уæ зæрдæмæ ма хæссут поэты карз уайдзæфтæ, æлгъыстытæ

— уыдон хауынц террористтæм, лæгмартæм, тонагæнджытæм, карьерæдзаутæм, цæстфæлдахджытæм, цæвиттон, адæймаджы ном чъизигæнджытæм.

Шамилы æмдзæвгæйы сæйраг аипп, мæнмæ гæсгæ, уый у, æмæ айдагъ фидистæ, æлгъыстытæ, хус гуымиры риторикон хъæртæй амад кæй у. Цыбыр дзырдæй, æцæг поэтикон уацмыс дзы нæ рауад. «Æмæ йæ уæд джиппы цæмæн рауагътат?» — уыдзæн ахæм бафæрсджытæ. Мæ дзуапп: «Мах дуг» у Ирыстоны фысджыты журнал. Шамил та нæ фысджыты дзырддзæугæдæртæй иу, Ирыстоны егъаудæр университеты профессор, декан, ахуыргонд, фæсивæды хъомылгæнæг, æхсæны кусæг, Цæгат Ирыстоны адæмон поэт, Къостайы номыл премийы лауреат, бирæ чингуыты автор, æмæ йын йæ хъуыдытæ дзурыны бар куыд хъуамæ байсæм?

Кæронбæттæны ма иу курдиат. Журналкæсджытæ, фысджытæ, ахуыргæндтæ, сæйрагдæр та, æмдзæвгæ маст кæмæ сæвзæрын кодта, уыдон сæ хъуыдытæ куы ныффыссиккой, уæд сын сæ журналы рауадзиккам. Уый феххуыс уаид поэты уацмысæн объективон аргъ скæнынæн.

**ХЪОДЗАТЫ Æхсар**

# ПЛИТЫ ГРИС: 95 АЗЫ



ГРИС

## ЦАРД ÆМÆ МÆЛÆТ

Тоны ᾽рхæндæгæй мæ зæрдæ,
Скъуыйы мастæлгъæдæй риу...
Ног та ме ᾽мбæлтты хуыздæртæй
Бацыд сау сыджытмæ иу.

Уæд куыд фæлмæн уыд йæ бахудт,
Йе — куыд адджын уыд йæ зард!..
Ныр, уынгæджы бон, куы бахъуыд,
Радта бæстæн уæд йæ цард.

Сыджыт айста уый, йæ мадау,
Æмæ нал æвзардзæн зын...
Сом та, чи зоны, мæ рад уа
Уырдæм къулсæрæй цæуын.

Фæлæ ныр хызт дæн йæ мæтæй, —
Мæн цæрын нæ хъæуы даргъ:
Уый нæ фæтæрсы мæлæтæй,
Цардæн чи фæзоны аргъ.

Цъус æнкъард кæй дæн, уый хатын,
Фæлæ ма кæн хъаст мæнæй:
Хъуыры цæстысыг куы бады,
Уæд хъæлдзæгдæр зарæн нæй.

Цæй, цы схос кæнон мæ сæрæн,
Йе куыд бахъæлдзæг уон, кæд
Абон зарджыты хуыздæрæн
Сыстад цард æмæ мæлæт...

*1944*

* * *

**Диссаг, цы сагъæс нæ равзæры риуы!..**
**Рахызтæн туджы сырх кулæй...**
**Йе сæфтыл ме знаг æрхæндæгæй ниуы,**
**Æмæ йæм хъусын сæркъулæй...**

## САЛДАТ

*Монолог*

**Фæци салдат йæ хъизæмæрттæ саст,**
**Йæ зын фæндагыл ахæццæ кæронмæ,**
**Æрдздых æмæ йын адæймаджы зонд**
**Зæххыл цы фыдтæ самадтой йæ разы —**
**Æндон нæмыгау, ацыди сæ мидæг**
**Ыскæсæнæй Ныгуылæнмæ зынгæй**
**Æмæ фæхæццæ Намысы бæрзондмæ.**
**Фæлæ куы 'рсæрфта йе 'хсаргардæй туг,**
**Йæ дард фæндагмæ уæд фæстæмæ ракаст**
**Æмæ йæ рустыл цæстысыг æрцыд.**

**— Цæуыл, цæуыл уынгæг кæны дæ зæрдæ,**
**Æппæлинаг мæлинæгты хуыздæр?**
**Æви зынтимæ риу-æмриу хæцынæй**
**Æппын нæма ныддурзæрдæ дæ, цы?**
**Æви æдзух æнæрцъындæй кæсынæй**
**Дæ цæстытæ нæма ныйисты хус?**
**Цæмæн, цæмæн сæ афтæ зилыс доны? —**
**Æмæ салдат ныуулæфыдис арф:**
**«Цæй зын дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй зын дæ!.**
**Уæдæй ныр рацыд фондз азы, кæддæр**
**Куы рараст дæн уынгæг тохмæ нæхицæй,**
**Уыди мæйрухс, сæрдыгон æхсæв, хъарм,**
**Фæлæ уыд зæрдæ талынг æмæ уазал.**
**Нæ хуыссыд хъæу, фæлæ ныхъхъус куыддæр,**
**Рухс никæмуал сыгъд æмæ, къахт цæстытау,**
**Уыдысты хъæуы рудзгуытæ мæрдцъынд.**
**Нæ фæсивæд сæрибары сæраппонд**
**Куы рафæндараст удуæлдай хæстмæ,**

Уæды нывтæ цæрæнбонтæм уыдзысты
Фæкæуынæн, фæхудынæн дæр фаг...
Нæ фæдыл адæм хъæугæронмæ рацыд,
Нæдæр ныхас, нæ — худын, нæ — кæуын,
Æнæ уый дæр æмбæрста иуы иннæ:
Куы 'рцæуы фыд æгас дзыллæйыл, уæд
Сæргуыбырæй æмæ уæнтæбæрзондæй
Кæрæдзи 'нцой æнæдзургæ фæлæууынц.
Нæ баззад хъæуы иу хæдзар, цæуæг
Кæм нæ уыд хæстмæ. Иуты 'рвыстам уырдæм,
Нæ иннæты мæрдтæй æмæ цæфтæй
Фæстæмæ ластам тугуарæн быдыртæй...
Æмæ зыдта йæ уынгæджы бон адæм:
Кæд уыцы 'хсæв нæ куыдта уый, уæддæр
Йæ зæрдæйы цы тыхджын маст æрæмбырд,
Цæстысыгæй куы фемæхстаид уый,
Германæн уæд æнхъæвзтаид йæ сæрты.
Фæлæ ирон фæразон у зынтæн
Æмæ нæ хæссы худинаг йæ сæрмæ.

Æрлæууыд адæм хъæугæрон. Бæрзонд
Нæ сæрмæ арв æнкъардæй касти зæхмæ,
Нæ фарсмæ та тызмæгæй ниудта Терк...
Уæд размæ рацыд иу зæронд лæг; систа
Йæ урс нымæтхуд, радтой йæм сыкъа;
Фæкасти бирæ исдуг зæхмæ, стæй ныл
Уынгæг зæрдæйæ ахаста йæ цæст
Æмæ ныссабыр й' алфамблай æппæт дæр.
— Цæут, мæ хуртæ... Уастырджи фæуæд
Уæ фарсхæцæг!.. Тых кæнынмæ нæ цæут,
Фæлæ цæут тыхгæнджыты ныхмæ...
Æгадмæ-иу нын ма 'руадзут нæ сæртæ...

Йæ ныхас зæронд нал фæци, йæ маст
Фæбадт йæ хъуыры, нал фæрæзта дзурын.
Æнуд дзыназын устытæй фæцыд,
Æмæ нынниуой — гъа ныр, зæгъгæ, афтæ
Хъæлæсыдзаг ныццæлхъ ластон æз дæр
Иры фæндагсар Уастырджийы зарæг.

Ærbambyrd uaitagъd fæsivæd mænyl,
Цъæхснаг хъæлæсæй байдыдта хъырнынтæ,
Æмæ нырмæ цы маст уыдис æхгæд
Ærхæндæгæй нæ хъæубæстæн йæ хъуыры,
Фæкъæртт уый цинæй, — цæстысыг æваст
Сæ уадултыл цыхцырджытæ ныллæууыд, —
Нæ зарæг сын æвдадзы хос фæци...

Фæрухс и бон. «Фæндараст» загътой махæн;
Ныууагътам уæд зæрдæрухсæй нæ хъæу,
Æмæ нæм хох къæсæрæй каст æнцондæр.
Бон ивта боны. Иу сахат цæрын
Зын кæм уыд, уым фæхæцыдыстæм афæдз,
Æнæнцой афæдз, й 'алы бон дæр раст
Æнусау даргъ кæмæн уыд, ахæм афæдз...
Æвæццæгæн, зæххыл куы фæзынд цард,
Уæдæй цы мин-мин азы рацыд, се 'хсæн
Нæ уыдис уыцы афæдзæй фыддæр.
Æхсæвæй-бонæй тугкалæн хæстыты
Нæ уд æрдуйы нарæгæн ныццис,
Æмæ тыхстæй нæ къухты фыдтæ хордтам.

Æгас зæххыл фыдгæнæгæй цы уыд —
Бырстой уæззау, æнæскъуыйгæ лæсæнæй
Нæ ныхмæ уæд, æмæ сæ кодтам най,
Фæлæ-иу уайтагъд иннæтæ сæ сæрты
Уылæнтæ систой. Цас уыдысты, цас!
Нытталынг арв сæ хæдтæхджытæй, быдыр
Обæутты хуызæн танчытæй рызти;
Сæ сармадзантæ, тар хъæды бæлæстау,
Уыдысты 'нгом, сæ фистæджытæй зæхх
Æмызмæлд кодта, раст цыма быр ысси,
Æмæ нæм касти с' алкæмæй мæлæт,
Цыма хъаймæт æрхæццæ. Æмæ загътон:
«Æлгъыст фæуæд, лæг марынæн фыццаг
Кæй зонды бафтыд саразын хæцæнгарз!
Сæ хотыхтæй куы нæ бырсиккой мах,
Куы ракæсиккой танчытæй æддæмæ,
Лæгæй-лæгмæ сæм бацæуиккам уæд,

Сæ мукъутæ сын сæвдуликкам туджы!...»
О хъизæмар, куыд нал дын уыд фæуæн!
Нæ хиды 'ртæхтæ рыгтимæ ныхъуырдтам;
Мæйгай-иу лæг йæ цæстытæ цъынд дæр
Нæ бакодта; къæбæр дæр нал цыд хъуыры,
Ныддур и зæрдæ; фистонмæ ныссадз
Дæ риуы кард — нæ ратагъдаид туг —
Ныссур и мастæй... Адæмæй-иу лæг
Æфхæрд хуызы куы 'рлæууыди нæ разы,
Уæд-иу нын уайдзæф байдыдта: «Кæмæн,
Кæмæн нæ уадзут, худинаггæнджытæ?
Æхсныфæй нын куы нуазы знаг нæ туг,
Фæхъазыд нын нæ фыдæлты уæлмæрдтæй!
Цы ми кæнут? Æви уын нал и ном!»
Фæраз, фæраз, салдаты зæрдæ, ма скъуый!
Дæ маст кæд фурд у, абар æй уæддæр
Дæ дзыллæйы æгæрон судзгæ мастыл,
Æмæ зындзæн æртахы йас æрмæст.
Ныххæц дæхиуыл, зæххы мидæг абыр,
Дæхи ныссадз, æндон цæджындзау, арф,
Ныллæуу сæ разы де знæгтæн къæдзæхау;
Фæстæмæ ма кæс: бахæццæ дæ ныр
Уырысы стырдæр тугдадзин — Идылмæ,

Куы бауадзай йæ алыг кæнын ды,
Мыггагмæ уæд фыдæлгъыстаг куы кæныс!

Æмæ цæнгæт кæм нæ лæууыд цæфæн,
Салдат-иу уым æрæхгæдта йæ риуæй.

Уыдис æхсæв, сæнтсау æхсæв. Ныхъхъус,
Ныффæсус хæст, æмæ сыбыртт дæр нал хъуыст.
Уæззау цæфты кæрзын æмæ уынæргъын.
Фæззыгон уазал йе 'рцындзтæ тъыста
Салдаты буары. Бирæ рабырс-бабырс
Фæкодтам бонæй знагимæ кæрæдзи —
Нæ басаст иу дæр. Цард æмæ мæлæт
Кæрæдзи хурхыл фидар хæст уыдысты,
Фæлæ ныххурхæн никæмæ сфаг тых:

Мæлæт уыдис æппæт гæрзтæй дæр ифтонг,
Фæлæ уыд цардмæ иу хотых — рæстад —
Æмæ йын уымæй йе 'ппæт хъару саста;
Сæ дыууæ дæр æмхауд æркодтой ныр:
Фæллад æфсæдты афæлдæхта хуыссæг,
Æмæ ныцци салдаты фынæй зæхх.
Ныссабыр буар. Фæлæ нæ сабыр кодтой
Лæгæн йæ уд, йæ хъуыдытæ, йæ зонд:
Куы-иу ныфсхаст дæлимоны худт кодтой
Æнæбон буарыл — чи басаст; куы-иу
Фæпæррæст ластой, урс-урсид бæлæттау,
Æмæ дунейыл ратæх-батæх кодтой
Рæстдзинады фæдисæттæй, куы та
Æхxуысгур ивгъуыд заманы зылдысты;
Куы — суинаг дугмæ тахтысты, цæмæй
Тых райсой искуы, бауадзой йæ буары
Æмæ та райсом рабада хæстмæ.
Фæлæ тыхсаст буар нал куымдта тæлфын дæр,
Æмæ йæ уæлхъус урс-урсид бæлæттæ,
Сæ цæстысыг ныхъуыргæйæ, куыдтой.
Фæкуыдтой бирæ, стæй ныппæр-пæр ластой
Æмæ зынты кæй ныфсæй уыд сæ ныфс,
Æрхуыдтой уый Уæлахизæн æxxуысмæ,
Уый уыд салдат, зæронд фæлтæрд салдат.
Цъæх цинел, сау цырыхъхъытæ, тъæпæн худ
Уыдис йæ уæлæ. Рахиз къух — йæ тары,
Йæ галиу — дзыппы; рихиты ма зынд
Гæзæмæ саутæ; зынг цæстыты сæрмæ —
Æрдын-æрфгуытæ. Обауыл лæууыд
Æмæ фæйнæрдæм хæцæныл фæлгæсыд,
Цы ранмæ-иу фæкомкоммæ йæ каст,
Уым зæххæй йе 'фсад мингай стад уæлæмæ
Æмæ сын нал зынд быдырты кæрон.
Йæ сæрмæ ссыгъд сырх-сырхидæй тырыса,
Æмæ дзы Ленин цардæгасæй каст.
Цы мыл æрцыди: стыр хорз, æви стыр фыд —
Нæ базыдтон, фæлæ бæгъатыр туг
Фæйлаугæ хъазын байдыдта мæ уæнгты,
Цыма дзыхъхъынног райгуырдтæн; цыдæр

Ӕнахуыр тых мæ фестын кодта зæххæй,
Мæ хотыхтæм фæлæбурдтон, ыстæй
Мæ риуæй сирвæзт «А дунейыл удæн
Йæ бархиад куы фæистæуы, уæд
Цæй хорз дæ, цæ, хæстмæ цæуын, цæй хорз дæ!»

Сæуæхсид судзгæ скæсæнæй фæзынд,
Ныййирд ис арв, гæзæмæ барухс хæцæн.
Йæ гæрзтæм та фæцæйцыди мæлæт,
Фæлæ йын цард фæлæбурдта йæ хурхмæ,
Ӕмæ зæххыл цы хæстытæ уыдис,
Сæ тæккæ карздæр тыгъд быдыры ссыгъди:
Уæззау фæрчытæй арвмæ хауди зæхх,
Сырх пиллон калдта, бæстæ сызнæт арты,
Ӕмризæджы рызти, сырх зынг нæмгуытæ
Фæндæгтæ кодтой алырдæм æдзух,
Цыма гигант-хæлуарæджы тын уæфтой, —
Ӕнуд гуыв-гуыв, мыды чыргъæдау, цыд.
Ныууæз та кодтой хотыхрæвдзæй знæгтæ,
Ӕфсæйнаг лæсæн рацыд... Фæлæ уæд, —
О, цардамонд! — æмрызт ныккодта зæхх,
Ӕмæ бæрзонд, Сыбырырдыгæй, арвыл
Ӕндонæй конд цъæх-цъæхид арв фæзынд,
Ӕмæ гæбаз дæр уæллаг арвæй нал зынд:
Цыдис нæм уый хæдтæхджытæй æхxуыс, —
Сæ базыртæ сæумæрайсомы хурмæ
Цæхæртæ калдтой, æмæ рухс цы уыд —
Фæтынгдæр уымæй; зæхх ныррызти нoджы,
Ӕмæ нæ фæстæ танчытæ, рæгъау,
Ӕмызмæлд систой. Стыр Уырысæн йе 'фсад
Гæрзифтонгæй, ныззæй кодта фыдгулыл
Ӕмæ бырсынтæ байдыдта: нæ зæхх,
Нæ адæмы сæрибармæ уæгъд кодтам,
Фыдгулты та — сæ уæрджытыл лæууын.
Ӕмæ фыццаг цы бæстæй сыстад хæст,
Фæстæмæ йæ ныххуыссын кодтам ууыл.

Фæци ныр хæст... Мæ цæстысыг цæуы,
Фæлæ мыл ма худ, зæрдæ ныронг дур уыд:

**Куы федтон æз Майданек, Освенцим,**
**Мæ хæстæмбæлтты 'цæгæлон зæххыты**
**Куы ныгæдтон, уæд хусцæст уыдтæн æз, —**
**Йæ цæстытæ кæдмæ скъахай фыдгулæн,**
**Уæдмæ дæхицæн хъуамæ уой сыгъдæг.**

**Фæци мæ куыст: фыдызнагæн йæ сæр**
**Йæ уæхсчытæй ныр ахæм лыг ныккодтам,**
**Æмæ ма искуы мах бæстæм фыдгул**
**Тыхмæ куы цæуа — уый æгад мæлæтæй**
**Йæ сау зæрдæ зыр-зыр куыд кæна уæд...»**

*1947*



*Галиуырдыгæй рахизырдæм: Дзбойты Майрæм, Мамсыраты Дæбе, Малиты Васо, Плиты Грис, Хъайтыхъты Геор.*

# ЦÆРУКЪАТЫ АЛЫКСАНДР: 90 АЗЫ



*ЦÆРУКЪАТЫ Алыксандр*

# ФЫССÆН ЧИНГУЫТÆ

## *1-аг ТЕТРАДЬ*

*Сæрмагонд фыссæн чиныг (тетрадь) саразынвæнд мæм рагæй уыд, фæлæ мæ къухы никуы бафтыд. Ныр хæрзæрæджы мæхицæн стыр уайдзæфтæ фæкодтон... Фæсмон мæм æрцыд ме 'гуыдзæгдзинады тыххæй. Цæвиттон, цыдæр хъуыдытæ, мысинæгтæ, фиппаинæгтæ искæйты раз сдзурын, æмæ сæ уыдон та фæпайда кæнынц сæ фыстыты. Уымæй уæлдай ма сыл хицæн уацмыстæ дæр афыссынц æмæ сæ куы ныммыхуыр кæнынц, уæд хæлиудзыхæй аззайын, хъуахъдзыхæй. Мæ ныхас аив нæу, фæлæ мæнæ иу иннæмæн йæ комдзаг йæ къухæй куы аскъæфа, раст уый хуызæн рауайы. 1969 азы декабры мæйы газет «Рæстдзинад»-ы Балаты Т. ныммыхуыр кодта «Цыбыр радзырдтæ». Уыдонæй иу — «Рувас æмæ йæ лæппын» — уый йын æз дзырдтон, кæмдæр мæм хицæн гæххæттыл лæр фыст бæргæ уыд, фæлæ ма ныр цы?.. Æрмæст дзы дыууæ дзырды аивта, æндæр ницы. Рувас йæ лæппыны бынтондæр йæхи бар куы ауагъта, ныр дæхæдæг цуан кæн, зæгъгæ, абонæй фæстæмæ, уæд ма йæм лæппын дæрддзæфæй фæстæмæ æрбахъæр кодта:*

*«Гъей, æмæ ма искæд искæм фембæлдзыстæм?» Рувас фæлæуууыд, фæстæрдæм*

*ракаст, асагъæс кодта, стæй афтæ: «Нæ зонын, кæд ма нæ цæрмттæ сомихаджы пъадвалы фембæлой...» Æмæ уый канд Т. нæу. Афтæ кæнынц М. Б., Ф. Дз. æмæ ма ноджыдæр чидæртæ. М. Б.-имæ чиныгуадзæны иумæ кусæм. Æз редакци кодтон Т. Д. пьесæ «Къоста». Иуахæмы мæ дзыхæй схауд: «Ацы пьесæйы аивадæй æмæ хорзæй кæд исты ис, уæд æрмæстдæр, драматург Къостайæн йæхи стихтæ (æмдзæвгæтæ) кæм æрхæссы, уыдон». М. Б., уый айхъусгæйæ, гæххæтт фелвæста, цыдæртæ сусæгæй фæбæрæг кодта. Æз банхъæлдтон, драматурджы мыл ардаудзæн, фæлæ — нæ, баздæхт æмæ уыцы ныхæстæ (мæ нæхæстæ) срифмæ кодта, рауагъта сæ «Мах дуджы», уый фæстæ — йæ чиныджы дæр. Кæннод Ф-ты Дз. та? Иу лæг, зæгъын, æнæ хонæгæй чындзæхсæвмæ бацыд. Уым æм зулцæстæй ракастысты. Уæд сын уый афтæ зæгъы: «Ацы хæдзарæн йæ хъыгыл куы фæхъыг кæнын, уæд ын йæ циныл цæуыннæ хъуамæ цин кæнон?» Дз. йæхи ныхъхъус кодта, худгæ дæр — нæ. Уалынмæ мæм уый фæстæ ахæм радзырд æрбавдыста. Æз дæр ын æй йæ чиныгмæ бахастон. Цы мæ бон уыд?.. Æндæр хатт та, Микеланджелойыл цы æмдзæвгæ афыста, мæхимæ дæр æй равдыста, фæлæ йæ кæцæй фæцъипп ласта, уый тыххæй кой дæр — нæ. Ахæмтæн уайдзæфтæ кæнынæл куы схæцин, уæд мын мæхи фæаххосджын кæниккой, нæ басæттиккой, æвæццæгæн. Мæхимæ хардзау æркастæн. Ацы тетрады фæлтау мæ хъуыдытæ фыссон, уадз æмæ искуы къуымы лæууой! Æгæр æрæджиау у, фæлæ цы гæнæн ис, æппынæйы бæсты уæддæр...*

*22.01.70*

## КÆД ИУНÆГ ЛÆГ У, УÆД — НЕ СÆФТ

Рувасы лæппын хуынкъæй ралæст, кæсы Къуылдымæй бынмæ уырдыгмæ, стæй æваст йæ мадмæ мидæмæ хъæр кæны:

— Нæ хъуыддаг хорз нæу, дæлæ ком æмызмæлд сси, ссæуынц нæм.

— Дзæбæхдæр ма акæс, кæд бирæ адæм сты, уæд нын тас нæу, фæлæ кæд иунæг адæймаг у, уæд не сæфт æрцыд, — радзырдта йæм рувас.

## ХУЫЦАУЫ ХАТЫРÆЙ, ЧИ АМАРД?

Дзус. Хъ. горæты уынгтæй иуы фæцæйцыд. Кæсы, æмæ иу кæрты — зиан. Лæг кæугæ бараст, æрдиаггæнгæ. Иууылдæр ыл

сæ цæст æрæвæрдтой, æвæццæгæн, хæдзарæн исты хæстæг у, æндæр йæхи афтæ тынг цæуыл мары, зæгъгæ. Хъ. йæ кæуындзæджы тыппыртæ суагъта, иуварс азылд, йæ фындз къухмæрзæнмæ ныххиртт ласта, стæй, кæронæй цы къорд лæууыд, уыдонмæ баздæхт æмæ фæсус хъæлæсæй афтæ:

— Хуыцауы хатырæй, чи амард, чи?

## ÆЗ КАНД ПОЭТ НÆ ДÆН...

Хъул. Н. Кцойты А.-æн йе 'мдзæвгæ каст, стæй афтæ бакодта:

— Æз канд поэт нæ дæн, нæ. Æз ма дæн художник дæр.

Уыцы ныхасы фæстæ, æмдзæвгæ цы гæххæттыл фыст уыд, уый кæроныл авторучкæйæ цъиуы ныв ныцъцъапп кодта.

Уымæй иу къуыри рацыд, афтæ иу уаргæ изæр А-ы рудзынг æрбахостæуыд. Хæдзары хицау фенхъæлдта, кæд къæвдайы чи ныххуылыдз, ахæм фæндаггон у, зæгъгæ, æмæ æддæмæ адзырдта:

— Чи дæ уый, мидæмæ!

— Мидæмæ нæ цæуын, фæлæ мæ айфыццаг зæгъын ферох — канд поэт æмæ художник нæ дæн — æз дæн драматург дæр, — абон иу гыццыл пьесæ афыстон.

## БАЛЛАДÆ ТА ЦЫ У?

Чел. М. хъавыди йе 'мдзæвгæтæ хицæн чиныгæй рауадзынмæ. Æхсæст ма мæ балладæ фыст фæуа, æмæ сæ уæд чиныгуадзæнмæ бахæсдзынæн, зæгъгæ, фыссыныл схæцыд. Иуахæмы та йæ кæсæндоны баййæфтон.

— Цы кусыс?

— Мæнæ мæ балладæ дарддæр фыссын, — зæгъгæ мæм иу 10 — 15 фарсы хъулæттæгондæй æвдисы.

Изæрæй иумæ рацыдыстæм кæсæндонæй.

Асинтыл æмбисы онг куы 'рхызтыстæм, уæд мæ фæрсы:

— Балладæ та цы у?

— Æмæ йæ фысгæ дæхæдæг куы кæныс, фæрсгæ та мæн?

Уый рамæсты:

— Гъе, ахæмтæ стут, гъе! Гъеуый бацамонын мын дæ цæст нæ уарзы!

# ЙÆ КЪÆБЫСЫ ÆВЗÆР АХУЫР СКОДТА

Хъ. Агейæ дзырдтой афтæ, сæ къæбыс, дам, ын æвзæр ран фæхæцыд. Цæвиттон, къæбысы йæ къухмæ кæрдзыны къæбæрмæ гæпп кæнын ахуыр скодта. Йæ роны æвзист æвзагыл дæр-иу хъазгæйæ æрцауындзæг къæбыс. Уæд лæг иу изæр расыгæй æрбацыд. Кæрты каурæбын йæхи хъуыдыйы балæууыд, — æвæццæгæн, бæгæны бирæ фæнозта æмæ ныттыппыр. Райхæлдта йæ рон, хæлафы цæппæртæ рауæгъд кодта æмæ йæ къæхтæ хæбæцц  æрсагъта. Къæбыс æм æрбауад цинтæгæнгæ, æмæ та лæгæн хъазын æнхъæл куыд уыд, уымæ гæсгæ сгæпп кодта æмæ йыл ацауындзæг, зæгъын кæй не 'мбæлы, уыцы ран. Лæджы хъæр æмæ æрдиагмæ, дам, сыхбæстæ фæфæдис сты.

# УÆДÆ ДЫЛ КЪУЫРТТОН КАРЧЫ ÆМБИСОНД КУЫ 'РЦЫД...

Айл. Изм. мын рахъаст  кодта:

— Абон мæ М. Б. чиныгуадзæны дуарæй кæсын дæр нæ бауагъта, расырдта мæ.

— Цæмæн?

— Нæ зонын. Уæдæ йын æвзæрæй дæр ницы фæдæн, хорз йеддæмæ.

— Æмæ йын хорзæй та цы фæдæ?

— Куыд цы? Сывæллæттæн аргъау ныффыстон æмдзæвгæтæй, мæймæ куыд атахтысты, уый тыххæй. Б-мæ йæ радтон. Уый йæ æртæ азы бæрц йæхимæ фæдардта алы æфсæнттæй, стæй йын йæ сюжет æндæр бæрцбастыл сарæзта æмæ йæ йæхи номыл «Мах дуджы» рауагъта. Ныр мæ йе 'мгæрæтты дæр нал уадзы.

— Уæдæ дыл къуырттон карчы æмбисонд куы 'рцыд, — загътон æз. — Куыдз карчы  къуыртт бахордта, стæй кæркдоны дуармæ схуыссыд æмæ йын йæхи мидæмæ дæр нал уагъта, ноджы ма йыл кæд хæцгæ дæр фæкодта.

— Уый æдылы куыдз уыд, æндæр карчы æнцад ныуувадз, æмæ та дын ног æйчытæ æрæфтауа, — загъта И., йæхæдæг бахудт.

Æз дæр мæ худын нал баурæдтон.

## АФТÆМÆЙ НÆ АЦÆУДЗЫНÆН

Калоты Д. дуканийы дæндæгтæхсæн пастæ æмæ ноджы цыдæр балхæдта. Фæстæмæ ма йæм цыди цыппар капеччы. Уæйгæнæг йæхи лыстæг æхца агурæг скодта. Æгæр æрæгмæ куы уыди, уæд Д. афтæ зæгъы:

— Уæллæй, ардыгæй райсоммæ куы агура, уæддæр ардыгæй афтæмæй нæ ацæудзынæн.

## ФЕЙЕРБАХ ТА ЧИ У?

Ч. С-йæн банкеты сидты бар радтой. Уый дæрдтыл ахæцыд, райдыдта йæ фыдыфыдæй æмæ суанг сæ сыхаг зæронд лæгты онг æрхæццæ:

— Афтæ-иу дзырдтой Тохты Дрис, Беккуызарты Хъази æмæ Фейербах дæр.

Æз æм мæ дзырд баппæрстон:

— Фейербах та чи у, кæй Фейербах?

Йæ ныхасмæ гæсгæ æз афтæ фенхъæлдтон, кæд, зæгъын, немыцаг философ нæ, фæлæ сæ сыхы лæгтæй исчи афтæ хуыйны.

С-йæн уый хуымæтæджы хъыг фæци, цы, — цæхæртæ акалдта:

— Мæнæ дæу хуызæттæ нæ фæуадзынц адæймаджы размæ.

Стæй тынг æнæфсармæй йæхицæй ралгъыста æмæ уыйадыл йæ бынаты æрбадт.

## ÆМДЗÆВГÆЙЫ СÆРГОНД

Цæг. С. йе 'мдзæвгæ редакцимæ бахаста, фæлæ мыхуыры нæ рацыд — уыди тынг лæмæгъ, æвзæр фыст. Цалдæр боны фæстæ С. уынджы газет йæ къухы тилы, афтæмæй хъæр кæны, цæуджыты æруромы:

— Мæнæ ма диссагмæ 'ркæсут, ме 'мдзæвгæйы сæргонд мын адавтой.

— Цавæр сæргонд, куыд хуыйны? — фæрсынц æй.

— «Дунейы уавæр», — радта дзуапп.

Куыд рабæрæг, афтæмæй йæ лæмæгъ æмдзæвгæйы сæргонд, æцæгдæр, афтæ хуынди, фæлæ газеты та цавæрдæр лекторы уацхъуыд, дунейыл цы хабæрттæ цæуы, уыдоныл афæлгæст.

# КЪÆППÆДЖЫ ЙÆ ÆРЦАХСТА

П. Х-йы иу чындзæхсæвы сылгоймæгтæ бацъил кодтой, уæртæ уыцы уазæг чызджы зæрдæмæ цæуыс, зæгъгæ. Х. йæм бакæсы, æмæ куы фемдзаст вæййынц, уæд сылгоймаг йæ цæстытæ бынмæ æруадзы æфсæрмыхуызæй. Лæг бынтондæр сдзæгъæл. Æддæмæ йæм расидын кодта, базонгæ сты, уый фæстæ уынджы иуварсмæ ацыдысты.

— Æмæ дын ус куы хонынц, — дзуры уазæг чызг фæлмæн хъæлæсы хаттæй.

— Ус мын ис, фæлæ йæ ныууадзынмæ хъавын, уæвгæ ныр иу афæдзы дæргъы кæрæдзимæ дзургæ дæр нæ кæнæм.

— Æмæ цы кæны, цæмæн афтæ у?

— Нæ бæззы, — æдылы, стæй — фыдуынд, хæйрæг кæд искуы федтай...

Х. йæ ныхас кæронмæ нæма фæци, афтæ йæ былтæн — дзæхст! Цæвиттоны хъуыддагæй, уыцы уазæг чызг разынд йæхи ус, — æндæр кæйдæр дзаумæттæ скодта, йæ былтæ, йе 'рфгуытæ сахуырста.

# АБОН МÆЛÆТЫ АРÆХ НЕ ССИ!..

Иу мæ зонгæ лæг нæ хъæумæ æрæфтыд. Æз йемæ зылдтæн, амыдтон ын йæ хæстæджыты. Астæуккаг уынджы ныл Дз. Мæндзæй амбæлд, афарста мæ цæмæйдæрты. Иннæ дæргъмæ уынгмæ куы бахызтыстæм, уæддæр та ныл Мæндзæй хæрхæмбæлд фæци. Фæцæуæм уазæгимæ цæхгæрмæ уынджы, уым дæр йæ хæстæджытæй чидæр царди. Куыддæр сæ кулдуармæ бацæйхæццæ кодтам, афтæ кæсын, æмæ уæртæ Мæндзæй тигъæй æрбазынд, йе 'ргом махырдæм сарæзта. Нæ рæзты æрбаивгъуыдта. Ацы хатт афтæ зæгъын:

— Ацы бон Мæндзæй мæлæты арæх нæу!

Уый мын мæ ныхас айхъуыста, фæстæмæ фæзылд æмæ мæм дзуры:

— Уазæг бахатыр кæнæд, фæлæ цæмæй арæх ма уон, уымæн хос ис: бригадир мæ скодтат, уæд мæ уæхимæ дæсгай хæттытæ цæмæн цæуын кæнут, быдыры куыстмæ размæлут, зæгъгæ?

# ЛÆГ — СКЪÆТЫ

Ногиры цæры иу кæсгон хæдзар... Иу райсом лæг æхсæвы сменæйæ куы 'рцыд, уæд ын йæ ус афтæ зæгъы: «Ам ма кæрты чысыл фæлæуу»,

— йæхæдæг ацыд æмæ сыхбæсты æрбамбырд кодта. Цы йæ зæрды ис, ничи йын ницы зыдта, нæдæр лæг, нæдæр сыхæгтæ.

— Знон цы хæрæг балхæдтон, уый уын фенын кæнон, — загъта ус æмæ скъæты дуар байгом кодта.

Адæм мидæмæ бакастысты, фæлæ хорзау нал фесты — сæ колхозы сæрдар А-ы-фырт хъуджы фаджысыл бадти. Хъуыддаг афтæ уыд: лæг куы базыдта, ахсæв хæдзары хицау ам нæ уыдзæн, уый, уæд ын йæ усмæ бацыд. Сылгоймаг ахъуыды кодта æмæ æхсæвдзу уазæгæн афтæ: «Хæдзары нæ исчи куы 'рбаййафа, фæлтау скъæтмæ цом». А-ы-фырт куыддæр скъæты дуарæй бахызт, афтæ йыл ус æдде дуар фидар æрæхгæдта. Лæг æхсæв-бонмæ скъæты хъомтимæ баззад.

## ПАНАС РАЛЫГЪД ЙÆ ФЫСЫМÆЙ

Панас литинститутыиахуыргæнгæйæ æмдзæрæны бæсты æрцард фатеры иу усмæ «Никитские ворота»-йы раз. Фæндзæм æхсæв æнафоны æмдзæрæны æрбалæууыд фæдисонау æмæ мын афтæ: «Цом, мæ дзаумæттæ ма цæмæй мæ къухы бафтой, уый тыххæй мын феххуыс кæн». «Цы хабар у?» — фæрсын æй. Уый загъта: «Мæ фысым ус мæм хуыссæнмæ расыгæй балæбурдта æмæ мæ сау над фæкодта, стæй мæ расырдта: «Цæмæн?» «Нæ зонын». «Кæд дæхи æвзæр дардтай?». «Нæ, дзургæ дæр æм никуы скодтон, æцæгæлон дæр мæм никуы æрбацыд». «Æмæ йæм де 'ргом кæй не здæхтай, кæд дæ уый тыххæй рантъæрдта, уæд та?» — йæ ныхас æрбаппæрста не 'мбæлттæй иу.

## ÆНАХУЫР ФÆДИС

Дз-ты Дзика раджы кæддæр Уырымтæн фыййау уыд. Иухатт хъæуы цыппæрвадæй æрбамидæг дыууæизæрастæу:

— Фæдис! Бæх чи у, уый йæ лæгыл саргъ æвæргæ æмæ бадгæуæд, Уырымты фыстæ абырджыты фæтæрынц!

## ГАКК-ГУКК

Къорайаг Тах-ты лæгтæй хъæды чидæр топпæй бæлон амардта, хъæумæ йæ æрхаста, мæнæ гакк-гукк, зæгъгæ. Уыйадыл сæ фæгаккуктæ кодтой (схуыдтой сæ афтæ).

# ДЗÆГЪЫН

Къорайы хъæдбынæй хъуыст сауцъиуы уасын. Ныхасы лæгтæ йæм хъусынц, стæй Хъ-тæй иу афтæ зæгъы: «Уый чи уасы, уый зонут? Дзæгъын (ома дзæгъындзæг). Уæдæй фæстæмæ сæ схуыдтой «дзæгъынтæ».

# НÆ ЙÆ БАХУЫДТОЙ

Къопа адæмы æрхуыдта, кусарт цыдæр сæм уыди. Фæлæ йæ сыхаг Хъоройæн ничи ницы загъта, æмæ мæстæй тъæпп хауди, уым кæй нæ уыд, ууыл. Ноджы ма йæм, мæстæймарæгау, куывдæй зарын дæр хъуысти. Иу къуыририйы фæстæ Хъоройы ус Къопайы усæн уайдзæфтыл схæцыд:

— Ныр уын уæдæ нæ лæджы бакæнын не 'мбæлди? Фарон дæ лæг махмæ дыууæ хатты куы бахордта!

# СИСТОЙ ЙÆ

Гази æмæ Дзыккуырмæ Хъандыргъайы кой рауад. Гази загъта:

— Систой йæ йæ бынатæй...

Дзыккуыр гæркъæраг фестад:

— Афтæ йын хъæуы... Гæртæмттæ иста, «хионизм» æм æгæр уыд, йæ хæстæджытæн фатертæ фæуæрста, стæй йæ кабинеты дæр чъизи митæ бирæ фæкодта, йæ къухы цы сылгоймæгтæ куыста, уыдонимæ...

— Дæ цин фæдзæгъæл... — йæ ныхас ын фæурæдта Гази. — Систой йæ йæ бынатæй уæлдæр бынатмæ...

# ГРИПП

Хъайтт. Сер-имæ ныл Ачел уынджы амбæлд æнтъыснæг, мигъ бон. Нæ къухтæ нын райста. Ныхас нын бацайдагъ. Сер. йæхи дæрддзæф аласта æмæ уырдыгæй дзырдæппарæн кодта. Кæрæдзийæ куы фæхицæн стæм, уæд мын Сер. афтæ: «Дæ хорзæхæй, грипп ыл уыд, уый нæ раиртæстай?» «Нæ». «Куыд нæ, йæ фындз æмæ йæ цæстытæ сырх-сырхид, йæ хъым-хъым куы цыди. Мæнæ мит сис æмæ йæ дæ къухы фондз минуты бæрц фæдар, уæдмæ йæ микъробтæ амæлдзысты», — уыцы нахæстимæ Сер. митмæ февнæлдта! Æз дæр æй бафæзмыдтон. Фыццаг мæм худæг

фæмидæг, мæлæты тарст, зæгъын, нæ кæны йæ удæн, стæй мæ зæрдыл иу цау æрлæууыд æмæ ма цæй худын æмæ цæй цыдæр...

Уый уыди фараст азы размæ. Чиныгуадзæнмæ æрбацыд Х. Р. Йæ бæрзæй ныкъкъул, цæстытæ — рæсыд æмæ сырх фындз дæр ныннæрст. Ме стъолы уæлхъус иу цыппар хатты ахæм æбуалгъ æхснырст æркодта, æмæ цы фæуыдаин, уый нæ зыдтон. Телефоны хæтæл систа æмæ кæдæмдæр дзурыныл схæцыд. Æз æддæмæ рауадтæн, мæ къухтæ, мæ цæсгом ахсадтон, фæлæ фæстæмæ куыддæр дуарæй бахызтæн, афтæ та Р., телефонæй дзургæ-дзурын, мæнæ цыма згæ топпæй зæхх цавта, уыйау дзæхст, дзæхст, дзæхст! Фындзы пакатæй низ цъыртгæнæгау æддæмæ тахт. Сахаты 'рдæджы фæстæ мæ Саламты А. рынчындоны балæууын кодта машинæйæ. 19 боны дзы фæсадтæн. Уæдæй фæстæмæ Р-ы куы фенын, уæд мæм, цалдæр милуан хатты кæй фестырдæр чындæуыд микроскопæй, ахæм вирусы хуызæн фæкæсы — гриппы вирусы...

*02.02.1970*

# ШАРИЧЫ МÆЛÆТ

Чел. Г-ты хъулон егар куыдз Шарик уыди цинтæгæнаг. Сæ уынджы-иу куы фæцæйцыдыстæм, уæд-иу нæм рауад, йæ къæдзил тилгæ, йæ хъустæ-иу фæгæмæл кодта, хъыллистытæгæнгæ-иу мæ разы зæххыл атылди. Цæмæдæр мæм адæймаджы хуызæн касти, цыма худын дæр зыдта, йæ дæндæгтæ-иу куы фæзыхъхъыр кодта, уæд-иу цыма сдзурынмæ хъавыд. Фæлæ иубон... Скъолайæ сæ рæзты сцæйцыдыстæм æмæ уынджы сæййæфтам хъæр-хъæлæба. Сæ хæдуæле се 'рвадæлтæм цы уырыссаг цард — Иван (чысылæй сæм 1920 азты æрбафтыд æмæ уыдонмæ схъомыл æхххуырсты хуызы, уый фæстæ «осоавиахимы» куыста æмæ йæм гæрзтæ дæр уыд), уый фондзæхстон топпимæ рагæпп ласта æмæ йæ уынджы астæу куыдзмæ фæдардта. Шарик алыгъд, сыхæгты кæрты фæмидæг. Уæд лæг цæхæрадонмæ бахызт, кауæмбæрзæны сæр топп æрцарæзта, йæхæдæг куыдзы æддæмæ расайын кодта устытæн. Адæм фæйнæрдæм фæпырх сты æваст, æмæ куыдз иунæгæй аззад. Гæрах фæцыд, Шарик йæ мидбынаты цъилау ныззылд, ныхъхъист-хъист кодта, стæй лидзыныл афæлвæрдта, фæлæ та уæдмæ дыууæ нæмыджы йæ гуыбыныл сæмбæлди. Лæг кауы сæрты рагæпп ласта æмæ куыдзмæ хæстæг бацыд. Шарик йæ раззаг къæхтыл слæууыд, цингæнгæйæ-иу йæхи куыд

сгæмæл кодта, ныр дæр цыма афтæ йæ къæдзил дæр базмæлын кодта. Банхъæлæн уыди, куыдз лæгыл тынг ахуыр кæй уыд, уымæ гæсгæ дзы æххуыс куырдта... Шарик лæджырдæм бырыныл архайдта, фæлæ топпы дзых хæстæг бацыд сæры комкоммæ. Адæм кастысты, иу сдзурæг нæ фæци куыдзы сæрыл, уæвгæ йын ныр фехххуыс кæнын дæр никæй бон уал бауыдаид. Куыдз уыд мæлæтдзаг цæфтæ, бирæ фæхъизæмар кодтаид, стæй амардаид... Куыдз адæргæй, мæлæты азарæй бынмæ æрæвнæлдта æмæ къæцæлы саст йæ дзыхы систа, уый фæстæ йе 'взагæй зæхх асдæрдта. Ног та лæджырдæм лæсыныл фæлвары, æххуысæнхъæл, æвæццæгæн. Фæлæ топпы дзых ноджы хæстæгдæр бацыд куыдзы сæрмæ. Æмæ фæцыд цыппæрæм гæрах. Нæмыг тæрныхыл сæмбæлд, æмæ йæ дыууæ цæсты æддæмæ рабырыдысты, иу дзы куыддæр æрцауындзæг... Куыдз ма уæддæр уæлæмæ йæхи ивæзта, тылдта йæ къæдзил, йæ хъæлæс, йæ фындзы хуынчъытæй туг цыхцырæг ныллæууыд. Хъыллист — нал, цыди йæ хæр-хæр... «Цæв æй!» — хъæр кодта, Иван кæмæ цард, уый — Дз-е. Æмæ та ноджыдæр æртæ æхсты... Сæр дыууæ къахыл æвæрдæй баззад, цыма тъæпæн хуыст æркодта, къæдзил ма уæддæр зына-нæзына змæлыд. Дардæй бакæсгæйæ уыд æгасы хуызæн...

Раджы уыди ацы хабар. Мæныл цыд фараст азы. Абон дæр мæ зæрдæйæ нæ хицæн кæны Шаричы мæлæт. Цæстытыл уайы уыцы æвирхъау ныв. Маргæ та йæ акодтой карчы айчы тыххæй, иунæг айк дæлæмæ дæр, уæлæмæ дæр... Æвæдза, цы хъæбæрзæрдæ адæймæгтæ вæййы... «Шарик, Шарик, уæд та дын æз куы баххуыс кодтаин» — фæзæгъын æз абон дæр, æмæ мæ цæссыг цæстытæй рахъары...

## УРОК АМОНГÆЙÆ ФАРСТЫТÆ

1940 азы декабры кусын райдыдтон Урсдоны астæуккаг скъолайы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй 5 — 10 къæлсты. 6-æм къласы Пушкины уацмыс «Дубровский» каст æмæ æвзæрст куы фестæм, уæд мæ скъ. Гулаты Ханиффæ бафарста: «Ам Пушкин революцимæ кæм сиды?» Хъæрманы скъолайы æстæм къласы иу æви дыууæ урочы радтон (сæ ахуыргæнæг фæрынчын æмæ мæм фæдзырдтой). Пушкины æмдзæвгæ «Дидинæг» бакастыстæм, равзæрстам æй. Уæд мæ Æмбалты Ж.

бафарста: «Ам Пушкин революцимæ кæм сиды?». Мæнмæ диссаг нæ фæкаст, æмхуызон кæй фарстой, уый, уымæн æмæ уæд ахæм хуызы цыдысты кæцыфæнды уацмыстæ дæр, кæйфæнды фыст дæр уæд... Бирæ азты фæстæ, æнхъæлдæн, 1965 азы К. Чуковский радиойæ дзырдта, критикæ кодта, ахæм метод литературæ амоныны хъуыддаджы раст нæ уыд, зæгъгæ.

## ИРОН САЛДАТЫ ФÆЛГОНЦ

Фыдыбæстæйы Стыр хæсты ирон адæм сæхи равдыстой тынг фæзминагæй. Куы нымайæм процентмæ гæсгæ, уæд махæй фылдæр хъæбатыртæ никæмæ ис. Фæлæ диссаг куыд нæу, кинофильмтæ цас рауагътой уыцы хæсты тыххæй — иунæг ирон салдаты кой дæр дзы никæд ничи скодта, ахæм фæлгонц нæма сарæзтой. Суанг Гуырдзыйæ райдай æмæ ахиз Астæуккаг Азимæ — алы адæмыхаттæй дæр киноты сарæзтой фæлгонцтæ. Цымæ цæмæн афтæ у?

## «ÆЗ ЦÆРЫН ГУЫРДЗЫЙЫ»

19-æм скъолайы ахуыргæнæг Шалва Рехвиашвили фыссы æмдзæвгæтæ. Тæлмац ын сæ кæнынц ирон æмæ уырыссаг æвзагмæ. Уырыссаг æвзагыл ын нæ горæты рацыд дыууæ чиныджы. Чидæртæ фæзæгъынц, кæд истæйаг поэт у, уæд ын гуырдзиаг æвзагыл цæуылнæ мыхуыр кæнынц фале, зæгъгæ. Раст зæгъгæйæ, иу чысыл чиныг рауагъта гуырдзиаг æвзагыл дæр (1 мых. сыф), фæлæ йыл цыма тынг æнувыд не сты, афтæ зыны. Шалвайæн йæ хъусыл уыцы уайдзæф куы 'рцыд, уæд бахудт æмæ афтæ зæгъы: «Мæн хъуамæ ам мыхуыр кæной, ам, уымæн æмæ мæ райгуырæн уæзæг ам ис, ам дæр Гуырдзы у, кæд уæ нæ уырны, уæд уын мæнæ адрис — г. Орджоникидзе, цæрын Н. Буачидзейы уынджы, кусын, Церетелийы уынджы цы скъола ис, уым, Тбилисийы уынджы та мын пъадвал ис».

## ШАЛВАЙЫ КУРДИАТ

Ш. Рехв. ам йæ фыццаг чиныг уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй рауадзыныл куы архайдта, уæд цы курдиат балæвæрдта Фысджыты цæдисмæ æмæ чиныгуадзæнмæ, уым уыд ахæм ныхæстæ дæр: «...мæ чиныг мыхуыры куы рацæуа, уæд уый феххуыс уыдзæн адæмты 'хсæн хæлардзинад ныффидар кæныны хъуыддаджы, уæлдайдæр Ир æмæ Гуырдзыйы 'хсæн...»

# «ÆРТЫККАГ КРЕСТ»

Дзуццаты Х-т йæ чиныг «Хæст æмæ зæрдæ» (литературон-критикон очерк) — уым зæгъы, зæгъгæ, Цæрукъаты А. æмдз. «Æртыккаг крест»-ы хъуыдыйæн йæ рахæцæн цæуы М. Светловæй, ома фыст у уый тæвагæй. Æз та зæгъдзынæн æргомæй рæстдзинад: Светловмæ ахæм æмдзæвгæ, кæнæ уымæ æнгæс хъуыды ис æви нæй, уый абон дæр нæ зонын, никуы йæ кастæн, кæд æм ис, уæддæр. Æмдзæвгæ «Æртыккаг крест» ныффыстон 1943 азы райдианы, æфсон та мын фæци уый, æмæ 1942 азы декабры немыц Ирыстоны зæххæй сырд куы 'рцыдысты, уæд газет «Социалистическая Осетия»-йы мыхуыргонд æрцыд, мард немыцаг салдаты дзыппы кæй ссардтой, ахæм фыстæг (æнæрвыстæй баззад Германмæ). Уым йæ усмæ фыста, зæгъгæ, дам, райстам г. Налцыкк, фæлæ, дам, райсом цæуæм ноджы рæсугъддæр горæт Владикавказ исынмæ... уый тыххæй, дам, хъуамæ мæ риуыл æрцауындзон æртыккаг крест... Фæлæ салдат фæмард. Æз æмдзæвгæйæн скодтон ахæм кæрон:

*...Фриц æртыккаг крестмæ хъавыд,*
*Бахъуыдис æй уый бæлвырд,*
*'Рмæст йæ риуыл не 'рцыд ауыгъд,*
*Уымæй йын ныссагътой цырт!..*

# ЦÆХÆРАДОН КЪАХГÆЙÆ

Къорайаг Бузарты (йæ ном мæ ферох) скъолайæн хæсты хæдфæстæ радта пецы дуртæ сарайы цæджындзтæ амайынæн, стæй къæлæсты пецтæн дæр... Рагуалдзæг йæ цæхæрадон белæй къахын байдыдта, фæлæ хæринаг нæ уыд, æмæ ма дзы скъола цы нартхор дардта (15 æфсиры), уыдон курынмæ тыхамæлттæй æрцыд. Радтой йын сæ зынæй, уымæн æмæ скъолайы цæхæрадоны садзынæн дæр мыггаг хъуыди... Йе 'фсиртæ куы ахаста, уæд уыцы бон йæ цæхæрадоны, къахæн бел йæ къухы, афтæмæй ахауд æмæ амард.

# ПИПКÆ

1942 азы фæззæджы немыцаг оккупацийы рæстæджы салдæттæ æрцардысты хæдзæртты. Иу дзы уырыссагау сыгъдæг дзырдта, йæхи хуыдта, Польшæйы цы уырыс цæры, уыдонæй. Раджы кæддæр йæ фыдæлтæ Уæрæсейæ афтыдысты уырдæм. Йæ ном хуынд

Пипкæ. Арæх уыди æнкъард, æвæццæгæн-иу æй ныхас кæнын дæр фæндыд, арæх-иу немыцы фаудта, цыдæр тас дзы бацыд. Хаттæй-хатт-иу дзы схауд ахæм ныхæстæ дæр: «Нæ зонын, ацы хъуыддаг цæуыл ныллыг уыдзæн... Афтæ мæм кæсын байдыдта, цыма немыц нæ, фæлæ Сырх Æфсад фæуæлахиз уыдзысты».

## ТÆТÆЙРАГ

1942 азы мах хъæуы цы немыцаг салдæттæ уыд, уыдонæй иу тæтæйраг (уыдонмæ чи балыгъд, ахæм) йæхи хæстæг ласта Ч. А. чызг Т-мæ, ома, дам, æй кургæ кæнын, ам, дам, æрцæрдзынæн хæсты фæстæ æмæ, дам, ацы хъæуæн хицау уыдзынæн. Чызг дæр ыл, æвæццæгæн, æуулæндыд, йæхи-иу салдаты цæстмæ æрцарæзта, пудрæтæ-йедтæй-иу дзæбæх базылд йæ цæсгоммæ. Йæ хъæлæсы хатт дæр, цыдæр барджын, тызмæгхуыз сси. Фæлæ тæтæйраг лидзæг фæци немыцы æфсадимæ фæстæмæ... Чызгæн йæ пудры цагъд æрызгъæлд, хъæлæс дæр æрлæгъз, æрныллæг...

## СИХ ÆМÆ ГЛА

1942 азы немыц фæстæмæ лидзæг куы фесты, уæд сылгоймæгтæй чидæртæ афæнд кодтой семæ афардæг уæвын. Уынджы астæу машинæйы салдæттæ сæ дзаумæттæ æфснайдтой, тагъд-тагъд кодтой; Сих æмæ Гла дæр сæ алыварс сцъил сты æд чумæдантæ. Салдæттæ сæм къухæй амыдтой, схизут, зæгъгæ. Чызджытæ скатай сты, цы бакæной, ууыл... Немыцы уыдоны мæт æппындæр нал уыди, абадтысты машинæйы, раст уыцы минут чызджытæн дæр сæ фæнд алыг: «Цæуæм». Куыддæр гуыффæмæ сæхи сивæзтой, афтæ машинæ араст. Уыйадыл баззадысты Сих æмæ Гла.

## ЙÆ ЗÆРДÆ ФÆХУДТ

Д. Сарибекян фæстаг электричкæйæ æхсæв иу сахатыл æмдзæрæнмæ Переделкинойы уæлмæрдты рæзты æрбацæйцыд. Кæсы æмæ фæндагыл иу лæппу чызджы схурх кодта, хъавы йын батых кæнынмæ... Уыцы чызг цæры студентты æмдзæрæны цур (йæ ном Галя), йæ мад та городочы къанторы бухгалтер у. Сарибекян базгъордта æмæ чызджы сæрыл сдзырдта. Тыхгæнæг кард фелвæста æмæ сæрæн — цæф. Карды фындз худ æрфаста æмæ тæрныхы сæрмæ ныныхст. Схъуыр-

духæн сты, туг цæсгомыл бынмæ згъордта, фæлæ Сарибекян фыдгæнæджы къух æрцахста æмæ йæ змæлын дæр, лидзын дæр нал ауагъта, афтæмæй сæ мидбынаты лæууыдысты, цалынмæ сæм исчи æрбафтыдаид, уæдмæ. Афтæ лæууыдаиккой хъуамæ райсоммæ дæр. Фæлæ мæнæ йе 'мбал студенттæ станцæйырдыгæй æрбафтыдысты. Æрцахстой цæвæджы, милицæмæ йæ акодтой. Сарибекян иу æртæ мæйы дæргъы йæ сæр бастæй фæхаста. Æрæджиау æм фæсмон æрцыд: нæдæр чызг, нæдæр йæ мад — бузныг дæр ын нæ загътой, рынчынфæрсæг дæр æм не 'рбацыдысты. Уалынмæ милицæ, цæвæджы тæрхæндонмæ радтыны агъоммæ Сарибекянмæ куы 'рбацыдысты, протоколы дæ къух æрæвæр, зæгъгæ, уæд не сразы, æмæ фыдгæнæджы суæгъд кæнын кодта, — ома, дам, бынтондæр куы фехæла æвзæргæнджыты 'хсæн. Уыцы «гуманистон» хъуыддаг бакодта, мæнмæ гæсгæ, æрмæстдæр чызг æмæ мады фыддæрагæн, стæй ноджы йæхи фыддæрагæн дæр — дыккаг хатт мауал фæрæди, зæгъгæ.

## ЦÆЙ, ФАРАСТ ДÆР ФÆУÆНТ!..

Хъ. Гала семинар сарæзта, фæсаууонмæ чи ахуыр кодта, уыдонæн ирон æвзагæй зымæджы экзаменты хæд размæ. Аудиторийы фæйнæджы раз лæууы, мел йæ къухы, афтæмæй æмæ райдайы:

— Ирон æвзаджы разæфтуантæ ис аст...

— Æмæ мæнæ Багаты Н. чиныджы фараст куы сты! — йæ хъуыры фæбады сылгоймаг-ахуыргæнæг Гæмаонты чызг, йæхæдæг чиныг фæлдахынмæ фæвæййы. Г. та ног сфæлтæрæн кæны, уый дæр та йæ хъуыры фæбады. Афтæ иу фондз хатты. Уæд Г. йæхи нал баурæдта, мел зæххыл ныццавта:

— Цæй, фараст дæр фæуæнт, æмæ мæ ныууадз!

## «КОСТА ГЛУБОКО НАРОДЕН»

1948 азы Цъæйы фæлладуадзæн хæдзары Хъ. Г-имæ цардтæн иу уаты. Мæнмæ уыд журнал «Мах дуг», уым — кæйдæр статья Къостайы цард æмæ сфæлдыстады тыххæй. Г. йæ айста йæхимæ. Дыккаг бон æхсæвæры куы рабадтысты адæм, уæд Годжийы-фырт (студент) фехъусын кодта, зæгъгæ, хæрды фæстæ бильярдæй хъазæн залмæ бацæут, Къостайы царды тыххæй лекци кæсдзæн филологон наукæты кандидат Хъ. Г. Залы æз сбадтæн тæкæ раззаг бандоныл, мæ фæстæ уыдис иу фынддæс адæймаджы бæрц. Годжийы-фырт та ног

фехъусын кодта, йæхæдæг федде. Райдыдта лекци. Адæм иугайдыгай æддæмæ цæуын байдыдтой. Баззадтæн ма дзы æрмæстдæр æз. Мæнæн ацæуæн нæ уыд — лектор иуæй мæ зонгæ, иннæмæй цардыстæм иу уаты, нодзы Къостайы номы тыххæй дæр... Г-йыл уыд урс хæдон, фæтæн æмæ даргъ галстук, дзырдта дарддæр, йæ цæстытæ мæнæй нæ иста, афтæмæй. Æз ын йæ хъуыды æмбæрстон: «Ды уæддæр баззай кæронмæ». Уæд дын мæм хæстæг-хæстæг æрбацыд, æргуыбыр кодта, æмæ галстук къубалæй бынмæ æрцауындзæг, риуæй фæхицæн уæвгæйæ. Лæг мæм йæ цæстытæ ныццавта æмæ дзуры: «Коста глубоко народен», стæй иронау афтæ: «Ацу гъеныр ды дæр».

## СЫВÆЛЛОН — ХЪÆДДЗАУ

Хæсты рæстæджы Чел. Г. лæппу, 4-æм къласмæ чи цыд, ахæм (йæ ном мæ ферох) хæдзары уæз йæхимæ райста: йæ фыд æмæ йæ хистæр æфсымæр уыдысты фронты. Лæппу хъæдæй хаста суг, карста хос хъæдбынты. Иухатт лæгуæрдоны дзаг сугтæ рацæйласта. Уырдыджы йæхи уромын нал бафæрæзта, æмæ йыл уæрдон атылд, йæ фæрстæ асастысты, хуылфыдзаумæттæ ныппырх сты. Амард. Йæ ныгæнæн бон сæ мыггаджы хистæр Алихан кæрты марды уæлхъус дзырдта, стæй йæ зæрдæ суынгæг æмæ адæмы 'хсæнæй сарамæ бацыд, цæджындзыл ауыгъд цæвæг райста, æмæ та æрлæууыд чысыл лæппуйы марды чырыны уæлхъус:

— Мæнæ-ма ракæсут, хорз адæм, мæнæ хос кæмæй карста, уыцы цæвæг, йæ гуырцъы саст уыд, æмæ йын æй æз сарæзтон... уæ мæ хæсгæ мæрдтæ...

Адæм ныййах кодтой.

## АМ НÆЛГОЙМАГ НÆЙ

М. Гига учительскийы ахуыргæнджытимæ бадт. Сылгоймæгтæ сусæгæй цыдæр ныхас кодтой хъус-хъус. Гига уый бафиппайдта æмæ афтæ хæрзлыстæг хъæлæсæй:

— Æргом дзурут, мачи 'фсæрмы кæнæд, ам нæлгоймаг ничи ис.

## ХАЛОН СЫНДЗЫЛ КУЫД БАРГЪÆФСТ?

М. Гига литературæйы урочы æвзæрста Къостайы æмдзæвгæ «Сидзæргæс». Студенттæй чидæр сыстад æмæ бафарста:

— Халон фидар куы у, уазалæн фæразон, уæд куыд баргъæфстаид сындзыл? Æз никуыма федтон ахæм хъуыддаг.

— Ма зæгъ, ма зæгъ, революцийы агъоммæ иу хæхбæсты ахæм уазалтæ скодта, æмæ диссаг, раст-иу халон дæр ныссалд, — дзуапп радта Гига.

## УÆЛЛÆЙ, МÆЛГÆ КУЫ КÆНОН, УÆДДÆР...

Хъ. Гала шахмæттæй хæснагыл хъазыд Бицайы-фыртимæ деканаты кабинеты. Чи фембылд уа, уый хъуамæ иннæмæн дыууæ цайцымæн агуывзæйы уырыссаг арахъхъ балхæна. Фæйнæ иу хатты рамбылдта алчи дæр. Хъазын райдыдтой æртыккаг хатт, ныр хъуамæ сбæрæг уа æцæг рамбулæг. Хъазт æмбисмæ ахæццæ уыдаид, афтæ Гала йæ зæрдæ йæхиуыл фæдардта:

— Æмæ æхца демæ исты ис ныртæккæ?

Æцæгæй дæр фæйнæгыл шахмæтты уавæр тынгæй тынгдæр здæхт Галайы пайдайæн. Бицайы-фырт æрæджиау дзуапп радта:

— Уæддæр закъуска нæй, æмæ дæ цæмæн хъæуы, арахъхъ дæ басудздзæн, дæ ахсæнæй хъаст куы фæкæныс.

Гала «бæхæй» «пешкæ» систа æмæ дыууæ «тъурайæн» «вилкæ» ацарæзта, стæй:

— Уæллæй, мæлгæ куы кæнон, уæддæр мын сæ æнæ баназгæ нæй æнæ закъускайæ дæр!

## ДАРГЪ ДЗЫККУТÆ

Дзуккойты Пъауылы усы дзыккутæ уыдысты æмбисонды даргъ æмæ рæсугъд, фæлæ йæ мæлæт æмбæхст уыдис уыдоны: сæ куыройы донмарæны йæхи æхсадта, афтæмæй йын сæ куыройы цъил ацахста. Дæ балгъитæг афтæ — цъил æмæ сæмæн дзыккуты сæхимæ баскъæфтой, сæхиуыл сæ атыхтой æмæ... сæргæхц фæхауд. Куыройы бынæй ракалди тугзæй. Пъауылæн йæхи дæр æмæ сæ куырой дæр ма хорз хъуыды кæнын.

# СУГЪАРТЫ КУЫВД

Бытъæты Фатъи бирæ зарджытæ æмæ таурæгътæ зыдта. Сæ фыдæлтæ-иу хохы куывд кодтой. Цæмæн, зæгъгæ, уæд-иу загъта:

— Раджы иу чысыл чызг, 13 — 14 аздзыд, хосдзаутæн кæрдзын ахаста, фæлæ фæстæмæ нал фæзынд, хосдзаутæм дæр нæ фæхæццæ. Агурæг ацыдысты. Ссардтой ма йын æрмæст йæ дзабыр... Адæм æнхъæлдтой, уæдæ йæ кæд арв йæхимæ фæхаста, зæгъгæ. Уæдæй фæстæмæ йын куывд кодтой.

Фæлæ йыл æцæгæй цы бæллæх æрцыд, уый та баззад æнæбæрæгæй. Чи зоны, абырджытæ йæ адавтой æмæ йæ исчердæм фесæфтой. Ахæм митæ-иу уыцы заманты арæх кодтой.

# ЛИТЕРАТУРОН ИЗÆРЫ

Пушкины мæлæтыл 100 азы сæххæсты фæдыл 1937 азы уыд æмбырд Совпартскъолайы. Доклады фæстæ се 'мдзæвгæтæ кастысты поэттæ. Номхыгъды æппæты сæрæй фыст уыд Х. Яков, фæлæ Хъ. Геор æнæхонгæйæ сценæмæ рахызт, бакаст йе 'мдзæвгæ Пушкины номыл. Уый фæстæ фæсидтысты Яковмæ, фæлæ нал рацыд — хъыг æм фæкаст йе 'мбалы ми.

# СÆ НÆМТТÆ — ИУ, ФÆЛÆ...

Фæсивæд быцæу ныхас кодтой. Сæ цурмæ бацыдтæн, фæлæ сæ ныхас цæмæдæр гæсгæ фæурæдтой. Быцæугæнджытæй иуы фæстаг дзырдтæ ма мæ хъус ацахста: «Эйнштейн дæр дын физик æмæ Болаты-фырт дæр (кæддæр Цæгиррабфачы физикæйы ахуыргæнæг уыд), Рафаэль дæр дын нывгæнæг æмæ Ч.-фырт дæр, Пушкин дын поэт æмæ Гибыл дæр».

# САУДЖЫНЫ ЛÆДЗÆГ

Къодоты М.-иу æрæмысыди арæх ахæм хабар: «Нæ ахуыргæнæг сауджын уыди. Иу хатт йæ къæдз лæдзæг стъолы æнцой ныууагъта, йæхæдæг æддæмæ ацыд. Лæппутæй иу рацыд æмæ стъолыл журналмæ æркаст, бавнæлдта йæм, стæй фæстæмæ йæ бынаты уайтагъд абадт. Сауджын мидæмæ æрбахызт, журналмæ нæ, фæлæ лæдзæгмæ

ныккаст, йæ сæр æркъул кодта æмæ йæм йæ хъус æруагъта. Уый фæстæ дзуры: «Чи бавнæлдта журналмæ?». Ничи ницы сдзырдта. Уæд сауджын лæдзæг фелвæста æмæ уыцы лæппуйы сæрæн — къупп! Мах тас æмæ дисы бацыдыстæм, цæмæй йæ базыдта, зæгъгæ. Уæдæй фæстæмæ-иу фæнды фæйнæгыл исты фыстаид, фæнды æддæмæ цыдаид — лæдзæгмæ-иу ацамыдта: «Æнцад уæ чи нæ бада, уый мæнæ мæ лæдзæг уынгæ кæндзæн, æмæ-иу йæ гуырæй райгæ уæд!».

## «ШАЛЯПИНЫ ХУЫЗДÆР КОНЦЕРТ»

Къ. Макъар-иу дзырдта: «Кæддæр Шаляпиныл, Калакмæ цæугæйæ, цæцæйнаг абырæг Зелимхан йе 'мбæлттимæ амбæлди æмæ йæ тар хъæды семæ акодтой. Зелимхан куы бамбæрста, цавæр лæджы æрцахста, уый, уæд æй ницæмæй бахъыгдардта, æрмæст ын загъта: «Азар нын æмæ фæндараст кæн». Шаляпин слæууыд къæдзæхы тигъыл, ныззарыд тар хъæды æмæ æгомыг хæхты астæу, Кавказы хъæддаг æрдзы хъæбысы. Уый фæстæ йæ стыр фæндагмæ рахæццæ кодтой, кæрæдзийæ фæхицæн сты хæлæрттæй...

Фæдзурынц Шаляпин, дам, иу дзырдта: «Уый уыд мæ концерттæн сæ тæккæ хуыздæр, хуыздæр æгас дунейыл. Афтæ зæрдиагæй никуы зарыдтæн, уæлдайдæр та ахæм адæм æмæ ахæм æрдзы астæу».

## ЧЫРЫСТОНХЪÆУККÆГТÆ — ТОЛСТОЙМÆ

Къ. Макъар мын дзырдта: «Чырыстонхъæуккаг лæппутæ ахуыр кодтой Мæскуыйы. Иуахæмы ацыдысты Ясная Полянæмæ граф æмæ стыр фыссæг Л. Толстойы фенынмæ. Уырдæм хæстæг хъæутæм куы бахæццæ сты, уæд бафиппайдтой, зæхкусджытæ Толстойы зондыл хæст кæй сты, уый — дзидза нæ хордтой, се 'гъдау дæр уыд æндæрхуызон, уæздандæр æмæ хиуылхæцгæдæр уыдысты. Студентты Толстой хорз суазæг кодта, ацыди семæ быдыр æмæ хъæдмæ. Фесты йæм цалдæр боны. Фæстæмæ куы цыдысты, уæд сын йæ чингуытæй радта, стæй сæ фæдыл дзæвгар фæцыд, фæндараст кæнгæйæ» (Макъар лæппуты нæмттæ æмæ мыггæгтæ дæр загъта, фæлæ мæ ферох сты).

# В. МИЛЛЕРЫ НЫГÆНÆН БОН

Къодоты Макъары мысинæгтæм гæсгæ, Миллер куы амард æмæ йæ куы ныгæдтой, уæд уым уыдысты алы ахуыргонд адæм, ирон адæмы номæй та — студент фæсивæды делегаци, Петербурджы чи ахуыр кодта, ахæмтæ. Æрхастой æм веноктæ. Миллеры ус сæ куы базыдта, уæд сæм сæрмагондæй рацыд уый бæрц адæмы æхсæнты, рахаста йæ къухы нуазæн æмæ ракодта стыр ныхас, барджын ныхас зæрдæбынæй. Арфæ кодта ирон фæсивæды делегацийы хуызы æппæт ирон адæмæн дæр: «Мæ зынгхуыст цардæмбал ирон адæмы тынг бирæ уарзта, стыр аргъ кодта се 'гъдæуттæн, сæ уæздандзинад, сæ фысымдзинад, сæ хъæбатырдзинад, сæ тызмæг æмæ вазыгджын истори æмæ сфæлдыстад — эпосæн, сæ зонд æмæ сæ зæрдыхаттæн».

# ЗÆГЪИНАГ

Ахуыргæнæг ирон æвзаджы урочы скъоладзау чызджы фæйнæгмæ ракодта æмæ йын хъуыдыйад æвзарын кæны хъуыдыйады уæнгтæм гæсгæ.

— Ам зæгъинаг кæцы у, бахахх ын кæн йæ быны.

Чызг ныккъкъуылымпы, нæ йæ зыдта. Уыцы рæстæджы уынджы устыты къорд æрлæууыд, кæсынц рудзынгæй мидæмæ, хъусынц ныхæстæм. Чызджы мадыхо дæр уым фæци æмæ зæгъинаджы кой куы айхъуыста, уæд æй рæстмæ нæ бамбæрста æмæ уынгæй ахуыргæнæгмæ бавзыста:

— Цы зæгъинæгтæ дзы зоныс? Цæмæн æй къуымы бакодтай? Нæ фæлæ дын дæхи зæгъинæгтæ æз ныртæккæ ранымайдзынæн! Скъоладзаутæн та сусæгæй хæдзæрттæм дæхи цæмæн хонын кæныс?

*Æрмæг мыхуырмæ бацæттæ кодта*
***Тъехты Тамерлан.***

*БАБОЧИТИ Руслан*

# АДÆМИ ГЪÆР

## БОНИВАЙÆН

**Нихъхъобæгъ æй Бонвæрнæ бустæги,**
**Æвæлкъуæргæй кæсуй зингцæстау.**
**Бакъубарæ 'й æртæх и кæрдæги,**
**Æхсæйвон таустæй æй уæззау...**

**Æнахур цидæр маргъи гъарæнги**
**Мæйи уод нидæнæй фæммæлуй...**
**Нистайæнтæ кæнуй нæ уасæнгæ,**
**Алæмæттæ æхе æппæлуй...**

**Сæуæхсед æ кæдзос фæлмæн къохæй**
**Арвгæрæнтти сау мегъæ едзуй.**
**Тæлтæг урс фæстаг фунтæ нинтъохуй,**
**Фиццаг фунти æргъаумæ ледзуй.**

**Хуссигъæлдзæг уæриккæ æ мади,**
**Æригъал уо, зæгъгæ, æсхуайуй.**
**Бæгънæгæй мæ къæрази цъæх цади**
**Бонивайæн æхе æртайуй...**

*2007 анз, 8 декабрь*

* * *

**Исхед æй фуддзæф зæрди къæразгæ,**
**Сæрихъанзи тулфæй ниммегъæ 'й.**
**Мæ фæллад уод кæнуй нæфæразгæ,**
**Мæтъæл гъуди бийуй æ рехæй...**

**Цæсти гагу зелуй – финки хъазмуз,**
**Æнгъæлдзауæн æ цади тумбул.**
**Æй фуддаргъ и фæндаг фæстаг хуарзмæ,**
**И фæстаг исолæфтмæ – цубур...**

Кæнуй рохс зæрди фæрскъæ талинги,
Хъулуф реуи ’хсинуй цидæр сирд...
Æз разæй фæццæун, неци уингæй,
Мæ фæсте ба – уæлæрвтæн сæ ирд...

*2007 анз, 28 декабрь*

## АДÆМИ ГЪÆР

Цудтæн дæумæ, цума Хуцаумæ,
Фордæн æ хурфи – сакъадæх...
Бон дæр не ’рорæдтон мæ наумæ,
Усмæ не ’рорæдтон мæ бæх.

О, дæу худтонцæ рагæй нурмæ
Цардæн æ тæккæ астæумагъз,
Фал дин ку ’схъæрттæн дæ будурмæ,
Уæдта нитталингæ ’й мæ раз...

Мæ цар уайтæкки ниббизиртт æй
Æ уаг, е ’гъдæуттæ, æ кондæй,–
Уæлдай сибиртт æма тибиртмæ
Кæрдтæ дардтонцæ циргъгондæй...

Сæ еу инней кодта хъæдорæ,
Кастæй пихси бунæй тала...
Бадтæй фæснади рæстбæлдзорæг,
Рæхцтæй къæлæтгуни гъæла...

Лигътæн æз уордæги фæстæмæ
Мæ зунд дуйнемæ нæуæгæй
Æма ’рхæццæ дæн мæ бæстæмæ
Æгас нæ, фалæ æрдæгæй...

Æз дæ, бауæндæ, лæдæрæг дæн,
Цардæн е ’халæг æй дæ гъæр,–
Æз дæ ’нгъæлинæ – лæггæнæг дæ,
Ду ба лæгмар дæ æрмæстдæр...

***2006 анз, 28 август***

* * *

Ærizær æj kæddær-nekæd,
Boni tulfæ issudæj.
Nekæd adtæj atæ revæd,
Ramardæj mæ uod sudæj...

Ci in nivværon æ razi,
Ci mijnasæ – bereket?–
Necæbæl kænuj arazi,
Nirrimæxsgæj arf æ net...

Fal ci 'zmoluj æ fælladi ,
Nillæg æruadzgæj æ sær?..
O, ci 'nadæ dæ, ci 'nadæ,
Boni 'sgutæj æxsævær...

*2007 anz, 9 febral'*

* * *

Æj ui eftigъd alkæmæn dær æ gal,
Æ bæx – cættæ. Næ dæn uin æz æmbal.
Næbal istuj – bastadæj mæ xæræg,
Æ cæstæ – don, æ zærdæ – ægudzæg...

Æ kъembur – uors, tædzuj si xedi tъink,
Fæcæj , mægur, ængъældæn, æ sink-sink...
Læuuj uærdun, æ j' ærttæ – særmæ 'rgъuvd,
Æ gufi – mard. Kænuj cuma æstuf...

***2007 anz, 27 nojabr'***

## ÆNDARG

Gъæugæroni es cъæx xeznæ,
Æz uobælti xattæj-xatt,
Racæjkænun eunæg uodæj
Izærdalingi mæ nad.

Æveppajdi mæ xuædrazmæ
Ærcæjistuj sau ændarg.
Næ in fæuuj lægi xuzæ,
Næ in fæuuj sirdi uag...

**Мах дзæвгарæ æнæдзоргæй**
**Кæрæдземæ фæккæсæн,**
**Кæрæдзебæл æвæсмæргæй**
**Æнæуæгтæ æмвæрсæн...**

**Æркæнуй мин æ хабæрттæ,**
**Æркæнун сæ æз дæр ин.**
**Ку райзол уй æнæстуфæй,**
**Уæд фæууй мин хъæбæр зин...**

**Еу нæ, фалæ дууæ тари**
**Ниууй мæбæл и дуйне,–**
**Сау æндарги ка раййева,**
**Уæхæн лимæн си нæййе...**

*2007 анз, 26 май*

## ЗÆНХÆХСНÆН ПЪÆСТУ

**Зæнхæхснæн пъæсту**
**Ауиндзæн телбæл**
**Ниндзаст æй, мæгур,**
**Бугъгалæн белмæ...**

**Æ дон лæдæрсуй**
**Æ дивил хаутæй,–**
**Хуарз пъолци уогæй**
**Уомæ æрхаудтæй...**

**Уæддæр æ нивæ**
**Ку нæ рæгосуй,**
**Уотæ фæуунцæ–**
**Берæ ка 'ркосуй...**

**Ци 'й фæнди кæд æй,**
**Æ цæсгом рохс æй,–**
**Ке фæсте æхснуй,**
**Уонæй кæдзосдæр...**

***2006 анз, 2 июнь***

## АЗГЪУНСТ

Нæ сахари тæккæ астæу
Ес еу тегъæбæл азгъунст.
Ес Зæрдитæ æ хурдасти,
Ес æ дорти Уодтæ тъунст...

Ес æ фæрсти Сæрицъæрттæ,
Ес æ хурфи Зунди цъист,
Абони дæр æ колдуæрттæн
Ци æнахур æй сæ хъист...

Ку нæ бадуй æ тугури
И бæлæути тумугъ къуар,–
Æ тузмæги, æ бæлгъури
Æфтауй сæбæл азар...

Уæззау къахгъæр, баст дæгъæлтæн
Сæ дзæгъал-мугъул цæуй,–
И сау лæг нин сау хъæппæлти
Нæ Хуæздæрти фæккæнуй...

Æ тæдзунæг и асæсти
Цæмæ даруй уотæ сурх?–
Нур дæр ма си дони бæсти
Кедæр тог кæнуй сух-сух...

Сор хæцъæфтæй бид – æ хурфæ,
Æстæгутæбæл – амад,
Куд нæ ниууй листæг пурхæ,
Лæгæвгæрдæн къазамат?!

Æрфецаугæй, цит, æ рæзти
Цæмæ ракæнун сор хед? –
Фæккæсуй си сæдæ цæсти,
Донæйдзаг æма бæгъет...

*2006 анз, 14 декабрь*

* * *

*«Мы снова не равны себе самим,*
*И ничего про себя не знаем...»*

***Никита Станеску***

**И ӕдули, адӕми ’хсӕн,**
**Зундгин фенгъӕлуй ӕ уаг,**
**Ӕцӕг зундгин, уомӕ кӕсгӕй,**
**Ӕхецӕн исуй сеггаг...**

**Ӕртиккаг ба цардамондӕн**
**Нӕ фӕззонуй мисхъал дӕр,**
**Фӕххонуй уӕддӕр ӕ бонтӕ**
**Нивгундӕр ӕма хъалдӕр...**

**Гъӕугӕ кӕсуй кӕмӕдӕрти**
**Сӕ сир-сир ӕма сӕ мурхт,**
**Ӕгириддӕр нӕ ’й ивӕрди**
**Нӕ иннетӕмӕ се ’скъухт...**

**Сайгӕ кӕнуй хе тӕразӕ,**
**Ӕ мӕнгӕттӕ дӕр ӕхе ’й,–**
**Неке ни ӕй ӕхе асӕ,**
**Ӕхе бӕрцӕ ни неке ’й...**

*2006 анз, 28 декабрь*

* * *

**Мӕнгӕфсон – зӕнхи хӕццӕ мӕ баст,**
**Унгӕг ӕй нӕ дууемӕн еу кӕрци, –**
**Тӕхгӕ маргъи ’стӕфун Фӕстаг Уарзт,**
**Мӕ уодхӕссӕг уинун къохи уӕрцци...**

**Зӕрди рист – фӕндаггони тӕбӕгъ,**
**Ӕ сӕрбӕл – фудӕнгъӕли сӕфсӕдтӕ.**
**Уӕлӕ цард – цӕстинӕмуг. Ӕллӕх,**
**Уодхарау ци даргъ ниццӕй е ’сцӕттӕ...**

**Лӕдӕрсуй ӕ къелтӕй мӕ фӕззӕг,**
**Сӕ балгонд ниффӕрсмӕ’й гъӕддаг хъӕзтӕн...**
**Исхауй мӕ Нифси ӕргъӕвӕг**
**Царди рони фӕстаг хӕбӕл цъӕстӕй...**

*2005 анз, 4 июль*

## ЭЛЕГИ

**Нæбал тасуй нецæмæ мæ къох,**
**Нæбал дæн кусти лæг æгириддæр.**
**Царди сæтæй байдзагæй мæ хорх,**
**Царди аги ’сгарун зæрди фидтæ...**

**Ниггулдзуг, ниссор æй Нифси уес,**
**Бони кауи дзæбæх нæбал бадуй.**
**Исарæзтæй Галеумæ Рахес,**
**Æскъæфуй Кади ходæ Æгадæ...**

**Мæ Унгæгтæ иссæнцæ Урух,**
**Мæ Урух мин иссæй æгæр Унгæг...**
**Рахаудтæй Фиццаг зунди будзух,**
**Исцæттæ ’й Фæстаг зундæн æ сункъæ...**

**Нæ кæуй арви цъæх мæ фæсте,**
**Арви тар идзулуй мæ комкоммæ...**
**Æ сау нæмуг гъаруй бæрæзе,**
**Фал еу дæр нæ хæссуй æй æ коммæ...**

*2007 анз, 17 ноябрь*

* * *

**Миуæй миуи ’хсæн – рæуагæ,**
**Дзурдæй дзурди ’хсæн – фæсмон...**
**Тæрегъæдтæ ни æ фагæ**
**Ес алкæмæ дæр фæндон...**

**Фал нæ уæгæ ку нæ мæлуй,**
**Ку нæ тæрсæн фæуунæй,–**
**Усмæ дæр нæ нæ евдæлуй**
**Цæрун æма хуæрунæй...**

**Æнхæст цæттæй æ мæрддзæгтæ**
**Неке даруй имонау,**
**Уотемæй ба ци хæстæг дæ,**
**Фæстаг бони арви сау...**

**Нæ зæрдитæн сæ дæвдæги**
**Нæ никъкъуæрдзæнæ зæгæл...**
**Куд нин ресгæй, гъе уотæ ни**
**Неке ресуй нецæбæл...**

*2006 анз, 29 ноябрь*

* * *

*Помедли, ночь!»*

***Я. Полонский***

**Мæ цъæх тикис мæ къæхтæмæ**
**Ци дзæбæх кæнуй хур-хур...**
**Фиццаг фуни тæлтæг бæхтæн**
**Ци ’хсицгон æй сæ мур-мур...**

**Нæ уасæнгæн æ й’ афони**
**Ци æнафони ’й æ уаст,–**
**Ку нæма ’ссудæй фудбони**
**Æзиниккон содзгæ маст...**

**О ме ’хсæвæ, даргъ разиннæ,**
**Æй мæ хуасæ дæ дзæндæл,–**
**Дæ тъæрæбæл Евгъуд Зинæн**
**Æрдæг æнгъизт – æ къумæл...**

*2007 анз, 17 сентябрь*

*ГУСАЛТЫ Барис*

# ÆВДАДЗЫ ХОС

## *Радзырд*

Лæг чысылæй фæстæмæ бауарзы хъарм цæугæдоны, цады, денджызы хи найын, ленчытæ кæнын. Æмæ ма уый фæуæд, уымæн æмæ, дам, нæ рагфыдæлты фыдæл донæй сурмæ куы рахызт, уæд садæймаг. Фæлæ нын искæцы бæрзæндæй кæсын та — арвыл æндзæвгæ хохы бæрзæндæй уа, æви хуымæтæг обауы цъуппæй — цæмæн афтæ адджын у, цæмæн нæм ис ахæм миниуæг та? Æви, мыййаг, уалæ уыцы хъандзалбазыр цæргæсты мыггаг-хъæстæйæ стæм?

Æмкъай дыууæ цæргæсы комæйкоммæ хæхты сæрты тæхынц æнæ базыр батилгæйæ, æмæ сæ уæлдæф йæхæдæг цыма хæссы, кæцырдæмдæриддæр сæ бафæнды, уыцырдæм, хъуыддаг афтæ зыны. Арвы æнæкæрон уæрæх фæлгуыр сæ хæтæн, сæ фæлгæсæн, сæ сæрибар дуне — æнæ арæнтæ-гæрæнтæ дуне. Гъемæ сын йæ цардцæрæнбонты лæг тæхуды кæны сæ гæнæнтæ-фæрæзтæм, сæ парахат фадæттæм: йæх, æмæ уыдонау!..

Цымæ нæ не сфæлдисæг уарзæгой зæрдæйæ скодта, æви фыдæнæнгæнæг зондæй — дуне йе скондæй фæстæмæ сæрбихъуырæйттæгæнагæй цæмæн басгуыхт?.. Æмæ уымæй фæпайда кæнынц цардызмæнтджытæ, йæ цæрæн-хæрæн бынатæй, йæ нывгонд хъысмæтæй разы чи

нæ вæййы, уыдон. Æмæ та сæ азарæй æхсæндзарды бындур ныззилы, æмдзæхгæр аивы царды бæлвырд бæрæг уаг. Æмæ та, бонвæткы ивддзинæдтæй амондæнхъæлцау чи уыд, уыдон хæлиудзыхæй аззайынц, цæхджын сайд сыл æрцæуы. Нардуарайтæ дæр куыдфæстæмæ кæрæдзимæ фæвæййынц — æгъатырдæр сæ чи разыны, тугдзыхдæр, уый йе зноны тохæмбæлтты æнауæрдонæй ныссæрфы æмæ æппæт дæр йæхимæ æрбассивы. Æппæт дæр æрбассивы, æппæты дæр сбынæйкæнгæйæ. Æмæ — кæмæн æддзидза стæджы хай, кæмæн дзидзайы къуылдых фыдджинагæн, кæмæн раззаг хуылфыдзаумæттæ æхсæмбæлтты физонæггаг, кæмæн та æнæхъæн фæхсын. Стæджы, æхсыд стæджы хай та никæмæн: уæд, дам, ахæм хуызы рæвдыд лæг фæлмæн фыды хаймæ дæр æнхъæлмæ кæсдзæн...

Æрмæст та уыцы джауыр дугæн дæр йæ хæрамгæнаг царды бонтæ нымады вæййынц. Æмæ уæд хæдхæлдæй ныггуыпп ласы æнæхъæн Зæххы къорийæн дæр уæзгæнæг паддзахад дæр, хур иу скастæн кæуыл не 'ххæсы, ахæм егъау импери — йæ хæлддзæгты рыг хуры цæст сæхгæны. Æмæ та адæм дæр, æхсæвдары цæуæгау, сæ кæрæдзи къуырттытæ кæнынц, схойынц, цæвæг дзы марæджы нал февзары. Фæлæ Хуыцау хорз у, æмæ та чысылгай-чысылгай æрчырыстон вæййынц, æрчъицынц, иу сæ иннæйы æмбарын райдайы, цы ис æмæ куыдæй ис, уый — хорз, зæгъгæ. Суанг ма сразы вæййынц уыимæ дæр, æмæ æхсæнадæн уынаффæгæнджытæй цардхалджытæ кæй агæпп ласынц, науæд та уыдон, уыцы хинæйдзæгтæ — мæнæ джебогъджынтæн дæр æмæ сæ тырысахæсджытæн дæр фæскъудзитæй чи æмдзæгъд кодта, уыдон. Æмæ та фæтæгахуыр адæм ног партитæ ацъапп ласынц, ног трибунтæ æрсадзынц æмдзæгъддæсны дзыллæты астæу... Цырддзаст, зонддзаст, зæрдæдзасттæм хъусæг нæй.

Æмæ та йæ пъирийыл мидæггоз хæцæд, йæ зæрдæ кæмæн схæссы, йæ зонд йæхи æфхæрдыл кæмæн банымайы, уый!

Дуне...

Адæм...

Кæрдæгцъæх æмæ æрвхуызвæлыст дуне.

Саувæлыст адæм.

Фæлæ...

Фæлæ: тугдзых сырдтæ адæмы хъуыддæгтæ куы зониккой, уæд нæ, цымæ, дзурынхъомæй, цы зæгъиккой?

Цы тæригъæддаджы мæгуыр дæ, цы, рæстуд, рæстмæзондæй рæстмæхæц адæймаг, дзыллæйы æхсæн худгæбылæй, саламдæттонæй цæрын кæй хъæуы!

Мæгъа, Есенин Сергей, мæгъа, цас раст сты дæ ныхæстæ — дæ зæрдæ йæ хорз чемы куы уыд, уæд сæ загътаис, æвæццæгæн: «Как прекрасна Земля и на ней человек!» Æз та, уалæ уыцы цæргæстæм кæсгæйæ æмæ мæ зæрдæмæ хъусгæйæ, афтæ аивин дæ ныхæстæ — æмæ хъæрæй загътон:

— Как горы прекрасны, и над ними орлы!

— Цы, цы?!

— Ницы... Цæмæндæр ныpхæндæг хæхты алæмæты уындæй мæ зæрдæ æмæ æрбаймысыд Есенины рæнхъытæ, как, дам, прекрасна Земля и на ней человек, зæгъгæ, æмæ йын сæ уæд мæхирдыгонау аивтон ахæм фæлыстæй...

— Ома, цæргæстæ æнæгуырысхойæ сты хæхтæ æмæ арвы — æнæхъæн дунейы фидауц, адæймаг та... Уый фидауц та дыууæйыл у, нæ?

— О...

Æмдзæхгæр карст хохрындзы тæккæ былгæрон бадæм чысыл фæзуатгонд лæгъзы — ам къæдзæхы сæр куыддæр фæкæфойау, фæсонтæй дзы фæстæрдæм хи ауадзæн-анцайæн дæр ис. Æмæ истытæ æнæмæтæй дзурын, алцытæ лæхурын, стæй зæрдиаг ныхасы бацæуын дæр хорз у, фæлæ дзы цыма уæддæр хъусæй æнцад бадынæй хуыздæр ницы ис — æвгъау у хæхты сæрыстыр дуне лæджы дзæнгæдайæ халынæн. Æрмæст ардæм не ссыды сæр æргом дзурын æмæ лæмбынæгæй хъусын у, уæлдайдæр дзургæ Таирæ кæндзæн, æмæ сылгоймагæн та лæджыхъæдджын хæхтæ дæр куыд нæ барынц, ноджы ахæм... ахæм...

Налат рæсугъдæн!

Æрбазылдта мæм йæ дзыгъуыр цæстытæ, райдайа, æви куыд, зæгъгæ. О, о: дзыгъуыр сты йæ цæстытæ, дзыгъуыр — бур æмæ цъæхбын, стæй цыма сæ мидæг фæлурсгомау кæрдæгцъæх стъæлфытæ сæмхæццæ сты, æцæг сыл сызгъæрин хуыз уæлахиз кæны.

Цы хъуыддаг ис уыдæттимæ нæлгоймаджы, фæлæ мын уæддæр иу хабар æнахуыр фехсызгон — æмæ уый та уый, æмæ йæ цæстытимæ, сæ хъулон-мулон ахуырстимæ йæ къаба афтæ æрдзон хуызы кæй фидыдта, ома, йæ къабайы бурвæлыст быдырыл

кæрдæгцъæх чысыл сыфтæ куыд тынг фидыдтой, куыд бадтысты йæ цæстыты дзыгъуыримæ.

Иннæрдыгæй та мæ уый фæрæхойæгау кодта, æмæ, ома сæрмагондæй, йæ цæстыты фæлгонцимæ цы хъуымац сфидаудзæн, уый агурæг кæй зылдис — сæхæдæг ын фагæй фылдæр аивгæнæг куы сты йæ уынд, йæ бакаст, йæ сурæтæн!..

Нæ мæ бафарста, мæ зæрдæ уадидæгæн цæмæн ырхæндæг, уымæй — æмæ дзы мæхи мидæг фæбузныг дæн. Фæлæ нæ дыууæйæн дæр, æнæ комкоммæ зæгъгæйæ дæр, æмбæрст у, ам, мæнæ ам, хохы, уæрæхгом зæрдæйæ хъуамæ æцæг æргомдзырд, æргомныхас куыд уай, уый — æппындæр дзы нæ фидауы, нæ фæтчы æппæты разæй лæгæн йæхи æфсармы раз дæр цыдæр хин, цыдæр лыскъзæрдæ, цыдæр дывæрсыг, цыдæр дывæлдах сайæгой исты уай, уый!

Уымæн, æмæ хæхты бæрзонд дин, æрвон фæтк сты æрмæстдæр сыгъдæг хъуыдытæ, сыгъдæг зонд, сыгъдæг æнкъарæнтæ...

Иу бæллæхæй мæ хизын хъуыд мæхи амал æмæ гæнæнæй, нæлгоймаджы лæмæгъ сконд зæрдыл даргæйæ: Таирæ æгæр аивтæ-дзæбæхтæ у, æгæр зæрдæисгæ, æгæр хурæргом, рæвдыдæй æфсис чи нæ зоны, лæджы ахæм удæн. Æмæ бар-æнæбары дæр мæхицæн лæгъстæтыл схæцыдтæн, дæ зæрдæмæ йæ æгæр мидæггоз ма бауадз, æгæр æй ма садджын кæн дæхицæн, зæгъгæ. Цыма зæрдæйы, æгоммæгæс зæрдæйы фæндтæн дæр бæрцбарæнтæ, цæлхдууртæ вæййы, уыйау...

Таирæ йæ къæхтæ къæдзæхæй дæлæмæ ауагъта, цыма йæхи фæлвæрдта, бауæндин афтæ бакæнын, æви нæ, зæгъгæ, стæй мæм æргомыздæхт сбадт, йæ цæстытæ фæдзыгъуырзынг сты:

— Олег... Олежек... Алæг! Æппæты разæй дæ фæдзæхсын: ме 'цæг ном мын, ме 'цæг мыггаг мын никуы никæмæн схъæр кæндзынæ!

— Ард дын бахæрон, сомы дын бакæнон, алы хæрды размæ дæр-иу мæ гуккытæ сапонимæ кæй цæхсдзынæн, уый тыххæй?

— Æгъи! Ома, уый дын куыд æнæмæнг кæнинаг хъуыддаг у, раст дын тæккæ афтæ уайы... раст дын тæккæ ахæм фæтк у дæ дзыхыл мидæмæ хæцын дæр, нæ? Раст дæ бамбæрстон?

Мæ уæхсчытыл хæрдмæ схæцæгау кодтон, æвæццæгæн, зæгъгæ.

— Иннæ ахсджиаг домæн... Æз дæуæн, мæ уды налхъуыт-налмас гага, сыл-гой-маг нæ дæн! Нæдæр дæ мæ уынд-конд-бакаст

ӕндавынц, нӕдӕр мӕ удӕлхӕнӕн хъӕлӕс, нӕдӕр... — Бахудт. — Дӕ ном Нодар куы уаид, уӕд дзырдты хал куыд бадид кӕрӕдзиуыл: «Нӕдӕр, Нодар!..» О, нӕдӕр мӕ тугфыцӕн сылгоймаджы... мӕ сылгоймаджы тугфыцӕн ӕнӕивддзаггӕнӕг тӕф! Тӕф! — ӕмӕ ныххудт цыбыр худтӕй, йӕ цӕсгомыл ма ӕрмӕст йӕ фӕд хъазыд цъус фӕстӕдӕр. — Мӕнӕ мыдыбындз иу дидинӕг иннӕмӕй йӕ тӕфмӕ гӕсгӕ куыд иртасы, сымах, нӕлгоймӕгтӕ дӕр, афтӕ стут, бынтон ӕррадзӕфтӕ фӕвӕййут уарзон сылгоймаджы адджын тӕфӕй, цыдӕр ӕнахуыр тӕфӕй — иннӕтӕй йӕ цы тӕф хъауджыдӕр кӕны, уымӕй. Нӕ?

Мӕ къухтӕ ӕнӕбонхуызӕй фӕйнӕрдӕм аппӕрстон:

— Мӕгъа, мӕгъа, сылгоймӕгты дегустаци никуы ма кодтон, кӕд уый дегустаци хуыйны, уӕд... Фӕлӕ ныр куыд чындӕ у мӕнӕн — мӕ фындзы къӕрмӕджытӕ, мӕ хъусты иннӕ ахӕм, мӕ дзыхыл — цъутта, мӕ цӕстытыл та сау хъуымац цалдӕр фӕлтӕрӕй? И, бӕстырӕсугъд?

— Ӕппӕтӕн дӕр хосгӕнӕг де 'фсарм. Иннӕ курдиат: хорз мӕм хъус, ома, зӕрдиагӕй, цымыдисагӕй, науӕд мӕм дзурын нӕ цӕудзӕн. Ныр риуы дзаг мӕ къӕхтыбынӕй ныуулӕфон ӕмӕ райдайон рассказ ӕмӕ раз про это самое — про люб-бовь... — Ӕнӕнхъӕлӕджы мын йӕ ӕддӕгуӕлӕ ӕвӕрд дыууӕ къухӕй ме уӕхскыл ӕрцауындзӕггомау, йӕ сӕр йӕ къухтыл ӕруагъта ӕмӕ, хӕхты уӕлӕты ӕндӕр цыдӕр райдзаст дунемӕ кӕсгӕйӕ, загъта. — Йӕх, ӕмӕ цы дзӕнӕтон хорз уаид, мӕнӕ афтӕ бад дӕ удуарзон, дӕ зондуарзон, дӕ цардуарзон лӕппуимӕ ӕмӕ — мацы хъуыды кӕн, ӕмӕ — мацӕуыл мӕт кӕн, ӕрмӕст Хуыцауы хъӕбулау цин кӕн, рай, у иттӕг разы дӕ хъысмӕтӕй, дӕ царды урс дон ӕмӕ бур царвӕй ӕмӕ дӕ уарзондзинадӕн дӕр авгау ӕрхауынӕй, асӕттынӕй ма тӕрс, уӕвгӕ дӕр мацӕмӕй тӕрс, мидысхъиу мацӕмӕй у, уымӕн ӕмӕ йӕ зоныс: рӕстӕг куыд ӕнусон у, дӕ амонд дӕр — раст тӕккӕ афтӕ!..

Хӕхтӕ куыд радысты, куыд райдзаст уыдысты, уымӕй бӕрӕг уыд, Таирӕйы бӕллицтӕ сӕ зӕрдӕйӕн хӕстӕг кӕй уыдысты, уый. Ӕмӕ иблис у сылгоймаг, уӕдӕ нӕу, нӕу! Ӕмӕ Хуыцау дӕр хаттӕн дисы бацӕуы, куыд мын бантыст ӕнусты ӕлгъыстаджы, ӕнусты табуйаджы сылгоймаджы сфӕлдисын, зӕгъгӕ.

Йӕ къухтӕ ӕруагъта Таирӕ, систа йӕ къӕхтӕ дӕр ауындзӕгӕй, фӕрсырдӕм сӕ дӕргъмӕ ауагъта, цӕмӕндӕр адзӕбӕхтӕ кодта йӕ къаба, баивӕзтытӕ йӕ кодта уӕраджы

сæртæм, æмæ йæ æнцад куы ныууагъта, уæд къабайы тæнæг хъуымац йæхи уæзæй æрхуыссыд зæнгтыл, цыма куыд æмдымбыл рæсугъд, хæрзконд сты, уый æвдыста мæнæн, уыйау. Атыдтон сæ мæ цæстытæ, худинаг уæм куыд нæ кæсы, чызг-сылгоймаг сымахæн уæ хицауыл йæхи æууæнкагæй куы ныффæдзæхста, зæгъгæ, æмæ та цæргæстæм скæсæг кодтон мæхи. Фæлæ, кæд Таирæмæ фæрсмæздæхтæй бадын, уæддæр, цæттæ кæй дæн уымæ лæмбынæгæй хъусынмæ, уый мæ ахастыл бæрæг дардта, æмæ ныр æнæ уæлдай разныхасæй райдыдта:

— Æз уыцы аз сæрды каст фæдæн скъола — дыууын дыккæгæм, æвдæмты онг та æртынæмы ахуыр кодтон. Диссæгтæ! Фынтæ куы фæуынын, уæд БАМ мæ фыны никуы фæуынын, фæлæ æдзухдæр мæ сабибонты хъазæн бынæттæ рацæуынц мæ размæ. Нæ уынг, Ирон театры фæз, стадион «Динамо», Терчы былгæрæттæ, къахвæндаг хид...

О, æмæ скъолайы рапирæйæ хæцынмæ фæцалх дæн, фыццæгæм спортивон къæпхæн мæм ис. Фехтованимæ та иу лæппуйы цæстмæ бацыдтæн — Тæгæрцаты Владичы. Цæй уарзынтæххъом дын уыдтæн уæд, æвдæм къласы, фæлæ цыдæр ахæм æнкъарæн уыди мæ мидæг — йæ уындмæ-иу бæллыдтæн, тырныдтон. Иу къласы ахуыр кодтам, иу секцимæ цыдыстæм, афтæмæй та мæ нæ уыдта, стæй, уæвгæ дæр, цыма никæй уыдта чызджытæй. Йæ зæрдæйы ахуыр æмæ спорт йеддæмæ цыма ницы уыд, афтæ. Æрмæст ын ахуыры дæр æмæ спорты дæр уадиссагæй ницы бантысти, ницы мын фесгуыхт, æнæуи та хорз лæппу уыди, хæдæфсарм. О, æмæ дын бирæ азты фæстæ фембæлдыстæм — уæдмæ ус ракуырдта, хицæн дæр ма ацис, — фембæлдыстæм, о, æмæ мыл æнахуыр тынг бацин кодта, ноджы ма дын афтæ — мæнæ диссæгтæ! — цы дзæбæх, дам, дæ! Ау, зæгъын, уæд, скъолайы, ды дæр мæ зæрдæмæ куы цыдтæ, уæд мæ уынгæ дæр куынæ кодтай! Уымæн та, дам, уæвæн куыд ис, зæгъгæ, йæхи рæстытæ кæныныл схæцыди. Цæй, æмæ, дам, ныр... Ныр та мæ, зæгъын, æндæр чидæр фæфиппайдта æмæ мæ æвæстиатæй йæ мадæн ачындз ласта!

Уыцы сæрд скъола фæдæн, о, æмæ, мæ гæххæттытæ кæдæм бадæттон, ууыл хъуыдытæ кодтон. Раздæр мæ юрфакмæ фæндыди — ме 'мбал Цъыккаты Иринæ мæ быны бабырыд, æрмæст, дам, уырдæм, зæгъгæ... Нæ къласы мæнæй хуыздæр ничи ахуыр кодта — уыцы азты майдантæ нал лæвæрдтой, æндæр райстаин.

Æмæ æз æппæтæй рæвдздæр кæй уыдтæн ахуырмæ, уымæ гæсгæ ме 'мкъласонты ныййарджытæ иууылдæр сæ каст мæнмæ скодтой, цымæ æз кæдæм бацæуин æмæ, цымæ, æнæ гæртамæй бацæуин, зæгъгæ. Абон дæр æй нæма зонын, медмæ куыдæй фæраст дæн, уый. Мæ гæххæттытæ уырдæм куы балæвæрдтон, уæд «Локомотивы» спортивон æхсæнадæй ацыдыстæм Азербайджанмæ — уым Ленкораны уыди лагерь «Олимпийская надежда». Ирыстонæй иу-ссæдз уыдыстæм, чызджытæ цыппæрдæс-æвддæсаздзыдтæ, лæппутæ та дæс-дыуууадæсазыкконтæ. Нæ тренер сомихаг лæппулæг, немæ уыд хъомылгæнæг дæр — нудæс азы кæуыл цыд, ахæм уырыссаг чызг Наташæ, Августы Цауты номыл уынджы цард.

Беслæны поезды сбадтыстæм æмæ цæуæм Бакумæ. Диссæгтæ! Кæд æмæ мæ бауарзта нæ вагоны проводник. Нæй иронау проводник? Æрæджиау мæм бахъардта йæ ахаст мæнмæ. Уазал дон дæ нæ хъæуы, тæвд цай дæ нæ хъæуы, дыргътæ дæ нæ хъæуы, зæгъгæ, та мæ-иу бафарста минутæй-минутмæ. Бакуйы нæ иу бон цыдæр хъуыд афæстиат кæнын — хæццæ та изæрырдæм баистæм. Проводник нæ цалдæр чызгæй йæ хæстæджытæм акодта æхсæвиуат кæнынмæ. Тынг хорз нæ суазæг кодтой. Уырдæм нæм дыккаг бон фæзынд æмæ нын горæт уынын кæны. Бакуйы раз мæм нæхи Орджикъапули горæт дæр нал касти, мæ цæсты нал ахадыдта — хъæуы хуызæн уыди раст, Бакуимæ абаргæйæ. Сæ киоскты сæрибарæй цы журналтæ уæй кодтой, фæсарæйнаг модæйы журналтæ, махмæ ахæмтæ рафыссынмæ дæр не ссардтаис — мæнæ нæм бурда-хурда куы фæзынди, «Бурда», уæд уый дæр хицауад сæхирдыгæй фæкодтой... О, цæуæм, зилæм дуканитæ-йедтыл, æмæ-иу æз цæмæ фæкастæн, мæ цæст-иу цæуыл андæгъди, чысылдæр-иу мæ цæстæнгас цæуыл афæстиат, уый та мын-иу алхæдта. Се 'гъдау ахæм исты у, æви цы ацы азербайджантæн? Ме 'мбал чызджытæ мыл худынц хинæйдзаг æмбаргæ худтæй, æз та сæрхъиппау дæн, сæлхæрау ницы æмбарын хабарæн — æз хистæр кълæсты дæр уарзæттæ нæ кодтон, нæ мын уыд иу уарзон лæппу дæр — диссæгтæ!

Ахуырæй мæ не 'вдæлдаид, æви цæмæн къуырма уыдтæн, бутъро, уый — мæгъа. Ныр мын уыцы рæдау лæппу афтæ, æз, дам, дæ Ленкораны дæр бабæрæг кæндзынæн. Уый та ма дзы кæцырдæм чъыллипп у, зæгъгæ, йæ сонтæй афарстон. Уый йæ

дынджыр цæстытæ ноджыдæр ма фæхъоппæг ласта — ома уымæй та ма йæ цæмæн фæрсын, алцыдæр æмбæрст куы у æнæуи дæр, уæд! Кæс-ма, зæгъын, амæ, кæс, йæ мæгуыр зæрды цы 'рыфтыд, цытæ æрцагуырдта йæ къæбæлдзыг зæрдæ!

Ахæм мæсты йæм радæн æмæ! Диссагæй цы кæныс... Исты, уæд ын раст йæ гæлдæр барæтъуз — ахæм æрыгонæй дæр гæлдæрджын у, тфу! Мæ рапирæ дзы аныгъуылдаид...

Ленкорань ныл судзгæ-араугæ уæлдæфæй сæмбæлди. Кæрдæг бынæл басыгъд, быдыртæ дæр цæгæр. Хæрисбæлæсты хуызæн цыдæр бæлæстæ дзы уыди, дардæй стыр цъæх хъæд зынди.

Лагерь — иууæладзыгон хæдзæрттæ, фыхдурæй амад. Изæрæй дын фæхсбандоныл бадæм иукъорд чызгæй. Уалынджы дын нæ цурмæ æрбацыди цавæрдæр дынджыр лæппулæг, æртын азы йыл цыдаид. Тынг бæрзонд, уымæй дæр хæрзконд, бæзæрхыг. Йæ иу хъус цъæлтæ-æмпылдтæ, мæнæ хъæбысæйхæцджытæн куыд вæййы, афтæ. Мемæ дын ныхæстыл схæцыди, нæ горæтæй мæ фæрсы, нæ зындгонд хъæбысæйхæцджыты мын номæй-номмæ нымайы, ды, дам, сæ лæгæй-лæгмæ никæй зоныс, куыдтæ сты-йедтæ. Йæхæдæг дæр хъæбысæйхæцджыты тренер разынд, ардæм йæ лæппуты къорд æрбаласта. Азербайджайнаг, йæ ном та Вахаб, рæсугъд мыггаг ын уыди куыддæр, фæлæ мæ æрбайрох ныр... Йемæ ма уыд йæ фырт дæр — æртæцыппараздзыд цыдæр. Аныхæстæ ма кодтам ницытыл-мацытыл æмæ ацыди. Фæлæ ды Вахабы дæ зæрдыл бадар...

Лагеры нæм иу бынæттон лæппу куыста хъомылгæнæгæй, цыдаид ыл дыууæ æмæ ссæдз азмæ æввахс. Иу æнахуыр уыд, иу, æмæ йын зæгъæн дæр нæй: цыма Наташæ цæуы йæ зæрдæмæ, уый æфсонæй нæм-иу æрбацыди мидæмæ нæ уатмæ. Диссæгтæ! Ныр мах та иу уаты фынддæс чызгæй цардыстæм. Æрбасхъæл нæм-иу, сфæтъæн уыдаид æмæ-иу алы æдзæлгъæд ныхæстæ лæхурын райдыдта. Раздæр æм мæсты кодтам, фæлæ йыл куыдфæстæмæ афтæ сахуыр стæм, æмæ дзы æфсæрмы дæр нал кодтой чызджытæ, нымады дæр сæм нал уыди, мæнæ цыма бандон, кæнæ сынтæг — цыдæр къодах йеддæмæ ницы у, уыйау. Чи нæ-иу чиныджы касти, чи-иу йæхимæ зылд, йæхи дзæбæхтæ кодта, чи та-иу суанг йæ уæлæдарæс дæр ивта йæ цуры. Ай та чурбахъы хуызæн, æцæгдæр къозофтау хъуына къодах! Лæппуйы ном æнадгæнæн! Нæлагонд...

Æмæ дын æз иуахæмы куы фæфиппаин: йæ цæстытæ мæ

фæдыл разил-базил кæнынц, мæ алы фезмæлд дæр мын хъахъхъæнынц, мæ алы цæстæнгас дæр мын ахсы уыцы къæрцхъусæй! Æ-гъи, уæдæ! Æмæ йæ диссаджы хуызы бафиппайдтон, ацы байтаман дæр та, мæнæй фалæмæ кæй бауарза, уый кæй не ссардта — уæд æз бынтон даргъ дзыккутæ рауагътон, ирон быд сæ-иу скодтон, ноджы сæ мæлæты хъал уыдтæн! Гъемæ дын мæ сæр куыд фастон æмæ мæхимæ айдæнмæ куыд кастæн, афтæ дын дзы айдæны ацы лæппуйы дæр куы ауынин — ныззынг мæм кодта йæ фысы... йæ фыркъайы тугызмæст цæстытæ. Кæд дзы раст мæ фæсонтæ не сцæйсыгъдысты! Ныр дæр мын кæд ницы ма у, — æргом ныхасы къæм нæй! — фæлæ уæд та, æвддæсаздзыдæй, кæуылты зæрдæмæдзæугæдæр æмæ хæрзконддæр уыдтæн, кæуылты!

Фырдзаст лæппу мын мæхицæн ницы дзырдта, ома, кæй мæ уарзы, уый мын мæхицæн нæ зæгъы, фæлæ цъиу-вæдис систа, мæнæй уый, дам, афтæ бауарзтон, æмæ, дам, мæ уарзт мæ риуы нæ, фæлæ мæ царды дæр нал цæуы, мæ уды уæрæх, дам, ын къуындæг у, æмæ, дам, кæнæ мæнæйуый сразы уыдзæн йæ уарзты аккаг уарзтæй йын дзуапп раттыныл, науæд, дам, æз...

Диссæгтæ: мæ зæрдыл цы ныхæстæ æрбалæууыдысты уæд — уый къæбæлдзыг ныхæстæм... Кæцы чызг нæ уарзы уарзондзинады тыххæй рæсугъд ныхæстæ, алы зæрдæхъыдзыгæнæнтæ. О, æмæ кæддæр æвдæм къласы мæ блокнотмæ чиныг «Белая крепость»-æй ахæм ныхæстæ рафыстон: «Мою любовь, широкую, как море, вместить не могут жизни берега».

Æмæ мын ай дæр ныр ахæм дзыбандытыл схæцыд...

О, æмæ, дам, йæхи марынмæ æрцыди — чызджытæ мын загътой. Маргæуæд... Фæлæ ма цæй хъомылгæнæг уыд уымæй, бæттинаг æррайæ. Æмæ йæ атардтой куыстæй. Мæ сæрæн ницы зыдтон æмæ та мын афтæмæй — маст. Æцæг иннæ уарзты маст комкоммæ мæхи аххос уыд сæрæй къæдзилмæ...

Цæвиттон, иу дзæбæх бон дын цалдæр чызгæй кæрты бадæм æвдæлонæй æмæ волейболæй хъазæг лæппутæм кæсæм — ныр уыдон астæумæ фистæг, æрдæгбæгънæг ома. Чызджытæ дзы иуы гуырыкондыл сæ цæст æрæвæрдтой, стæй æз дæр ахæм куырм нæ уыдтæн. Зынгæ нæм чъылдымырдыгæй кодта, æмæ дын йæ фæсонты нуæрттæ хъазынц, рахæц-бахæц кæнынц; йæ уæхсчытæ æмраст æмæ фæтæн; астæу æлвæст — кæсынæй йæм не 'фсæстыстæм. Мæнæ саджы фисынтыл амад, зæгъгæ, кæмæй бакæнынц, раст ахæм.

Уæды онг афтæ хъуыды кодтон, æмæ мах, чызджыты, лæппутæ хынджылæгæй сæ быцæуты фембулынц, хæснаг ныл скæнынц... Æмæ ныр та мах нæхæдæг фæбыцæу стæм, ерысы бацыдыстæм, уартæ уыцы Аполлоны йæхирдыгæй раздæр чи фæкæнид, зæгъгæ — йæхи йын чи бауарзын кæнид ома. Иу ныхасæй, зынгæй хъазынвæнд скодтам. Мæ туг сцырын, æмæ æз мæхи фæкъæйных кодтон æмæ сын загътон, сымах лæппуйæ сæрибар стут, зæгъгæ, уымæн æмæ уæ ерыс мемæ бынтон рæстæгсафæн уыдзæн...

Уалынджы дын лæппу йе 'ргомырдæм куы фæзилид æмæ — Квазимодæйы хæмхудтæ! Ахæм ма дзы, зæгъын мæхимидæг, фыдуынд уа! Хуыцаумæ мын хæрам ма фæкæсæд, фæлæ зæрдæхæццæгæнæн раст, æмæ йын гуырыконд та — антикæ! Фæлæ нæ, нæ мæ, зæгъын, хъæуы ахæмыл уæлахиз — ноджы ма дын ай дæр та хъæбысæйхæцæг разынд, æуууæрстхъусджын. Ай дæр та ме 'мкъласон Владичы хуызæн спортæй дарддæр ницы æндæвта, чызджытæм, дам, ныхасмæ дæр нæ лæууы, сæ фæстæ нæ, фæлæ сæм фæрсмæ дæр нæ кæсы. Иу дзырдæй, никæй нæ уыдта «в упор».

Æмæ та уæд мæ хæйрæг скафыди: фæлæуу, æз дын...

Мæ цæстæнгасæй йæ фæдыл зилын райдыдтон, цуан кæнын. Куыддæр-иу æй ауыдтон, афтæ та дзы-иу мæ цæстытæ ныссагътон, цæстæнгасæй-иу æй рæвдыдтон, йæ зæрдæ йын мæ къæппæджы сойæ сæрстон. Æмæ — диссæгтæ! Фæцалх, сахуыр мæнырдыгæй уыцы митыл, къухылтухгæдæр кæны бонæй-бонмæ. Æмæ йæм-иу барæй, къахæнхуызы куы нал кастæн, мæхи-иу æй æнæуынæг куы скодтон, уæд-иу скатай, бæлвырд цыдæр ын-иу нал фаг кодта, мæгуырæг. Стæй та-иу ыл мæ зæрдæвæрæн рæвдаугæ цæстытæ куы 'рхастон, куы та-иу æм бахудтæн æфсæрмдзастæй, уæд та-иу ыл авд хуры скасти.

Хорз цыдæр кæй нæ кæнын, уый та куыд не 'мбæрстон, фæлæ æвзонг æвзонг уымæн у, æмæ нæ хъуыды кæны, дарддæр цы уыдзæн, ууыл. Æмæ æз дæр, мæ уарзæттæй хъазт цы расайдзæн фæстагмæ, ууыл нæ сагъæс кодтон ме 'дылыйæ...

Иухатт дын бадминтонæй хъазынæй ерысы бацыдыстæм олимпаг фæткмæ гæсгæ — чи фæхæрд уа, уый дарддæр нал хъазы. Æмæ ма фæстагмæ мах саджы фисынтыламадимæ дыууæйæ баззадыстæм. Æз уæд бирæ тыхы бæрны уыдтæн, тынг æнæниз уыдтæн, тынг — æппындæр, фæллад циу, уый нæ зыдтон.

«Кавказская пленница»-йы кинойы цы ныхæстæ ис, уыдон мæнмæ уæдыкконæй хауынц: «Спъæртсменкъæ, къæмсæмолкъæ, кърасавиццæ!» О, æмæ Рагимимæ — афтæ хуынд йæ ном, — хъазынтæ систам, хъазынтæ. Чызгæй-лæппуйæ нæм кæсынц, ныццымыдис сты иууылдæр. Волан иу-фынддæс минуты, сахатырдæг, æнæхъæн сахат зæхмæ нæ уадзæм, кæрæдзимæ йæ къуырæм. Уæдмæ нæм хæрæндонæй дæр хъæр кæнын райдыдтой, рацæут æмæ бахæрут, зæгъгæ. Ничи æнкъуысы йæ бынатæй. Махæн нæ хид нæ къæхты бынæй акалди, фæлæ нæ иу дæр нæ сæтты. Сæ бон нæм кæсын куы нал уыд, уæд лæппутæй чидæр волан тæхгæ-тæхыны æрцахста...

Рагим мæм дисгæнæг цæстытæй кæсы, уый дын дзы чызг у, чызг, зæгъгæ. Сæ тыхмæ гæсгæ, сæ арæхстæй, удыскондæй-характертæй кæрæдзийæн хæстæг чи вæййы, уыдоны 'хсæн цыдæр магнетизм фæзыны, иннæты астæу сæхи куыддæр хъулонæй æнкъарын райдайынц, ома, мах бон цытæ у, уый æндæр никæй бон у, зæгъгæ. Нæ, мæнæ Андерсены «Гадкий утенокы» куыд у, афтæ нæ вæййы сæ уавæр, фæлæ хуымæтæджы хуызы буц вæййынц сæхицæй, схъæл та нæ фæвæййынц. Æмæ мах дæр афтæ æнкъарын райдыдтам нæхи — куыддæр уæлбикъонæй...

Диссæгтæ! Кæсын дын, æмæ мæм нæдæр уынджы, нæдæр дискотекæйы хæстæг ничиуал цæуы иннæ лæппутæй, дзырдæппарæн дæр мæм нал кæнынц æмæ мемæ дæр нал кафынц. Циу, цы хабар у, зæгъгæ, тыхсын, схъуырмæ дæн. Хъуыддаг мын куыд бамбарын кодтой, афтæмæй, дам, æз нырæй фæстæмæ уый дæн, Рагимы чызг, йæ нывонд уарзон! Уый дын дзы гуыппытæ æмæ гæрæхтæ. Мæн ме 'вастæй уымæн схай кодтой.

Йæхæдæг дæр дын мын афтæ, ныхас, дам, мæ ис демæ. Стæма, ныхасмæ та куыд у, зæгъгæ, йын сразы дæн, байхъусон æм... Бадæм æргом ран, адæмы тæккæ цæстдзæвæны. Сым дæр дзы нæ хауы, æрмæст йæ къухтæ тыхæууæрстæй æууæрды, цыма йын сигæ бакодтой, уыйау. Йæ хид къоппæй калд, йæ дзых уæлбылгонд, донæй æппæрст кæсагау æдзæмæй фæхæлиу-фæхæлиу кæны. Хæрзлæппын лæппу уыд уый дæр нырма, бынтон æвæлтæрд ахæм хъуыддæгты — мæнæй афæдз хистæр, æндæр нæ. Бамбæрстон æй, цытæ йæ зæгъын фæнды мæнæн, уый, фæлæ йæм мæнмæ та хъусын нæ цæуы, нæ мæ хъæуынц йæ хурвых уарзон ныхæстæ — мæхи хъæппæрисæй райгуыргæ æнкъарæны оффытæ æмæ оххытæ,

ардхæрынтæ æмæ сомытæм хъусын... Фæлæ уæддæр æфсæрмæй бадын, мæхæдæг ын сдзæгъæлтæ кодтон йæ сабыр зонд, зæгъгæ, мæхи æфхæрын уымæй, ивар кæнын йемæ бадынæй. Æппынæрæджиау дын фемæхст. Бауарзтон, дам, дæ æцæг стыр æмæ тыхджын уарзтæй, ацы дуне мын, мæ цард мын æнæ дæу хурджын дунейау æмæ цæрвджын цардау нал сфидаудзысты. Стæй ма худæджы ныхас дæр загъта, зæгъгæ, дам, мæ æнæ дæ уарзт суанг спорт дæр нал хъæуы!

Æз ницы дзурын. Нæ мæм хъарынц, нæ мæ æндавынц, нæ мын агайынц мæ зæрдæ йæ ныхæстæ, фæлмæцгæ сæ цы кæнын, æндæр. Тæхудиаджы ныхæстæ, фæлæ... æнад. Уымæн, æмæ æнæуарзинагæй йæ сызгъæринтæ дæ цæсты къалайы кад дæр нæ тæрынц. Уарзинагæн та йæ къала дæр... Цæй, хъуыддаг æмбæрст у.

Дыккаг бон та мын афтæ, изæрæй, дам, сæмбæлæм. Æз ын сабыр æмæ уæзданæй алы ’фсæнттæ кæнын, тренер мæ, зæгъын, нæ уадзы лæппутимæ хибарæй бадынтæ-йедтæ, нæхимæ мæ сардаудзæни мæ фыдыл...

Фæссихор мæ нæ хъомылгæнæг Наташæ фæрсы, денджызмæ, дам, дæ нæ фæнды изæрæй — арт скæндзыстæм, фæткъуытæ сфыцдзыстæм, тынг хæрзад, дам, вæййынц цæхæры фыхæй. Нозтмозт, исты ахæмæй дзы ницы уыдзæн — все, дам, чин чином... Нæ лагерæй денджызмæ сæдæ метрæй фылдæр нæ уыд. Æмæ æз, Наташæ, нæ тренер, стæй ма иу лæппу, азербайджайнаг, лагеры нæм дохтырæй куыста, ацыдыстæм. Ныр мæйдар æхсæв, стъалытæ ерысæй тыбар-тыбур кæнынц, денджызæн йæ тыхджын уынæр нæтынау хъуысы, фæлæ нæм зынгæ нæ кæны. Арт пиллонуадзгæ судзы — тренер æй, денджыз цы сугтæ раппæрста былгæронмæ, уыдонæй скодта. Кæсын, æмæ дын Наташæ æмæ дохтыр фæхибар сты, мæйдары аныгъуылдысты. Æз арты алыварс зилдух-мамазила кæнын. Иу стыр къодах дзы уыд — уый дæр денджыз раппæрстаид, æндæр цы, — æмæ ууыл æрбадæгау кодтон, артырдæм кæсын. Артмæ кæсын алчи дæр уарзы, æмæ æз дæр уарзын. Уалынджы дын мæнæ иу дынджыр, иу егъау чидæр талынгæй рухсмæ куы æрбахизид. Фесхъиудтон раст, фæудаист дæн. Стæй дын уый Вахаб... куы разынид, Вахаб...

Уымæй размæ ма мыл цы ’рцыд, ныр уый радзурон. Кæйдæр сæры нæ фæкуыси æнахуыр хъазты хъуыды: иу къорд нæ хæстæгдæр хъæумæ ацæудзæни, уым йæхи бафæсвæд кæндзæни,

бамбæхсдзæни, иннæ къорд та сæ алы бæрæггæнæнтæм гæсгæ агургæ кæндзысты. Цалдæргай километртæ-иу адард стæм лагерæй. Тынг рæсугъд сты амы хъæутæ, тынг! Бæласджын, цъæхцъæхид — цынæ дзы зайы, цынæ! Дис-иу кодтон: нæхимæ нæм лавыр хæринагыл кæнынæн кадаварæй ис, ам та мæнæ сæ цæхæрадæтты æмæ суанг уынгты дæр зайы, æнæхъæн къохтæ дзы ис. Цайбæласы къутæртæ, апельсинтæ-мандаринтæ-гранаттæ-лимонтæ... Цыдæр дзелькъвæ бæлæстæ, хуссарамерикаг дыргъкъутæр — фейхоа, йæ дыргътæн сæ ад мæнæ нæхи æрыскъæфы хуызæн у, тæф дæр афтæ кæнынц. Цæвиттон, æндæр бæстæ, æндæр дуне.

О, æмæ уыцы бон дæр иу дæсæй, иннæ къорд кæм бааууон кодта йæхи, уый агуырдтам. Пъæмидорты хуымтæм бафтыдыстæм — кæрон дæр сын нæ уыд, ахæм тъæпæнтæ. Цæст цас æххæссыд, уыйас зæххытæ иуууылдæр пъæмидор, пъæмидор, пъæмидор, чысыл къориджын пъæмидор. Ме 'мбæлттæ дзы зыдæй хордтой, æз та æппындæр нæ: йæ бæзджын, цыдæр къуыдыр тæфæй мæ зæрдæ хаста, мæ сæр дзы куыддæр ныууæззау.

Лагерьмæ афойнадыл æрбаздæхтыстæм. Линейкæйы лæууæм. Хур æнауæрдонæй æндавы, арауы, цæгæр сæр æм скъуыдтæ кæны. Æвиппайды мæ цæстытæ атартæ сты, алы хуызджын нывтæ дзы разгъор-базгъор систой, сæ цæхæр кæлы. Кæй ахаудзынæн, уый рагацау базыдтон æмæ мæхи ныхъхъæддых кодтон, ныхъхъæбæрдзых, бафæразон, зæгъын. Фæлæ мæ бон нал уыд æмæ рæнхъæй рахызтæн, иуварс бандоныл мæхи æруагътон. Дохтыр сфæдис, уайтагъд йæ диагноз ацъапп ласта, нæ, дам, дын батадысты пъæмидортæ. Æз та сæ хъæстæ дæр нæ фæдæн, куы ма йæ загътон. Изоляторы мæ фæкуыси кодтой, хæцгæ низ мæм куы уа, уымæй тарстысты.

Уым мæ зæрдæмæ фæцыд: æдде хур судзы, æнудæй дзы сулæфæнтæ нæй, ам та — сатæг, уыцы сабыр. Иу уырыссаг чызджы ма дзы баййæфтон. Цæмæндæр мын фенад — иудадзыг дæр йæхимæ хъуыста, уыд æрхæндæг, мæнæ иронау афтæ кæмæй фæзæгъынц, йæ род йæ хуылфы амарди, зæгъгæ. Нæ уарзын æз сæ хъуызджы æмбæхстыты, хъуылæджы ныгъуылд адæмы... Ныр мæхицæн та мæ тæвд уæлдæрæй уæлдæр хизы, артау судзын. Фæлæ — диссæгтæ! — афынæй дæн. Æмæ тарф фынæйы фæстæ куы райхъал дæн иуафонты, уæд мæ сæр мæлæты рог уыд, æхсызгон куысыфтæг рог, стæй уæнгæй дæр тынг уæнгрог сдæн. Ацыдаин, фæлæ мæ нæ уагътой.

Ныр — ахтунг, ахтунг: уалынджы дын мæм рынчынфæрсæг дыууæ гыццыл лæппуйы куы 'рбацæуид — дзæкъулы дзаг мын алы 'взаргæ дыргътæ æрбахастой, ноджыдæр ма цыдæртæ, стæй иу æмбисонды стыр розæдидинæг. Лæпputæ уырыссагау не 'мбарынц, чи уæ, зæгъын, æрбарвыста, æмæ мын дзуаппы бæсты эт тибе, эт тибе, зæгъгæ, кæнынц...

Куы мæ рауагътой изоляторæй, уæд хæрхæмбæлд фæдæн Вахабимæ, уыцы хионхуызæй мæ фæрсы, куыд дæ, ахæм тынг мæт, дам, дыл кодтон æмæ мæхицæн раст бынат нал ардтон...

Мæнæ бонæй-бонмæ диссагдæртæ! Йæ хъæлæсы уагæй йæ цыдæр æгъдауæй бамбæрстон: æнахъом лæппуты мæм рынчынфæрсæг, сыгъдæгæй, ай æрбарвыста, Вахаб. Фæлæ йæ комкоммæ уымæй нæ бафарстон — уæд ын арфæ кæнын хъуыди, нæ ныхасы уаг æндæр уыдаид, æмæ афтæмæйты æцæг дæр фæхион-фæхæстæгхуыз уыдаиккам, нæ ахастытæ бахъæрмуст уыдаиккой...

О, æмæ ныр къодахыл куы бадтæн, арты хъæлдзæг кафтмæ кæсгæйæ, уæд дын хуыдалынгæй ацы уæйыглæг рахызти — гъемæ æгас цæуæд йæ дзельквæ, науæд та æфсæнбæлас сугтимæ — ахæм бæлас дæр сæм зайы, доны ныгъуылгæ кæны, стæй йæ фæрæт нæ исы... Уæйыглæг æй схуыдтон Вахабы, фæлæ уый тынгдæр йæ тых æмæ асы тыххæй, æнæуи та тынг хæрзконд уыд йæ уæнгджынæй дæр, тынг бæрзонд, бæрзондæй дæр аив, уæдæ йæ цæсгомæвæрд дæр зæрдæисгæ, ныхæст бæзджын æрфгуытæ йын. Æрмæст-иу йæ рæсугъд цæстытæй иудадзыгдæр æнкъардæй касти, сагъæссагæй, зондджын сагъæссаг æмбаргæйæ. Сæхионтæ йæ тынг бирæ уарзтой, сæ имам æй хуыдтой, дзургæ дæр æм афтæ кодтой: Имам...

Æмæ та дын ам дæр, денджызы был дæр, куы райдаид, рынчындонмæ куы бахаудтæн, уæд мыл йæхи мæтæй куыд хордта, йæхи ма цы фæкæна, уый куыд нал зыдта, бабæрæг та мæ æфсæрмы кæй кодта; мæ фыртимæ, дам, фырадæргæй цыдæр стыр æрхмæ ныццыдыстæм, хъæды тарфмæ æмæ, дам, уым кæуынæй мæ тыппыртæ суагътон дзæбæх. Цы диссаг ма ис: азербайджайнæгтæн сæ цæстытæ дондзаст ран æрзадысты, сæ лæгтæм скæуын мур дæр нымады нæу, уайтагъд сæ цæссыг згъалынмæ фæвæййынц, кæй дæ уарзынц, ууыл дын куы сæттой, уæд. Ды та йын уыцы сахат ма зæгъай, кæй йæ нæ уарзыс, уый — куы ныббогъ-богъ кæна, фыркуыдæй йæхи æргæвдынмæ куы

’рцæуа, уымæй тæрс. Ахæм тæнзæрдæ сты, саби-адæм раст...

О, уый мын йæ хъæстытæ кæны, мæ размæдарæнмæ йæ зæрдæйы тугтæ калы, йæ уды судзгæтæ. Фæлæ йын æз та цы зæгъон, æз, зæгъгæ, мæхимидæг тыхсын, хъуырдухæн кæнын. Кæд мæхимæ нæ рафыхтæн фырмæстæй, ай, зæгъын, мæ сæрмæ цы зилдух самайынц мыдыбындзытау сонт лæппуйæ — цæттæ лæгæй, цы сæкæр, цы мыд мæм, зæгъын, ссардтой. Кæд цыфæнды хорз Вахаб у, цыфæнды халиф-имам, уæддæр мæ нæ хъæуынц йæ ныхæстæ дæр, йæ узæлæнтæ дæр, йæ уарзты уарзт дæр æмæ йæ уарзты маст дæр! Кæд искæмæн йæ чызгон сæнтты къай у, уæд ын хæлар уæд, фæлæ мæнæн та зæронд лæг у, æфсæрмыйаджы хистæр лæг — ме ’вддæс азы дæлвæзæй Вахабы дæс æмæ ссæдз азы бæрзæнд кæуылты цъупп уыди, митсæр рагъ раст. Цъити!

Уæууа... Ныр абон мæхиуыл æртæ æмæ æртын азы... Æллæх, цытæ дзурын мæ фырциркæй: æртын æртæ азы — æртындæс æмæ ссæдз азы сæххæст! Æмæ, о, ныр мæхиуыл абон уæды Вахабæй фылдæр дæр ма цæуы, афтæмæй та... уæды æвддæс азæй æрыгондæр цыма дæн, цардбæллондæр, кæрæфдæр дæн царды цинтыл... Æмæ — диссæгтæ! — мæхæдæг дыуувæ азы размæ бынтон æнæнхъæлæджы цы уарзты къæппæджы бахаудтон, мæнæ мæхæдæг мæ царды дæргъы фыццаджы-фыццаг хатт куыд бауарзтон æмæ ма куыд уарзын мæнæ тæккæ абон дæр, уый та дæуæй дæр æмæ дунейæ дæр, ай-гъай, басусæг кæндзынæн. Уымæн, æмæ уый мæхи мидæггоз уарзт у, хъусæй дæр æмæ йын цæстæй дæр хай нæй. Æгæр цыдæр у, æгæр, фæлæ циу, цæмæ мæ æрхондзæни, цæмæ мын расайдзæни, уый та иунæг Хуыцау зоны. Æмæ о, Аллах, не дай бæллæх! Йæ кой дæр дын дзæгъæлы скодтон, дура... Фæлæ ацы тæккæ сахатыл цы бамбæрстон: ныхæстæй дын æй куы дзурин, лыстæг луаргæйæ, уæд цыма цырендæр кæнид йæ мидарт, уæд цыма тынгдæр арауид... Уый та уымæн у, æвæццæгæн, æмæ мын дзы хъуыддагæй кæй ницы пайда ис... Æрмæст æм дæ былыцъæрттæ хæр, дæ уд æхсын, судз торфау æмбæхст мидарты, мидсыгъдæй... О, цæуыл дзырдтам æрдæбон?

— Ды Вахабæн зæронд лæджы кад кодтай, уый та...

— О, о!.. Мæхи арты цурмæ байсын сфæнд кодтон, кæд мæм, зæгъын, нæ тренеры раз йæ зæрдæйы хъæстытимæ нал къултæ кæнид йæхи. Фæлæ дын тренер дæр уæдмæ æрбадæлдзæх, æцæгдæр фæтары, уыцы хин æмæ кæлæнтæй сæрст сомихаг.

Арт гуыппæй судзы, йæ даргъ æвзæгтæй лæбуры бæзджын мæйдармæ, йæхимæ йæ хæстæг нæ уадзы.

Нæй тренер, барæй цыма нæй, афтæ мæм фæкасти. Фæсмон кæнын, цæмæн сын ракуымдтон ардæм, зæгъгæ — цыдæртæ мæм хъарын райдыдта, сыгъдæгæй мæ, зæгъын, сæрмагонд ныхасгондæй сайгæ ракодтой денджызы былмæ.

Лæууын сагъдауæй, уæдæ цы акæнон, куыд акæнон?.. Денджыз дæр денджыз æмæ ацы дынджыртæ лæг дæр цæттæ денджыз — йæ хъæлæсы мæ ахæсдзæн, йæ уылæнтыл æмæ мæ аныхъуырдзæн!.. Æмæ дын уалынджы ацы къæдзæх лæг мæ тæккæ цур йæ уæрджытыл куы 'рхауид! Диссæгтæ! Йæ уæрджытыл лæугæйæ дæр ме 'миас уыд! Æмæ дын ахæм сау хох йæ уарзон ныхæстæ дæ удæгасæй кæнæд! Старстæн бынтон, фæкуыддæрау дæн! Йæ дынджыр хъуынджын сау цæнгтæ мæм табугæнæгау, йæ Хуыцауы хайæн кувæгау ивазы, йæ дынджыр рæсугъд цæстытæ арты рухсмæ кинойау æрттивынц сæ урсытæй — фантастикæйæ цы кæныс! Æмæ дзуры, дзуры, дзуры æнæрынцойæ, цыма цъус дæр куы фæхъус уа, уæд дзы йæ ахсджиагдæр зæгъинæгтæ æрбайрох уыдзысты, кæнæ та, цытæ дзуры, уыдон ын, паузæтæгæнгæйæ, мæнмæ афтæ арф нал хъардзысты...

Æмæ, йæхиуыл æндзаргæйæ, дзуры, йæ удæй фылдæр мæ куыд бауарзта, йæ цардæй фылдæр, уымæн æмæ йын уæддæр — худæг, афтæ загъта æцæгдæр, уымæн æмæ, дам, мын мæ цард уæддæр цæй цард у æнæ дæу — цæй цард у æнæ мæн уарзгæйæ, мæлæт ма йын тæхудиагдæр кæны, æндæр! Йæ хъарутæ басастысты, йæ тых йæ уæнгтæй алыгъд, йæ бон нал у йæхиимæ тох-хæсты цæуын. Суанг ма йæ зонд дæр фæцудынæввонг у...

Æмæ мæм йæ уæрджытыл хæстæгдæр цæуы, стæй мæм йæхи куыд æрбаивæзта, мæ зæнгтæн мын ахъæбыс кæна, зæгъгæ, афтæ йæ æз æнæнхъæлæджы ассыдтон — æнæнхъæлæджы фылдæр мæхицæн уыд. Æмæ уæд хатыртæ курынмæ фæци. Искуы исчи искæмæй уыцы хуызы курдзæн хатыртæ, уый дæр мæ никуы бауырныдтаид, æндæр искæмæй йæ куы фехъуыстаин, уæд: хатыртæ куырдта, сæ бæстæйы хур ахæм зынг хур кæй у æмæ мæн афтæ кæй тыхсын кæны, уый тыххæй; се змис æгæр дæрзæг кæй у æмæ судзаг — æрлæууыны амал ыл нæй бæгъæввад къахæй мæнæн; сæ дон дæр махмæйы хуызæн хæрзад дон кæй нæу æмæ йæ æз зивæггæнгæйæ кæй нуазын...

Ферох мæ сты йе ’ппæт хатыркурæнтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ цæссыг дæр та-иу æркалд ставд цæппузыртæй. Уый кæуы, æз та мæхиуыл хъарæг кæнын, мæнæ мыл цы мæгуыры бон и, мæнæ, зæгъгæ. Тæхуды æмæ, зæгъын, искæд бон кæй хай фæуон, уый дæр мæ-иу Вахабау куы уарзид...

Уымæй фæстæмæ мын алы хуызты мæ зæрдæ æлхæдта, алы лыстæг хабæрттæй, фæлæ мыл узæлгæ арæхстгай узæлыди, цæмæй адæм мацы бамбæрстаиккой, уый тыххæй. Фæлæ дын адæмæй исты ахæм басусæг уа!

Дыууæ фыды ’хсæн бахаудтон: иуырдыгæй мын Рагим йæхи ссæрыхицау кодта, раст мæ цыма йæ фæрныг хæдзары къулæнцой æрлæууын бахъуыд, уыйау мыл йæхи цагъта, асайдтай, дам, мæ, де ’ууæнк, дам, бахордтай, уымæн æмæ, дам, æй ды зыдтай, Вахаб дæм денджызы был кæй æнхъæлмæ кæсы, уый! Кæд, дам, цæфæй нæ мæлыс, уæд дын уый та рæхуыст. Уæддæр ын æз сабыр æмæ уæзданæй, хъуыддаг æцæгдзинадæй куыд рауад, уый æмбарын кæнын, дзурын ын æй — мæхи æндзæрст кæй уыд йæ уарзты хъæмпарт, уый мæ рох нæма у. Фæлæ йæм ницуал хъардта, ницуал æй уырныдта йæ зæрдæхсайæнтæй фалæмæ. Гъемæ йын уæд æз дæр загътон хохаг цæхгæрæй, Джызæлы, зæгъын, гауарда, гъæй кæн вдоль по Питерской, стæй та на колбаске по Малой Спасской!

Диссæгтæ æмæ æмбисæндтæ! Сывæллæттæ мын салам нал лæвæрдтой Рагимы мæстæй мæстджынæй: хъæбысæйхæцæг гыццыл лæппутæ йæ бирæ уарзтой. Рагимæн дæр йæ тренер Вахаб уыд, æмæ дзы æндæрмæ ацыди, стæй раздæрау фанатик дæр нал уыди тренировкæтæ кæнынмæ. Мæнæй дæр йæхи дæрдты ласы æмæ — æгайтма. Мæнæйуый, дам, ын йæ сыгъдæг уарзондзинад йæ къæхты бын бассæста. Нæ мæм цæуы мæхи рæстытæ кæнын, фæлæ иу хабар бæлвырд у: зын у искæй уарзты хæс дæхицæн хъалоныл нымайын, ома æнæмæнг фидинагыл. Цыфæнды куы уа, уæддæр дæхи бар — æнæбары азымджынæй фенкъарыс, искæмæн йæ уарзтæн аккаг уарзтæй дзуапп кæй нæу дæ бон раттын, уый тыххæй. Иннæрдыгæй та, чызджы цал лæппуйы бауарзы, уыдонæн се ’ппæтæн дæр уарзтæй дзуапп куы дæтта, уæд ма дзы йе ’цæг уарзтæн та цы баззайдзæни?.. Бæргæ, цардæй-иу иуварс рауайæн куы уаид, фæрсырдæм, йæ арæны фалемæ дæхи æвæстиуджытæй аирхæфсынмæ, фæлæ, дам, чызджы йæ фидис мæрдты дæр нæ уадзы — æмæ дыл цы цæуы дæ цæугæ-згъоргæ царды, уыдон дыл

мыггагмæ цæуынц. Цæй, ныффилософ дæн... Тагъддæр ма, зæгъын, нæ сатæг æмæ уарынджын Ирыстонмæ куы ацæуиккам. Уæддæр та нæхи ирон лæппутæ сæ уарзондзинад тырысайау бæрзонд нæ сисынц æмæ йæ адæммæ нæ тилынц, мæнæ ма цы тынг уарзын, зæгъгæ. Фæлæ мæгъа, мæгъа... Ирон дыл куы ныййичъи уа, куы ныззæгæл, йæ ныхтæ дæ куы ныссадза, уæд... уæд...

Кæдæй-уæдæй æрхæццæ хъæмæ цæуыны бон дæр. Ардыгæй араст уыдзыстæм Бакумæ, уырдыгæй æндæр поездæй нæхимæ. Йæ фырт йæ хъæбысы, афтæмæй нæ фæндараст кæнынмæ æрбацыди Вахаб. Ахæм æрхæндæг, ахæм сидзæрхуыз уыд йæ бакаст, æмæ йын кæд тæригъæд нæ фæкодтон. Стæй æнæ дисгæнгæ дæр нæ уыдтæн: ау, зæгъын, ахæм цыдæр бæллæхæрцыд у уарзт, æмæ суанг уый хуызæн лæджы дæр æрцыбыртæ кæны, афтæ йæ бадомы?!

Йæ фыртæн дын афтæ, тетяйæн, дам, йæ русæн аба кæн. Уый нæ кæсы йæ коммæ. Æз сабимæ разæнгардгæнæгау мæллæг худтæй бахудтæн, æмæ мын уæд мæ русыл хъавгæ йæ пух былтæй андзæвыд. Вагонмæ бахызтæн. Бæгуыдæр æй зыдтон, рудзынгæй йæм куы ракæсин, йæхимидæг уымæ кæй бæллы Вахаб, уый, фæлæ — нæ! Йæ фырты мад ын фу-фу кæнæд йæ судзгæ дудгæтæн...

«Бирæ дæ уарзын, мæ Ирыстон!» Афтæ у зарæг? Нæ зонын зарын... иронау, уый æндæра!.. Фæлæ мæ лæппын чызг-зæрдæ зарыд йæхицæн, ради, уæлдайдæр, горæтмæ куы сцæйхæццæ кодтам Бесланыхъæуæй, уæд.

Уæдмæ институтмæ фæлварæнтæ дæттыны рæстæг дæр æрбаввахс. Æгæр фервæссыдтæн мæхиуыл, æгæр дардтон мæхиуыл мæ зæрдæ, мæ зонындзинæдтыл ома. Стæй мамайы коммæ дæр бакастæн, æвæццæгæн: æз ын афтæ зæгъын, æнæ гæртамæй Сезам уæлдæр ахуырмæ дуар нæ гом кæны, уæлдайдæр медмæ, фæлæ уый уæдыккон сабизонд æнæхин коммунисткæ уыд æмæ, дам, хорз, фæуæд, исæнт гæртæмттæ дæр, фæлæ, дам, гъа, æмбис уæддæр нæ уадзынц æнæ сæрдæнæй, айдагъ зонындзинæдтæм гæсгæ?.. Гъемæ, дам, ды уыцы æмбисы уыдзынæ! Мæ мæгуыр мама...Фыццаг фæлварæн — хими. Скъолайы мын арфæйы гæххæтт дæр ма радтой, хими уæлдай æнтыстджындæрæй кæй ахуыр кодтон, кæй зыдтон, уый тыххæй. Фæлварæны хæслæвæрд сæххæст кодтон, кæд дзы чысыл исты фæкъуыхцы уыдаин, æндæр. Фæлæ мын цæмæй «дыууæ» нысхойай! Ысхуыстой мын!

Диссаджы худæджытæ! Худæджы хæрæмттæ!

Мæ хæдфарсмæ бадти цæцæйнаг чызг — лимит сын уыд мæхъхъæлимæ, бынæттæ бæрæг нымæц. О, æмæ мæнæ анекдотау уыд йæ хабар: формулæ йын куыд дзырдтон, уый дæр æй афтæ фыста дамгъæгай — АШ ДВА ЭС О ЧЕТЫРЕ. Æмæ йæ, зæгъын, стæ-ма, номхыгъдты фенон, цымæ уый та цы райста, дæтгæ сæм сыгъдæг сыфтæ йеддæмæ куы ницы ракодта. Æмæ — «цыппар»!

Цæй, фод, уый нын ленинон национ политикæ уыди, фæлæ æз та мæхицæн фидарæй скарстон, зæгъгæ, сар мын уæ сæр кæны, гæртамхортæ, дæлæты мын лидзат — æмæ уæ æз уæлæты ссурдзынæн, уæлæты мын лидзат, æмæ уæ æз дæлæты æййафдзынæн (ай мын цы 'мбисонд у, уымæн ницы зоныс, фыссæг?) Ома æз цыфæндыйæ дæр медмæ бахаудзынæн, хаугæ та æнæ иу капеккæй бакæндзынæн! Лæвар! Мæ зонд — зонындзинæдты фæрцы æмæ... Хуыцауы фæндæй. Уæд ма-иу йед дæр нымадтой, скъолайы фæстæ акуыстай, нæ акуыстай, уый. Хуыздæр уыд, цæуыл ахуыр кæндзынæ, уыцы куысты сфæлтæрын. Гъемæ æз дæр республикон клиникон рынчындоны кусын райдыдтон — санитаркæйæ. Фæлæ та дын мæ сæры ног хъуыды фæмидæг, æмæ изæрон экономикон факультеты студенткæ дæр адæн. Æмæ фæтарстæн: ау, ныр урс халаты никуал... Фæчъыллипп та ластон иннæрдæм дæр — иунæг изæр дæр сæм нæ бацыдтæн ахуыры номыл...

Кусын рынчынтæм зилæгæй хирургийы хайады уæззау рынчынтимæ. О, спорт дæр мæ рох нæу: мæ уæнгтæ фæцалх сты цыренæй тæлфын, тыхархайдыл æмæ сæхион домдтой, æрмæст ерыстæм нал цыдтæн, куыстæй-иу хи курын хъуыд æмæ æдзух кæй цæсгом хъæцыди... Ныр Вахаб чи у, уый бынтон бахæлар мæ тренеримæ, алы ерысты заман æмбæлдысты куы кæм, куы кæм — æмæ йын, æвæццæгæн, уæд радта мæ координаттæ дæр. Æмæ мæм Вахаб кæцæй не 'рвыста телтæ æмæ писмотæ, кæцæй! Амал æмæ мæм гæнæнæй дзырдта телефонæй дæр. Фыццæгты йын дзуапп лæвæрдтон ирон уæздануаджы охыл, стæй — нал. Уæддæр уый фыссы æмæ фыссы, мæнæ Бальзак йæ уарзон Эвелинæмæ куыд æнæрынцойæ фыста, афтæ. Стæй дын мæм иу хатт сыгъдæг къонверт æмæ сыф дæр куы сæрвитид, нымадæй, дам, мæм дыууæ ныхасы уæддæр ныффысс, дзæбæх, æнæниз дæн, зæгъгæ. Мæхицæй та фефсæрмы кодтон æмæ йæм æцæг

дæр уыцы дыууæ ныхасы ныффыстон, стæй йæм ныххатыдтæн, мауал мæм фысс амæй фæстæмæ, зæгъгæ. Куыннæ стæй! Фыссы, дзуры телефонæй хæдзарæй зæгъай, куыстæй зæгъай — кæдæмфæнды дæр. Цалдæр хатты та цæугæ дæр æрбакодта — æз дзы-иу мæхи бамбæхстон. Ирон лæппу мын ис, зæгъгæ, дæр ма йын загътон, фæлæ йæ нæ уырны — нæ йæ фæнды басæттын, æз уый амонд кæй нæ дæн, ууыл! Мæнæ мыл йемæ æфсæн уистæй кау рафæлдæхти! Мæ сæрæн дзы нал уыдтæн. Стæй дын мæ иуахæмы куы ферох кæнид иуцасдæр.

Ирон лæппу...

Вахабы нæ сайдтон. Сайгæ, чи зоны, æмæ мæхи кодтон, афтæ йын куы загътон, ирон лæппу мын ис, зæгъгæ, уæд. Ис мын... Мæнæн ис, æви æз уымæн дæн? Æви — о амонд! — кæрæдзийæн стæм, сæр сæрмæ, зæрдæ зæрдæмæ?

Диссæгтæ! Диссаг сты ирон лæппутæ, диссаг! Лæппу дæу йæхи хоны, æрмæстдæр йæхи; ды цы дæ, уымæй уый дæ, иунæг уый! Уый та йæхæдæг йæ иу хайæ дæр дæу нæу, йæхи дæу ницæмæй хоны, дæ бон ыл ницæмæй, ничердыгæй, ничердæм цæуы! Дæуæн та дæ сæрибар ныр уый бæрны ис, уымæн æмæ ныр уый, понимаешь, дæ сæрыхицау у, йæхæдæг та дæуæй сæрибар-хæдбар-уæгъдибар у! Куы дæ бауарза, ды та йæ куы нæ уарзай, уæд йæ маст исынвæндты бацæуы, ома ды кæмдæрцыдæр сылгоймаг йеддæмæ ницы дæ, арс дæ дæ хъуынджынæй хъаст кæны, афтæмæй уæндыс, посмотри-ка на нее, уымæн, — НÆЛ гоймагæн! — йæ фæндыл дыууæ зæгъын! Æмæ: кæнæ мæн уыдзынæ, кæнæ — никæй!!!

Конечно же, я утрирую, фæлæ мæ хъазæнæмхасæн ныхæсты рæстдзинад дæр ис, цыдæр хай... Ноджы ма ахæм ирæттæ дæр боны фæстагмæ æрчырыстон вæййынц, гъа, бынтон фыцгæ туг, бынтон хъæддаг туг ма уæнт, æндæр. Ис ма дзы æндæр гуырдтæ дæр, æмæ дын чызджы уарздзæни, фæлæ йæхæдæг йæхи цæсты ахæм бæрзонд æвæрд у, афтæ схъæл, æмæ йæ уарзонæн дæр иу хъæрмуст ныхас никуы зæгъдзæн, йæ зæрдæйы цы ныхас срæгъæд, ахæм. Чи зоны, æмæ уарзгæ кæй кæны, ууыл йæхицæн дæр нæ фæсæтты, кæнæ та йæ низыхатт исты схоны, тæфсæг: дæ къæхтæ тæвд доны фæдар иуцасдæр, æмæ дæ фындз уарзондзинады вирусæй нал тæдздзæни, нал дзы сæйдзынæ...

Амæй фæстæмæ дын номæй-номмæ никæйуал бацамондзынæн, хабæрттæм гæсгæ сæ-иу дæхæдæг кæрæдзийæ иртас.

Рынчындоны меды æхсæзæм курсы студенттæ дæр куыстой сæ дипломтæ райсыны агъоммæйы куыстæй. Кæсын, æмæ дын мæм сæ иу йæхи хæстæгæй-хæстæгдæр ласын байдыдта — мæнæ йыл куыдæй фæгуырысхо дæн, куыдæй йæм фехсайдта мæ зæрдæ: исты æрмæг мæм-иу куы лæвæрдта, уæд-иу, цыма æнæбары уыдаид, афтæ мын-иу мæ буарыл бандзæвыд. Æз саламы охыл къух дæттын нæ уарзын, стæй уый дæр уæдæй размæ къухтæ исгæ никуы федтон, ныр мæм-иу йæ къух дардæй æрбадаргъ кодта — цы гæнæн ма-иу уыди мæнæн дæр, бар-æнæбары-иу æм балæвæрдтон æз дæр мæ къух. Хорз, æмæ мын æй йæ армы никуы фæстиат кодта...

Чысылгай-чысылгай мæ йæхиуыл æрæууæндын кодта афтæмæй. Цыди мæ зæрдæмæ — нæ цыди, уый цæхгæрæй нæ загътаин, æрмæст иу хъуыддаг бæлвырд уыди: нæ дзы тыхстæн, нæ мæ фæлмæцын кодта йæ узæлæнтæй. Стæй мын йæ зæрдæйы хабæрттæй дæр никуы ницы дзырдта. Æмæ мæ, раст зæгъгæйæ, ницы ныфсытæ уыд: уый — æхсæз æмæ ссæдзаздзыд лæппу, фæстаг курсы студент, фондз минуты хъуаг хирург; æз та...

Уый цæстæй мæхимæ чысыл фæстæдæр æркæстытæ кæндзынæн. Уый та уындæй дæр бæллиццаг уынджын: бæрзонд, рæхснæг, фактурæджын цæсгом ын, йæ цæстытæ зондæй хъуыдыдзаст. Йæ уаг — хиуылхæцгæ, хæрзæгъдау, уæзбын. Уæзбын, чи зоны, æмæ цас хъæуы, уымæй цъус фылдæр уыд... Иу уæлдай ныхас, иу уæлдай фезмæлд нæ фæкæндзæн, йæхицæн уайдзæф бакæнын, йæхимæ æргом фау æрхæссын нæ бауадздзæн. Æппæтæн дæр, алцæмæн дæр æм фæткæвæрд, регламент. Ахæм дæ фарсмæ куы уа, уæд дæ иу хъызт дымгæ дæр нæ ныххойдзæни, фæлæ дын сусæны мæй дæр уазал куы уа дæ мидуды, уымæй тас у...

Вахабимæ абаргæйæ а-нæхион ирон æцæг цæгатаг туджы хицау уыд. Йе та тæрхæттæ дæр кодтаид, дызæрдыджытæ: æз уæлæмæ дæр æмæ дæлæмæ дæр цыдæр фæсдзæуин, цумайылæдзæг санитаркæ, хъуымызбыл чызг, кæд хъайла сахатырдæгмæ дæр не скæндзæн, уæддæр ын цы бæрæг ис — уый та гъæйтт-мардзæ бинойнаг хъæуы далæ кæмдæр стыр уырысы бæсты. Искуы мединституты студенткæ дæр суыдзæн не суыдзæн — хæйрæг йæ зонæг! Ды та... Ды та дæхæдæг уартæ паддзахы афицерæй дæр каджынлæр: дохтыр, хирург! Цы чызджы дуармæ æрфистæг уой дæ минæвæрттæ, уымæ афтæ кæсæд,

цыма йæм Хуры фырт йæхæдæг æрбаминæвар кодта, уыйау. Æмæ, кæд æцæгæй дæр афтæ хъуыды кодта, уæд тынг раст хъуыды кодта — чи йыл фæхуддзæн?..

Амæндтæгæнæг бæрзондæй фæлгæсы, табу йæхицæн — нæ уыдтæн уымæн, хирургæн, нывонд, нæ уыдис уый мæнæн нывгонд. Гъемæ дын мæ уый зæрдаивæй йе ’мбал студентимæ куы базонгæ кæнид цыдæр-ницыдæр æфсонæй. Иумæ кæмдæр кæйдæр гуырæнбонмæ хуынд цыма фестæм, æнхъæлдæн...

Диссæгтæ!

Уæд ын, нæ тæккæ базынды секундыл, нæ базынды тæккæ ныццавдыл йе ’мбалмæ тынг цæуыннæ ныккастæн, тынг! Тынг циу, уымæй тынгдæр, кæд æмæ мыл мæ сæрыхицауы нывгондæн Хуыцау уый рауагъта, уæд!

Уыцы сахатæй дзы ницы бадардтон мæ зæрдыл: нæдæр йæ хъæлæс, нæдæр йæ ныхæстæ, нæдæр йæ къухы, йæ армы æууæлтæ — хъарм ын уыд, хус, уымæлдзæф, æви цы? Искæй къухандзæвд мæ зæрдæмæ куынæ фæцæуы, уæд адæймаг йæхæдæг дæр нæ бахизы мæ зæрдæмæ, куыддæр æм фæфыдæх вæййын æппын ницæй тыххæй... О, æмæ дзы ницы ахæмæй бахъуыды кодтон адджынæн, зæрдæйæн ахсджиагæн, æхсызгонæн...

Фæлæ уал дыууæ ’мбалы рæстæгмæ сæхи бар фæуадзон æмæ дын Вахабы тыххæй дарддæр зæгъон. Иуахæмы та нæ горæты фæзынди. Телефонæй мæм æрбадзырдта æмæ мын, йæ хъуыры цъар ивазгæйæ, лæгъзтæ кæны, сæмбæлæм, дам, дыууæ ныхасы дын тынг зæрдиагæй зæгъинаг дæн, ахсджиаг сты, чи зоны, æмæ, дам, уый нæ фæстаг фембæлд уыдзæн. Уæуу, мæнæ мыл аимæ дыууæ тæвд сæрды скодта пъæмидорты быдыры Ленкораны бынмæ! Мæхи ныхъхъæддых кодтон æмæ йын не сразы дæн — ме ’нæзонгæ Вахаб, мыййаг, куы нæ уыди...

Мæ улæфæн бон хæдзары иунæгæй уыдтæн. Цыдæртæ архайын, алы зилæнтæ кæнын, æфснайын. Нæ дзæнгæрæг цъиуы уаст иу хатт ныккодта, дыккаг хатт. Бинонтæй, зæгъын, чидæр æрбацыди, фæлæ йæм, æвæццæгæн, дæгъæл нæй, ферох ын. Цæй, хæдзармæ æнæнхъæлæджы уазæг дæр æрбафты — дуар бакодтон. Æмæ — Вахаб!

— Æгас цу, гæлæбу!

Дуары æрбацæуæн сæхгæдта, ахæм сæвджын æмæ егъау у. Мидæмæ зæгъыны бæсты йын алывыдтæ ныккалдтон, дæ сæрæй, зæгъын, куыдз куы рахауа, уæд дзы зæхмæ стæджы мур дæр

куы нал ӕрхӕццӕ уыдзӕн, уӕд дын ӕз зондамонӕгӕй куыд ныллӕууон?! Уый куы сырх-сырхид фӕлдӕхы, куы цъӕх-цъӕхид, куы мӕрдон фӕлурс авӕййы, стыр кӕфау ма йӕ дзых ӕнӕсым схӕлиу-схӕлиу фӕкӕны. Фӕлӕ мӕм йӕ хъоппӕг цӕстытӕ уыйбӕрц тӕхудиаггӕнгӕйӕ кӕсынц, ӕмӕ мӕ бынаты цыфӕнды дурзӕрдӕ дӕр фӕтасыдаид. Цу, зӕгъын, уынджы мӕм банхъӕлмӕ кӕс. Мӕ фыдымады фатермӕ йӕ акодтон — нана уыцы дуджы кӕм уыд, уый абон нал хъуыды кӕнын. Цай йын, зӕгъын, уӕддӕр ӕрӕвӕрон йӕ цуры, фӕлӕ мын амонынмӕ фӕци, куыд кӕнын хъӕуы ӕцӕг цай, уый — ус дын, зӕгъын, ис ӕмӕ уый ахуыр кӕн. Цӕй ус ӕмӕ, дам, цӕй ӕндӕр — йемӕ хицӕн кӕнын, хӕдзар, дам, ын скодтон, цӕрдзысты мӕ фыр-тимӕ, ӕз та, дам, ам, сымах горӕты, балхӕндзынӕн хӕдзар, суанг галуан хӕдзар ӕмӕ демӕ...

Нал ӕй бауагъътон сым скӕнын дӕр! Ахӕм мӕстыйӕ мӕ никуыма федта, цынӕ йын загътон, цынӕ! Фӕстагмӕ та йын фӕлмӕнӕй дзурын, кӕд мӕ, зӕгъын, ӕцӕг уарзыс, уӕд мӕ мауал тухийӕ мар, хорз лӕппу дӕ, тынг хорз, ӕгӕр хорз дӕр ма, фӕлӕ дын мӕ зӕрдӕйы бынат нӕй — ӕндӕр чидӕр ӕй иууылдӕр йӕхи бакодта.

Уӕдӕ ма йын хуыздӕрӕн цы загътаин, ай дзы мӕ сӕрӕн куы нал уыдтӕн, уӕд! Уӕвгӕ та... Ныр ын гӕдыйӕ дӕр кӕд уыйас ницы загътон, уӕддӕр цы бӕрӕг уыд: уӕдмӕ ӕцӕгӕй дӕр мӕ сӕрыхицауимӕ ӕмбӕлын райдыдтон, фӕлӕ мын мӕ зӕрдӕ, ӕвӕццӕгӕн, уӕд нӕма бацахста Дайранӕй Мӕздӕгмӕ, Зилгӕйӕ Елхотмӕ — хъӕзӕн ныхасӕй куынӕ ӕмбӕхсон мӕ дзуринӕгтӕй цыдӕртӕ, уӕд ме 'ргом ныхас цыма ӕгӕр къӕйных ныхасау уайы...

Ӕнхъӕлыс, афтӕ йын куы загътон, уӕд фӕфӕстӕмӕ кодта, ӕрхудт йӕхиуыл, йӕ сонт митыл? Иу хорз, ӕмӕ йӕ цӕссыг урӕд-та, нӕ кӕуы йӕ зӕрдӕуынгӕгӕй — рисгӕ та йын тынг кӕй код-та, уый бӕрӕг уыд йӕ хуызыл. Фӕлӕ йӕ уӕддӕр нӕ уырны йӕ уавӕр — ӕмӕ йын бамбарӕн дӕр ис, кӕд ын йӕ хъуыдытӕ ӕмӕ ӕнкъарӕнтӕ нӕ галиу кӕнын, уӕд: ахӕм конддӂын-уынддӂын лӕппу у, дӕ тӕккӕ цардбарӕгӕй, ноджы ма царды фӕрӕзтӕй хӕлӕггаг ӕххӕст, мадзалджын-амалджын, сӕйрагдӕр та уый, ӕмӕ афтӕ тынг уарз, афтӕ тыхджын, ӕрмӕст дӕ бон та мацы уӕд, дӕ тынг уарзтӕн дӕр йӕ бон ома мацы уӕд!.. Уый зын бауромӕн у, зын басӕттӕн у ууыл. Уӕд дӕ уарзондзинады дӕр

йæ уæрджытыл цыма лæууын кæныс, дæ гæрзтæ æвæрыс... иннæйы раз, ды ахæм уарзтæй кæй уарзыс, уый йæхæдæг кæй бауарзта, уыцы амондджын гуырды раз. Æмæ, ау, уый та куыд? Æмæ уый мæнæй, æнæфау, æнæрцæф лæппуйæ, цæмæй лæгдæр у?! О,о, Къостайы æмдзæвгæйау: дæу, дам, чи хæссы, уый йæ лæджыхъæд мемæ бавзарæд, цымæ, дам, цæмæй хуыздæр у...

Мæхи уый, Вахабы, бынаты æвæрын, йæ цармы бырын æмæ йын йæ хъуыдыты нывæст мæхирдыгонау райхалынмæ, равдисынмæ хъавын...

Уымæ та ныхас нæ хъардта, кæд æм мæ цæстæнгас бахъарæгау кодта, æндæр: æдзынæг мын касти мæ цæстытæм, фæлæ дзы йæхицæн зæрдæнцойы хосæн, зæрдæныфсы халæн ницы уыдта, æцæгæлон кæйдæр цæстытæ мын уыдысты, зæрдæмæгуыргæнæн уазал. Амæй фæстæмæ хорз зонгæтæ уæм, зæгъгæ, мын куы ской кодтаид, уæд ын ууыл дæр нал сразы уыдаин, афтæ мæ бадомдта йæ фæдисон уарзтæй, йæ абухгæ уарзтæй.

Мæ цурæй æнæдзургæйæ ацыд. Йæ рыст дынджыр зæрдæ йæ дæлармы бакодта æмæ — ацыд, йæ сæр сагау бæрзæндты хæсгæйæ, ома кæд афтæ у, дæ амонд дæ къахфындзæй къуырыс дæлвæндагмæ, уæд — бар дæхи, зæгъгæ.

Бæргæ, бæргæ, фæлæ мæн нæ уырныдта, кæй никуал раздæхдзæн, уый — лæгæн йæ уарзт йæхицæй тыхджындæр у. Иннæрдыгæй та лæг — фидæрттæ сæттæг, ноджы ма йæхи кæйфæнды раз дæр ныллæгдæр куынæ хона, уæд! Æмæ мастæн ис бауромæн, уарзтæн — нæй. Уымæн æмæ уарзт йæхиуыл къæм абадын нæ уадзы, æз адæймагæн Хуыцауæй хæзна лæвар дæн, зæгъгæ. Æви æз мæхи ацы хъуыддаджы æгæр дæсны кæнын?

Ныр та рæстæгмæ Вахабæн йæхи фæуадзæм йæхиимæ æнауæрдон тохы бон æмæ дын... Нæ, ныр дын ахæм бæлвырд хабæрттæ... Ныр дын хабæрттæ афтæ бæлвырд æмæ биноныгæй нал кæндзынæн — цæуыннæ, уый та бамбардзынæ, дæс къласы йын нæ хъæуы...

Диссæгтæ, царциаты æмбисæндтæ: дзæгъæлы, бынтон дзæгъæлы мæ базонгæ кодта, ноджы уыцы чтоболши хуызы, йе 'мбал суинаг дохтыримæ мæ фондз минуты хъуаг хирург! Уый без пяти минут дурак уыд, дурак, æндæр... Цæй, дон хиды бынты акалд, нал æй раздахдзынæ фæстæмæ. О, æмæ кæд, чи зоны, афтæ загъта уæд йæхицæн, стæ-ма, бафæлварон æй, аимæ та сæ хъуыддаг куыд рауаид, сæнхъиздзæн æмæ схæцдзæн,

æви йæ билцъыл бахуыскъ уыдзæни, зæгъгæ? Уæвгæ та йын йæхицæй дарддæр ничи ницы зоны, цы зонд, цы уынаффæйыл хæст уыд, уымæн.

Йе 'мбал та айтæуыйтæ нал фæкодта, фæлæ мыл йæхи хъæрццыгъайау андзæрста, мæнæ рагæй кæй агуырдтон, уыцы бæлон, зæгъгæ. Йæ ныхтæ мæ арф ныссагъта æмæ хъуыддаг йæ тæккæ рæбыныл адзæнгæл ласта:

— Под венец! Кургæ! Немедленно! Æз Дзедзро нæ дæн, æмæ дзы бынат нæй уæдæ дзæгъæл расим-басим, ракаф-бакаф, раууил-баууил, рабар-бабар, радзур-бадзуртæ æмæ афтæ дарддæртæн! Хъуыддаг сæ цы стуаг уа, æндæр ницы хос сты!

Уый дын дзы ирон абырæг — ома хорз мыл абырыд. Схъихъхъ кæнын дæр мæ нал бауагъта, æфсоны отказ ныкъкъуырын дæр — æстдæсаздзыдæй, дам, нæ, фæлæ астаздзыдæй дæр сылыстæг сылгоймаг у: æгæр дæр фæхаттæ, æгæр дæр фæбадтæ. Ныр къулæнцой балæуу уартæ нæхимæ иу-дыуу æ боны æмгъуыдæй, æртыккаг бон та — прощай, любимый город, хæрзбон, мæ уарзон Терк æмæ райгуырæн хæхтæ, мах тæхæм Тюменьмæ! Тæрхъусдзарм нын — галдзарм! Уым та — арсдзарм, хъармдæрæн.

Тюмень...

Мæ фыдфынты дæр æй, цымæ, искуы федтаин?.. Хæрзты мын бацыд: ам æз сдæн меды студенткæ, дыууæ азы дзы фæцахуыр кодтон, хорз æмбæлттæ мын дзы фæзынди. Фæлæ уæддæр дым отечества...

О, Вахаб... Ныр ын йæ хабæрттæ искæй ныхæстæм гæсгæ зонын. Алцыдæр базыдта, ноджы афойнадыл — чындзæхсæвмæ мын хъæбысы дзаг сырх мæтæгтæ æрбахаста, цыдæр лæвæрттæ ноджы. Йæ фыртимæ та уыди — куы мæ рацæйкодтой, уæд уый мæ размæ кафыд. Вахаб хъазты адæмы дисы 'фтыдта йæ митæй: æхца калдта алырдæм — ноджы фондз æмæ ссæдзгай сомтæ, ме 'фсымæрæн америкаг джинсытæ балæвар кодта (æхцатæ дæр ын лæвæрдта, фæлæ йын сæ нæ бакуымдта). Мæн машинæйы куы сбадын кодтой, уæд мын мæ къухты æхцаты тыхтон фæцавта, зыввытт дæр дзы бакодта — чындзхæссæг чызджытæн дын Хуыцау ахæм хорз ракæна, алкæй дæр дзы урс туфлиты аргъ фæци... О, куы, дам, ахастой мæн, уæд Вахаб мæ фыдмæ бацыди, бадæлгом ын йæ уæхсчытыл æмæ богъбогъæй кæуы. Уæйыглæг кæуы... Ай мын чи у, ай, зæгъгæ, дам, фæкуыддæрау мæ фыд. Чи йын æй бацамыдтаид...

Аз-дыууæ азы ма фæдзырдта телефонæй нæхимæ, мæ царды хабæрттæй сæ фарста. Мæ мадæн та афтæ, Хуыцау, дам, ма зæгъæд, фæлæ царды цынæ вæййы æмæ, дам, куы рахицæн уа, мыййаг, æд цот дæр фæуæд, цасфæнды дæр ын фæуæнт, уæддæр мæн хъæуы кæддæриддæр æмæ кæимæфæнды дæр!

Сентенци зæгъон: рæстæг — хуыздæр хъæдгомæгасгæнæг. Æмæ абон кæм и Вахаб, цы баци — мæгъа...

Ныр мæхæдæг... Ныр мæхæдæг æндæраз, уæдмæ цоты мад, мæ царды фыццаг хатт... Ныккæуон Вахабы ставдцæппузырджын цæссыгтæй?

Нагъ, нæ кæуын!

Æз мæ уарзты уарзын, мæ уарзты æнкъарæны ома уарзын — æгайтдæр ма райгуырди, циу, куыд судзы-арауы, уый мын бавзарын кодта... æвзарын кæны... Цæмæ цæуы йæ фæстаг, ме 'нæнхъæлæджы уарзтæн, уый та...

Ницæмæ!

Кæдæй-уæдæй дын зæгъын: дæ фарн фынæй, фæлæ æз йед... нæхионы уарзын сабыр, уæздан уарзтæй, æнæ гуыпцин, гуыпхъазт бæрæгбонхуызæй — далæ сыбираг стыр цæугæдоны цыдау уæзбын æмæ тыхджынæй. Æмæ мæ уырны, æндæримæ ног донвæд — уарзтвæд кæй нæ бацагурдзæн, уый. Æмбарын æй: мæ ныхæстæ уыйау уайынц, цыма мæхæдæг мæхицæн зæрдæтæныфсытæ æвæрын...

Æллæх, фæцæй мæ рох кодта: иу зноныккон уарзты маст дæр та мæ йæхицæн ног кад фæлгъауы: уыцы хирург мын басасти, фæфæсмойнаг, дам, дæн æмæ, дам, ныр æнæ дæу... дæумæ... Сног, дам, мæ кæддæры быхсаг зæрдæйы йед...

Охх!.. Тæригъæд дæр ын кæнын: йæ усæй кæй ахицæн, уый ма фæуæд, фæлæ сæ иунæг фырт аварийы...

Цы хорз у цæрын æмæ цы зын у цæрын,нæ? Гъа, ныр дæр та арф, мæ къæхты бынæй уæззау, хъæрзæгау улæфын æмæ ууыл — бузныг, кæй мæм байхъуыстай лæмбынæгæй, уый тыххæй.

Зыдтон æй, дыккаг аз дæр та санаторимæ кæй æрбацæуздзæн тæккæ ацы мæй, уый — чысыл цыдæр низ æй уæгъды нал æмæ нал уагъта, йæ къæхты нуæрттæй цыма хъæрзыд... Фæлæ мæнæн уæд, фарон гæнæн нæ фæцис мæ рынчын къахмæ базилынæн — волейболæй хъазгæйæ мын йæ меникс атыдта, уæраджы æргъиу нуар, æмæ-иу мæ уымæн кæнын хъуыд сондоны ваннæтæ. О, æмæ мæ, аргъæвæн кæмæн нæ уыд фæстæдæрмæ, ахæм ахсджиаг

куыстытæй нæ равдæлд уыцы аз. Фæлæ ма ныры талф-тулф заманты дæр афæдз фыццагон афæдз у — уайтагъд фæтары, æмæ æртыккаг аз ралæууыд, æмæ мæнæ табуйаг сæрд, сæрды тæхудиаг мæй август. Гъемæ куыддæр санаторийы иу чысыл хицæн уат-изоляторы æрбынатон дæн, сихор скодтон, афтæ, æндæразæй нырмæ цы рындзæй акæсын-афæлгæсынмæ бæллыдтæн, уырдæм батагъд кодтон.

Схæстæг дæн кæфойгонд бынатмæ. Къæдзæхæн фæстæдзæг цы тигъыл ис хи рауадзæн, уый чъылдымæй мæм, мæ зæрдæ кæмæй ныссæххæтт ласта, уыцы хъæлæс райхъуыст, стæй та æнæзонгæ лæджы ныхас дæр. Зынгæ та мæм дзы ничи ракодта — нæдæр сылыстæгæй, нæдæр нæлыстæгæй, хæлар уæнт кæрæдзийæн, зæгъгæ, ма ахъуыды кодтон æмæ фæцæуæг дæн уырдыгæй — науæд мæ, зæгъын, нырма уый нæ айхъуыст: фæдысмудæгæй кæйдæр фæдыл зилы... Æрмæст ыл æргом куы басæттон, уæд мын зæрдæрæхуыстау фæхъыг кæмдæр, сайд мыл цыма æрцыд, фæливгæ мæ цыма ачындæуыд, афтæмæй та цыма æнæсивгæ уарзондзинадæй зæрдæвæрд уыдтæн, уыйау...

Фалдæрты ацыдтæн нарæг ададжы фале дæрддзæфдæр рындзмæ. Уымæн та, цыдæриддæр у, уæддæр та йæ дзыгъуыр цæстыты малы амæддаг ног чидæр ссис, йæ хъустæм дзы аирвæзт — сæ кæрæдзиуыл цинтæй сæ сихор скæнын дæр ма ферох... Фæлæ мæ — ницы хъуыддаг ис! Уымæн, æмæ мын — чи у? Ничи. Цы йæм бар дарын? Ницы. Æмæ сыл уæдæ дам-думтæ-гæнæджы хабæрттæ дæр мысын нæ хъæуы — Таирæ-гæдыйы та хъазинаг мыст бахъуыд... Бирæтæ йын хъæуы лæгæй ахæм мыст акæнынæн!..

Развæлгъау дæр æй зыдта: куы фембæлой, уæд æм ногдзау чызджы, пионеркæйы æнæхин сыгъдæг, æнæтæригъæдджын сыгъдæг, æназым худæндзаст цæстытæй кæсдзæн. Стæй — рæвдаугæ цæстытæй, æмæ сæ рæвдаугæ рухс хуры лæфинтæй кæлдзæн, æмæ дæхæдæг фæкъæмдзæстыг уыдзынæ, уый цытæ хъуыды кодтай ацы зæды хойы тыххæй, зæгъгæ... Уый та дын искуыдæр ма азымы даринаг уа — нæ, цытæ дзурут-лæхурут, искуыдæр ма фаутæ хæссæн, уайдзæфтæ кæнæн ис уайсадæг мæйты мæйæн, хурты тæмæнкалгæ хурæн?!

Рæстæг æхсæвæр афонæй дзæвгар адардгомау, афтæ мын мæ уаты дуар уæндон къупп-къуппæй æрбахостæуыд — цы базонинаг ма мын уыд, чи мæ самондджын кæндзæн, уый!

— Æмбæлы? — фæрсы дуары æддейæ.

— Табуафси! Дуар гом у!

Чи дзы зæгъдзæн, мæнæ ацы чызг, ацы æнæнтыст чызг моймæдзыд у ныр рагæй, стæй цоты мад у, уый?! Йæ уæлæ гуырæлвæст даргъдымæгджын къаба — морæ быдырыл урс къаннæг бурсыф дидинджытæ. Æмæ та йыл уый дæр афтæ тынг фидауы, раст цыма йемæ райгуырдис, уыйау тынг. Мæнæ цы æнусон чызг сфæлдыстæуыд, цы æнæзæрондгæнæг чызг — цæстытыл нæ уайы йæ нывгарст зæронд усы сурæты, урсдадали дзыццайы хуызы...

— Дæ изæртæ мын хорз æрбауой, Олег-Алæг! — æмæ худы, худы туг уæлартгæнæг мидбылты худтæй. Стæй афтæ дæр цыма амонынц йæ худыны æууæлтæ, æмæ уый, ацы чызг-сылгоймаг цыдæриддæр куы бакæна, йæхи куыдфæндыйæ дæр куы равдиса, уæддæр ыл къæм абадын нæ фæтчы, уæддæр ыл хъуамæ дун-дунетæ цин кæной, рæзой ууыл фырцинæй! Уымæн, æмæ уый, Таирæ, цы цардæй цæры, цард æрмæстдæр уыцы цард у, æрмæстдæр уымæн, ахæм цардæн æмбæлы царды ном хæссын!

— Æгас нæм цу æмæ дæ ацы изæры цытджын дзуæртты хорзæх уæд! Хæстæгдæр æрбахиз...

Къæсæргæрон куыд æрлæууыд, афтæ дзы лæууы, йæ къух дæр æм нæ дætты.

— Цæй, фæрсын дæ ма бахъæуæд, ацы фæстаг æнæуынгæ рæстæджы — æнæхъæн дыууæ азы! — куыдтæ цæрыс, цытæ хæрыс, кæимæ цæрыс-хæрыс, уыдæттæй. Куыд дæ, цыбыр ныхасæй?

— Æрдиаг ма мыл хъæуы, уымæн, æмæ мæгуырæй баззадтæн æмæ ма уæддæр фыццагау уæздан дæн...

— Æз та уæдæ хъæздыгæй — æдзæсгом!

— Уанцон нæу!

— Нæу уа æнцон, нæу: лæг мын, хорз лæг; сывæллæттæ мын, хорз зæнæг цот; хорз куыст, хорз мызд, хорз бинонтæ, хорз сыхбæстæ, хорз куыстæмбæлттæ, хорз кад æмæ цыт, æз та... мæнæн та мæ хорз амонд мæ иу ран нæ цæуы, иу кæмдæр æмæ — уынут, адæм, уынут, мæхи хæтаг къахæй кæйдæр лæгмæ æхсæвыцæстыл... æмбисæхсæвыхъусыл куыд æрцыдтæн... Налат æмæ цъаммар ирон! — къахæгау — кæйдæр фæзмынæгау дзуры, къахæгау кæсы. — Не с жиру, а с любовного жара бесится баба...

Ау, зона йæ, æз æй кæй зонын, уым кæимæдæр кæй уыд,

уый? Уæд — куыдæй, цæмæй?! Йæ къæбутыл дæр цæстытæ ис, дзыгъуыр цæстытæ?!

Иу санчъех размæ ракодта, æрлæууыд, цырагъы рухсмæ йæ цæхæркалгæ цæстытæ къуымты арахæсс-бахæсс кодта æмæ, бандонмæ нæ кæсы, афтæмæй фæрсы:

— Сымахырдыгæй уазæгæн æрбад, зæгъгæ, не срæдийынц зæгъын уæд та æфсоны загъдæй?

— Дæ хорзæхæй, — æмæ йын уæлгоммæ фæлдæхт къухæй бандонмæ ацамыдтон, театры йын куыд ацамыдтаиккой хъазгæхъазыны, афтæ.

Сынтæджы цур мæ уæлхъус æрлæууыд, йæ амонæн æнгуылдз ныттынг кодта бынмæ:

— Æмæ мæнæ ам та дæ фарсмæ? Дæ бандон цыдæр хъæбæр æнгæс дætты...

— Ам та дæуæн æрбад, зæгъгæ, æцæгдæр æфсоны загъд кæн, стæй мæ, хæрзаг, басхоис, фалдæр ма бахуысс, зæгъгæ...

— Æмæ уæд хæдзархæлд нæ кæныс, нæ! И? Æнхъæлдæн, æмæ мæ ревновать... Йед, ревновать та иронау куыд у?

— Зæрдæ фехсайын кæд...

— Æмæ мæм фехсайдта дæ зæрдæ?

— Кæмæ? Стæй — цæмæн? Цы мæ гуыбынниз тилы демæ?

— Цы тыхлæмæрстæй хъæбæрзæрдæ дæ! Фæлæ — мæгъа, чи зоны, æмæ ницы зоныс, ницы федтай, æрмæст дæ æз та суыдтон фаллаг рындзыл бæлæсты аууонмæ дæр, — йæ фæлмæн уæрагæй мын мæ хъæбæр къах æрбацавта. — Бабад ма фалдæр!

Æмæ — бабадтæн. Æмæ Таирæ афтæ сбадт, не 'хсæн сомыгондæн уæд та ма къухфæцæвæн куыд уа, бынтон фæрсæйфæрстæм æнгом бадт нын куыд нæ рауайа. Уалынджы дын æм кæсын, æмæ йæ къабайы фæдджитыл уæлæмæ схæцыд, зæгъæн ис, бынтон уæлæмæ — йæ уæрджыты сæртæм. Сылгоймæгтæн сæ буархуыз колготкæтæм лæджы зæрдæ цæмæн бахъазы, цæмæн бацымыдис вæййы, уый дæр та æнæ диссаг нæу — сæ бæгънæг къæхтæ лæджы цæст сæхимæ афтæ æдылы цымыдисагæй не здахынц.

— Уадидæгæн мæм ам цыдæр æнахуыр æнуд фæкаст, куыддæр мæхи æнæ удæй банкъардтон... Æнуд афтæ нæ амоны: æнæ уд, кæнæ та — æнæ уддзæф?

— Мæгъа, кишлачный этимолог нæ дæн. Рудзынг бакæнон? Науæд та балкъоны дуар?

— Уыцы хуызы æнуд мын нæу, — фæрсмæ мæм къулсæрæй кæсы мæстæймарæн худгæ цæстытæй. — Дæ зæрдæ дын нæ хъыдзы кæны мæ колготкæты адæймаджы буары æнгæсæн хуыз? Кæны, кæны! Кæддæр та нæлгоймæгты сæртæ фильдеперсовый цъындатæм кæсгæйæ зылдысты — куыд тынг-иу фидыдтой мæ мады æмгæрттыл! Æмæ уæды адæм цы тæригъæддаг мæгуыр уыдысты: сæ зæрдæмæ цы дарæс цыд, уыдонæй сын ссарынмæ ницы уыд почти что, стыр блатæй-иу сæ къухты бафтыд алцыдæр, кæнæ та алы пысулы тыххæй дæр Мæскуымæ фæцу æмæ сахатгай рады фæлæуу несчастный цъындатæ, наухæд комбинашкæты охыл... О, фæлæ ма мын æй æнæкъæм æргомæй зæгъ, мæ къабайы фæдджитыл уыцы налат къæйныхæй, афтæ æнæфсæрмæй уыйбæрц бæрзонд цæмæн схæцыдтæн, уый? Мæ тымбыл уæраджысæртæ куыд разыной, раст афтæ... Мæ бæгъæнæг къæхтæм кæсгæйæ дæр дæ зæрдæ æнæмæнг фæтæпп-фæтæпп кодтаид, фæлæ ам хæхты изæрырдæм цæхгæр фæуазал вæййы, æмæ æз та уазалæй мæ мæрдты удхæссæг уынын, гъемæ сцавтон колготкæтæ айдагъ уый охыл...

— Æвиппайды мын фентæф и, зæгъгæ, нæ загътай? Гъемæ уæд ды дæр дæ къабайыл...

— Дæхи ма барæй ма хуырымгонд кæн! Мæ крепдешин къаба цы ахъаз у хъармæн, куыд дзы фенуд уыдзынæн?! Уæдæмæ мæм уадз æмæ комкоммæ æрбакæсын ма уæндай, дæ цæстытæ радав-бадав кæнай, фæлæ та-иу мæ къæхтæм æхсгæ кастæй, хуыснæджы кастæй æрбакæсай, стæй та-иу дæ цæстытæ тыхзылдæй иннæрдæм азилай. Æмæ, куыд хъуырдухæнтæ кæндзынæ, де 'фсармимæ куыд тох кæндзынæ, æз та уымæ кæсдзынæн æмæ мын æхсызгон уыдзæн, мæнæ ма последний из могикан — æфсæрмытæгæнаг лæг, зæгъгæ. Рухсаг уæд, дзæнæты Барастыры уæрджытыл бадæд ирон æфсæрмыты тæхудиаджы дуг!.. И, куыд зæгъыс, Олежек-Алæджыхъо?

— Дæхиуыл уæлдай тугтæ куынæ мысис — кæй ма æндавынц уæрджытæ-йедтæ, ай цъæхартуадзгæ чызджытæ гомриу, гомгуыбын, æлвæст фæстæгтæй куы цæуынц, уынгты куы баззадысты, уæд!

— Ма зæгъ! Уынг уынг у, æмæ уынджы се 'рдон монцтæ æрмæст цæрæгойтæ, куыйтæ суадзынц, фæлæ мæнæ афтæ демæ иунæгæй уаты уыцы æнæвнæлд-æнæуууæрст чызджытæй исчи куы уаид, уæд æм æз бакæсин, цы уавæры уаис, уымæ.

— Кæд мæ зыдтай богъагондæй?

— Никуы, фæлæ нæлгоймаг дæ æмæ дæ фæнды — дæ туджы уаг-ахастмæ гæсгæ, мæ уæрджытæм кæсын. Æви нæ цæуынц дæ зæрдæмæ? Æви дзы, цæст цæуыл æрхæца, цæуыл æрæвæрай, ахæм цыбæлгæнæнæй ницы ис?

— Ис, фæлæ ды... Ды цыма æндæразыккон Таирæ нал дæ, цыма цыдæр къæссавæлдæхт фæдæ...

— Ома? Фæбæлвырддæр ма кæн дæ фидис.

— Фенæзонгæ мын дæ куыддæр...

— Уый дын мæ уавæр фенæзонгæ, мæ уавæр! Фæлæ циу, цы хабар у, уый та... Уый та кæстæртæн зонын афон нæма у...

Фæсагъæссаг дæн, фæджискъусгæнæг: фæрсон æй уымæй, æви — нæ, зæгъгæ, æндæр мæ ай цы къæйных ракъах-бакъах кæны?.. Скарстон: фæрсын æй! Æмæ:

— Æмæ уый та уæндыд комкоммæ кæсын дæ уæрджытæм?

Ныццин кодта, æвæджиауы æхсызгон хабар ыл амбæлд, науæд та — цæмæ куывта, цæмæ бæллыд, уый мæнæ йæхи цæстытæй уыны, йæхи хъустæй хъусы:

— А-гъа, ревнуешь уæддæр? Æхсайы дæ зæрдæ, нæ? Æхсайы, фæлæ дæ сайы: Лерæимæ не 'хсæн ницы ис, ахæмæй ома. Фæлæ мæ кæд æмæ кæм федтай, æмæ æз йемæ, мæнæ демæ куыд гомуæрагæй бадын, афтæ бадтæн? — фæхъуыдыдзаст, фæхъуыддагхуыз. — Йед у... Йæхи машинæимæ ис ам, зæрондгомау «БМВ» - боевая, дам, машина вымогателей... Дæрдджын, фæлæ нырма махонтæй дæсы батондзæн. О, æмæ æз ардыгæй нæхимæ ныууай-ныууай нæ фæкæнын сабиты бæрæггæнæг — гъемæ мæиу ныддавдзæн... кæд-иу мæ ныддавид, сдавид...

— Айдагъ хорз зонгæйы номыл?

— Ай ды дæр куы аивтай æвзæрдæрырдæм: пошлосттæ дзурыс. Кæд мæ зыдтай кæмæндæр фæлмæн æмæ адджын лыстæнæй? Бæр-бæр кæнын, зæгъгæ, уæгъды бæр-бæр, уæд...

— Хæснаг скæнæм, уый дæр та иннæтау де 'нæбын цæстыты дзыгъуыр малы кæй афардæг уыдзæн сæрбынмæ, ууыл.

— Лерæйæ зæгъыс? Валерæ у йæ ном, фæлæ йын æз æрмæст йæ къæдзилыл фæхæст дæн. Æз æй не схойын уыцы малмæ бæрзонд былгæронæй — ничи йæ мотылек кæны, цырагъы рухсмæ тæхæг æхсæвы гæлæбу. Хæрæндоны иу фынгыл бадт фестæм, нæ хал куыд схаудта, уымæ гæсгæ æмæ афтæмæй фæзонгæтæ стæм æндæрæбонæй фæстæмæ. Ды раздæр куы 'рбацыдаис, уæд...

Æнæджелбетт худт ныккодтон æмæ мæхæдæг мæхицæн хъылма масты ад скодтон, стæй нæ ныхæстæ дæр цыдæр бырынцъаг сты уæдæй нырмæ:

— Мæнæй дын цы пайда ис: зæрондгомау иномаркæ нæ, фæлæ мæм нæхирдыгон зæронд цъæх хæрæг дæр куы нæй.

Ницы мын бауайдзæф кодта Таирæ, цæхгæр мæ афарста:

— Куыд уарзын, афтæ сбадон?

— Цас дæ зонын, куыд æй хъуыды кæнын дæ мысинæгтæм гæсгæ, афтæмæй чысылæй нырмæ цыма никуы никæй фарстай, цы кæнинаг дæ æмæ цы уарзинаг дæ, уыдæттæй.

— Ферох мæ, ахæм уыдтæн, уый, — загъта хъæлдзæгæй æмæ йæ зæгæлзæвæтджын туфлитæ феппæрста, йæ къæхтæ æмистæй сынтæгмæ сæппæрста, фæрсырдæм сæ æрбатасын кодта, аивæзта йæ къаба æмæ сæ уымæй æрæмбæрзта, стæй йæхи сынтæджы къухыл фæстæмæ ауагъта. — Мæнæ, гъе, афтæ бадын мечтаю с детства! Æрмæст дыууæйæ куыд уæм хъарм уаты... уарзон лæппуимæ, афтæ.

Æз бахудтæн:

— Цыма пирæныл æрбадтæ, уыйау хорз куы фесхъиудтай, уарзон лæппуимæ, зæгъгæ, куы загътай, уæд.

— Æмæ мын уæдæ цæй уарзон дæ, дæ зæрдæмæ дын æппындæр, мур дæр, мисхал дæр, минкъи дæр куы ницы бар дарын, уæд?! И, и, исты ма зæгъ!

Ма сбыцæуныхас у уый тыххæй йемæ! — зæгъгæ, фæдзæхсын мæхицæн. — Мæ уд æй йæ зæрдæйæ зоны, чи мын у æмæ мын цы у, уый, фæлæ ууыл мæхицæн дæр кæронмæ куы никуы басастæн, науæд мæ, загътон-иу мæхицæн, йæ уарзæтты халыл бакæндзæн æмæ уым бахус уыдзынæн, ныввахаб уыдзынæн йе та... Уартæ йын цы мидæмæхон, артмæхон цæстытæ ис, цы мондæгты цинæй сты зæрдæвæргæ! Æмæ йæ урс буары мыдрухс æддæмæ куыд хъары, куыд сайы йæхимæ, куыд дæ разæнгард кæны æнæфсис рæвдыдтæм, зонд иуварсæвæрæг цинтæм — кад, номрохгæнæн цинтæ-узæлæнтæм, уый та?! Æцæг дæр ын мыдхуыз рухс у йæ буары мидрухс, æцæг, æмæ уыйадыл æнахуыр артæндзар, уарзтæндзар! Уарзтдзæвдгæнæг.

Ноджы ма уарзынæн агургæ æмæ æнаргæ æхсæв!

Ноджы ма тæвд уарзтæн агургæ æмæ æнаргæ фадæттæ — хъарм сыгъдæг уат, стæй — айдагъ уæхæдæг...

Фæлæ лæджы æфсарм лæгæн йæ нæлгоймаг туг скусын нæ

уадзы: Таирæ дыл йæхи æууæнкагæй бафæдзæхста, гормон, хойау дын сси!

— Уарзтвæллад нæма дæ?

— Стæй цыма никæддæр уыдзынæн. Стæй, уæвгæ дæр, циу æцæг уарзт, уый ныронг куы нæма бавзæрстон... хъуыддагæй. Диссаг! Тагъд дыл æнæхъæн дæс æмæ ссæдз азы сæххæст уæд, афтæмæй дæ судзгæ бæллиц та ма ма сæххæст уæд — æрдиаг кæн æмæ дзыназ!.. Уарзтвæллад нæ, фæлæ маствæллад цард.

— Æмæ мын æндæраз афтæ куы загътай, æндæраз, дам, æцæг уарзтæй иу кæйдæр бауарзтон æрæджиауы тыхджын уарзтæй — æрæджиау та уымæн, æмæ уæдмæ æндæр кæйдæр хай фæдæ, йæ Хуыцауы æнæнхъæлæджы лæвар...

— Хорз бадардтай алцыдæр дæ зæрдыл, фæлæ дæ абонсарæй цæмæй бафæрсинаг уыдтæн... Фаллаг рындзыл иунæгæй цæуыл хъуыды кодтай?

— Цæуыл нæ, фæлæ кæуыл.

— Гъемæ кæуыл?

Дæуыл, зæгъгæ, йын куы зæгъин, уый йæ фæнды — тынг бæрæг дардта йæ хъæлæсы уагæй.

— Саркозийыл... Хæлæг æм кодтон: ахæм рæсугъд ус дæ къухы бафтæд!

— Фараст хæзгулы цыдæры фæстæ! Æнæ диссаг не стут, лæгтæ, æнæ æмбисонды диссаг! Лæгтæдарæгыл уæхи куыд фæмарут, куыд, и? Куыд барвæссут лæппуты мойтыл, куыд, и?!

— Лæгтæ сыл æмбырдтæ фæкæнынц, æмæ ды дæр фенхъæлыс, цыдæр мыды чыргъæд, мыдыкъус у, зæгъгæ. Æмæ ныххъхъал вæййыс дæхицæй, æппæты чи хъæуы, уый иунæгæй дæу фæцис, зæгъгæ. Дæ бæллæх йæ бауарзын, æндæр уарзон сылгоймагæн цынæ ныххатыр кæндзынæ, цынæ: суанг ма кæд йæ мады гуыбыны дæр дардта хæзгултæ, уæд ма уый дæр! Стæй уæхæдæг дæр, чызджытæ, се 'ппæт кæй уарзынц, уый мæ мойæн куы уаид, зæгъгæ, нæ зарут?

— Æз — нæ! — цыма æрæджиау цыдæр фæхъуыды кодта, уыйау тагъд-тагъд йæ чыссæгонд ридикулмæ февнæлдта, дыдагъ чысыл тилифон дзы фелвæста, æркаст æм...

Мæнæй бар-æнæбары сирвæзт:

— Гуд бай зæгъын афон дын у!..

— Æмæ æз æппындæр куы никæдæм цæуинаг дæн! — тилифон фæстæмæ ридикулы ныппæрста, ридикул стъолмæ бахсæгау

кодта. — Нæхимæ адзурын ма аив у, нæу, уый бæрæггæнæг æм æркастæн. Ам та уаты иунæгæй дæн æмæ тынг æвзæр бафынæй дæн дысон æхсæв дæр... фыртæссæй... – Сæхи мыл худæгæй хæссынц йæ цæстытæ, æнхъæлмæ кæсынц, уæдæ ныр та куыд кæнин, цы зæгъин ома.

Кæмдæр тугкалæн хæстытæ бамынæг вæййынц зонддзын адæмы фæрцы, иннæ ран стынг вæййынц æдылы хъæбатыртæ æмæ, кæмæн пайда сты, сойтæ дзы чи смæрзы, уыдоны фæндæй, сæ руаджы; кæмдæр лæг æмæ ус дыккаг бон, науæд та дыууиссæдз азы иумæ фæцæрыны фæстæ байуарынц, ахицæн вæййынц; кæмдæр чидæр ус куры, чидæр чындзы цæуынмæ йæхи рæвдзытæ кæны; кæмдæр чидæр нынкъард, нырхæндæг, йæ усы æмæ йæ хъысмæты æлгъиты, æртыккагæн дæр та йын чызг кæй райгуырд, уый тыххæй; кæмдæр чидæр йæ фæндзæм фыртæн куывд ныззылдта; чидæр — амард, чидæр — райгуырд цæринаг гуырдæй... Фæлæ дун-дунетыл иу хъуыддаг дæр Таирæйы хъуыддæгтæй ахсджиагдæр нæу: уарзтæй кæрдих хæйттæ уарын, мастæй хъулонхайджын кæнын. Нардуарайæ дзы нард хай кæмæ ’рхаудзæн йæ уарзтæй-мастæй, уый та алкæмæн дæр йæ ныхыфысты амондмæ гæсгæ у...

— Цы загътай, цы? Цы æрæфтыд дæ цъыллинджытæгæнаг зæрды? Ома куыд никуыдæм цæуинаг дæ ардыгæй — рæстæгмæ холостяк чи у, уыцы лæджы уатæй?! Райсом бæстæ цъиах-цъиахæй кæй байдзаг уыдзæн, уый дæ фæсонæрхæджы дæр нæй? — атъанг кодтон мæ фарст, ныр мæхи мидæг та иуæй куыддæрау фæдæн, иннæмæй мæнгæфсон цин кæнын, мæнгæфсон, уæдæ нæ: кæцырдæм нычъчъыллипп кæндзæн сылгоймаг секунды фæстæ, уымæн йæ иунæг зонæг — хæйрæг. Лæг, о, æрвдзавдау уарзтдзавд дæр фæвæййы æмæ, кæд Таирæ нæ дыууæ уды уарзты фæндагыл æрцыд ахсæв мæнмæ, уæд æз — ау, дунейæн тæхудиаг цы æнкъарæн у, уый тæригъæды бацæудзынæн?! Уæд лæг ма фæхуыйнон!

Цин мын мæ хъуыдыты æрвгæрæттæ сызгъæринвæлыст кæны: хорз бонæй дæ ома ныфс уæд — кæрæдзи æмбарут, кæрæдзийæн зæрдæзæгъгæ стут, уæ туг уæ уæ кæрæдзимæ æлвасы, æмæ уымæй хуыздæр цы уа, цалынмæ уæ кар, уæ хъарутæ амонынц, уæдмæ!

Æрмæст дæ узæлд — уæздан, фæлмæнæй, хиуромгæдæр, бузныггаджы уарзæгойæ...

Таирæ йæ къæхтæ сæмраст кодта, йæ мидбынаты бадгæ-бадгæйæ æрзылд, иумæ та сæ æриста йæ къæхтæ бынмæ дæр æмæ сæ æмдзæф фæкодта йæ туфлиты, йæ астæуыл дыууæ къухæй æрхæцыд, цъæхснаг цæстæнгасæй мæ рæхойы:

— Афтæ æнхъæлыс, æмæ худгæ кæнын, хъазгæ, хынджылæг? — мæ цонгмæ мын февнæлдта, схæцæгау мыл кодта. — Фест ма æмæ иуварс балæуу — æз хуыссæн бакæнон!

Æмæ йæ — бакодта, æмæ сысмыстытæ кодта хъулон-мулон дæргъытæ тæнæг хъæццулмæ, стæй гобанæмбæрзæнмæ — урс-урсид цикъæмæ, йæ кæрæтты дыгай æрвхуыз хæххытæ.

— Цы бирæ уарзын, цы, крахмалгонд ногæхсад хуыссæн-гæрзты сыбар-сыбур æмæ тæф! Ды та нæ уарзыс ног...

— Æз та ногнад æмæ крахмалгондау хъыс-хъысгæнаг чызджыты уарзын!

— Губа не дурак! Фæлæ адон ногæхсад не сты — дзыхъхъын-ногтæ сты, æмæ сыл фыццаг хатт мах хуысдзыстæм... ног усджын æмæ ног лæгджын уарзæттау. Æцæг... — Йæ цæстытæ налат æрттывдæй æрттивынц, йæ былтæ мидбылхудгæйæ фæйнæрдæм фæцыдысты æмæ ныттæнæг сты, нындæхтæ: раст уарзæтты хъазæн митæ æрцагуырдта æцæг дæр йæ зæрдæ... — Фæлæ афтæ дзырдгондæй æруатон уыдзыстæм: æз — Нарты Батрадзы ус, ды та уыцы æнамонд хъомгæс. Æрмæст не 'хсæн цирхъ нæ уыдзæн, фæлæ — дзырд, лæджы дзырд, мæнæ лæг цы дзырдæй лæг вæййы, ахæм.

— Ныр ацы диссæгтæн макæмæн уæд радзурæн! Уый дын чердæм фæлварæн-эксперимент уыдзæн? Лæджыхъæдæй мæ æвзарыс, нæ? Гъемæ — хорз, фæлæ нæ кæй къух кæй сæры бын уыдзæн? — æз дæр æнæбары худтæй худын мæ мидбылты,уæдæ æндæр цы акæнон, мæгуыр мæ бон: æнтъæргæ ма кæн ардыгæй, зæгъгæ, йын зæгъон? Æмæ ма уæд ахæм амондхæццæ фыдæвзарæнты кæд æмæ кæимæ бахаудзынæн, Таирæ йеддæмæ кæй цоппайаг сæры фæкуыси уыдзæн ахæм фæлварæн скæнын йæ... Йæ кæмæн? Йæ уарзонæн? Æмæ уый — æз дæн?! Мæнæ йын æз дæн лæгуарзон, йæ зæрдæйы сусæгтæ æндæраз кæмæн скалдта, уый?!

— Йæх, йæх, æмæ хъомгæсы домбай къухыл хуысгæйæ хæрзфынтæ чи фены! Йæ царды хуыздæр æхсæв афтæмæй чи арвиты!

Уæддæр акъуырма, акъозо, акъодах мæ маройаг сæр, гуыв-гуыв

кæны, дзæхст-дзæхст кæны иу хъуыды сæрымагъзы: куыд бафæраздзынæн, цыдæр дзæдæлгонд куы нæ дæн, мыййаг! Нoджы ма, ныр дыууæ азы зæрдæ кæимæ дзуры, уыцы мондæгтæагайæг чызгимæ... сылгоймагимæ...

Уæ, мæгуыр хъомгæс, мæгуыр лæппу! Нарты хуыздæр ды куы уыдтæ, ахæм æхсæв кæуыл акодта, ахæм хъизæмайраг æхсæв: йæ дæллагхъуыртæй мæйтæ æмæ хуртæ кæмæн кастысты, уыцы нæртон рæсугъды фарсмæ æмбыд къодахау фæхуысс!

— Цы, старстæ, куы нæ бафæразай æхсыры цады был бадгæйæ дзы æнæ схуыпгæнгæйæ, уымæй? Æмæ дын цæмæй æнцондæр уа дæхи уромын, дæ къухтыл фæстæмæ хæцын, уый охыл дын мæхи æмбойны фенад кæнон?

— Æгæр бирæ не сты иу æхсæвæн дæ диссæгтæ? Стæй ды æхсыр нæ дæ, фæлæ хъæбын-хъуыррытт дæ, æхсырыцъары æвдылд хъæбын!..

— Æмæ цæмæй мыррыттæй хъуыррытты ма фæуа хъæбын, уый тыххæй... О, ницы дзы ис диссагæй, ома, мæхи дын цы хуызы анад, фелгъаг кæндзынæн, уым, — бауад бандонмæ, æрбадт ыл, схæцыд та йæ къабайыл йæ уæраджысæртæм æмæ йæ къæхтæ фæйнæрдæм ахæлиу кодта. Æцæг зæрдæхæццæгæнæн æнад вæййы, æцæг, сылгоймаг афтæ куы фæбады, уæд. Фæлæ Таирæ... Таирæ æнад нæ фæцис, æмæ йын æй загътон:

— Кæй нæ уарзай, уымæн йæ хæрд — цъæм-цъæм, йæ цыд — сæпп-сæпп, дæ зæрдæмæ чи...

— Дæ зæрдæмæ чи цæуа, зæгъгæ, цæмæн зæгъыс, кæй уарзайы бæсты? Æви афтæ зæгъынæй дæ ком судзы?

— Кæй уарзай, уымæн та йæ цъæм-цъæм дæр аив комдзаг, йæ сæпп-сæпп дæр сиргæ-симгæ фадыварц! Стæй: если Дуняша-душа во всех нарядах хороша, то Таира прекрасна во всех позах...

Таирæ зæрдиаг хъæлдзæгæй ныккæл-кæл кодта, йæ уырзытæй йæ цæстыты кæрæттæ сæрфы:

— Æнæбары цы загътай, ууыл ма дзæбæх ахъуыды кæн! — йæ къæхтæ кæрæдзиуыл абыдта, афтæмæй сбадт, худы ма.

— Дзургæ-дзурыны дæр æй бæргæ ацахстон, фæлæ уæдмæ ныхæстæ федде сты, фат атахт...

— Йарæбын, силомертæ дын не сты, уанцон æлхъывд сæ нæу! Мæныл дæр æмæ дæхиуыл дæр дзæгъæлы ма ’ндзар, науæд

сыстдзынæн æмæ-иу уæд схæр... дæ лæджы номгæнæг дзырд!

Æмæ æрсабыр мæ туг, æмæ амардысты ме уæнгтæ, æмæ нынцад дæн, ныхъхъомгæс, уыйау ныббыхсаг æмæ, чи зоны, фынæй дæр адæн иуцасдæр, къæрцхъус фынæй...

Бон цъæхтæ кæнын райдыдта, афтæ Таирæ, мæ русæн мын абагæнгæйæ, фестад, йæ къаба скодта æмæ йæ къахфындзтыл, цыма искæй райхъал кæнынæй тарст, уыйау хъуызгæ ацыд, дуар, куыд нæ фæхъинц кæна, афтæ æрдæгæхгæдæй ныууагъта. Йæ алы архайд, йæ алы фезмæлд дæр ын, уый куыддæриддæр фæндыд, афтæ райхæлдтон: мах райсомæй фæстæмæ рæстæгмæ йемæ зонгæ не стæм... Рæстæгмæ, зæгъгæ, уæд кæдмæ — мæгъа...

Кæрæдзиуыл ныхæстау уыдысты Лерæимæ: хæрынмæ иумæ, ваннæтæм дæр афтæ, тезгъомæ фæрсæй-фæрстæм, суардон нуазынмæ иннæ ахæм, хъазтизæртæм дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, æнæфæхицæнгæнгæйæ. Цы йæ сусæг кæнон, мæ зæрдæ дæр — фыды мур, æмæ рыст, тыхст, рæхуыста, ылхъывта-иу, мæхи рæстæй æфхæрдау æнкъардтон, цыдæр сахъатхуыз, æнæххæст — хъацæнхъуаг: Таирæ мæм сысмыстытæ, æркæстытæ кодта æмæ мæ иуварс æрæвæрдта — не по ее вкусу-укусу, не герой ее романа, зæгъгæ. Фæлæ уæддæр быхстон. Уадз, æмæ, зæгъын, йæхи аирхæфса, аирхæфса та, кæд ын афтæ цæрын æнцондæр у, уæд; иннæрдыгæй та мæ цæмæндæр уырныдта æнкъараг-зонаг зæрдæйы ардыдæй, æмæ йæ уæддæр, абон уа, райсом уа, мæнмæ хъæуы, нæ мын фæивддзаг уыдзæн, стæй мæм искæй уæлдай дæр нæ кæсдзæн. Æмæ æппæты диссагдæр уый уыд, уый: чъизи йыл нæ хæцыд, фæд ыл нæ уагъта, зæрдæ йыл нæ худт! Ноджы ма мæ нæ уырныдта, хъуыддаг нывæрзæнмæ æрцæуа, уый. Цæуыннæ, уымæн та мæм бæлвырд дзуапп нæ уыд...

Таирæ мæм-иу дардæй бахудт — аивæй, Лерæ йæ куыд нæ фæфиппайа, афтæ. Фæлæ-иу мæ хъуыдытæ бынтон фæтар, фæсау сты, сгуырысхойаг, машинæйы цæугæ сæ-иу куы федтон, уæд. Цы нывтæ-иу ауад мæ хæлд цæстытыл, уыдоны хорзæй ницы уыд, ай-гъай...

Мæнæй дыууæ боны раздæр Валерæимæ куы ацыдысты, уæд та мæм санатори иу æдзæрæг фæкаст, раст хастау, æмæ диссаг — скатайаг, смаройаг мæ дурак, мæ идиот зæрдæ, ахсджиаг цыдæр ын нал фаг кодта, æмæ иу зынтæй арвыстон, иу, уыцы æгæрон даргъ дыууæ боны, æмæ йын зæгъæн дæр нæй...

Цы фæззæг уарзын, ахæм ныллæууыд: кæрз бæлæстæ сæ тарцъæх фæлыст сырх æрхуыйæ сыфтæрыл баивтой; тулдз дæр ныхъхъал, ныббуц йæ бур-бурид цыллæ пæлæзæй, ноджы ма йын уæздан ирд хурмæ æрхæндæг тæмæнтæ калы — хорз мæм зынынц мæ кусæнуаты уæрæх рудзынгæй Сæрибары фæзы дæллаг кæронæй. Ахæм фæззыгон сыгъдæг бонты, фæрсыгъдау сыгъдæг бонты уæлдай тынгдæр сфидауынц хæхтæ дæр — уалæ Мадхох, йæ цъупп æмлæгъз амадау, æдзынæг кæсы Дзæуджыхъæумæ; цæхæртæ калы Сæнайы æвзист саргъ; цæмæй сæм кæсынæй куыд не 'фсæдæм, мæнæ нæ цард цыфæндыйæ дæр цы тæхудиаг у, зæгъгæ, куыд хъуыды кæнæм, афтæ хъулонмулон рæсугъд сахуырста æрдз, генион нывгæнæг, хъæдæмбæрзт рæгътæ.

Кæсын афтæ æвæлмасæй рудзынгæй цардфенæг, цардфæлтæрд æрæгвæззæджы дунемæ, æмæ мын æхсызгон у, мæ сæр иу бæрæг хъуыдыйæ дæр сагъæссаг кæй нæу, зæрдæ кæй ницæмæй æнкъуысы мидкатайæ, уый — æрдз æнусон, æз дæр, æнцон æфхæрдæн адæймаг — йе 'мдзæрин... Æмæ ницы ис æвæтчиагдæр ацы зæрдæхæлар райдзаст дунейы мæлæтæй.

— Æмбæлы уæм?

Фестъæлфыдтæн. Æппæты фыццаг мын уый фæхъыг, уыцы бирæнымæцон «уæм», ома, «дæм»-ы бæсты, ирон æгъдау æмæ æфсарммæ гæсгæ кæрæдзимæ куыд æмбæлы дзурын, афтæ. Æгæр ныккультурон сты бирæтæ, хъыгагæн, бирæтæ, о...

Иннæмæй та, хæрæг сфысса де сфыссæг, дæ хæдзармæ дæ рардæуа! — æндæр дæ булкъдаст сæр æрбадарыны размæ дуар аив æрбахой, стæй уæд...

— Æмбæлы, мидæмæ!

Æмæ æрбахызт иу дæргъæй-дæргъмæ сæвджын санчъехæн, æмæ йæм мæ хæрдмæ кæсын бахъуыд: хæстæгмæ ахæм бæрзонд разынд. Искуы мæм æрбацæудзæн, уый мæ фæсонæрхæджы дæр никуы уыд, æмæ йæ фыццаг нæ базыдтон, ноджы ма лæг дастсæрæй йæ хуыз куыддæр æнахуыр аивы, зынбазонæн свæййы иу цыбыр бакастæн...

Валерæ...Лерæ...Айдагъ номмæ гæсгæ дзы чи зæгъдзæн, уый нæлгоймаджы ном у, уый — афтæ йын æй фæцыбырдым кодта Таирæ. Стæй йын йæхи дæр цыма æрцыбыртæ кодта, бадомдта йæ... О, фæлæ йæ цы хур, цы къæвда æрбахастаид мæнмæ, мæ сæрагур куыд фæзынд, цæмæн?!

— Базыдтат мæ? — йæ даргъхауджын — чызджытæн хæлæггаг! — тарæрвцъæх рæсугъд цæстытæй мæм ахæм хуызы кæсы, æмæ йæ æрмæст зонгæ нæ, фæлæ ма йыл зæрдиаг цин дæр куы бакæнин, уый йæ кæй фæнды.

— Дæ хорзæхæй, уыцы хатыр бакæн, æмæ мæм бирæон нымæцы, уырыссаг æгъдау фæзмгæйæ, ма дзур — мæ ирон хъустæн иу хъыг у, иу, æмæ дын æй куыд зæгъон... Зонгæ та дæ бакодтон, цы базонинаг мын дæ: цы рауад уæдæй нырмæ — дыууææртæ мæйы бæрц... Æруадз дæхи, бадæг æмæ лæууæджы кад иу не сты, — ме стъолы раз бандонмæ йын бацамыдтон.

— Кадагур нæ дæн, фæлæ... Йед, лæугæйæ мын æнцондæр цыма уыдзæн, — йæ лопъо сæр фыртыхстæй знæт ныхт акодта, дуары тарвазы цур йæхи къулæнцой бауагъта, цыма ахауынæй æдас нæ уыд, уыйау.

Афтæ кæд ахъуыды кодтон йе 'рбацыдыл, Таирæ йæ æрцыбыртæ кодтаид, бадомдтаид, зæгъгæ, уæддæр хабарæн бæлвырдæй ницы зыдтон, уæдæй нырмæ нал сæмбæлдтæн Таирæимæ дæр — мастуарай, уарзтуараимæ, фæлæ ныр мæ зæрдæ фæкъæпп кодта Валерæмæ: ай, сыгъдæгæй, Вахабы хал ахордта, уарзты дины «вахабист» дзы рауад...

Диссаг ма иу хъуыддаг у: уæйыггонд лæппутæ йæ цæмæн афтæ тынг бауарзынц Тамарæйы? Æви сæ уый йæхæдæг барæй æвзары куыд дынджырдæрæй?.. Кæд бындзарæй уигъгæ, уæд уигъæгау — къæдзæхлæгты... Хорз, æмæ дзы мæнæн уыцы хуызы тас нæу: кæд дæлæмæдзыд нæ дæн, стæй исты тихалæг, уæддæр мæ уæйгуытæ цуаны нæ фæхонынц семæ...

Бацымыдис дæн йе 'рбацыдæй дæр æмæ, йæхи куыд дардта, уымæй дæр. Æмæ уал мæхæдæг æрбадтæн, мæ галиу къух мæ роцъомæ сбыцæу кодтон æмæ йæм кæсын. Уымæн йæ аив цæсгом хъулæттæ фæлдæхы, сдзурынвæнд акæны, фæлæ та фæуромы йæхи, лæгъстæйаг цæстытæй мæм æрбакæсы, исты хуызы мын мæ зæгъинæгтæ бамбар æмæ мæ ма дзурын кæн, зæгъгæ. Фæлæ — уый та куыд ома?! Раст ын дон, кæнæ та хъæбæрдæр исты аназын кæн...

— Цæугæ дæр дæм тыхтæй-амæлттæй æрбакодтон, мæхи тæрæгау кодтон, цы цæсгомæй дæм æрхатдзынæн ме 'нахуыр курдиатимæ, зæгъгæ, ныр та мæ ныфс бынтон асаст... Æви уый ныфс дæр нæу, фæлæ... Фæлæ йæ куыд сфæразон сдзурын, зæгъын... — Гиппопотамы къухау йæ дæргъæй-дæргъмæ къухæй

йæ уæраджы сæр æрцавта. — Нал дзы у мæ бон, мæ лæджы хъарутæ мын бынтон басаста, бадомдта мæ быны бынтонæй! — Мæстæйхæлæг лæджы тыхулæфтытæ скодта, ацы сахатыл йе 'фхæрæг йæ цуры фæцис, зæгъгæ, уæд ыл, æвæццæгæн æмæ, ныццæвынæй дæр нæ бацауæрдид, стæй уысмы фæстæ фæсмойнаг фæуаид æмæ дзы хатыртæ курид — æмæ йын уый та ноджы æлгъагдæр ми уаид. Йæ хъуырдухæн, йæ хъизæмар, йæ лæджы ном сафæг ын Таирæ кæй басгуыхт, ууыл та дызæрдыгмызæрдыг дæр нал хъæуы. Хорз, æмæ Лерæ фæкъæртт — ныр дзурдзæн, æмæ йæ фæнддзæн, йæ хъæлæсæй хуымæтæг дзырдтæ нæ, фæлæ судзгæ æхсидæвтæ куы хауид, судзгæ цæхæр ын дзы куы кæлид — йæ мидæг цы зындоны арты судзы, уымæн йæ цæстуынгæ æвдисæндартæ, — уый йæ фæнддзæн, ай-гъай дæр.

— Ахæм ма дзы æррагæнæн хос уыдзæн! Ахæм ма дзы удкъахæн, зæрдæфæйлауæн цыдæр уыдзæн! Чи дæн, цы дæн, кæм дæн, куыд дæн — ницуал бæрæг зонын мæхицæн. Мæ замманай бинойнаг дæр мын фецæгæлон, мæ дыууæ фыртæй дæр феддæсонд дæн, мæнæ зæронд зарæджы куыд ис æрыдойнаг уарзоны тыххæй, уыйау æз дæр хæдзарæй нал дæн, æмгæрттæй фæцух дæн, æмæ зондæй дæр фæцудыдтон, æвæццæгæн, æндæр уæдæ дæуæн уыдæттæ цæмæн æмæ куыд дзурын... Фæлæ мæ уæддæр мæ ныдздзæгъæлтæуæвæг зæрдæ афтæ ардауы, цыма мын ды... Цыма мын дæу йеддæмæ феххуысæн ничи ницыхъом у... Бахатыр мын кæн, фæлæ мæ фырадæргæй ныккæуынмæ дæр бирæ нал фæхъæуы — мæнæ ацы тæккæ минутыл дæр... Мæ фыртыхст, мæ фыркатайæ... Ды та йæ зæрдæмæ тынг цæуыс. Æмæ уымæн цæуыс йæ зæрдæмæ, æмæ дæу иннæтау кæй нæ сæрра кодта... иннæтау... мæнæ мæнтау чи нæ...кæмæн нæ фæцыд йæ зонд, чи нæ фæзондцух мæнæ мæнау... — Кæд мæм комкоммæ каст, уæддæр мæ нæ уыдтаид: йæ цæстытæ тугдзæссыджыты зылдысты, сæ рыст уылæнгай æддæмæ хъардта, æмæ мæхи зæрдæ дæр баудхайраг, батыхст: ныр амæн æз кæцырдыгæй цы ахъаз фæуон, цы зæрдæлæууæн ныхæстæ йын ссарон, цы ныфсы зонд ын бацамонон?..

— Æмæ...æмæ ма мæн дæр сахуыр кæн, мæнæн дæр дæуау мæ зæрдæмæ афтæ æвирхъау хуызы куыд нæ цæуа, ууыл. Ды дæр æй куы зоныс, цы хуызæн сылгоймаг у, уый, фæлæ дзы дæхи куыд бахызтай...бауарзынæй дзы дæхи куыд бахызтай...йæ кæлæнтæй дæхи куыд ома бахъахъхъæдтай, уый мæнæн дæр

бацамон... Уæу, мæнæ цы æдылы ныхæстæ кæнын, цытæ дæ домын! Цы тæхудиаг сты, уый иувæрсты, телыхъæды цурты ацæуæгау, чи аивгъуыйы, уыдон!..

«Меркурий» суардоны сæр хъавгæ — ма ныпъпъæгъгъæст кæна — раздыхтон, агуывзæйы дзаг ын æнхъизгæ дон рауагътон.

— Аназ дон, æрæнхъæвз дæ фыцгæ зæрдæ — бауырнæд дæ, чысыл дын фенцондæр уыдзæн.

Коммæгæсæй йæ айста, банызта йæ, асæрфта йæ уæлармæй йæ былтæ, æмæ дын æцæгдæр йæ цæсгомы хуыз фендæр, æррадзæфы æууæлтæ йыл бæрæг нал дардтой мæнæ тæккæ æрдæбонау.

— Бузныг, — фæсаст йæ хъæлæс дæр, райстон ын йæ къухæй агуывзæ æмæ йæ стъолыл æрæвæрдтон, мæхицæн дæр дон уырдæм рауагътон æмæ йæ æз дæр фæдæле кодтон — уыцы агуывзæйæ, æмæ дзы, æнæ анхъæвзгæйæ, кæй банызтон, уый йын кæй фехсызгон уыдзæн, уый мæ уырныдта. Скастæн æм æнцад цæстытæй — ома, æмбарын æй, хæстæг ын исын мæ зæрдæмæ йæ судзгæ-дудгæ рыст, фæлæ уæддæр сабыр дæн:

— Æнахуыр у дæ курдиат, уæдæ ма æнахуырдæр цы уа!..Фæлæ дын айдагъ мæ бон нæ, фæлæ ацы зæххыл никæй ницы бон у баххуыс кæнын. Æвдадзы хос — дæхæдæг дæхицæн. Æмбæлгæ ма фæкæнут Таирæимæ?

— Йе ’мгæрæтты дæр мæ нал уадзы ауайын, йæ тилифоны номыртæ дæр баивта... Йæ куыстмæ дæр æмæ сын сæ хæдзармæ дæр куыд бацæуон — йæ лæгæй иуæй худинаг у, иннæмæй та... — Цæхгæр фæкодта. — Бæргæ, куы мæ амарид! — Цыдæр рухс, арфæйаг цæстытæй мæм æрбакаст. — Бузныг, дæ бон мæм байхъуысын кæй бацис, уый тыххæй. Цыма мын бæрæг фенцондæр. Скалдтон мæ зæгъинæгтæ æцæгæлон кæмæндæр æмæ куыддæр равдæлон дæн, афтид... — Æмæ ’нæнхъæлæджы цыдæр схъæл худтæй бахудт, æмæ йæ уайтæккæ йæхæдæг дæр фембæрста, æнад худтæй кæй бахудт, уый, фæлæ уæддæр йе ’лгъаг ныхæстæ загъта: — Æцæгæлон, зæгъгæ, уæд — æмсиæхстæ... æйййафæм демæ...

Хорз цæстытæй йæм не скастæн æз дæр, фæлæ йæм æз афтæ зонгæ-зоныны барæй скастæн: ахъаз ын фæуыдзæн ме ’фхæрд йæхиуыл æрхудынæн. Мæнæ ма йын стгæ дæр куы нæ скæнин, куы цæуа, уæд. Фæлæ йын уый æгæр æфхæрд куы рауайа...

— Цæй, æз цæуын...Афтæ лæмæгъ кæй разындтæн, уый мын хатырæй фæуæд... Лæппутæ мæ куы базониккой, уæд мыл, хæрзаг...

— Иунæг ды нæ дæ ахæм æфхæрд, афтæ мæстджын, уыцы хуызы æрра, дæхи загъдау. Чи дыл бахуда — дæ хал ахæрдзæн...

Ацыд уæнтæхъил-сæргуыбырæй. Æмæ уый, мæнмæ гæсгæ, хорз у, уый йын æппыннæйы бæсты уæддæр цыдæр хос у: йæхæдæг йæхи хæрдзæн, мæнæ цæмæ æрхаудтæн, зæгъгæ, æмæ йæхи, искæй уарза, уый аккаг нал хондзæн цасдæр рæстæгмæ. Уæдмæ та æндæр уалдзæг æрцæудзæн, уды зымæгыл тыхгæнæг уалдзæг...

Афтæ куыд афæнд кодтон, сыстон æмæ æз дæр ацæуон, Терчы былгæрæтты атезгъо кæнон, зæгъгæ, афтæ дын мæ дуар фегом, æмæ та — Лерæ. Къæсæргæрон лæугæйæ та мыл æрбакалдта йæ судзгæ-араугæ ныхæстæ:

— Уæддæр дæм, Олег, хæлæг кæнын: ды зæххæнкъуыстзæрдæнкъуыстæн цыдæр сейсмостойкий дæ, æз та... Мæнæн та уый роковая женæина, женæина-вамп схонын, науæд уæлдайдæр хæтаг, гацца, хъахбай, лæппуты мой схонын ме ’фсарм цæуыннæ комы, мæ зæрдæ йæ цæуыннæ зæгъы, ме ’взаг сæм цæуыннæ тасы уыцы фидистæм?! Уæд мын цыма зынгæ ’нцондæр фæуаид — сæнад æй кæнин мæхицæн, фелгъаг. Фæлæ нæ комы æнад кæнын дæр, нæ — мæнæ бæллæх! Цæмæн ахæм у, цæмæн ахæм тыхджын у йæ дзæбæх рухс цыдæр — цæстытæ йæм тартæ кæнынц, зæрдæ йæм бæллы, тырны, йæхи йæм тоны. Цæстытыл куы ауайы, уый нал ис, нал мын ис, зæгъгæ, уæд та мын цард сæнад вæййы, сойы цъыртт дзы нал аззайы, стæй мæхæдæг мæхицæн дæр сæнад вæййын, ницуал фæахадын мæхи цæсты...Æмæ уæд кæм ис йæ хос ацы бæллæхы низæн? — дзæвгар рæстæг мæм дзагъыр цæстытæй фæкаст, æхxуысагур, фæлæ æххуысæнхъæл чи нæу, ахæм лæджы удаист цæстытæй, стæй цæхгæр фæзылд æмæ уæздан цыдæй ахызт къæсæрæй æмæ арæхстгай, хъавгæ æрбахгæдта дуар.

Рæстæджы уромæг нæй, æмæ уый дæр йæ иугæндзон фæдисоны, ерысæй цыды кой кæны. Æмæ...

Иунæг мæнмæ, айдагъ мæнмæ куыд дзурдзæн йæ зæрдæ афтæ: Ног аз куы ’рбаввахс вæййы, уæд цыма æрдз зæронд нанайы фæлмæн уаг райсы, куыддæр ныууæздан, ныззæрдæхæлар вæййы. Уый, зæронд аз, ацæудзæн, æрхæццæ йе ’мгъуыд, сымах та цæргæйæ баззайдзыстут æмæ, фисынæй цы аз æрбазынд, уый дæр батондзыстут — гъемæ, уæдæ, хорзæй баззайут, фæрнæй цæрут!..

Хъарм изæр уыд, зымæгæн æнахуыр хъарм, фæлæ йыл зæрдæ æххæстæй цин кæнын нæ уæндыд, фæдисон хъуыдытæ æвзæрд лæгмæ, истæмæ та ма расайæд, зæгъгæ. Ома, ам, бынæй хæхты дæлфæдтæм зымæджы астæу ахæм хъарм бон куы скæны, уæд хæхтæй уазал уæлдæф ивылæгау рагуылф ласы, æмæ ахæм налат тыхджын уаддымгæ сысты, æмæ горæты парчы æнусон бæлæстæ сæ бындзарæй сфæлдахы, хæдзæртты зест сæртæ сыстигъы æмæ сæ сыфгай фæхæссы...

Уæддæр цыфæндыйæ дæр искуыдæр ма æхсызгон нæу зымæгон изæры уый хуызæн хъарм — раст цыма кæмдæр егъау пецы дуар гомæй баззад, æмæ дзы æддæмæ бырсы, зæрдæ æхсызгонæй цы тæвд уæлдæф мысы, уый. Мæ палтойы тæрттæ байтыгъгон, афтæмæй цæуын Проспекты бæлæсты ’хсæнты дæлæрдæм — Кировы уынджы рæсæны «маршруткæйы» абаддзынæн æмæ...

— Олег!..

Фæсте мæм дзырдæуы, ноджы чызджы æнæуæндон хъæлæс у. Стæй мæм мæ номæй цыма ахæм хуызы сдзырдта, æмæ æз дæн Олег, æви нæ дæн, уый йæ фидарæй нæма уырны...

Фæкастæн фæстæмæ. Æрыгон чызг. Йæ хъарм уæлæфтауы мидæгæй йыл урс халат — медицинон кусæг уа, ахуырдзау уа?..

— О, æз æцæг дæр Олег дæн, фæлæ ды та... Хъуамæ дæ зонон? Амæй размæ ма дæ искуы федтон?

— Никуы мæ федтай, нæ мæ зоныс, — загъта, дзырдтæ цыма кæрдгæ кодта, уыйау, стæй фæсыкк: бæрæг у, цыдæр зæгъынмæ, науæд та цыдæр бакæнынмæ кæй хъавы, фæлæ нæ уæнды, ныссуйтæ йæхи мидæг. Рæсугъд чызг æй не схондзынæ, фæлæ фыдуынд дæр нæу, ноджы ма хорз рæз схаста æмæ гуырвидауц у.

Йæ уæхскыл ауыгъд сау сæрак хызын размæ æрбайста, фегом æй кодта:

— Мæнæ мын ай дæумæ раттын бафæдзæхстæуыд, — дзургæдзурыны мæм дæргъæццон къонверт дары, бахудызмæл. — Тынг дæсны дæ сныв кодта, дæумæ мæ чи рарвыста, уый — уайтагъд дæр дæ базыдтон, кæд ма чысылтæ дызæрдыг кодтон, уæддæр. — Æмæ мæм уæндонæй бахудт, бахудт мæм рагон хорз зонгæйау æмæ срæсугъд, йæ хуыз скалдта — кастаис æмæ йæм кастаис, æрмæст худæд, худæд æмæ дын йæ худынæй æлхæнæд дæ зæрдæ, фæлæ, куы нал худтаид, уæддæр дзы ныр нал загътаис, фыдуынд у, зæгъгæ...

— Сыгъдӕгӕй мӕ уыцы чидӕр маргӕй марынвӕнд скодта — хъӕстӕ рыг ныккодта къонверты: байгом ӕй кӕн, сулӕф ӕмӕ — фӕхъипп дӕ! — худгӕ цӕстытӕй йӕм нымдзаст дӕн.

— Нырыккон детективтӕ кӕй кӕсыс, уый бӕрӕг у... Цӕй, мне некогда, — йӕ сахатмӕ ӕркаст. — Цӕуын мӕ хъӕуы ӕвӕстиатӕй...

— Детективтӕн нӕ зонын, фӕлӕ цыма цыдӕр астӕуккаг ӕнус у — инкогнитойӕ мӕм чиныг, йе 'рбахӕссӕг дӕр ӕбӕрӕг чидӕр...

— Куы йӕ бакӕсай, уӕд алцыдӕр бамбардзынӕ. — Чызг фӕзылд ӕмӕ атындзыдта Станиславскийы номыл дыдагъ уынджы Терчырдӕм — уым та кӕцырдӕм фӕзилдзӕн, уый ацу ӕмӕ базон... Чызджы фадыварц хъӕлдзӕг къахайст схонӕн уыд — ахӕм худӕджы уӕнгрогӕй уадысты йӕ къӕхтӕ, зынанӕзына ставдгомау къӕхтӕ, ракӕнон арӕзт къӕхтӕ, ӕмӕ ӕз дӕр ӕхсызгонӕй бахъӕлдзӕг дӕн, уӕвгӕ дӕр цы диссаджы адӕймаг у чызг, зӕгъгӕ...

Цыхцырӕджы алыварс бандӕттӕм бацыдтӕн ӕмӕ, рухс тынгдӕр кӕдӕм цавта, уым ӕрбадтӕн. Къонвертмӕ аракӕс-бакӕс кодтон ӕмӕ йӕ фӕрсырдыгӕй уӕле бынмӕ ӕрыскъуыдтон арӕхстгай, систон дзы тетрады дыууӕ сыфы. Ӕрмӕстдӕр сыл иуырдыгӕй уыд ӕнгом рӕнхъытӕй фыстытӕ кӕрдӕгхуыз пастӕйӕ — бадис ыл кодтон, фӕлӕ йӕм, зӕгъын, кӕд ӕндӕр фыссӕнгарз нӕ разынд уыцы сахатыл. Кӕнӕ та йӕ барӕй равзӕрста кӕрдӕгхуыз: уый амоны ныфс, сомбонӕй зӕрдӕвӕрд ныфс...

Галиу къухӕй хӕцын сыфтыл ӕмӕ кӕсын:

«Салам!

Бонтӕ, цыма сӕ исчи фӕсте судзгӕ ӕхсидавимӕ суры, уыйау лидзынц ивгъуыды тар хъӕдмӕ — извини за красивость...

Ӕмӕ ацы царды, бӕстӕ аралло куы ссис, адӕмы кӕрӕдзиуыл куы сардыдтой сӕрибаруарӕг цагъартӕ ӕмӕ — иутӕн йӕ мӕйы мызд милуан сомы, кӕнӕ та доллӕры дӕр, иннӕмӕн та иу «хъӕдын» сом, стӕй дохтырты дӕр куы сӕмтъеры кодтой — ӕхсӕз сахаты уырдыг лӕугӕйӕ операци чи фӕкӕны, уыцы дохтыр-хирургӕн дӕр 6 сомы, стӕй искӕй сахъат цӕсты 6 ӕртахы хосдон чи ныттадзы, уымӕн дӕр уыцы 6 сомы, уӕд ахӕм царды... Уӕд, кӕй уарзыс, дӕ цардхос, дӕ цардныфс, дӕ царды райгӕ рухс чи у, уый дӕр дӕм ноль целых ноль десятых внимания куы дара, уӕд куыд цӕргӕ у?!

Ӕви уымæй Аннæ Каренина бафæрсинаг у?..

Уарзгæйæ лæг цыма зæронд дæр нæ кæны, стæй, чи уарзы, уыцы амондджынæй цыма низтæ дæр сæхи дæрдты айсынц. Ай-гъай! Уымæн æмæ уарзт у куырмæн иумæ æрфыг дæр æмæ цæст лæвар дæр.

Ис аура доброго Даура, æмæ ис аура гяура. Ӕмæ уæдæ, æллæх, æллæх, лæджы хорз цы хорз у, цы! Ӕмæ лæджы æвзæр та цы цардæнадгæнæн у, цы! Ӕмæ сæ дыууæты дæр запасной аэродромтæ хъæуы, ома, сæ мæстытæ-рыстытæ-иу кæм ферох кæной, ахæм хæзгул сылгоймаджы адджын хъæбыс. Уый та мæ роль нæу...

Фæлæ йын, уастæн, цы загъдæуа уарзтæн... Рынчыны цæстытæ бирæ уынагдæр сты æнæниз адæймаджы цæстытæй, уымæн æмæ уый зæрдæйæ дæр бирæ къæрцхъусдæр у — æмæ, мур дæр æнхъæл кæмæн нæ уыдтæн мæ мидæг, ахæм хъуыдытæ дæр равзæрд мæ удаист сæрымагъзы...

Лæг царды зынтæн иунæгæй дæр фæразы, быхсы сын, фидæны цыдæр ныфсæй разæнгард фæкæны йæхи. Фæлæ дæ цин та æрмæст дæхи уды къоппайы цин куы уа, уарзон искæимæ йæ куы нæ дих кæнай, куы нæ дын ыл уа зæрдиагæй бацингæнæг, уæд мæм уый бирæ æвирхъаудæр бæллæх кæсы иннæтæй...

Ӕрмæстдæр иу ахæм низыхатт ис, æмæ цинаг чи у: уарзондзинад. Гъемæ, уæдæ, Вахабы цæссыгтæ дæр æмæ Лерæйы хъарджытæ дæр тæхудиаг адæмы æрдиаг сты — уыдонæй дын тæригъæддагдæр, уарзтхъом чи нæу, уыцы адæм. Чи нæ уарзы, уый нæма райгуырд, уый цардæн йæ хъæбæр цъар — йæ обложкæ йеддæмæ ницы федта.

Зонын æй, куыд нæ йæ зонын æгæр хорз дæр ма: о, зæрдæ фæтугæрхæмттæ вæййы, уымæн æмæ, уарзтвæлтæрд суай, уый хъуыддаджы нæ цæуы — алы хатт дæр дæ фыццаг хатт райсы уацары — куы зындоны, куы дзæнæтон уацары...

Уый нæй, зæгъгæ, уæд-иу лæгæй поэт цæй фæрцы рауаид, куыд æмæ-иу цæмæн хъæуид — цæуыл зарынмæ, цæуыл кæуынмæ?! Уæд-иу ахæм ныхæстæ куыд сирвæзиккой зæрдæйы къуындæгæй уæрæх дунемæ:

Мне в холодной землянке тепло

От твоей негасимой любви!

Ӕмæ мæм нæ цард дæр уыцы уазал ныккæнд кæсы æнæ уыцы æгъуыстаджы уарзондзинадæй.

Вахаб та...

Валерæ-холерæ та...

Æцæг халер нæу, æцæг халер: ныр дæм цы боны хорзæн басхъæл æмæ дын дæ фæдджимæ цы фæкуыдта?.. Мæн дæр та ссардта æмæ мын-иу куы алывыд ныккалдта, куы та-иу мын табутыл схæцыд, йæ уæрджытыл лæугæйæ. Хъарм ныхæстæй уæлдай йемæ хъæрмуд не 'ристæм, мæ Хуыцау — ме 'вдисæн. Фæлæ, дам, мын æцæг уарзты мыды къусæй иу цайцымæн уидыг бадардтай, æмæ уый дæр мæ фарсы тæнæгæй фæцис. Уый та, зæгъын, фарс цахæм уа, уымæй аразгæ вæййы...

Ныртæккæ æз дæр ныддодой кæндзынæн...

Уæ, мæ уды къонайы хус сугтæй арт Олег!

Мæнæ дидинæгкалгæ уалдзæджы залты мит куы ныууары, æмæ урс цæхæркалгæ дыргъбæлæстæ куы басийынц зæрдæмæгуыргæнæг сыдæй, афтæ басыд мæ уд дæр дæумæ бæлгæйæ, дæумæ тырнгæйæ, демæ æппынæдзух дзургæйæ! Мæ тæккæ цур куы уыдтæ — уымæй тæккæдæр нæ вæййы! Ома, ме 'мбуар, фæлæ цирхъ-æфсармы фале, нæртон хъомгæсы фыдфæлварæны, уæддæр дæ мысгæ кодтон, уыцы нæртон лæджыхъæдæвзарæн сахат дæр...

Уæлахиздзау!

Фæлæ мæн зондласæн ивылд уарзтæй чи уарзтаид, уый суанг йæ домбай ирон æфсармы сæрты дæр...Уымæн цæлхдур, æвæццæгæн æмæ, ницуал уыдаид а зæххыл. Æмæ ахæмæн мæхæдæг дæр ма кæд фæтчыгъæдæн сопромат равдыстаин... Фæлæ, фæлгъаугæйæ куыд нæй кад, афтæ нæй нæдæр лæгъстæйæ, нæдæр æндæр ницæмæй уарзондзинад дæр — барвæндæй æрбагуылф кæны, барвæндæй ахъуытты вæййы...

Уарздзавд — æрвдзавд!

Нæ, мæ низы кой мæ дзуринаг не суыдзæн, фæлæ мæнæ фæсрынчын цы 'хсызгон у дунейы уынд!

Ау, хъуамæ-иу лæгæн йæ «злокачественная опухоль» мæнæ мæнау «доброкачественная» разына, цæмæй та-иу цард йæ цæсты афтæ скадджын уа, уый охыл?!

Бирæ хорз зæгъинæгтæ æрныгъуылын кæнын мæ зæрдæйы малы, фæлæ уæд уым, хæхты сæрмæ цы дыууæ цæргæсы зилдух кодтой сæ хъал бонæй, уыдонæй сæ иуæн кæд æмæ уыди...

Ма мыл ныххуд!

Уыдис ын дæ цæсгом!

О!

Цы мæм дзырдта мæ зæрдæ, куыд мæм каст, уый дын æргомæй зæгъын — уæдæ ма сæ цы боны хуыздæрмæ æргъæвын?..

Дæ цæсгомы нывгарст мæхицæн цæмæндæр ромаг императорты фæлгонц схуыдтон. Ромаг саг-лæгты фисынтыл амадкарст ма мæм дæуау кæсы уартæ Том Круз дæр, стæй нæхи ирон къæдзæх лæппу — Бæройты хъæбысæйхæцæг, йæ ном Хасан цыма у...

Цы хъылма, цы 'нады ном ын ис иронау дæр æмæ уырыссагау дæр, цы æбуалгъы низæй мын тарстысты, уымæн — къуыдилы... рак...

Кæд дæм диссаг кæсы, уæд ыл кæн дис: æз та дзы нæ тарстæн — ау, уый та, зæгъын, куыд, æмæ мæнæ æз, æрттиваг чызгсылгоймаг, лæгты рын, уарзттауæг, йед фæуон, бынтон майдзæф, ома, митæмхиц майы амæддаг!

Дæлæ æдде цы ногæхсад дуне ис, дæлæ! Цыма йæ нырмæ никуы федтон, никуы зыдтон...

Уынын: кæсыс мæнырдæм, æмæ куыд хурдзаг сты дæ цæстытæ!..Æххæст ма дæ сæр дæр цæхгæр батил æмæ дæ ныхæй дæ халасдзæф бецыкк иуварс аппар...

Агурынвæнд мæ ма скæн. Цы чызджы дæм арвыстон хабархæссæгæй, уый мады частный клиникæйы дæн, æмæ уый та кæм ис — кæмдæр у черта на куличках в неведомом царствегосударстве...

Цы хорз у, мæ уды хъарм къона, мæ зæрдæйы сойын цырагъ, кæй дæ ацы уæлæ дунейыл, уый!..

Ногæхсад амонд...

Æз, æндæр уæдæ — чи...»

Мæ къух æд гæххæттытæ бынмæ æруагътон æмæ хъæрæй, фæлæ уæддæр мæхицæн дзурæгау, загътон:

— Ссардзынæн дæ!

*ТЕДЕТЫ Ефим*

# СТЫР ДУНЕ

## НÆЙ МÆ УДÆН АМÆЛÆТЫ БОН

**Нæй мæ удæн гуырæн бон, мæлæт дæр,**
**Дун-дуне мын фестади лæууæндон,**
**Ацы зæхмæ хуры рухс тæмæнтæй**
**Незамантæй рахастон цæрæнбон...**

**Цард йæ фæндаг иу нысаныл бастæй**
**Амадта йæ сызгъæрин рæхысæй,**
**Æз цыдтæн, хъаймæты зынтæ састон,**
**Фæлæ ’ргомæй дунемæ нæ хызтæн...**

**Цардыскæнæг, зæддоны фæбадай?!**
**Иу бон аззад арвы рухс дуар гомæй,**
**Æмæ зæххы цардмæсидæг зардæй**
**Рухс дунемæ райгуырдтæн æргомæй...**

**Хурмæ скастæн... Стыр дунейы хицау**
**Мæн ыскодта рухс зæды æртахтау,**
**Уарзты монц мыл фидыцмæ æмхицæй**
**Бакалдта йæ сызгъæрин æртæхтæ...**

**Æмæ айхъуыст гутондары кадæг,**
**Атар мигъау хуры тынтæй сау дуг, —**
**Уæлдæф, ирд дон, зæххы сойæ цадæг**
**Ацыди мæ тугдадзинты хъарм туг...**

**Фестади дзыккуджын чызг мæ разы,**
**Уадындзы зæланг хъæлæс уыд растдæр...**
**Амонды бындургæнæг фæразон**
**Мæн ыскодта йе ’ррагæнæг уарзтæй...**

Арв — дзæнгæрæг... Диссаг цагъд ныккодта,
Азæлыди сабийæн йæ худын, —
Афтæмæй цъæхриу уалдзæгау кодта
Дун-дуне мæ амондмæ тæхуды...

Райдыдтон уæрæх риуæй фæлгæсын,
Зонды тых кæдæм не 'ххæссы, уырдæм,
Иу планетæ иннæуыл ныхасын,
Хъавын дуне иу кæнынмæ удау...

Фæлæ зонын — сау сæрсæфæн, сау рындз
Мæн кæндзысты царды рухсæй сидзæр, —
Сау æвдиу мын аскъæфдзæн мæ уадындз,
Фæлæ нæу мæлæты нысан уый дæр...

Ног мæ цард æнусон бæлццон фестдзæн,
Уый цъæх арвы бафтаудзæни дисы,
Æмæ та æнæкæрон дунетæм
Атæхдзынæн цардагур фæдисы...

## ХЪЫСМÆТ

Къæвда рæстæг уа, арф миты лæгæрдæн —
Мæ сагъæс у æгæр уæззау... Цæуыл?
Мæхицæн тулдзæй сарæзтон лæгуæрдон
Æмæ фæдисæй тар хъæдмæ цæуын...

Цæуын... Фæцæуын Сау хохы лæгæтмæ,
Мæ хæдзар уым ис, уыцы ран цæрын, —
Цæмæй фæфидон арф кæмтты лæггæдтæ,
Мæ хъисфæндыр æрхæндæгæй цæгъдын.

Æрттивынц ам бæрзонд хæхтæ ызгъæртау,
Æдзæрæг дуне — сау мигъты хæтæн,
Тæдзынæгау мæ цæссыгтæ ызгъæлынц
Зæлангтæнгæйæ фæндыры тæнтæм...

Цы у мæ цард? Цæмæн хъуыди мæ райгуырд?
Мæнæн у цардау бурцæст хур зынаргъ, —
Æрмæстдæр царды уымæй фæдæн райгонд,
Кæй мæм фæдары хъарм æмæ цырагъ.

Æз иунæг дæн, æмбал зынæг нæма ис,
Бæрзонд хæхты, хæтгæ-цæргæ, мæ къух
Нæ сахуыр ис цыкуратæ нымайын, —
Нымайын арвы стъалытæ æдзух...

Уæдæ кæм ис æмсæр зарды Фæлвæра?!
Хъæддаг æрсытæй ме 'рдхордгæндтæ ис,
Мæ хъисфæндырыл ацæгъдын фæлварынц, —
Сæ ныхтæй мын фæцæйтонынц йæ хъис...

Цæрын æз афтæ: тар хъæдæн йæ сагъæс
Куы райхалон, уæззау хæхтæ мæнæн
Уæд ратдзысты дзыхъхъыннæуæг уæззау хæс,
Æмæ мæм калдзæн диссаг балц тæмæн...

Цæй, размæ уæдæ! Арæмыгътон рæхыс
Тыхджын риуыгъдæй. Тул мæ уæрдон, тул.
Дæ фæндаг хæхтыл дун-дунетæм ахызт, —
Дæ иу цалх мæй у, иннæ цалх та — хур.

## ТОХ

*Тедеты Карлойæн*

Хъаматы сырх зынджытыл куы кафыс,
О ирон лæг, макуы уай фыдох,
Йе кæнæ хъæбатыртыл куы зарыс,
Уæд, зæгъ-ма, цæмæн фæдзурыс «Тох!»

Цард зæххыл кæд лæгæрста æмхуызон,
Уый тæрхон у: фесæф кæнæ рæз,
Агуырдта-иу алчидæр йæ хъузон —
Адзалæй ирвæзыны фæрæз...

Стыр дунейы тугуарæн тæрхоны
Бирæты ми сусæггæнгæ нæу:
Радтой-иу сæ фыдгултæн сæ хоты,
Кæнæ та дæ зонгуытыл æрлæуу...

Фæлæ нæй, дæ хауæггаг хъысмæтæн
Арвæрдынæй абарæнтæ нæй;
Кодтай-иу æнусбонты æхсæв дæр
Хъамайыл хæцгæ-хæцын фынæй...

Æмæ зонæм, арвы сонт ныдздзæхстау,
Мах нæ кæнæм уыцы фæндаг рох.
Дард æнустæй радзырдтай фæдзæхстæй:
«Охх, мæ боныл, сомбоны цот, тох!

Фæлæ ныр куы бафæрсæм кæрæдзи:
Кæд нæ зыдта удæнцой нæ къах,
Уæд нæ халы амондæй цы фæци?
Карз тохæй цы фос фæкодтам мах?

Кæд, мыййаг?.. Цыфæнды аххос фестæд, —
Не скодтам бындурæвæрд нæ фаг,
Кæнæ та нæ хъæддаг зонд кæй фесæфт,
Уый азар нæ басыгъта, мыййаг?

Хъамайæ куыд баивтам фыссæн сис?
Намысы куыд баивта къæбæр?
Не стыр ныфс, нæ сæрбæрзонд цы фæцис?
Хос хъæбæрæн ценнæ у хъæбæр?

Исы махæн не сулæфты не знаг,
О ирон лæг, ма фæу хæрам, —
Зарæг фескъуыд, аныхъуырдтам не ’взаг,
Мах нæ зæххы хъарм дзулау хæрæм.

Уый цы ’рцыди?!.
Донкъуырæнмæ алкæм
Ласы мах нæ сæрзилæн тых, зон!
Ма кæ! Ма дзур! Тохы кой мын ма кæн, —
Раскъæф арвæй кафгæ-кафын зонд!

## АУАДЗУТ МÆ

Судзынц риуы бæллицтæ цыренæй,
Денджызау æнæбын ысты — арф:
Зæххыл æз нæ бафсæстæн цæрынæй,
Афтæмæй мæ сбæллиц кодта арв.

Хур йæ зынг цæст фæсцъити æрсагъта,
Саджил хох æй ахордта кæфау,
Сау цæргæсау сау æхсæв æруагъта
Дунейыл йæ базыртæ уæззау...

Арвыл байтыгъд стъалытæ — куыристæ,
Уым фæкарста хуры чызг йæ хуым,
Мæкъуылæй йæ дзаумæттæ куы ’риста, —
Баззади уæд йе ’ндон æхсырф уым...

Ауадзут мæ,
Бауурæндут мæ ныфсыл!
Домы мæ ыстыр тыхтæ мæ дуг.
Уæлæ арвыл къæлæтмæй-æхсырфыл
Хъуамæ ахсæв бавæрон дзæбуг...

## ХАЛОН

Ныр нæ рагон таурæгътæ куыд халон,
Фæлæ сын æнæ зæгъгæ дæр нæй:
Цард нæ сыхы иукъахыг цъæх халон
Цардæмхицæй, базырджын, куырмæй.

Кæрчытимæ иу къахыл гæпп-гæппæй
Хордта алцы, базæронд бынтон,
Фестъæлфыд-иу иу чысыл фæтæппæй...
Уымæ гæсгæ иу таурæгъ зыдтон:

Халон, дам, йæ уæны дæр фæкæсы,
Базоны цы йæм кæсы фыдæй,
Дунемæ уый айдæнау фæлгæсы
Хъалæй, æви уый кæна фынæй...

Цард, ӕнусӕй иннӕмӕ дӕр бафтгӕ,
Иу зӕронд лӕг ардхӕргӕ дзырдта:
— Базыдтон ӕй ацы хъӕуы афтӕ,
Уый мӕ фыд дӕр афтӕмӕй зыдта.

Кодтой зӕххыл тугдзых цаутӕ цоппай,
Ацу ӕмӕ рох ӕнустӕ къах, —
Чи зоны йын йе 'рцъыккӕхсон топпӕй
Асаста мӕ фыды фыд йӕ къах...

Алцӕмӕн дӕр хъалон у йӕ мӕлӕт,
Уый хъысмӕтӕй алкӕмӕн лыг у,
Фӕлӕ халон цасфӕнды фӕцӕрӕд —
Йе уоны каст, зонын ӕй, мӕнг у.

Ӕмӕ цардыл макуы цӕуӕм сайдӕй,
Ирвӕзӕн нӕу уӕны каст бынтон,
Стыр дуне йын уымӕн фестад айдӕн:
Уый кӕй федта хур ӕмӕ зындон...

## ӔРРАДОНӔЙ

Ӕррадон... Бӕрзонд уӕладзыг... Рудзынгӕй
Каст ӕрра лӕг дун-дунетӕм, дард хӕхтӕм...
Раст цыма уый цавддур фестад, бандзыг и —
Агуырдта йӕ тарф хъуыдытӕн ахӕтӕн...

Каст тызмӕгӕй, цӕстытӕ ныддымстысты,
Дуне йыл фӕталынг вӕййы, ракӕсы...
«Чи у? Чи у? — Алырдыгӕй хъуыстысты
Фидистӕ. — Уый дунемӕ ӕрра кӕсы...»

«Гъей, мӕнгӕрдтӕ! — лӕг дын сӕм ныууырдыг и, —
Нӕй сымахӕй цардамӕндтӕ радомӕн.
Нӕу ӕррадон ацы хӕдзар, уырдыгӕй
Ӕз кӕсын рынчын дуджы ӕррадонмӕ!..»

*КЪОДОТЫ Олег*

# ШОФЫР

*(Уацау)*

*’Ærmæст дæ æдзухдæр йæ базыры бын
Уастырджи дарæд, Уастырджи дарæд!..*

*Дæбон хорз, чиныгкæсæг!*

*Фæлæ ма дæ къухтыл схæц хæрдмæ. Хæрдмæ, хæрдмæ!.. Схæц дæ къухтыл хæрдмæ! Æнæхъазгæйæ зæгъын... Бæрзонддæр, бæрзонддæр!.. Ноджы бæрзонддæр!*

*Æмæ ма афтæмæй дæ цæстытыл ауайæд ныр ахæм ныв. Снайпер... Æцæг гъæйттмардзæ рæстдзæвин!.. Æд æргъæвд фондзæхстон. Замманай ныркккон оптикон хъавæн кæмæн ис, ахæм. Бабадт дæ размæ. Æмæ дæм дзы æрхъавыд.*

*Ныддардта дæм, уæдæ, чиныгкæсæг, нæ снайпер йæ хæцæнгарз. Æрхъавыд дæм дзы йæ уазал цæстæй, дæ ныхмæ дын дзы æрхъавыд. Кæнæ дæ зæрдæмæ растдæр. Дæ къæмисæнмæ, дæ къахмæ... Æмæ цы уæлдай у, кæдæм?!.*

*Йæ бæллæх уый мидæг ис, æмæ дæм дзы æрхъавыд, уæгъд дæ нæ уадзы. Сайд нæ зонынц дыууæ дæр, афтæмæй. Йæ къухтæ дæр сабыр, йæ зæрдæ дæр, æмæ æхсæнгарз дæр. Æмæ сæ хъыгдарæг дæр нæй.*

*Ахæм ныв!..*

*Æмæ дын гъеуый нæ цард рагæй дæр. Бæрæг дæр ын нæй, кæд æмæ дæ кæцæй æрбагæрах кæндзæн фыдбылызы рæстдзæвин, уымæн. Уæлдайдæр та абон.*

*Искæй зондæй æмæ нæхи чъизи къухтæй та «ног» цард куы аразæм, уæд. Нырмæ фынæй уыдыстæм, цъиуты сайд, цагъартæ. Ныр бæстæ иннæрдæм фæлдахæм!.. Худæгæй марæм кæйдæрты, афтæмæй.*

*Уæвгæ та уый æндæр зарæгæй у. Кæнæ та хъарæгæй. Æмæ йæ куыд фæхатыдтон, афтæмæй никæй ницæмæн бахъуыд, зыбыты къуырма йæм систы адæм. Ызноны адæм. Абон цы сты, уымæн бæрæг дæр нæй.*

*Æмæ бар сæхи. Æз уый зонын, æмæ чи цы аразы, уый фыццаджыдæр йæхицæн. Æмæ йæ сæры къуыдырæн. Фæлæ мæ ныв дæ цæстытыл æнцонтæй хъуамæ ауайа, чиныгкæсæг. Уымæн æмæ рæстæг у ныр. Киноты, телевизоры, суанг ма театры дæр æндæр ницыуал фендзынæ: гæрæхтæ, туг, хъæддаг хъæртæ æмæ æрдæгбæгъгнæгæй ракæ-бакæтæ.*

*Фæлæ нæ рагон рæстдзæвин!.. И?.. Ничи дзы рох кæны уымæй!.. Æмæ йæм нымады дæр нæу, зонджын дæ ды, æви æдылыдзæф, хорз дæ, æви æвзæр, раст дæ æви æнæраст.*

*Ис не'хсæн амондджындæртæ, кæмæн фæтулы, ахæмтæ. Ныхас дæр ыл нæй. Фæлæ цыфæнды бынтыбыр ма у, бынтыкæсæг, цыфæнды хинæйдзаг, куыдфæнды арф ма ныббыр, ныгъуылд уæрццау, дæ ахстоны, куыдфæнды дæрдтыл ма зил дæ фырзæнддживнæй æрцæудзæн бон, æмæ дыл йæ уазал, йæ ирд цæстытæ схæцдзысты. Æмæ дæм уæлдай æгъатырдæр ма разына уæд, чи зоны.*

*Æмæ дæм багуыбыр, уæдæ, чиныгкæсæг, мæ хæлар, нæ фыдбылызы снайпер. Ды та уыцы рæстæджы дæ царды кой кæныс. Иу хатт цæрыс ацы зæххыл æмæ дæ чысыл амонды ахстон быйыс, уæдæ куыд?.. Фæцæуыс дæхицæн кæдæмдæр, зæгъæм, кæд нæ ницæйагæй «стыр» хъуыддæгтæй нæ ныффæлладтæ æмæ не'рбадтæ искуы, кæнæ та сæ уæлгоммæ нæ ауагътай дæхи бынтондæр, уæд.*

*Уæвгæ та — тагъд кæндзынæ ды, нæ дæ'вдæлдзæн. Æхцатæ аразын хъæуы! Æмæ ма дæ фыдгул дæр аззайæд фæсте ахæм ахсджиаг хъуыддаджы. Æхцатæ, æхцатæ — æмæ ма ноджы дæр иу хатт æхцатæ!.. Хъуыды ма йæ кæныс: иу дæлæмæдзыд та нæ йедыл ардыдта, ахуыр, дам, ахуыр æмæ ма ноджыдæр иу хатт ахуыр. И?.. Уæллæй!.. Кæм æхцатæ — æмæ кæм ахуыр?! Æхца дæм куынæ уа, уæд Сократы сæртæй дæ уæхсчытыл авд дæр уæд. Ницы у лæг æнæ'хцатæй!*

*Æниу — æхцатæ аразынил дæр ахуыр хъæуы. Æмæ уый дæр мæнæ нæй. Тæф никуы кæнынц, уый раст у. Фæлæ сæ растдæр бæллиццаг Штаты куыд аразынц, афтæ аразын хъæуы. Æмæ тагъддæр!.. Сæ разæй та куыд фæуæм, афтæ. Немыц дæр сæ аразынц, апойнæгтæ, Китай, фæлæ куыддæр æнкъард, хиды тæф дæр ма сæ кæлы цæмæндæр.*

*Æмæ цæй улæфт æмæ цæй æндæр, мæ хæлар, уæдæ. Аразын сæ хъæуы, æмæ срæуæг дæ ды дæр сæ фæдыл æхцатæн æзраз-дæронæй. Кæмæй сæ тона хъуамæ ракæнай, кæй та сайгæ. Кæнæ та уал сæ курынмæ цæуыс искæмæ. Йе та радавынмæ, цы нæ вæййы?.. Ныр алцыдæр фидауы лæгыл.*

*Уæдæ йæ йæ хæстæ бафидын дæр кæм нæ бахъæуы лæджы иуæй-иу хатт, уыдонимæ дæр хъазæн нæй. Кæнæ налогтæ ба-фидын, коммуналон фиддонтæ, газы'хца, рухсы'хца. Æмæ сæ фæхæссыс ды дæр, мардмæ цæуæгау. Уæд та цы нæ вæййы, зæгъгæ. Гæнæн дзы нал ис, уæд сæ цас тагъддæр фервæзай, уыйас хуыздæр.*

*Чи зоны, кæнæ та куывдмæ тагъд кæныс искуыдæм, чындзæхсæвмæ. Æризæр, цыдæртæ дын антыст æмбойны, æмæ ма дугъон бæхы дæр куы фæвæййы æрулæфты бон. Стæй адæ-мы'хсæн куы баддзынæ, æмæ уæд та исты хъуыддаджы лæгимæ азонгæ дæ, исты (уый та ноджы хуыздæр!) бизнес-ледиимæ алымæн дæ, æмæ дæ уый фæстæ искуы бахъуыдысты, къух, дам, къух куы'хсы. Æмæ тагъд кæныс, дæ цæстытыл дæр ма уайы, дзадждзын фынджы уæлхъус куыд бадыс, æмæ дæм рæгъ кæд æрхæццæ уыдзæн, уымæ куыд æнхъæлмæ кæсыс. Куы вæййы царды ахæм уысмтæ дæр.*

*Гъе та, чи зоны, иу дзæбæх сылгоймагимæ тагъд кæныс ис-куыдæм, кæнæ дæ хорз æмгаримæ. Æмæ уыл худæг бахæцыд, фæрстæ хæлд кæнут исты анекдот, кæнæ худæг хабарæй. Вæййы, уæдæ, ахæм уысмтæ дæр. Хуыцауы бын цæуай царды, æви'хца-ты бын, коммунистты, æви демократты, хæсты, æви нæмгуыты, — хуртæ æмæ мæйтæ ракæсы лæгыл иуæй-иу хатт, бахъæлдзæг вæййы цæмæйдæр. Æдылы доны хъæрмæ куыд бакафа, афтæ, чи зоны, æнæ'фсонæй дæр ма мæлыс худæгæй.*

*Кæнæ та хъазты дæ, чи зоны, искуы. Æмæ кафыс дæхицæн, замманай чызджы нарæг астæуыл æрхæцыдтæ. Ануæзтай уый размæ иу-дыууæ, æмæ дын цы у!.. Йæ йæ аив хæрзконд гуы-рæй, йæ фæлмæн мидбылхудтæй дæ сæр дæр ма разылд уæртæ.*

*Æмæ срæуæг дæ афтæмæй, кæм ма дыл хæцы цæст дæр.*

*Вæййы, вæййы царды амонды уысмтæ!..*

*Æмæ дæм уыцы рæстæджы та нæ фыдбылызы снайпер æрхъавыд. Фæцарæхст дæм æмæ ма дæ гæрах дæр бакодта!..*

*Ахæм ныв, уæдæ, ахæм абарст!.. Цы ма уа æвзæрдæр?!.*

*Фæлæ цы у, уый у: афтæ у нæ хъуыддаг рагæй дæр. Иу та ма дзы хъысмæт хуыйны, æмæ дæ дæ Хуыцау кæд æркъуырдзæн, уымæн бæрæг дæр нæй.*

*Ныр та ахæмты рæстæг у бынтондæр: бизнесментæ æмæ олигархты, боевиктæ æмæ детективты, рекетиртæ æмæ киллерты, куы ма йæ загътон. Æмæ æнцонтæй ауайдзæн, хъуамæ, дæ цæстытыл ацы ныв.*

*Æрмæст, — афтæ тынг дæр дзы ма фæтæрс, чиныгкæсæг, мæ хæлар, дæ уд дæ къæхты бынæй ма ауайæд. Ау, уæд ма нæ цард дæр цы у?!. Арв куыд нæры, афтæ нæ цæвы.*

*Стæй дæр: хорз куы фæфынæй кодтай коммунистты рæстæджы. Дæхæдæг æй куы фæзæгъыс, уæд, дам, зивæджы aзтæ уыдысты, мидцоппайы рæстæджытæ. Æмæ фидардæр нервты хицау хъуамæ уаис уæд.*

*Тыххæй дæр дын ничи уыд, уæдæ, дæхæдæг равзæрстай ахæм цард.*

*Æмæ æруадз ныр дæ къухтæ. Алчидæр йæхи гуылы бын арт кæны. Æмæ ма мæн, мæ мæгуырау хабары сыфтæ мын афæлдæхтытæ кæнай, уый мæт дæр ис. Кæд дзы уа-диссагæй дæр ницы ис, уæддæр.*

*Æцæг, кæм мæ бахъуыд уый, уымæн мæхæдæг дæр ницы зонын. Фæхæццæ дæм иугæр, уæд мæм дзы исты капеччытæ дæр æрызгъæлдзæн... Тфу, тфу, тфу!.. Æмæ уæд къах дæ роны, фæнды йæ кæс, фæнды ма.*

*Фæлæ, æвæццæгæн, абон дæр ма нæй айдагъ æхцаты лæджы амонд. Куыд сæ никуы уыд, афтæ.*

* * *

Гакки, дам, гукки — гæлæбу; дукки, дам, дакки — чъырттым цъиу... Гъеуый дын адæймаджы цард!..

Раджы бафæллад Доме йæ цардæй. Æмæ адæмæй дæр. Æнад дæр ма йын фестынц.

Райсомæй раджы сыст — æмæ дæм уартæ рудзынгæй зынынц хæхтæ. Æнгомæй фæцыдысты хæрдмæ, æмæ сæ цъæх-

цъæхид арв рæвдауы хъулон хъæбултау. Хур дæр скаст, уæдæ, йæ хъал тынтæ дæм рудзынгæй дæр ма æппарынц сæхи хъазгæхъармæй. Бæлæстæ сæ сыфтæртæй хъазынц æмæ сæ тæккæ тыхыл сты.

Стæй уæд бар-æнæбары дæр дæ гуыбын нынняæм истæмæй, дæ чъизи уæлæдарæс ыскæн æмæ дæ хæлддзаг машинæйы уæлхъус балæууу. Уынджы та уыцы иу адæм, уыцы иу ныхæстæ уыцы иу ракæ-бакæтимæ.

Ницы хорзæй!.. Ницы у цард!..

Коммунистты рæстæджы дæр бирæ фæкуыста шофырæй, кæд уæлдæр ахуыр дæр ма райста æмæ йæ рæстæджы сæнттæ дæр йæ фаг фæцагъта фидæны ныйвтимæ бастæй, уæддæр.

Цалдæр азы æрдаудта горæты стырдæр куыстуæттæй иуы. Æмæ утæппæт шофыртæй цы нæ райхъуыстаид, цы нæ сын антыстаид, ахæмæй ницыуал баззад. Йæ сæрыл дæр ма-иу ныххæцыд лæг сæ мæнгард, сæ ницæйаг митæй. Цæсты фæныкъуылдмæ дын дæ машинæйæ исты феппæрстаиккой бон-сихорафон дæр ма. Æхсæв та сын арт æмæ фæнык дæр нæ уыд.

Абон йемæ цæхх æмæ кæрдзын хæрыс, фæйнæ дæр иумæ нуазут, райсом та йæм цæмæфæнды дæр æнхъæлмæ кæс. Кæд нæ уыд æхцайыл мард та адæймаг?.. Кæд кæмæн фаг кодтой йæ капеччытæ та, се ’рымысæгæн та сын цы зæгъа лæг... Æмæ фылдæр акусыны, хуыздæр рейс скæныны охыл шофыртæн сæ фылдæрмæ цæмæфæнды дæр æнхъæлмæ кæсæн уыд. Цæй цæсгом æмæ цæй æндæр, цæй æмгар?!. Æрмæстдæр рæвдз лæуу!

Æцæг, уæд цæрын æнцондæр уыд — бирæ хъæлдзæгдæр. Фæлæ-иу ахæм сайд аластой лæджы, ахæм бæгънæг-иу ын акодтой йæ машинæ, æмæ фæнды лæуу дæ къæхтыл, фæнды ахау. Райсомæй æрбацу, æмæ дæ автобус мауал базон, уый диссаг у, уæдæ цы у. Кæнæ та сæумæцъæхæй рейс кæнынмæ ссу æмæ дын путевкæ дæттæг нæй. Цæмæннæ?.. Нæ зындтæ æмæ, дам, уый æмæ уый арвыстам дæ бæсты. Æмæ никуы ссардтаис рæстдзинад. Ницы хуызы. Аххосджын дæр ма дæ фæкодтаиккой. Кæнæ та хъазынмæ аздæхтаиккой ныхас. Уый дæр сын æнтыст, уæдæ нæ.

Стæй уæд коммунистты раппæрстой. Растдæр зæгъгæйæ та, сæхæдæг раппæрстой сæхи. Сæ цæсгомы муртæ дæр ма кæм бахордтой, æмæ сæ æцæг коммунисттæй кæм ницыуал уыд, уым. Æхцамæ æввахсдæр куыд уой æдасæй, афтæ бакодтой.

Æцæг коммунист та, зæгъа, йæ фыдыфыд уыд: æд партбилет, æд цæсгом æмæ æд коммунисты митæ æмæ цард. Фæлæ йæ фыд дæр коммунист уыд, кæд партийы рæнхъытæм нæ бабырыд æмæ, сабыргай æгад кæнын чи райдыдта, уыцы сырх чыныггонд йæ дзыппы нæ дардта фелвасынмæ цæттæйæ, уæддæр. Уыдис коммунист йæхи мидæг, æнæрæнхъон коммунист цыдæр. Растæй чи фæцард куыст æмæ адæм уарзонæй æмæ йæ кæстæрты раст фæндагыл чи ардыдта, ахæм. Бирæ уыд ахæмтæ, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи рацыд, уыдоны ’хсæн, кæд сæм ныхасы бар нал æрхаудта йæ рæстæджы, уæддæр. Зынцард фæкодтой ахæмтæ, цæсты нæ ахадыдтой, афтæмæй, стæй сын, йæ фыдау, сæ зæрдæты нытту ластой ног цард аразджытæ. Æмæ сæ афтæмæй арвыстой мæрдты бæстæм.

Æниу, уæлæуыл сæ чи баззад æмæ лæзæры, уыдоны хъысмæт æм мур дæр нæ кæсы хуыздæр йæ фыды хъысмæтæй. Ныр, йæ фыды мæлæтыл къорд азы куы рацыд, уæд. Йæ фыд ма-иу афтæ уæддæр бакодта: «Уыдон сты æдылы митæ, æнæсæрты, фыдгæнджыты æмæ знæгты фæстаг гæрæхтæ. Коммунисттæн та чи цы кæндзæн?!. Иу-дыууæ азы ма, стæй алцыдæр йæ гаччы сбаддзæн. Кæм коммунизм æмæ кæм дин æмæ цавæрдæр «демократтæ»?!.»

«Мæгуырæг, папæ!.. Æцæг коммунисты фырт»... Никуы фембæлд Доме йæ фыдæй хуыздæр, йæ фыдæй сыгъдæгзæрдæдæр адæймагыл. Æмæ никуыуал дæр фембæлдзæн. Нал ис Советон Цæдис, æмæ ма чи рауадздзæн ахæмты адæмы рæгъмæ?.. Хорз у, æмæ ма æд ныфс уæддæр амардис. Рухсаг уæд.

Йæ мад дæр коммунист уыд æд партбилет. Æмæ ма ныр дæр ахæм цыдæр у зæрондæй дæр. Цæрæнбонты дохтырæй фæкуыста йæ чысыл мыздимæ, æмæ кæд истæуыл ардыдта йе ’ртæ фырты æмæ иунæг чызджы, уæд фыццаджыдæр партимæ бацæуыныл æмæ царды «хорз» бынæттæ ’рцахсыныл. Хивæнд у рагæй дæр, фидар зæрдæйы хицау, сæ фыдыл дæр ма йæ бон цыд царды хъуыддæгты. Фæлæ сæ никуы никæмæй баззад разыйæ. Иу дæр сæ æвзæр нæ ахуыр кодта, сæ кæстæр æфсымæр йеддæмæ иууылдæр уæлдæр ахуырад райстой, царды сæ бынæттæ ссардтой иууылдæр. Фæлæ сæ, уый куыд фæндыд, афтæ «бæрзонд» ничи стахт. Цæй тæхгæ, уæд быргæ кодтой адæм хæрдмæ. Æмæ ма сæ уый дæр никæй бафæндыд. Мæнгæн-иу

куынæ бакодта, уæ фыды туг рахастат иууылдæр, зæгъгæ. Партимæ дæр ма сæ ничи бацыд, сæ хистæр æфсымæр йеддæмæ. Æмæ уый дæр, куыд æй хуыдта, рæнхъон парторгæй фæкуыс-та алы рæтты. Цалынмæ йæ партбилет æмæ йемæ баст æдзæлгъæд хæстæй бынтондæр нæ фервæзт, уæдмæ. Кусы ныр дæр, иунæг уый сæ баззад сæ райгуырæн хъæуы цæргæ, хорз агрономыл нымад у, афтæмæй.

Йæ мады та чи нæ уарзы. Мæнгæн куынæ бакæнынц, зæгъгæ, сохъхъыр гæдыйы лæппын дæр ма, дам, йæ мадырдæм фæхæцы. Æрмæст Домейы нæ уырыны, æмæ сæ цыппарæй исчи сæ фыдæй сæ мады фылдæр уарзта, уый. Сæ иунæг хо... Æмæ ма йæ уымæн дæр никуы уыд йæ бон æмбæхсын рæстмæ, сæ фыд ын ад-джындæр кæй у, уый. Æцæг, сылгоймаг сылгоймаг у, æмæ сæ йæ мады зæрдæ алхæнынмæ дæр уымæй рæвдздæр ничи уыд, уымæй æрхъуыдыджындæр. Уæлдайдæр та ныр, иунæгæй куы аззад, уæд.

Фæлæ куыд коммунист, афтæ йæ мадыл хъуыды кæнын дæр никуы уарзта Доме. Никуы йæм ницы каст, сылгоймаг-комму-нист-иу ын хицау куы уыд, уымæй зындæр æмæ хъыгдæр. Ба-хъуыд, уæд уыдонæн бынтон сæ разæй цыд сæ партбилеты тых. Афтæмæй та бæрæг дæр нæ уыд, сылгоймаг цæй коммунист хъуамæ уа, уый. Æмæ бирæ куынæ суыдаиккой, уæд, чи зоны, æмæ ахæм æгуыдзæджы ранмæ дæр не ’руагъташкой сæхи утæппæт партбилетты хицæуттæ.

Æниу, нал сты уыдон, сылгоймагæй дæр æмæ нæлгоймагæй дæр, сæ худинаг æмæ сæ фидиссаджы хъæр ма цы баззад, æндæр. Нал ис Советон Цæдис дæр. Баззад ма стыр Уæрæсе йе стыр бæллæхтæ æмæ йе стыр проблемæтимæ, йæ зын цардимæ. Бын-тон æндæр адæм дзы цæры ныр. Æмæ сæ базарцард, сæ бирæ-гъы скондимæ абаргæйæ, кæддæр-иу Доме æрра кæнын цы га-ражæй райдыдта, уыцы митæ ныр лæгмæ сывæллоны хъазæн миты хуызæн дæр ма æркæсынц.

Хæлын райдыдтой уæд гаражтæ. Дымгæ кæцæй дымы, æмæ æхцаты тæф кæцæй тынгдæр кæлы, уый раздæр кæмæ бахъардта, уыдон ныр та æзраздæронæй сæ машинæтæ райдыдтой хица-уадæй асламæй æлхæнын. Кæнæ та æндæр гаражты балхæдтой капеччытæй амæй-ай хуыздæр машинæтæ сæ хæстæджытæ æмæ сæ къабæзты, сæ дзæбæх зонгæты руаджы. Доме та йæ дзæбæх зæрдæйæ, машинæтæ æмæ шофыртæ кæй фæкъаддæр

сты, кусын кæй фенцондæр, æмæ йæм хуыздæр автобус кæй æрхауд, ууыл цин кодта æнæхъæн цасдæр.

Фæлæ йæ мызд дæр фæкъаддæр. Мæйгæйттæ дæр ма-иу æй нал райста. Æмæ, адæмимæ кæм сахуыр кусыныл, йæхи сæм кæм ласта, уым иу цалдæр куыстуаты раивта. Автобусыл, стæй та маршрутон таксийыл, уый фæстæ хуымæтæджы таксийыл куыд куыстаид, афтæ.

Æрмæст — уый раздæры куыст нал уыд. Нал хъуыдысты кæддæры автобустæ горæты уынгты, бынтон æндæр хицæуттæ сын уыд ныр куыстуæтты дæр, æмæ паддзахады такситæн дæр сæ рæстæг цæуын райдыдта уæдмæ. Уый та фондз сывæллоны хицау уыд. Дарын сæ хъуыд. Æргътæ та тахтысты хæрдмæ. Æмæ йæм æрæджиау куы бахъардта, фæнда дæ, нæ дæ фæнда, уæддæр уыцы æхцтæ, æхцатæ æмæ ма ноджыдæр иу хатт æхцатæ йеддæмæ царды кæй ницыуал баззад, уæд дæр иу бон æрфæнд кодта КАМАЗ балхæныын. Иунæгæй куыд куыстаид æмæ, къæссафæлдæхт чи фæцис бынтон æмæ-иу йæ удхæссæг уынын дæр кæмæй райдыдта сæ зыд æмæ кæрæфæй, уыцы адæмимæ йæ къаддæр куыд уыдаид хъуыддаг, афтæ.

Цæй æхцатæ йæм уыд! Стæй машинæты аргъ дæр уæлæмæ фæтахт. Фæлæ йын уыд хæстæджытæ, æфсымæртæ æмæ хорз зонгæтæ. Уарзтой йæ сæ фылдæр æмæ йыл æууæндыдысты, тынг кусаг æмæ раст адæймаг кæм уыд, уым. Æмæ хæсты бабырыд уый дæр, балхæдта, кæд ног нæ, уæддæр алцæмæй дæр æххæст æмæ рæвдз КАМАЗ, дыууæ азы кæуыл цыд, ахæм. Æцæг уал æнæ æмхасæн гуыффæйæ.

Æмæ йыл кусын райдыдта. Уæд Ирыстон æнæхъæн Уæрæсейы фæкодта водкæ æмæ спъиртты бын. Æмæ йæм иу-дыууæ азы дæргъы хорз æхцатæ хауд. Бафыста уайтагъд йæ хæстæ, прицеп дæр ма балхæдта иу афон.

Фæлæ уæдмæ спъиртт æмæ водкæйы куыст фæзындæр. Æмæ йæм къаддæр хауын райдыдта: бынтон сбирæ сты дардмæ цæуæг уæзласæн машинæтæ. Æрзæронд йæ КАМАЗ дæр ахæм тых куыстыты, фæлæ та-иу æм базылд, йæ ахуырмæ гæсгæ, æнæзивæг æмæ бæстон, ницы дзы аирвæзтаид æнæфæкæсгæйæ.

Æмæ кусынц сæ дыууæ дæр афтæ ныр цалдæр азы дæргъы. Куыст та сын разыны. Кæд фæуыдзæн ныма махмæ базарцард, æмæ кæм нæ хъæуынц уыййас паддзахады уæзласæн машинæтæ? Куы йæ цы ласынмæ ’рцагурынц Домейы, куы цы.

Зыд никуы уыд, фæндагыл уæздан æмæ æууæнкджын, æнæ уæлдай митæ, æмæ иу хатт йемæ чи ацæуы амалджын адæмæй, уый йæ дыккаг хатт æнæрцагургæ стæм хатт фæвæййы.

Æвзæр хабар уый у, æмæ йæ зæрдæ риссын кæй райдыдта куыдфæстагмæ, æмæ ма ныр йæхæдæг дæр фæвæййы «зилинаг» йæ машинæйæ уæлдай. Æцæг низæй никуы тарст. Куыст цардæн фæрæз нæу æрмæст, зæгъгæ, фæлæ ма хос дæр æмæ æппæты хуыздæр рæстæгмарæн дæр, æмæ дын ницы хуызы ауагътаид йæхи уæлгоммæ, ницы хуызы батæеригъæд кодтаид йæхицæн. Исчи йын тæеригъæдтæ кæна, уый та бынтон нæ уарзта.

Ахæм уыд æрыгонæй. Æмæ ахæмæй баззад ныр дæр, йæ азтæ фæндзай фондзæй куы агæпп ластой, уæд. Фæлтау дын багуыбыр уыдзæн йæ машинæмæ цыфæнды æнæфæразонæй дæр æмæ истытæ архайдзæн бон-сауизæрмæ. Кæд-иу рейсы нæ уыд, уæд.

Æниу, фæндагыл дæр йæ хъуыддаг афтæ уыд. Зивæг нæ зонгæйæ, бирæ шофыртау дын ницы хуызы рабаддзæн йæ кабинæйы æмæ уым нæ мардзæн рæстæг сахатгай. Сахат нæ, фæлæ сахатырдæг дæр нæ бафæраздзæн афтæ фæбадын. Фæлтау та багуыбыр уыдзæн йæ «зæрондмæ» (афтæ хоны æй райдыдта куыд фæстагмæ), æмæ цыдæртæ архайдзæн. Арæх ма йæ сыгъдæг дзаумæттæ дæр нæ раивы, афтæмæй даргъ куыстыл фæвæййы.

— Иунæгæй цы фыдудæй мæлыс?.. Фæкæсон дæм исты? — зæгъгæ, йæ афарстай, уæд дæм йæ къух ауигъдзæн æмæ худгæйæ зæгъдзæн:

— Мæ мад дæр мæ иунæгæй ныййардта, æмæ... Мæхи бар ма йæ уадз ацы зæронды.

Æмæ та февнæлдта лæг дарддæр йæ хъуыддаг кæнынмæ. Фидæрттæ арæзтæй, мæлæты рæвдзæй баззад, æмæ, тыхджын кæм у, уым ыл мæлæты тынг фидауынц йæ куыст æмæ йæ фезмæлд.

Æцæг, аныхæстæ кæнын дæр уарзы адæмимæ, кæмфæнды ма уа. Æмæ машинæимæ нæ архайы, зæгъгæ, уæд та искæмæ хъуамæ байса йæхи æмæ ныхæстæ кæныныл схæца йемæ. Шофыр уа, милицонер, æви исты зæронд ус кæнæ лæг. Уый та хоны, йæ фыдыфыд Бартуйау, «лæджы царды тыххæй акъахын».

Ис ын уарзон ныхæстæ дæр. Зæгъæм:

— Дæ машинæ хъуамæ уарзай, дæ фондз къухы хуызæн æй зонай. Никуы бафсæддзæн машинæ дæ рæвдыдæй, фæлтау æм уæлдай хатт дæр бавнал. «Нæй» дын никуы зæгъдзæн... иуæй-иу

сылгоймагау. Ӕмæ дын «фаг у», зæгъгæ, дæр никуы зæгъдзæн... уый дæр бирæ сылгоймæгтау.

Шофыр у, æмæ дзы цы домыс?..

Фæлæ уæлдæр ахуыр райста Доме, историк у. Кæддæр афæдз ахуыргæнæгæй дæр ма акуыста скъолайы. Стæй йын аспирантурæмæ бацæуын куынæ бантыст йæхи тыхтæ æмæ сæрæй, уæд æфсадмæ фæцыд, уый фæстæ, йæхи загъдау, йæ «рейс сау куыстыл акодта».

Йæ мад та йын ахæм «рейс» нынныв ласта скъолайы фæстæ царды: университетмæ историйы факультетмæ бацыд, уым партийы историйыл ныххæцыд, уый фæстæ фæскомцæдисы хаххыл, кæнæ та, чи зоны, кæм исты куысты бабырыд, партийы рæнхъытæм бацыд цыфæндыйæ дæр. Ӕмæ стæй уæд — хиз уым уæлæмæ карьерæйы къæпхæнтыл!..

Ахæм маршрут. Ӕмæ, уæллæй, ныр иу æмæ дыууæ хатты не 'рфæсмон ласы, уыцы фæндагыл кæй нæ фæцыд кæронмæ, ууыл.

Ӕмæ афтæ бирæ дæр нæ ахæссынц йæ фæсмонтæ, стæй мæлæты тынг дæр нæ фæхæры йæхи, царды дзы кæй «ницы рауад», уый тыххæй. Кæддæр-иу ын афтæ бакодта йæ мад, хуымæтæджы шофырæй куы баззад, уæд.

Ныр дзы ахæмтæ нал фехъусдзынæ. Иуæй — азтæ, иннæмæй та — йæхæдæг сæ уыдта, ахæм «генералон пълантæй» цы рауад, уыдæттæ. Стæй — цыфæнды ма уа, уæддæр йæхæдæг дæр раст адæймаг уыд сæ мад, æмæ йæ сывæллæттæй исты гæртамхортæ, кæнæ 'хцайыл æмæ кадыл мард «стыр лæгтæ» рауайа, уый дæр æй нæ фæндыд.

Фæлæ алкæмæн дæр йæхи хъысмæт ис. Стæй, куы ахъуыды кæнай, уæд — ницы у цард. Уæлдайдæр та Уæрæсейы, æмæ уæлдайдæр та абон, бынтондæр куы сфидиссаг, уæд. Ӕмæ цы уæлдай у, министрæй йыл фæхæссай дæ сæр ацы зæххыл, прафессорæй, кæнæ исты президентгомауæй (ныр ахæмтæ — хæрх), æви хуымæтæджы сисамайæг, кæнæ шофырæй?..

Зæхх фæнæмæм мах иууылдæр. Стæй нæ иу бон сабыр хъæумæ ахæссынц...

Ӕмæ кæд афтæ дæр ма бакæны арæх Доме, зæгъгæ, базаргæнæг лæг, шофыр æмæ гаийы кусæг лæг адæммæ ницы бар дарынц, сæфт вæййынц иууылдæр, уæддæр бауарзта уыцы куыст. Ӕмæ йæ бауадз, уæд йæ КАМАЗæй хизгæ дæр не 'ркæнид зæхмæ. Афтæ — адæмæй дарддæрæй йыл æнæхъæн дунейы

фæндæгтыл фæзилид. Фенид ыл алы бæстæ дæр, алы къуым дæр. Стæй йыл иу бон комкоммæ мæрдты бæстæм балæууид, зæгъгæ, «Байрйай, Барастыр, мæнæ дæн. Ай дын мæнæ дæхион, æмæ мæ ме 'нусон бынатмæ фæхæццæ кæн».

Куыд æй хъуыды кæны, афтæмæй мæрдты бæстæм дæр лæвар нæ уадзынц. Харон у æви чи у, гъеуый къухы хъуамæ цыдæр капеччытæ фæсадзай, æмæ дæ уæд хæццæ кæндзæн, дзæнæтмæ у, æви кæдæм.

Æниу, махмæ адæм абон цы цæрдтытæ кæнынц, уыдоны фæстæ сæм мæрдты зындон дæр ма дзæнæты хуызæн фæкæсдзæн хъуамæ. Фæлæ, охх, уыцы æхцатæ!.. Куыд бахæры сæ мæт лæджы æмæ йын цытæ бавзарын кæны, куыд ныллæг æрæппарын у сæ бон цыфæнды сæрыстыр æмæ æнæрцæф адæймаджы дæр!.. Æмæ сæ Доме йæ удхæссæг куыд суыны, уый та?!

Æмæ куыннæ, кæд æмæ сæ цагъарæй агæпп ласта бар-æнæбары дæр уал азы дæргъы. Æмæ утæппæт адæммæ дæр адæмæй ницыуал баззад, æндæр сæ кæм ницыуал æндавы, уым.

Стыр бæллæх!.. Æмæ куыд раст уыд йæ фыд Домейæн, куыиу бакодта: «Æхца фыдбылызы хос у. Æмæ утæппæт адæмæй æхцайы цагъартæ куы саразой, уæд сæ цы рауайдзæн?.. Уæд ма сын фæнды дины кой кæн, фæнды демократийы!.. Кæрæдзи хæрынмæ та 'рцæудзысты».

Æмæ афтæ дæр рауад сæ хъуыддаг. Æхцайыл тохты бацыдысты. Æрмæст — Хароны къухтæм сæ кæй хъæуы æмæ сæ уыцы къухтæ дæр истæмæйты айсæрдын кæй бахъæудзæн, уый сæ ферох вæййы.

* * *

Ныр цард чи у, уый та фæцæуы. Рæстæджы шофыр æрлæууæрлæуу нæ зоны.

Æмæ дзы цæрын дæр кæм нæ фæхъæуы, уæдæ. Цæрын — уый та Домейы хуызæн бонзонгæ лæгæн нысан кæны кæддæриддæр кусын фыццаджыдæр.

Кæддæр, иу сæдæ азы размæ, фынддæс-æхсæрдæсаздзыдæй Доме-иу æмдзæвгæтæ дæр афыста сусæгæй, йæхицæн. Никуы сæ никæмæн равдыста, афтæмæй иу афон фервæзт уыцы низгондæй. Æвæццæгæн, сæ сыхæгты хъалгомау чызг æй иу бон йæ хуыссæнмæ куы басайдта, уый фæстæ.

Фæлæ æмдзæвгæтæ уарзы ныр дæр ма, музыкæ куыд уарзы,

афтæ. Æмæ сын сæ ныхæстæ арæх фæивтытæ кæны: «И вечный труд, покой нам только снится!» Арæх ма фæзæгъы афтæ дæр, зæгъгæ, Уæрæсейы абон иу аз ахæссын, дыууæ, æртæ азы рацæрынæй уæлдай нæу. Æмæ дзы, иу сæдæ азы размæ, зæгъгæ, кæй схауд, уым дæр стыр рæдыдæй ницы ис.

Фыдæбонæн гуырд куы уа лæг, уæд йæ куыст дæр йæ разæй фæцæуы. Шофыры куыст та машинæйæ у. Æмæ иу бон рейсæй куы ссыд Доме, уæд йæ КАМАЗ сбынæй кодта æмæ йæм иу дæс боны дæргъы дзæбæх фæзылд. Йæ маторы йын цыдæртæ баивта, цалдæр ног цалхы йыл бакодта, байсæрстытæ, бадзæбæхтæ йæ ласта. Æмæ куы срæвдз, уæд æм фæзынд клиент дæр. Мурат, зæгъгæ, сæ хæстæджыты лæппу.

Иу хатт ма уыд йемæ рейсы Доме, æмæ дзы ницы зæгъдзынæ æвзæрæй. Милицæимæ дзурын дæр зоны, куыд адæймаг, афтæ дæр уæздан æмæ æмбаргæ у, кæд æхцайыл чъындыгомау у, уæддæр. Стæй, хъæлдзæг уæвгæйæ, цы нæ дзы фехъусдзынæ, ахæм нæй.

Фæлæ йæ машинæ фехæлд уæд — Курсчы, картоф ласынмæ куы уыдысты, уæд. Æмæ йæ сыфцæй сластой уырдыгæй ардæм. Иу хатт ын кæимæ æмæ кæм нæ атула, уым ын дыккаг хатт дæр кæй нæ атулдзæн, ууыл та тынг райдыдта æууæндын Доме, азæй-азмæ фæндæгтыл уæвгæйæ.

Стæй сæ ласын та хъуыд банкæтæ, авгæй мигæнæнтæ аразæг заводæй. Авг та авг у, фæлæ ма Мураты зæрды уыд сæ быны дыууæ тоннæмæ 'ввахс спъиртт бамбæхсын дæр. Æмæ фыццаг фæхъуыдыйыл Доме, нæма срæвдз дæн, зæгъгæ, æфсон кæнынмæ дæр ма хъавыд.

Цард цард у, стæй базарады хъуыддæгты куы ныббырай, уæд дæ хæйрæджыты 'взагæй дæр ма сдзурын кæндзысты. Æмæ йæ бахъуыд Домейы иу цалдæр хатты канд водкæ æмæ спъиртт нæ, фæлæ ма æнæгæххæтт тамакотæ æмæ 'ндæр ахæм цыдæртæ фæласын, уартæ ма кæдæм æмæ кæдæмты.

Фæлæ йыл нæ дызæрдыг кодта Доме, исты та сыл кæй æрцæуидзæн Муратимæ, ууыл. Æмæ хиуоны 'фсæрмæй, æндæр цæугæ дæр нæ акодтаид йемæ. Стæй сыл уадиссагæй цæугæ дæр цы хъуамæ 'ркодтаид?.. Машинæ ногзылд, уæз рог. Спъиртт скъахдзысты искуы постыл, æмæ, ай-да-гъа, утæппæт æвгты бын. Скъахдзысты йæ — æмæ къах сæ роны: лæджы бастъигъынц, æндæр дыл судмæ куынæ ратдзысты, мыййаг. Кæм сæ

бахъуыд уый?! Стæй ’хцаджын лæппу у Мурат, спъиртт та хорз асламæй райста, махмæ та спъирттæй фылдæр цы и æмæ водкæйæ.

Йæ рейсы ’хцамæ дæр ын чи цы бар дары Домейæн, уæдæ. Уæд ма йын Мурат, цы бадзырдтой, уымæй фылдæр дæр бафыста, матормæ базилын мæнæ нæй, зæгъгæ. Æцæг, уæд та водкæ аласта сусæгæй, æмæ йæм дзы хаугæ дæр хорз æркодта йæхимæ. Æмæ сразы Доме, цы бадтаид æгуыстæй дæр.

Ноджы сæ цæуын хъуыд зонгæ ранмæ — горæт Вологдæмæ. Уырдæм кæддæр иу рейс скодта Доме йæхæдæг дæр. Фæлæ дзы Мурат иу цалдæр хатты æнæ уымæй дæр, азмæлдтытæ кодта, æмæ уый дæр мæнæ нæй ахæм дард фæндагыл æхцаимæ баст хъуыддæгты.

Æмæ йæм хаугæ дæр дзæгъæл хуымæтæджы нæ бакодтой. Вологдæйы иу цалдæр азы дохтырæй фæкуыста Сурен, Муратимæ сæ хæстæджытæй ноджы иу. Мединститут фæуыны фæстæ уырдæм ахауд, æмæ йæ куыст тынг хорз кæм зыдта æмæ уарзта, адæмимæ æвзаг хорз кæм ардта, уым æвзæр ном не скодта йæхицæн. Бирæ зонгæтæ йын дзы уыд, хорз æмгæрттæ. Æмæ, æмбаргæ, хиуонуарзаг лæппу кæм уыд, уым базарцард куы райдыдта, уæд нæхицæй ныххауæг лæппуты æнæ фæкæсгæ никуы ныуагъта, йæ бон цæмæй уыд, уымæй-иу сæм фæкаст.

Ссардта-иу сын бынат дæр æрлæууынмæ æмæ азмæлынмæ, кæд бинонты хицау уыд æмæ йæхи фатеры горæты астæу ахæм цыдæртæн фадат нæ уыд, уæддæр. Æмæ кæд фарон нæхимæ слыгъд йæ зæронд мад æмæ фыдмæ хъус æрдарыны охыл, уæддæр дзы йæ зонгæтæ æмæ йæ ном баззадысты. Тых сæ уыд, æмæ сæ Мурат пайда кæнын кæм базыдта, уым сын æнцондæр кæм нæ уыдзæн ныр дзæбæх рейс скæнын.

Æмæ сразы Доме, кæд дзы, иу хатт ын кæй нæ атылд Муратимæ, уый нæ рох кодта, уæддæр.

— Вологдæмæ, уæд Вологдæмæ, — загъта.

Æмæ йæ тынг дæр не ’ндæвта, спъиртт ласын дæр æй кæй хъæудзæн сусæгæй, уый. Уадз æмæ нуазæнт аслам водкæ мæгуыр адæм, зæгъгæ-иу загъта йæхицæн ахæм рæстæджыты, ног цардаразджытæ се ’хцайы бын кæм нæ кæнынц, уым. Нæ йæ аивдзынæ уый, нæ цæуынц Уæрæсейы хъуыддæгтæ æнæ водкæйы авг, æмæ йын цы кæндзынæ?..

Стæй æнæ уый дæр: чи сæн ануазын уарзы, чи бæгæны, чи

цы, чи цы. Цард та мæнгард у, ницæйаг, æмæ ма цы уа уымæй хуыздæр — фæскуыст дæ дзæбæх æмгæрттимæ иу-дыууæ уæддæр ануаз?.. Зарæгыл дæр ма куы ис схæцæн, æрыгон ма куы уай, уæд. Зæгъæм ахæмыл:

Где же моя чернобровая, где? —

В Вологде, где, где, где, в Вологде, где...

Замманай зарæг. Æмæ куыд хорз уыдисты адæм, æнæхъæн Цæдисæй-иу ыл куы схæцыдысты, уæд!.. Ау, никуыуал суыдзысты ахæм?!. Æмæ уæд цы у сæ цард дæр?.. Æмæ сæхæдæг дæр цы сты?..

Æмæ тынг зæрдиагæй райдыдта Доме йæхи фæндагмæ цæттæ кæнын. Фæндагыл та æхсæв цæуыны хуызæн ницы уарзы. Талынг, æмæ машинæтæ дæр къаддæр æмæ гаийы кусджытæ дæр. Хæц дæ машинæйыл размæ æмæ хæц. Хъæуты, горæтты рухсытæ та хорз вæййынц кæддæриддæр. Мæлæты æхсызгон вæййынц, цыфæнды ма уа, уæддæр.

Уæдæ, æхсæвы æртæ сахатыл ахæцын та сын пайда дæр ма уыдис. Хуыссæг кæй нæ ахсы, стæй куы телевизор, куы цы... Куы та сæ боны нормæ дæр аххæст кæнынц уæдмæ постытыл æмæ фæндæгтыл лæуджытæ, бынтон исты зыдтæ дзы ма уæд, æндæр, æмæ æнцондæрдзырд вæййынц фæлладæй. Райсомæй та дзы иу сменæ иннæйы фæивы, къаддæр сæ февдæлы. Æмæ сæ фæндагыл иу цалдæр уыд ахæмтæ постытæ, райсомæй раджы кæуыл уыд æнцондæрæй агæпп кæнын.

Цæй гаражтæ ма ис ныр. Ныр адæм иууылдæр хъуыддагыл хæст сты, стыр хъуыддагыл. Хицæнтæй. Æмæ Домейæн дæр йæ «КАМАЗ» фыццаг бонæй фæстæмæ фæлæууы йæ хæдзары раз. Растдæр, фынæй кæм фæкæны, уыцы уаты рудзгуыты бын.

Æмæ бæргæ фефсæрмы кæны йæ сыхæгтæй. Кæд сæ цин дæр иу нал у кæддæртау æмæ сæ зын дæр бынтон, уæддæр сыхаг у. Иу ма та дзы цæсгом хуыйны, æмæ йын мæлæты зын вæййы, искуыцæй сæм куы 'рхæццæ вæййы æнафон, кæнæ сыл сæумæйæ куы ссæуын кæны йæ «КАМАЗ»-ы гуыр-гуыр, уæд.

Фæлæ кæуыл ис æуууæнк?.. Адæмæй бирæтæн раздæр куыд нæ лæууыдысты иу ран сæ къухтæ, афтæ нæ лæууынц ныр дæр искæй мулкмæ. Фидын кæм хъæуы, уыцы машинæты æхсæвиуат та дард у йæ хæдзарæй, æмæ та суадзы йæ цæсгом уый дæр, æркусын кæны йæ хæдзардарæг матор.

Уæдæ, зæгъæн ис, æмæ барвæндæй цы ног царды смидæг

сты, уымæн йе стырдæр бæллæх дæр кæм уыд, иу цасдæр сæ æгъуыссæг кæм фæкæндзæн, уый. Бирæтæ сæ нæма дæр цыдæр хъæддаг кинотæм куы кæсынц телевизоры. Æмæ скусын кодта афоныл йæ «КАМАЗ», цæттæ куыд уа, афтæ.

Уый фæстæ сæ кæрты кулдуар байгом кодта, фæстæмæ йæ шофыры бынат ссардта æмæ æнхъæлмæ каст, Мурат кæд фæзындзæн, уымæ. Хæхтæ æввахс, ихæн хастой, кæд бонæй тынг тæвд дæр ма уыд, уæддæр, матор та хъарм, цымыдисон кæдфæнды дæр йæ куыст, æмæ йæм хъуыста уый дæр, цы йæм æнхъæлмæ кæсы, уыдæттыл хъуыдыгæнгæ.

Йæ сыхæгты мæт. Муратæн та раджыгомау уыд нырма, æмæ йæ хъуыдытæ куы кæдæм здæхта, куы кæдæм. Æхцатæ?.. Æмæ уыдоныл фæлтау ма хъуыды кæн развæлгъауæй!.. Йæ чызг æд сывæллон сæ хæдзары, æнæ лæг æнæ 'ндæрæй, æмæ уый та бынтон сындз йæ зæрдæйæн!.. Футбол æмæ дзы кæй уарзы, уыцы командæтæ, йæ уарзон «Алани» — уыдоны хабар та бынтон сæфт.

Фæлæ мæнæ фæзынд Мурат йæ «БМВ»-йыл, кæртмæ йæ батардта уыциу тардæн.

Фæзынд уæдмæ Домейы бинойнаг Азæ дæр. Афарста сæ:

— Ницы уæ ферох?

— Ницы, ницы. Ацу æмæ фынæй кæн дарддæр, мах мæт дæ ма уæд. Фыццаг хатт нын куынæ у, мыййаг, — фæцырд Мурат æмæ цæстыфæныкъуылдмæ Домейы фарсмæ сбадт. Дунейы гæххæттытæ-иу райста йемæ хуыздæрæн, æмæ сæ ныр дæр æрхоста папкæйы, бафснайдта йæ йæ фæстæ.

— Цы нæ хъуамæ ферох уа? — загъта Доме дæр. — Афтæ дын нæ загътон, нæ размæ ма фæу, зæгъгæ?

Бауyæнды цæуылдæрты шофыр лæг, сахуыр вæййы. Йæ кæстæр лæппу Аланæн та хорз къах уыд, уый фæцис дæ размæ, зæгъгæ, уæд-иу фæфæндаграст. Ныр мæлæты зæрдиагæй фынæй кодта, кæд-иу чысыл къаддæрæй йæхицæн бынат дæр нал ардта ахæм рæстæджыты, уæддæр. Æмæ йæ нæ райхъал кодтой...

— Цæттæ дæ? — афарста йæ Мурат.

— Цæттæ дæн, — загъта йын.

— Æмæ, уæдæ — размæ!

Æмæ ахæцыд Доме дæр размæ, мæлæты уæззау куынæ уыд йæ «КАМАЗ» афтид банкæтимæ.

Кæддæр уыдис ахæм рæстæджытæ дæр, æмæ-иу æнæхъæн бинонтæй дæр фæбадтысты фынджы уæлхъус, фæндагыл

цæуын-иу æй куы хъуыд, уый размæ. Бафтыдысты-иу сæм сæ сыхæгтæ, сæ хæстæджытæй дæр исчитæ. Æмæ-иу зарыныл дæр ма схæцыдысты.

Ныр фесты уыдæтты рæстæджытæ. Рæстæг дæр йæхион исы, æмæ адæмы дæр зарджытæ нал æндавынц. Уæддæр ма йæ хъустыл ауадысты йæ уарзон зарæджы ныхæстæ:

*А дорога серою лентою вьется,*
*Залито дождем смотровое стекло...*
*Пусть твой грузовик через бурю прорвется.*
*Я хочу, шофер, чтоб тебе повезло!..*

Ныууагътой уæдмæ сæ уынг фæсте, хидыл ахызтысты, æмæ ма ноджы иу хатт ракуырдта хатыр йæ сыхæгтæй, кæд æм сæ фылдæр афтæ тынг дæр никуы хъыг кодтой, цард æмбаргæйæ æмæ йын йæ дзæбæх зæрдæ зонгæйæ, уæддæр. Стæй йæ мидбынаты фестад, Уастырджи не 'мбал, зæгъгæ.

— Исты афынæй кодтай? — афарста йæ иу цасдæры фæстæ Мурат.

— Æз афынæй кодтон. Фæлæ ды кæстæр дæ, æмæ дæхи фæстæмæ ауадз æмæ фынæй кæн, — загъта Доме æмæ рулмæ зæрдиагдæрæй багуыбыр. Дыууæ къуырийы мæнæ не сты фæндæгтыл цæуын ахуыр шофырæн. Стæй æндæраз йæ астæуккаг чызджы университеты экономикон факультетмæ куы «'ппæрста», уæд хæсты абырыд. Нæма сæ фервæзт, æмæ йын æхсызгон кæм нæ уыд, мæнæ та сын сæ иу дзæбæх хай кæй бафиддзæн, уый зонын.

Афтид, сабыр фæндаг, машинæ сахаты хуызæн кусы, — туту-ту! — æмæ йыл базыртæ дæр ма зад лæгыл.

Куыд бафынæй уа Мурат дæр, Беслæнмæ, фыццаг постмæ дыууæ къахдзæфы йеддæмæ кæм нæй, уым. Æмæ бакодта Доме:

— Уæдæ та Вологдæйæ дæр хъуамæ радарæм нæ сау сæртæ, и?

— Хъуамæ радарæм, — бахудт Мурат. — Кæд сæ дзæбæхæй фæхæццæ кæнæм, уæд.

— Фæхæццæ сæ кæндзыстæм!

Дæ фатермæ нæма балыгъътæ?.. Кæд ын скувын хъæуы, мыййаг. Уæд мæнæй уый цæттæ кæддæриддæр.

Йæ сæр банкъуыста Мурат, йæ къух ауыгъта, загъта:

— Балидздзынæ, уæдæ! Лæджы бастыгътой, фæлæ та дзы куы цы разыны, куы цы!

Цæвиттоны хъуыддагæй. Рацарæзты фæстæ æрра 'хцатæ хауын

кæмæ райдыдта, уыдонæй бирæтæ æддæгуæлæ галуантæ амайынмæ фесты, сæ фылдæры хъæугæ дæр ницæмæн кодтой ахæм стыртæй, афтæмæй. Дунейы ’хца сыл акалдтой, иннæмæй та, бардачы рæстæджытæ фесты, хицауад йæхионтæ домын райдыдта, æмæ айдагъ сæ рухс æмæ газы тыххæй фидыны фаг дæр нал сты, æхца сæм раздæры хуызæн бæркадджынтæй куынæуал хауы, уæд. Кæй цæмæн бахъуыдисты зын рæстæджыты уæлдай хæрдзтæ, ноджы, хуыздæр æнхъæл куынæ уай сомбоны, уæд, æмæ æлхæнæг дæр нæ вæййы иу ахæм галуаны. Уæдæ йæ æрдæг аргъыл дæр куыд ратдзынæ искæмæн. Йæ хæрдзтæ ма йын уæддæр куы раздахин, зæгъгæ, уый мæты бацæуы лæг. Æмæ лæууынц æмæ лæууынц ахæм галуантæй дзæвгар, чи сæ цæра, уый дæр нæй рæстмæ, афтæмæй. Бирæтæ та дзы арæзт дæр нæ фесты кæронмæ.

Фæлæ амалджын адæмæй дæр зонджындæртæ разынд, мæнæ Мурат куыд разынд, афтæ. Уыдон бавдæлдысты æмæ ног арæзтадон куыстуæттимæ иуимæ бадзырдтæ сарæзтой, æмæ сын уыдон горæты хуыздæр рæтты ногарæзт хæдзæртты фатертæ радих кодтой. Кæмæн дыууæ, кæмæн æртæ, кæмæн та фылдæруатон. Чи цас æхца бахаста, уымæ гæсгæ.

Æртæуатон фатеры æхца бахаста Мурат дæр иу ахæм арæзтадон куыстуатмæ. Фæлæ ныддаргъ уыдоныл йæ фæуын сæ хæдзарæн. Уымæн йæ бынат та замманай ран ис, Терчы был, æмæ йæм лидзгæ дæр, куыд æй хъуыды кодта Доме, афтæмæй иу æртæ-цыппар мæйы размæ хъуамæ бакодтаикккой.

Æрбатар сты Мураты бæзджын сау æрфгуытæ бынтон, æмæ йæ ницæмæй уал бафарста ахæмæй. Æрмæст ма бакодта:

— Цæй, иу афон æм лидздзынæ, æмæ йын кувгæ дæр скæндзыстæм. Хуыцауы фæрцы. Цас æм фæстæдæр балидзай, уас æй æрæгмæдæр бахъæудзæн цалцæг кæнын.

Фарон æй йе ’ртæ чызг æмæ сæ мад сразы кодтой сæ хæдзары цæлгæнæн, хæрæндон, ваннæ æмæ къахæвæрæн бацалцæг кæныныл.

Мураты иннæрдæм ахызт уыцы ныхас, цалцæг, зæгъгæ, æмæ ныхас æндæрæрдым фездæхта:

— Фехъуыстай йæ: Масхадовы амардтой?

— Фехъуыстон. Æмæ рухсаг уæд, кæд йæ хъуыддаг раст нæ уыд, уæддæр.

— Уæдæ... ахæм хæст самай... Æмæ кæимæ? Уæрæсеимæ!.. Къахæй дæр сыл сæ бон у балæгæрдын.

— Цæй, лæгыл къахæй балæгæрдын æмæ йын йæ ныфс, йæ лæгдзинад амарын иу хъуыддаг не сты. Дæхæдæг æй федтай, фыццаг хæсты рæстæджы сын цытæ кодтой, уый.

— Уый дæр у. Лæгæн-иу йæ дисæн кæрон нал уыдис, уыйас паддзахады ’фсадмæ та-иу дзы куы радтой, уæд. Фæлæ, Доме, кæй бахъуыд уый?

— Æмæ кæй бахъуыд егъау паддзахад фехалын?.. Цæдисæй зæгъын æз. Æмæ цæй капитализм аразынц, кæд се ’намонд не ’рцыд бынтон, уæд?.. Ай мæнæ Европæйы размæцыддæр паддзахæдтæ дæр ма социализммæ ’ввахсдæр куы лæууынц! Стæй та цы нытътъæпæн кæндзысты, сæхи та цы фæхудинаг кæндзысты, æндæр? Ахъуыды ма кæн: зоны цагъартæ дæр ма Африкæйы махæй хуыздæр цæрынц!..

— Уый дæр у, — бакодта та Мурат, — фæлæ æнæуи политикæйыл дзурын куынæ уарзыс, уæд дыл абон цы ’рцыд?.. Истæуыл мæсты дæ, æви?..

— Мур дæр ницæуыл, тынг дзæбæх зæрдæйыуагыл дæр ма дæн. Уый, мæ чемыл куынæ вæййын, уæд мыл бахæцы мадзура. Фæлæ ныр Басаевмæ дæр хæццæ кæндзысты тагъд, куыд кæсын, афтæмæй. Уыйбæрц æхца загътой, чи йæ ауæй кæна, уыдонæн.

— Банымудзой йæ, ма йæ банымудзой уый дæр — бирæ нал ахæсдзæн ныр. Кæнæ йæ маргæ акæндзысты, кæнæ та йæхæдæг багæрах кæндзæн йæхи. Стæй адæм сæхæдæг бафæлладысты хæстæй. Æмæ йын кæрон скæндзысты сындæггай.

— Басаевæй дæр ма куы фервæзой, уæд ымай, æмæ хæст фæцис, стæй террористтæн дæр сæ хъуыддагæй ницыуал рауайдзæн, ту-ту-ту. Фæлæ, Мурат, йæ хъæддаг цардæй та кæд фервæздзæн Уæрæсе, уый ма мын зæгъ?.. Æз уый нæ хъуыды кæнын, æмæ дзы адæм искуы хорз цардысты.

— Æцæгæй дæр, — бахудт Мурат, — хæцын йеддæмæ ницы зонынц рæстмæ. Æгæр хуымæтæг сты, æмæ сæ царды бирæ кæй нæ хъæуы, уый сæ сафы кæмдæр. Æмæ ма водкæ.

— Уыдон иууылдæр ныхæстæ сты, — ацы хатт рамæсты чысыл Доме æцæгæй дæр. — Никæмæй фылдæр нуазынц, кусынæн не сты æмæ сæ царды цы хъæуы, уый сæхæдæг дæр нæ зонынц рæстмæ, æндæр. Сæ Хуыцау сæ зæххытæ ахсыныл сардыдта, фæлæ сыл исты нытътъæпæн кæной хорзæй, уый сæ бон нæу. Сæхиуыл рыг абадын дæр нал уагътой, æнæхъæн дуне сæхимæ ’ркæсын кодтой, «коммунизм»-кæнгæ, æмæ сæм дзы

уыдон дæр радтой. Мæнæ нæ цы рауад, уый дæхæдæг уыныс.

— Уый дæр дзы ис, о. Мах дæр дарддæр нæ ацыдыстæм, афтæмæй нæ сæ разæй скодтой, æмæ цы уынæм мах дæр цардæй?.. Раздæр дæр дзы хæрæгау хафта лæг æмæ ныр дæр — йæ цард та мæгуырау, æнæад, æвзæр басау.

— О, фæлæ ма раздæр адæм бæрæгбонтæ æмæ цин кæнын уæддæр зыдтой, цæуылдæр æууæндыдысты, уыдис сæ цыдæр хорзæй. Æниу, ныхъхъуытты ма кæнæм политикæ. Замманай дзæбæх зæрдæйыл уыдтæн, æмæ йæ мæхæдæг халын. Фæлтау ма мын исты хабæрттæ ракæн, иу-дыууæ анекдоты мын радзур.

Мурат æцæгæйдæр анекдоттæ дзурынмæ рæвдз уыд æмæ бахудт, афтæмæй Домемæ бакаст, загъта:

— Фæкъæртт сæм уон, æндæр иу-дыууæйыл кæм ныллæудзынæн.

Фæлæ дзы æрæгмæ исты хъуыст, æмæ уал ныхъхъус Доме. Нæ уарзта, æцæгæй дæр политикæ. Стæй ма фæсхыл дæ къухтæ фæнды тил, фæнды ма: фæсте баззадис советон дуг, фæсте баззадысты йемæ йæ царды хуыздæр азтæ дæр. Æмæ ма йын кæд царды исты баззад, уæд æнæхайыры ’хцатæ кусын.

Æниу, фондз сывæллоны фыд куы уай, уæд ма зыд барæнæбары дæр бакæндзынæ. Фæлæ дунейы ’хца ныккал дæ цотыл, афтæмæй сæ сахуыр кæн, дæ гуыбын дæр ма рæстмæ не ’фсадгæйæ. Стæй уæд та, уыцы зынаргъ дипломимæ йæ куыстмæ кæдæм баппарай, уый мæты бацу!

— Диссæгтæ, и, Мурат? — сирвæзт хъæрæй Домейæ æмæ йæ хъуыдытæм йæ сæр иу цалдæр хатты банкъуыстытæ ласта.

— Цæмæн зæгъыс? — бафарста уый. — Ацы царды уый бæрц диссæгтæ ис ныр, æмæ хæйрæг йæ зонæг, кæд дзы цы ’рбаймысдзæн лæг.

— Уæлдай раст дæ: ныр цæр æнус æмæ æнус дис кæн, ахуыр нæ фæлæ. Фæлæ мæнæ мæ кæстæртыл хъуыды кæнын...

— А-а-а, æмбарын дæ. Фондз сывæллон — уый мæнæ нæй. Мæнæн дыууæ йеддæмæ не сты, æмæ мын чызджытæ куы уаиккой дыууæ дæр, уæддæр, лæппунхъæл, æртыккаг рауадзынмæ мæ ныфс нæ бахæссин, æвæццæгæн. Цытæ дзурыс?! Фондз сывæллоны нæ рæстæджы!.. Хорз, æмæ дын сæ гыццыл ничиуал у.

Мурат, цытæ дзурыс? — йæ руль дæр ма дзы æрбайрох, афтæмæй кæсгæйæ аззад Доме йе ’мбæлццонмæ. — Сæ тæккæ ’взæрыл ныр сты... Æвзæрыл, зæгъгæ, ныр сыл хъæуы ома фылдæр мæт дæр æмæ хæрдзтæ дæр. Фæлæ дæ йедæй бафæрсынмæ хъавыдтæн,

зæгъын, институты фæстæ дæ дæсныйадыл æппындæр нæ акуыстай?

— Куыннæ, иу æртæ азы бæрц. Ус æрæгмæгомау ракуырдтон, æмæ мæ лæппутæ гыццылтæ сты, æндæр иннæ аз мæ дыууиссæдз аз мæхирдыгæй фæуыдзысты мæнæн дæр.

— Дыууиссæдз азы дыл сæххæст, уый æнхъæл нæ уыдтæн æз, раст зæгъгæйæ. Кæстæрхуыз дæ. Фæлæ цы сты уыдон дæр, дæ тæккæ тыхыл дæ, фæлæ ма йæ хъуыды кæныс, иу рæстæджы куыд скарз и хъуыддаг. Институты фæстæ, кæдæм дæ арвыстой, уырдæм нæ ацыдтæ, зæгъгæ, уæд-иу бæстæ сæ сæрыл дæр систаикккой, лæгæн-иу йæ диплом байсынæй дæр тас уыди.

— О, хъуыстам ахæм цыдæртæ мах дæр, фæстаг курсы куы ахуыр кодтам, уæд. Æз Киевы фæдæн хойраджы институт. Куы йæ зоныс, хъæбысæй хæцыдтæн. Уым та ирон лæппутæй бирæтæ æрфидар сты рагæй дæр. Ахуыр куы фæдæн, уæд иу дыууæ азы рестораны акуыстон технологæй. Æмæ уым куы баззадаин, уæд мæ хъуыддæгтæ, чи зоны, хуыздæр ацыдаикккой. Фæлæ мæ мад æрбарынчын, æмæ мæ ссæуын бахъуыд ардæм.

— Ныййарæг ныййарæг у, Мурат. Кусын та алкуыддæр хъæуы, змæлын. Фæлæ, зæгъын, стыр диссаг у, цард куыд фæивта, уый. Мæнæ аргъæутты хуызæн растдæр. Æмæ сæ тылдта адæмы, цы дзы рамбылдтой, ай мæнæ сæфтмæ куы ’рцыдысты, уæд?..

— Асайдтой сæ, Доме, æндæр дзы адæм цы аххосджын сты...

— Æмæ сæ цæмæн асайдтой?.. Кæм уыдысты сæ сæртæ, скъолайы куы ахуыр кодтой æмæ йæ тынг дзæбæх дæр куы хъуамæ зыдтаикккой, капитализм цы у, уый. Йæ ном йæ уæлæ ис уымæн æмæ нысан кæны бонджынты къордтæ-къордтæ æмæ мæгуырты дзуттæ æмæ рæгъæуттæ. Æниу, фыстæй уæлдай не сты рагæй дæр адæм, æмæ сæ сардау искуыдæм, æндæр иугай-дыгай кæрæдзийы фæдыл гæпп кæндзысты, уромæг дæр сæ нал бауромдзæн...

— Цæй, адæмыл дæр кæм сбадай, уым æрхиздзынæ. Æмæ бæрæг дæр нæу ныры, цытæ нæм цæудзæн дарддæр, уый...

— Бæрæг у ныр, — йæ къух ауыгъта Доме , — Хæрæгау та хафдзысты искæмæн.

— О, æмæ мæнæ сусæгæй спъиртт ласæм æз æмæ ды дæр, Уæрæсейы къуымты рахау-бахау кæнæм. Уый цард нæу, кæй зæгъын æй хъæуы.

— Цы агуырдтам, уый ссардтам, Мурат, хъуыддаджы лæгтæй агæпп ластам иууылдæр. Коммунисттæ сæ цæрын нæ уагътой адæмы — æмæ мæнæ ныр цæрæнт!.. Уæд, чи зоны, сæ бартæ нæ

зыдтой æххæст, стæй коммунисттæн дæр сæ фылдæры ном йеддæмæ ницыуал баззад. Фæлæ сæм ныр бартæ дæр нал ис, цы сты, уый бæрæг дæр нæй.

— Раст у, Доме: тынг æвзæр цыдæртæ нæм цæуы. Хъуыды кæнын дæр нæ фæфæнды лæджы уыдæттыл. Фæлæ мæм диссаг кæсы: нырмæ политикæйыл дзурын куы никуы уарзтай?

— Зæронд кæнын, æвæццæгæн. Стæй нæ цæй политиктæ ис махæй та, мæнæ ма фæскъуымты цы бæр-бæр кæнæм, æндæр?

— Уый дæр у. Фæлæ мæ ма тæрсын кæн бынтон. Рæстæг æнæ уый дæр мæлæты тагъд тæхы, æмæ йæ лæг йæхæдæг дæр нал фæзоны, цы у æмæ йæ цард цæуыл хардз кæны, уый.

— Æхца аразыс, Мурат. Уый куыст нæу, уæдæ цы у?.. Уый нæ куы фæндыд!..

— Нæ кæстæртæн цæрæм, нæ?

— Афтæ уайы. Фæлæ мæ нæ уырны, æмæ нæ фыдæбæттыл дард фæцæуой, уый. Стæй ма нæ цæй адæм ис? Æхцатæ ницы сты, æндæр исты раттын та сын ницы у нæ бон. Æвзæр адæм разындыстæм, дзыхæй уæлдай нæ ницы ис. Кусынæн дæр ма не стæм.

— Афтæ ’взæр дæр не стæм, Доме. Стæй Уæрæсе егъау у, æмæ та кæд истытæ кæнид. Фæлæ ма мын æй зæгъ. Италийы спорты хуызтæй фыццаг бынат кæцы ахсы?.. Цы дзы фылдæр уарзынц?

— Футбол, кæй зæгъын æй хъæуы, — загъта Доме, фæразæнгарддæр, афтæмæй.

— Æз та бразилийæгтæй зæгъин.

— Уый Пелейы рæстæджыты уыд афтæ.

— Фæуæд. Фæлæ сæм дыккаг бынаты та цы спорты хуыз ис уæд?

— Уый дын нæ зæгъдзынæн фидарæй, — фæхъуыдыйыл Доме.

— Уæддæр?

— Кæд бокс... Рокки Марчиано сæм уыд. Никуы йæ ничи рамбылдта.

— Мафи дæр сæм хорз ис, — бахудт Мурат. — Æмæ ды дæр цæсгомæй уыдоны хуызæн дæ куыддæр. Цæуыл худыс?.. Мафиозитæй нæ зæгъын. Фæлæ сæм ис ахæм анекдот, æмæ, дам, махмæ спорты хуызтæй фыццаг бынат ахсы футбол, дыккаг та... налогтæй лидзын.

— Кæс-ма ды амæ! — загъта Доме, дзæбæх куы фæхудт, уæд. — Æз та хъуыдыты анығъуылдтæн мæ раст зæрдæйæ. Фæлæ уæд махмæ та фыццаг бынатыл хъуамæ цæуа спорты уыцы хуыз, и?..

— Тынг раст æй æмбарыс, — ныххудт ныр та Мурат.

Ныххæццæ сты уæдмæ Беслæнмæ. Мæнæ гаийы фыццаг пост дæр сæ дард фæндагыл. Æмæ æргæпп ласта Мурат машинæйæ, бауад сæм æмæ сын сæ иу кусæджы къухты сæ фыццаг хъалоны æхцатæ фæтъыста.

— Иу уал джы ис, мæ сыхаг Бетейы загъдау, — бакодта Мурат, чысыл фæстæдæр йæ бынат куы ссардта Домейы фарсмæ æмæ йæ папкæ фæсте хуыссæнты бын куы афснайдта, уæд.

— Фæлæ ма дзы разæй цас ис, уый та? — бакаст æм Доме æмæ æнæхъæн цасдæр йæ сæр æнкъуыста.

— Разæй бирæ, — йæ рæсугъд рихитæ куыддæр хинæйдзаг æмæ тохмондагæй адаудта Мурат. — Фæлæ сæ хос мæнæ мæ дзыппы ис, æмæ ма сæ мур дæр тæрсгæ ма кæн.

— Тæрсгæ та сæ цæмæй кæнын, фыццаг хатт куынæ цæуын фæндагыл, мыййаг. Дæ хидæйдзаг капеччытæ сыл уаргæ цу, уый фæкæсы лæгмæ хардзау, æндæр...

— Алкæй дæр цæрын хъæуы, Доме, æмæ сæ хъуыры аирвæзæнт. Мæнæ дзæбæх ныххæццæ уæм, æндæр...

* * *

Куыд нымадтой, уымæй дзæвгар раздæр балæууыдысты Вологдæйы.

Уый размæ Муссæмæ бадзырдтой тилифонæй, æмæ сын горæттæронмæ кæдæм бацамыдта, уырдæм куы бахæццæ сты, иу къаннæг зæрондгомау хæдзры уæрæх кæрты сæ КАМАЗ куы баурæдтой, уæд Доме афтæ:

— Нæ хъуыддагæн уал йе 'рдæг конд у, Хуыцауы фæрцы.

— Йе 'рдæг нæ, фæлæ йæ фылдæр хай, — фæцырд Мурат.

— Афтæ мыл æртæфст ныр мæ фæллад, Мурат, æмæ мæнæ кæй зæххыл лæууæм, уыдонау мæ къандзолы дысмæ дæр басмуддзынæн, фæлæ мын дзы ахсæв ныххуыссыны размæ иу æртæ æнæ бануазгæ нæй.

— Ныхас дæр ыл нæй ууыл. Стæй ма-иу кæс фæстæдæр, цы фынг дын авæрдзыстæм мах дæ разы Муссæимæ.

Уæдмæ фæзынд уый дæр йæ ног «дæсæмыл» æмæ сын сæ къухтæ исынмæ фæцис. Аныхæстæ кодтой, стæй сæ афарста:

— Уе спъиртт хорз у?

— Тынг, — загъта Мурат.

Æгæр хорз дæр ма цыдысты сæ хъуыддæгтæ Доме æмæ

Муратæн. Се спъиртты æхца райстой. Æцæгæй дæр, дзæбæх кæй уыд, уымæ гæсгæ йын Муссæйы хорз æрдхæрдтæй дыууæ та уæлдай дæр ма бафыстой.

Фæстæмæ та фæйнæг сласинаг уыд Мурат. Ныхасгонд уыд уый тыххæй дæр, фæлæ сæ афтид банкæтæ æппæт нæма ауæй сты.

— Адон ма куынæ уаиккой, уæд бавгæниккам фæйнæг æмæ ахæциккам нæхимæ.

— Цæй, нæхимæ дæр цы тагъд кæнæм, рагæй дзы нæ уыдыстæм... Уадз æмæ нæ тынгдæр мысой.

Фæлæ Домейы йæ зæрдæ куыддæр рæхуыста, æмæ нал фæлæууыд, сæхимæ адзырдта тилифонæй. Хъуыддæгтæ хорз цыдысты, æмæ сын цæмæннæ хъуамæ барухс кодтаид сæ зæрдæ дæр.

Алан систа хæтæл, йæ кæстæр лæппу.

— Куыд стут?

— Мæнæ мамæимæ дзур, — цыдæр мæллæг хъæлæсæй бакодта йæ фырт. Æмæ ’виппайды æрбамæгуыр йæ фырты зæрдæ Домейæн. Æгæр хорз цыдысты сæ хъуыддæгтæ Муратимæ. Стæй — йæхи лæг кодта, æндæр ма кæд уый нæ зыдта фæстаг рæстæджыты йæ мæгуыры бон, йæ хъысмæт та дзы иу афон кæм азылд, уым.

— Доме... куыдтæ дæ?

— Цы мын у?!. Цард æрцыдис — æмæ мæнæн, — загъта. Фæлæ ноджы мæгуырраудæр æмæ састдæр та уый хъæлæс уыдис. Кæд ма йæ цардæмбалимæ нæ базыдтой сæ кæрæдзи уал азы дæргъы. Ныхъхъус æмæ æнхъæлмæ каст, дарддæр ын цы дзурдзæн, уымæ. Хорзæй дзы кæй ницы фехъусдзæн, уый бæрæг уыд ныр.

— Кæд æрцæудзынæ, Доме?.. Нæ дын фæдзурын: арæхдæр дзур дæ хæдзармæ... Охх!... Ныр дын æй куыд зæгъон?!.

— Зæгъ-ма йæ, зæгъ, хъусын дæм, — æрбатызмæг сты йе ’рфгуытæ æмæ йæ хъæлæсы уаг.

— Сос... Сос фæрынчын, æмæ фæтагъддæр кæн. Ницыуал мæ сæрæн зонын... Ныууадз алцыдæр æмæ рацу, кæннод мæхæдæг дæр исты кæндзынæн æнæ дæуæй.

Сос, зæгъгæ, сæ хистæр фырт Сосланы хуыдтой рагæй дæр. Ахæм ном ыл сбадт чысылæй фæстæмæ йе ’мгæртты ’хсæн дæр. Бирæ йæм фенхъæлмæ каст, æртæ чызджы фæстæ сын райгуырд, æмæ йæ уд-йæ цæстыты рухс сси, йæ сæйраг ныфс царды. Сосланы ном дæр ыл йæхæдæг сæвæрдта, кæд уый размæ ахæм нæмттæ йæ зæрдæмæ тынг никуы цыдысты, уæддæр. Тых хорз у, ноджы хуыздæр та лæгдзинад

æмæ ныфс сты. Фæлæ дзы зондæй хуыздæр ницы ис царды фæзилæнты. Æмæ — ахуырдзинадæй, уæздан скондæй. Æрмæст лæг тыхджын куынæ уа æмæ ныфсхаст, уæд кæй хъæуынц йæ зонд дæр æмæ йæ уæздандзинад дæр, йæ ахуыр?.. Ныр та бынтондæр ахæмты рæстæг æркодта. Æмæ тынг хорз дæр каст Домемæ, Сос сын хъаруджын æмæ фидар уды хицауæй кæй рахъомыл, уый. Хуымæтæджы йæ куы нæ сбаста хæрз чысылæй фæстæмæ спортимæ.

— Æмæ — рынчын?! Сæрды тæмæны?!.

— Кæм ис Сос? — ноджы фæкарздæр йæ ныхасы уаг. — Цавæр рынчын у, зымæг куы никуы рынчын кæны, уæд?!.

— Æрцахстой Сосы. Ахæстоны ис йе 'мбæлттимæ, харбыз кæимæ ныссагъта, уыдонимæ, — æмæ йæ кæуын ссыд сылгоймагæн. Æниу, тъизгæ бакодта куыддæр фыдуынд, ниугæ. Æндæр кæуын дæр нæ зыдта рæстмæ, ахæм фидар уды хицау уыд. Æнæ хыл дæр кæм ис бинонты 'хсæн. Æмæ хивæнд кæм уыдисты сæ дыууæ дæр, Доме æргомæй, уый та йæхи мидæг тынгдæр, уым, фæхъаугъайыл сты, зæгъгæ, уæд-иу æй хонгæ дæр афтæ ракодта фыццаджыдæр, «налат», зæгъгæ, «дурзæрдæ».

— Ахæстон дарæг дæ ма уæд, къуыри дæр куынæ ма рацыд мæ рацыдыл!.. Кæм сæ 'рцахстой? Цæй тыххæй?

— Милицæйы кусджыты фæнадтой, æмæ уый тыххæй. Цавæрдæр Светлокумсчы, Стъараполы, — æмæ та ныккæрзыдта мад. Цы-цы, фæлæ уарзын дæр зыдта, кæд сæ халгæ дæр тынгдæр уый кодта сæ сывæллæтты, уæддæр. «Халыныл» та Доме нымадта, сæ цот, кæддæр куыд бонзонгæ, хуымæтæг æмæ сыгъдæгзæрдæ уыдисты, ахæмтæ кæй нæ хастой æмæ, ныры фæсивæд иууылдæр куыд систы, афтæ æхца æмæ хорз бынæттыл, цæстмæ митыл мард кæй уыдисты, уый.

Фæлтау ын исчи йæ зæрдæйы кард куы ныссагътаид. Цы, цы, фæлæ йæ кæстæртæн ахæмтæ 'нхъæл никуы уыд Доме. Ахæстон!.. Дæ фыдгулы кæстæр бахауæд уырдæм. Æмæ йæ зæрдæ йæхи къултыл хоста, йæ дуне йыл атар.

— Охх, Доме!..

— Карды бын оххытæй нал вæййы, фæлæ фидар фæлæуут. Æмæ мæм æнхъæлмæ кæсут. Макæмæн мацы дзурут æргом æмæ уæхимæ дæр ма ныхъхъусут æгæр, истытæ та кæндзыстæм...

*Уыдзæн ма.*

*РÆМОНТЫ Геор*

# ЦЫБЫР ÆМДЗÆВГÆТÆ

## КЪОСТА ÆРСАД, ÆРУАТОН И...

*«Ме 'фсымæртæ,*
*кæрæдзийы уарзгæйæ цæрут!»*
***Къоста***

**Къоста æрсад, æруатон и, æрхуыссыд, —**
**Рынчынæй дæр рынчын ирæн цы ныфс уыд!..**
**«Мæ Ир, — дзырдта, — уæ сæрвæлтау мæ уд,**
**Æнгом, кæрæдзи уарзгæйæ цæрут.**
**Ирон, ирон дын — тугхæстæг, æфсымæр, —**
**Зæрдæуузнкæй, æхсарæй йын ныфсæвæр!..»**
**Йæ ныстуан ирæн зонд-зонæн нæ фæци, —**
**Кæрæдзи марæм, уæй кæнæм кæрæдзи.**

* * *

**Сæ фарн æрвылбон кæд æнæвгъау кайæм,**
**Уæддæр зæгъы æвронг зондыл æнцайгæ:**
**Нæртон лæг цард йæ гуырыкондæй райгæ,**
**йæ зæххыкондæй мах, йæ цот, нæ райæм.**

* * *

*Фатимæйæн*

**Дæхи, мæн дæр кæныс æууæндын, —**
**Хуыздæр уæдæ цы амал ис, —**
**Цыма, ныллæууынæй мæ фæндыл,**
**Дæ хæрзтæ доны бакалис...**

**Дæ фидауцæй кæй уд фæхъæстæ,**
**Хæрам нæй уымæй разынæн;**
**Цы доны бакалис дæ хæрзтæ,**
**Æвдадз уаид уый нуазынæн.**

## КЪÆДЗИЛНЫХÆГÆН

**Козбау кæнынил ма хардз кæн дæ тых,**
**Ис цъыфы уый фыдæй сæр авæрæн:**
**Тызмæг домбайы къæдзил дæр-ма ных,**
**Ды та — къæдзилныхæг сæлавырæн!**

* * *

*Дз. Хъ-йæн*

**Куыннæ мыл фæхудай,**
**Куыннæ мæлай цинæй, —**
**Цæуын дыл мæ удæй,**
**Цæуыс мыл ды хинæй!**

* * *

**Зæгъгæ, адзалæй цард фæцух, —**
**Уый цардæн чи нымаид цухыл!..**
**Кæд æм нæ бадарæм нæ къух,**
**Уæддæр нын ахæцы нæ къухыл.**

* * *

**Бæрзонд бынат, ном æмæ асæй**
**Æххæст дæ, — мæхи дыл нæ абарин.**
**Æз н' амарин саг дæр дæ разæй,**
**Уæдæ йæ дæ фæстæ дæр н' амарин.**

## ДЫУУÆ «ПОЭТЫ» ТОХ

**Сæ иу дæр, сæ иннæ дæр æрлæмæгъ,**
**Уæддæр кæрон сæ фыдæхæн кæм ис!..**
**Цалынмæ ныллæгуын уой, ныгæмæх —**
**Тондзысты сæ кæрæдзи хъуынхъис.**

* * *

**Фæлмæн дзырдмæ нæ кæны уисæн**
**Хъысмæт — æнæрцæф æмæ хъал...**
**Адзалæй цæрæнбонтæ исын —**
**Æхсарæй цæрæджы мадзал.**

* * *

Куыдз дæр, хæрæг дæр дæ æвзоны,
Уæддæр фæраз дæ маст ныхъуырын...
Зæгæл ныккъкъуырын чи нæ зоны,
Йæ къах мыл райгæ уый æркъуыры.

* * *

Фынгыл — цæхæрыл фых кæрдзын,
Халсар, фыдæзгъæл — дзæвгар...
Сом мæ цы сау сыджыт хæрдзæн,
Уый сой мын абон — хæлар.

* * *

Дæ фыдуагæй, дæ фыд-зондæй тæрсынц,
Фæлæ рæстуайдзæфæн нæ быхсыс.
Кæд ды нæ цæстытæн дæ сындз,
Уæддæр нæ зæрдæты фæныхсыс.

* * *

Хуыцау, кæд мын кæнын æххуыс
Дæ зæрды ис, уæд фаг уыдзæн:
Мæ лæппу макуы суæд чызгхуыз,
Мæ чызг та — лæппуйы хуызæн.

* * *

Адзал — кæронгæнæг нæ зынтæн.
Мæ удыл дæр æртыхсдзæн тагъд йæ «хин».
Куы зонин — чердыгæй фæзындзæн,
Уæд æм æдæрсгæ уыцырдæм цæуин.

*ДУЛАТЫ Симæ*

# МÆ ФЫДЫ ЛЫМÆН — АРС

Мæ фыд Дулаты Бало (Владимир) уыдис дæсны æрмгуыстгæнæг. Мæ фыды конд рудзгуытæ, дуæрттæ, бандæттæ, стъолтæ, боцкъатæ, шифанертæ, скъаппытæ æмæ ма æндæр хъæдæйконд дзаумæттæ ныртæккæ дæр ис бирæ хæдзæртты. Мæ фыд уымæй уæлдай арæзта хæдзæрттæ дæр. 1953 — 58 азты Бало куыста Таджикистаны Гармы облæсты — зæххæнкъуыстыты хæлд хæдзæртты арæзтады.Иуахæмы сентябры мæйы бригад арвыстой иу хъæумæ скъола аразынмæ. Кæм æрцардысты, уырдыгæй скъоламæ стыр фæндагыл цæуын хъуыд дыууæ километры бæрц, æвæд рæтты та бирæ хæстæгдæр уыд, фæлæ цæуын хъуыд хъæды астæуты. Иу бон Бало фæраст хæстæг фæндагыл. Хъæды астæумæ куы бахæццæ, уæд кæсы, æмæ арс бады кæлдым бæласы зæнгыл æмæ йæм йæ раззаг рахиз къах тилы, рауай-ма зæгъгæ. Стæй богъ-богъ кæнын райдыдта. Кæд æй къæппæг æрцахста, зæгъгæ, Бало арсмæ хæстæг бацыд æмæ федта: сырды фæстаг рахиз къах тынг ныррæсыд уæраджы онг.

Тæрсы арсæй, фæлæ йæм уæддæр рæвдаугæйæ дзырдта, афтæмæй йын æвналы йæ къахмæ. Арс æнцад бады, быхсы йæ рыстæн. Къахы бын зæвæтмæ хæстæг зындис суджы схъис. Бало йæ дзыппæй хæрынкъа систа æмæ хъавгæ сласта схъис. Цасдæры фæстæ арс сыстадис æмæ ныххæцыд лæджы къухыл æмæ йæ бакодта гыццыл фалдæр, кæм цард, уырдæм. Пыхсытæ ракалдта æмæ дзы рауадысты йе 'ртæ лæппыны, уалынджы дын мидæгæй арс рахаста саст фондзæхстон æмæ æртæ кæрдойы. Мæ фыд дыргъытæ арсы лæппынтæн айуæрста, хæцæнгарз та хæдзармæ æрхаста. Арæх-иу дзырдта Бало йе 'мбæлттæн: «Мæнæн ма хъæды сырдтæй дæр ис хæлæрттæ!» Ирыстонмæ куы ссыдыстæм, уæд-иу мæ фыд æрымысыд уыцы арсы, худгæбылæй-иу загъта:

— Искуы ма Таджикистанмæ куы афтин, уæд мæ зонгæ арсы бабæрæг кæнин!..

# ЛИТЕРАТУРÆЙЫ ФАРСТАТÆ

*ÆЛБОРТЫ Тамарæ*

## ÆГЪДАУ – ПОЭЗИЙЫ СУАДОН

Ирон культурæйы адæмон æгъдæуттæ ахсынц сæрмагонд бынат, сæ уидæгтæ цæуынц дард ивгъуыдмæ. Рæстæг куыд цæуы, афтæ æгъдæуттæй дæр цыдæртæ ивы, фæлæ сæ апп æнустæм цæры. «Алкæмæн йе 'гъдау йæ гакк у кæддæриддæр» — ацы фразæйы Къоста æвæры этикон æмæ эстетикон мидис. Фыдæйфыртмæ цыдысты ирон æгъдæуттæ æмæ семæ хастой фарн æмæ цардамонд. Дис сыл кодтой фæсарæйнаг бæлццæттæ æмæ ахуыргæндтæ. Йæ рæстæджы академик Всеволод Миллер æмбисондæн хаста: «В осетинской сакле соблюдается этикет строже, чем в европейских раззолоченных паллаццах»[1].

Æгъдæуттæй æвзæрынц æмæ фидар кæнынц адæмы менталитеты æууæлтæ, йæ удыхъæд, йæ этикон зондахаст, йæ удварн. Æгъдау у адæймаджы миддуне æвдисæг айдæн. Уым разынынц йæ зонд, йæ характер, йæ намыс, йæ интерестæ.

Адæмон æгъдæуттæ парахатæй ныввгонд цæуынц ирон дзыхæй-дзургæ сфæлдыстады æмæ аив литературæйы. Æгъдау у фольклоры хъаймагъ. Фольклор — царды нывæфтыд истори, фæлтæрты сагъæстæ æмæ бæллицтæ, сæ цард æмæ æгъдæуттæ æвдисæг.

Адæмон æгъдæуттæй уæрæх пайда кæнынц бирæ фысджытæ, уыдонимæ Плиты Грис æмæ Дзаболаты Хазби дæр.

Плиты Грисы хæстон лирикæйы хъаймагъ у æмдзæвгæ «Салдат». Уацмысы райдайæны ис, ирон фæсивæд Фыдыбæстæйы Стыр хæстмæ куыд цæуынц, уыцы ныв. Поэт хъомысджын ныхæстæй нывæнды поэтикон ныв, уым зыны бæлвырд уавæр. Æрдз æмæ хъæуы нывты уынæм адæмы хъысмæт:

*Уыдис мæйрухс, сæрдыгон æхсæв, хъарм.*
*Фæлæ уыд зæрдæ талынг æмæ уазал.*

[1] Миллер В. Ф. В горах Осетии // Русская мысль. 1881, кн. IV, 79 ф.

*Нæ хуыссыд хъæу, фæлæ ныхъхъус куыддæр,*
*Рухс никæмуал сыгъд æмæ, къахт цæстытау,*
*Уыдысты хъæуы рудзгуытæ мæрдцъынд.*

Адæм хæстонты куыд фæндараст кæнынц, уыцы ныв у аив, ис ын сыгъдæг национ хуыз æмæ æргом кæны ирон цардыуаг:

*Нæ фæдыл адæм хъæугæронмæ рацыд,*
*Нæдæр ныхас, нæ — худын, нæ — кæуын,*
*Æнæ уый дæр æмбæрста иуы иннæ:*
*Куы 'рцæуы фыд æгас дзыллæйыл, уæд*
*Сæргуыбырæй æмæ уæнтæбæрзондæй*
*Кæрæдзи 'нцой æнæдзургæ фæлæууынц.*

«Фæндаджы истори байгом колоритон нывтæй, — зæгъы поэты сфæлдыстад иртасæг. Фæсивæд цæуынц хæстмæ, адæм сæ фæндараст кæнынц. Ам нæй патриотон митинг, ам нывæфтыдæй уынæм национ царды æууæлтæ. Поэты цæстæнгас цардæй фелвæста уæрæхформатон нывтæ»[1].

Грис арæхстджынæй спайда кодта ацы нывы ирон гаджидауы нысанæй. «Уый фыццаджыдæр æвдисæн у ирон ораторон аивадæн, — зæгъы Джыккайты Зæринæ. — Гаджидау у зонды ныхас, фæдзæхст æмæ ныстуан кæстæрæн. Гаджидауы куырыхон хистæр дзуры адæмы фæндиæгтæ, уымæ гæсгæ йæ мидисы зынынц царды æууæлтæ. Гаджидау æвдисæн у адæмы зондахастæн». Зæронд лæг цы ныхæстæ загъта, уыдон сты ракуывды ныхæстæ, фæндон æмæ фæдзæхст:

*— Цæут, мæ хуртæ... Уастырджи фæуæд*
*Уæ фарсхæцæг... Тых кæнынмæ нæ цæут,*
*Фæлæ цæут тыхгæнджыты ныхмæ...*
*Æгадмæ-иу нын ма 'руадзут нæ сæртæ...*

Зæронд лæджы куывд у хуымæтæг, фæлæ хæссы арф мидис. Раргом кæны кувæджы зæрдæйы ахаст хæстон фæсивæдмæ, хоны сæ «мæ хуртæ». Куры фæндаджы æмæ хæсты бардуагæй бæлццæтты йæ рахиз базыры бын бакæна. Амоны æвзонг хæстонтæн сæ балцы аххоссæгтæ æмæ сæ тохы нысан. Уый фæдзæхсы, цæмæй тохы быдыры худинаг сæ сæрмæ ма 'рхæссой. Йæ ныхас у хуымæтæг, фæлæ мидисджын, ис дзы арф æнкъарæнтæ æмæ хъары зæрдæмæ.

---

[1] Джыккайты Шамил. Ныхасы фарн. Зонадон уацтæ æмæ эссе. Дзæуджыхъæу, 1996, 219 ф.

Гаджидауы жанрæй пайда кæны Дзаболаты Хазби дæр æмдзæвгæ «Къæсæры Уастырджи! Дæ рынтæ!..», зæгъгæ, уым. Æвдыст дзы цæуы ирон бинонты цардæй иу цау: фыд фæндараст кæны йæ фырты балцы. Ам Хазбийæн стыр ахъаз фæци йæ хъуыды ныввæфтыд кæнынæн ирон гаджидау:

*Къæсæры Уастырджи! Дæ рынтæ!..*
*Лæджы куывд истæмæ кæд дарыс,*
*Уæд ацы рæзгæ уд дæ бынты*
*Фæуæд мæ хæдзарæй фæндараст!*

Бинонты хицау кувы Уастырджимæ, уымæн æмæ уый у Хуыцауы стырдæр, кадджындæр, ахъаззагдæр минæвар арвæй зæхмæ.

Куырыхон хистæры куывд хæссы арф мидис:

*Цæмæй дзы йе 'мбæлттæ хъæубæстæм*
*Хъæбулы арфæтимæ здæхой,*
*Æмæ былысчъилæй мæ фæстæ*
*«Сæгъæй сæныкк гуыры» нæ зæгъой!*

«Сæгъæй сæныкк гуыры», — ацы базырджын ныхас у адæмон æмбисонд. Поэт дзы пайда кæны, цæмæй бæлвырддæрæй равдиса кувæджы хъуыдытæ, йæ зондахаст, йæ бæллицтæ. Æмдзæвгæйы хъайтар тæрсы фидисæй, уымæн æмæ уый агайы адæймагæн йæ намыс, къахыр ын кæны йæ кад. Нæ фыдæлтæ та уыдысты кадылмард. «Худинаджы бæсты мæлæт хуыздæр», — дзырдтой-иу уыдон. Уымæй тарстысты Нарты Тотрадзы мад, Æфхæрдты Госæма, Хазбийы Нана.

Дыууæ ракуывды дæр æвдисынц иухуызон мидис. Фæндон æмæ фæдзæхст. Уæрæх пайда кæны гаджидауæй Къубалты Алыксандр дæр йæ поэмæ «Алгъуызы куывд»-ы. Уыдон сты ирон фынджы фидауц æмæ æгъдау.

Æмдзæвгæ «Фæндзæм хъама»-йы Плиты Грис равдыста рагон ирон æгъдау. Æххæст-иу æй кодтой, тохы быдырмæ кæнæ та тæссаг балцы чи цыд, уыцы фæсивæд:

*Мысын: мадæн фырт лæууы йæ цуры,*
*Райдзастæй, зæрдæнкъардæй йæ хуры*
*Лæгтыдзуарыл афæдзæхсы мад...*
*Лæппу къулыл сау цухъхъа ныууадзы,*
*Кæрты хъама бæласы ныссадзы,*
*Ацæуы цъæх цинелы — салдат...*

Ацы ӕгъдау нӕ абоны царды нӕй. Нӕ баззад историйы дӕр. Фӕлӕ нӕм ӕрхӕццӕ ирон адӕмон сфӕлдыстады. «Нарты кадджыты» Нозы фырт Бӕргъуыйн хӕцы Нарты ныхмӕ, уымӕн цӕдисон сты уӕйгуытӕ. Бӕргъуыйн нӕ ауӕрды йӕхи адӕмыл дӕр, мары, Нарты ныхмӕ чи нӕ цӕуы, уыдон. Судзы сын сӕ хъӕутӕ. Уӕд йӕ ныхмӕ рацыд Дӕргъӕфсӕры чызг:

*«Дӕргъӕфсӕры чызг сыхы чызджытӕн*
*Сӕвӕрдта бӕхтыл се 'взаргӕдӕрты*
*Ӕмӕ сӕ йемӕ акодта хъӕдмӕ.*
*Тар хъӕды астӕу ӕрӕнцадысты,*
*Сӕ сыхбӕстӕйы цы хотых баззад,*
*Уыдон дӕр семӕ ахастой хъӕдмӕ;*
*Тыхӕвзар хӕстмӕ сӕхи ӕппӕрстой:*
*Ӕхстой уым фатӕй, кардӕй фӕлвӕрдтой,*
*Цӕст нӕ ивгъуыдтой фатӕй ӕхсгӕйӕ,*
*Лӕгтыл тых кодтой кардӕй хӕцгӕйӕ.*
*Афтӕ сдӕсны сты уыдон хӕцынмӕ,*
*Цӕттӕ уыдысты хӕстмӕ, бырсынмӕ.*
*Ызгъӕртӕ скодтой, хотыхтӕ райстой,*
*Сӕ фӕринк кӕрдтӕ уыдон ысластой,*
*Цъилы дӕндӕгтау сӕ тулдзы ныссагътой,*
*Цыргъадисы комӕй туг-ард бахордтой»*[1]

Грисы ӕмдзӕвгӕйы дӕр уынӕм ӕнгӕс ныв. Мад фӕндараст кӕны йӕ хъӕбулы тохы быдырмӕ. Лӕппу йӕ ацыды размӕ сӕххӕст кодта ацы рагон ӕгъдау, уыимӕ хъӕуы хӕстонтӕ се 'ппӕт дӕр.

«Цард хӕст у. Ӕмӕ уыцы уавӕрты нӕ фыдӕлтӕм сӕвзӕрд ӕхсары культ, — фыссы Джыккайты Шамил. — Ӕхсары символ уыд кард. Скифтӕ ӕмӕ алантӕм цирхъ уыди табуйаг, райста сокралон (священный) ӕууӕлтӕ»[2]. Скифты таурӕгъты арвӕй цы ӕртӕ хӕзнайы ӕрхауд, уыдонӕй иу уыди цирхъ. Зындгонд куыд у, афтӕмӕй скифтӕ табу кодтой ӕхсаргардӕн, куывтой йӕм. Уый тыххӕй Геродот фыссы: «...мечу они ежегодно приносят в жертву рогатый скот и лошадей. Сверх таких жертвоприношений... из числа пленных врагов приносят ему каждого сотого мужчину»[3].

[1] Нартӕ. Ирон адӕмон эпос. Сталинир, 1942, 49 ф.
[2] Джыккайты Ш. Ныхасы фарн: Зонадон уацтӕ ӕмӕ эссе. Дзӕуджыхъӕу, 1996, 64 ф.
[3] Геродот. История в девяти книгах. Кн. 4. Владикавказ, 1991, 27 ф.

Куыд федтам, афтæмæй стыр уыд æхсаргарды ахадындзинад нæ фыдæлты царды. Карды цыт. Йæ фæд ныууагъта адæмон сфæлдыстады дæр. Грисы лирикон хъайтар дæр Дæргъæфсæры чызгау цыргъаджы номæй ард бахордта æмæ йæ æвдисæндарау сæ кæрты бæласы ныссагъта. Йæ фæндагыл ацæуы йæ кæстæр дæр. Ам Грис равдыста ирон адæймаджы удыхъæд æмæ характер. Нæ фыдæлтæм фæдисы фæсте баззайын нымад цыди тæппуддзинадыл, худинаджы гакк-иу сбадт ахæм лæгыл мыггагмæ. Æмдзæвгæйы идæдз сылгоймагæн хæсты быдырмæ ацыдисты йæ цыппар фырты. Йæ иунæг ныфсы таг ма у кæстæр, фæлæ:

*Иу райсом йæ фырты мад нæ уыны, —*
*Рауад, бæласмæ фæкасти тагъд:*
*Цыппар егъау хъамайæн сæ быны*
*Фæндзæм дæр — хæрзчысыл хъама — сагъд!..*

Ирон адæмон сфæлдыстады кард бæласы ныссадзын æмæ дард балцы араст уæвын æмбæлы алы хуызты. Аргъау «Фаззæтты» Сауи æмæ Будзи кæрæдзийæ куы ахицæн вæййынц, алчи сæ йæ фæндагыл куы ацæуы, уæд сæ мусонджы астæуккаг цæджындзы ныссадзынц къулгард. Уымæй базондзысты: «... кæд сæ искæуыл исты æрцæуа, уæд чердæм араст и, уыцырдыгæй фарс сызгæ уыдзæн; кæд ма йын фервæзынæн исты амал уа, уæд ма карды фарс ранæй-ран æрттивдзæн»[1].

Эпосы Æхсæртæг денджызы бынмæ куы цæуы, уæд зæгъы йе 'фсымæрæн: «Мæнæ дин мæ циргъаг, кæд тоги хузæн изæр кæнун байдайа, уæд уой зонæ, æма мæмæ æнгъæл мабал кæсæ»[2].

Ацы æгъдау Грис равдыста йе 'мдзæвгæ «Кæуæг бæрз»-ы дæр:

*Мадæн уыд зыбыты иу бындарæг,*
*Лæппуйæн — сæ хъæубæсты чызг-уарзон.*
*Фæлæ хæст куы ссыгъди, уæд ныууагъта*
*Сау лæппу йæ уарзоны, йæ мады, —*
*Хъама кæрты урс бæрзы ныссагъта*
*Æмæ бæрзыл цæстысыг æруади...*

Кæд ацы æгъдау историйы æмæ этнографийы йæ фæд нæ ныууагъта, уæддæр нын æй фольклор æвдисы бæркадджынæй. Уыимæ нывгонд цæуы ирон фысджыты уацмысты дæр.

---

[1] Ирон адæмон аргъæуттæ. Т. 1. Сталинир, 1959, 192 ф.
[2] Нарты кадджытæ. Ирон адæмон эпос. Т. 1. Дзæуджыхъæу, 2003, 23 ф.

Нæ фыдæлтæ стыр кад кодтой сылгоймагæн. Немыцаг гуманист В. Гумбольдт фыссы: «Нравственность народов зависит от уважения к женщине»[1]. Кæд бинонты хистæр — урсбоцъо зæронд лæг уыд æппæт барты хицау, уæддæр «бинонты æнгомдзинад се 'фсиныл баст у», — амоны ирон æмбисонд. Кæд сылгоймагæн æхсæнадон царды ницы бартæ уыд, уæддæр йæ кад уыд бæрзонд æвæрд. «Женщина пользуется большим почетом, чем мужчина; если они вдвоем идут рядом, то женщина идет справа; если с нею двое мужчин, то она идет между ними. Одно появление женщины обуздывает буянов, останавливает и прекращает кровопролитие»[2].

Сылгоймагæн æгъдау дæттын уыд фидар фæтк нæ фыдæлты царды, æмæ уый равдыста Грис йе 'мдзæвгæ «Хохаг хъæуы». Урсбоцъо барæг тъæбæрттæй тæхы йæ бæхыл, тындзы кæдæмдæр, нæй йын æрлæууæн:

*Уынджы йын зæрæдтæ радтой æгъдау*
*Æмæ йæ хонынц сæ фæрныг хæдзæрттæм.*
*Не 'рлæууыд барæг: фынккалгæ бæхыл*
*Фатау æнæзилгæ размæ тæхы.*

Фæлæ æнæнхъæлæджы йæ размæ фæци æрыгон сылгоймаг, — уæд барæг:

*Рахызти, риуыл æруагъта йæ сæр*
*Цалынмæ дондзау нæ фæауuон — бæхыл*
*Не сбадти барæг, æдзынæг лæууыд.*

Æгъдау домы нæлгоймагæй цавæрфæнды уавæрты дæр сылгоймагæн æмбæлгæ кад скæнын. Ацы уагæвæрд-иу чи фехæлдта, уымæн та-иу æхсæнад рахаста карз тæрхон. Беджызаты Чермены «Мæсгуытæ дзурынц»-ы (æстæм таурæгъ «Туджы фæдыл») фæтуджджын сты дыууæ мыггаджы. Ныхмæ лæууыны рæстæг фехæлдтой фыдæлты æгъдау: амардтой мæсыгмæ дон хæссæг сылгоймаджы. Уый адыл ноджы стырдæр тæригъæд райстой сæхимæ: «Адæм сыл нытту кодтой æмæ загътой: «Кæрæдзи фæцæгъдут, æгъдаухал æнаккæгтæ»[3].

Æркæсæм-ма Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæ «Сылгоймаг»-мæ. Райдайы ирон хъазты нывæй:

---

[1] Разум сердца. Мир нравственности в высказываниях и афоризмах. М., 1989, 174 ф.

[2] Коста Хетагуров. Полное собрание сочинений в пяти томах. Т. 4. Владикавказ, 2000, 355 ф.

[3] Беджызаты Ч, Хъуылаты С. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1995, 149 ф.

*Ærbахызт хъазт фæзмæ худгæ*
*Æмæ цырен хъæрахст фæдæлдзæх,*
*Æваст æмдзæгъдгæнæг лæппутæ*
*Къуыхцытæй райдыдтой мæнгæмдзæгъд...*

Ам æвдыст цæуы ирон адæмы культурон цардæй иу уысм: хъазты эпизод. Фæлæ сæйраг уый нæу. Мах уынæм сылгоймаджы кад æмæ намыс. Нæ фыдæлты цард афтæ арæзт уыд, æмæ чызг æхсæнадон цардмæ цæуаг нæ уыд. Йæ кары-иу куы бацыд, æрмæст-иу уæд араст фыццаг хатт стыр хъазтмæ æфсымæртæ æмæ сыхы лæппутимæ. «Танцы и участие в них было строго регламентированы своеобразными этическими правилами, обязательное исполнение которых не могло быть поставлено под сомнение кем бы то ни было»[1].

Хъазты лæппутæ сæхи дардтой уæлдай æфсармджындæр, нæ уыд кафгæ-кафын уæлдай змæлдтытæ кæнæн, чысыл фæзылд дæр-иу йæ фæстæ расайдта стыр бæллæхтæ.

Хетæгкаты Къоста уый тыххæй фыста: «Двусмысленное слово в присутствии женщин, непристойная развязность с девушкой вооружает против провинившегося всю молодежь»[2]. Ирон аив литературæйы уымæн ис бирæ дæнцæгтæ: Нигеры поэмæ «Бадилон симд», Коцойты Арсены радзырд «Фынддæс азы», Беджызаты Чермены «Мæсгуытæ дзурынц» (таурæгъ «Ахлæуаты чындз»).

Рагæй-æрæгмæ ирон адæмы царды иттæг ахсджиаг бынат ахста æмæ ахсы æфсарм, уый у нæ царды тæккæ ахсджиагдæр моралон миниуджытæй иу. Нывæфтыдæй йæ йе 'мдзæвгæйы равдыста Хазби:

*Тырныдтой рохбаст риутæ размæ,*
*Дымстæй хъæрзыдта къаба рындзыл...*
*«Цымæ кæй чызг у, уый... кæй чындз у?..»*
*Йæ фæдыл аивæй кæсгæйæ,*
*Фæлтæрдджын урсрихи зæрæдтæ,*
*Сæ къухтæн феуæгъдæй тæрсгæйæ,*
*Æнгом хæцыдысты сæ рæттыл!..*

Хуымæтæг дзырдтæ, фæлæ нын поэт равдыста æнæхъæн æхсæнадон фæзынд бæлвырд æмæ цардæгасæй, ис ын сыгъдæг

[1] Магометов А. Х. Культура и быт осетинского народа. Орджоникидзе, 1968, 353 ф.
[2] Хетагуров К. Полное собрание сочинений в пяти томах. Т. 4. Владикавказ, 2000, 358 ф.

национ хуыз, æргом кæны ирон цардыуаг, ирон æгъдау, национ характер.

Нæ фыдæлты царды дыууæ ахсджиаг фæзынды — чындзхаст æмæ зиан — Плиты Грис равдыста æмдзæвгæ «Ирон æгъдау»-ы. Поэт æххæстæй сныв кодта ирон лæджы удыхъæд, характер æмæ фарн. Хуызджын ахорæнтæй ранывæзта чындзхасты нывтæ:

*Уый бæрц адæм иу кæрты нæма уыд.*
*Йе сæм цас чындзхæсджытæ æрцыд!*
*Иу-сæдæ сæм барджытæ æрбацыд,*
*Иу-сæдæ та галуæрдæттыл уыд.*

*Симджыты бын зæхх цыма уынæргъыд*
*Уæлдæф та сæ къæрццæмдзæгъдæй рызт;*
*Фынгыл адæм бадтысты рæгъ-рæгъы,*
*Кæхц, фынккалгæ, къухæй-къухмæ хызт.*

Дыууæ æвзонг уды сæ цард баиу кодтой, сæ циныл сын цин кæнынц адæм дæр. Фæлæ æнæнхъæлæджы æрцыд æнамонд хабар:

*Афтæмæй æрцыд уæззау фыдхабар,*
*Æмæ хъæуы ничи скодта хъæр,*
*Чындзхасты æрбацыдмæ кæй амард*
*Фысымтæн сæ бинонты хуыздæр.*

Уазæгæн æмбæлгæ æгъдау ма скæн, дæ хæдзарæй йæ райдзастæй, зæрдæхъæлдзæгæй ма афæндараст кæн, уый нымадтой ирон адæм худинагыл. Фысым бахауд уæззау психологон уавæры, йæ зæрдæйы цæуы карз тох: иуæрдыгæй уазæджы æфсарм, иннæрдыгæй мардæн хъæуы æмбæлгæ æгъдау скæнын:

*Ды, рæсугъд ирон æгъдау, хъæбæр дæ! —*
*Хорз фысым нæ равдыста йæ мард —*
*Загъта: уадз, нæ уазджытæн сæ зæрдæ*
*Ма кæна сæ цины бон æнкъард.*

Ахæм драмон уавæр æвдисы таурæгъ «Уастырджи æмæ æртæ æфсымæры». Мад цæстæнгасæй æмæ уагæй дæр нæ равдыста уазæгæн, йæ лæппутæ æнæнхъæлæджы кæй фæмард сты, уыцы æнамонд цау.

Таурæгъ «Æртæ тæригъæды». Бурæлдар ракодта фыдракæндтæ. Нæ йын хатыр кæны йæ хо дæр æмæ зæгъы: «Ауæй кодтай дæ иунæг хойы, нæ бавæрдтай уазæджы, амардтай сылгоймаджы...

Ælгъыст фæу, æлгъыст!..»[1]. Афтæмæй Бурæлдар бабын ис.

Нæ фыдæлтæм уазæгхор фидиссаг æмæ æгад уыдис. Уазæджы æгъдæуттæ уыдысты уаз æмæ табуйаг. Плиты Грисы æмдзæвгæйы куырыхон хистæр æмбæлгæ æгъдау скодта уазæгæн дæр æмæ мардæн дæр. Бахъахъхъæдта фыдæлты фарн æмæ æгъдау.

Стыр бынат ахста нæ фыдæлты царды туг исыны æгъдау. Бæрæг фæд ныууагъта Нарты кадджыты æмæ ирон адæмон таурæгъты. Ацы æгъдау уыд æппæт Кавказы цæрæг адæмты царды. Беджызаты Чермены уацау «Мæсгуытæ дзурынц»-ы (æстæм таурæгъ «Туджы фæдыл») Баймæт зæгъы: «Раджы адæмы царды мидæг туджы хъуыддагæй æнамонддæр хъуыддаг ницы уыди... Тугæн-иу йæ кæрон нал скъуыди, хызти фыдæйфыртмæ, цалынмæ мыггаг мыггаджы ныццагътаид, кæнæ сæ фæрныг адæм нæ бафидауын кодтаиккой, уæдмæ»[2].

Нæ фыдæлтæ цыфæнды зынæй дæр æххæст кодтой тугисыны æгъдæуттæ, фæлæ уыциу рæстæг царды уыдис ахæм уавæртæ, лæгæн йæ бон фервæзын кæй фæрцы уыд. Зæгъæм, «кæй амардтай, уый худ ныккæнгæйæ, сæ къонайы рæхысыл анызæвгæйæ, кæнæ та, чи фæмард, уыцы лæппуйæн йæ мады риутыл былтæй бандзæвгæйæ. Уазæг-марæг кæй хæдзары уыд, уыдон дзуапп лæвæрдтой йе 'дасдзинадыл»[3].

Уый федтон æз:

*Уынгæг фæдыл мæ сæрмæ*
*Хæрхæмбæлд*
*тугисæг йæ туджджынимæ фесты.*
*Йæ бæх фæзылдта туджджын лæг æфсæрмæй*
*Æмæ йæхи мæ къæйрæбынмæ фехста.*
*Цæргæсау коммæ ратахт бæх æд барæг...*

Барадон, æхсæнадон уагæй марæг цасфæнды раст ма уыдаид иууыл ныфсхаст æмæ хъаруджынæй, куыдфæнды ма хæцыдаиккой йæ сæрыл мыггаг, хæстæджытæ, зонгæтæ, уæддæр бирæ хæттыты æзвзæрста мæгуыры бонтæ бафидауыны размæ. Иу æмæ дыууæ хатты нæ бахаудаид туджджынты ахæсты ныхæйныхмæ хъазуаты цæугæйæ.

[1] Ирон таурæгътæ. Орджоникидзе, 1989, 280 ф.

[2] Беджызаты Ч, Хъуылаты С. Уацмыстæ. Дзæуджыхъæу, 1995, 148 ф.

[3] Габысаты Светланæ. Ирон таурæгътæ туджджыны тыххæй // Мах дуг, 1991, № 5, 120 — 124 фф.

Хазби равдыста дыууæ туджджыны æнæнхъæлæджы бафидыд:

*Æз адæргæй нынкъуысыдтæн:*
*«Мæ бо-оны-ыл!..*
*Фæлæ дæ уарзон ахæм гуырд ныййарæд! —*
*Æрвон барæгау багæпп кодта доны!..*
*Æруагъта саргъыл*
*Тугисæг йæ гæрзтæ*
*«Мæ туг дын — барст! —*
*Ныхъхъæр кодта йæ фæдыл, —*
*Зылдтæн æз афæдз марынмæ дæ фæстæ.*
*Фыццаг хатт сиу нæ къахвæндаг,*
*Фæлæ дын*
*Ныр дзырд дæттын:*
*Кæм дæм разынди уыйас*
*Ныфс æмæ 'фсарм,*
*уым ис мæныл хæсы фарн,*
*Æмæ цæуæм, æгас хæххон хъæуы раз*
*Зæгъын дæуæн*
*Æфсымæр!»*

Хуызджын æмæ нывæфтыдæй æвдисы дыууæ туджджыны бафидыд. Хазби ам фæлгъауы, иуæй ирон царды æууæлтæ, иннæмæй æнусон этикон домæнтæ.

Барахъты Гинойы радзырд «Цæр»-ы фæтуджджын сты Пхалæгаты Къомбох æмæ Тæхонты Мулдан. Къомбох куы фехъуыста, зæгъгæ, Мулдан фæмард, уæд ныккатай кодта: «Мæ туджджын иу уыд Тæхонты Мулдан, кæцы баззадис знагæн дæр æмæ хæларæн дæр. Уый мæ кæнæ акодтаид маргæ, кæнæ бакодтаид мемæ фидаугæ. Ныр амард уый, баззадысты иннæтæ... Марын уыдонæн нæ бакомдзынæн, фидауцы тыххæй та мын уыдон нæ ратдзысты дзуапп. Æмæ бынты бын куы бадæн...»[1].

Адæмон æгъдæуттæ нывгонд цæуынц литературæйы. Уæрæх сæ пайда кæнынц бирæ фысджытæ се 'сфæлдыстады. Уыдон сты аивадон фæрæзтæ, ис сын хицæн сфæлдыстадон нысаниуæг æмæ поэтикон функцитæ. Æгъдауы мидæг разынынц адæймаджы æппæт æвæрццæг æмæ æппæрццæг миниуджытæ.

[1] Барахъты Гино. Бæстырæсугъд. Дзæуджыхъæу, 1991, 233 ф.

# ПУБЛИЦИСТИКÆ

*Николай ГРИТЧИН*

## КÆЙ НÆ БАЛХÆНÆМ, УЫДОНЫ АМАРДЗЫСТÆМ

Хуссар Ирыстоны хæст куы райдыдта, уæд ирон адæмæй бирæтæ сæ хæстæджытæй фæцух сты. Бахъаты Валентинæимæ базонгæ дæн лигъдæтты автобусы. Хæст куы райдыдта, уæд дыккаг бон Цæгат Ирыстонмæ ралыгъди. Сылгоймаг мын йæ хабæрттæ ракодта: «Мæ сæрыхицауы мын цалдæр къуырийы размæ амардтой. Дменисы хъæуы куыста милицæйы хайады хицауæй».

Дменисы алыварс æрæджы дæр ма цардысты гуырдзы, фæлæ дзы ныр иу дæр нал баззад, иууылдæр фæлыгъдысты. Ередвийы хъæу та чидæр фыддæрагæн судзгæ бакодта.

Дменисы хъæуы дæлбулкъон Бибылты Нодары чи нæ зыдта, ахæм нæ уыди. Уый дæр хæсты рæстæг фæмард. Хуссар Ирыстоны хицауад ын стыр аргъ кодтой. Администрацийы хицау Гиголаты Валери зæгъы: «Фондз азы дæргъы нæм милицæйы хицауæй фæкуыста. Йæ рæстæджы уавæр фæхуыздæр, фыдбылызтæ фæкъаддæр сты. Йæ куыст адæмы зæрдæмæ тынг цыд, æмæ йæм уый тыххæй Гуырдзыйы хицауад æдзухдæр мæсты кодтой. Иухатт милицæйы кусджытæ Дменисы иу лæджы баурæдтой. Калакæй Куртамæ телевизор фæцæйласта. Лæг уыди азербайджайнаг, йæ документтæ йæхимæ нæ разындысты, æфсæнттæ кодта, Хуссар Ирыстоны зæхмæ, дам, æнæнхъæлæджы æрбахаудтæн. Йæ телевизор ын байстой æмæ йын загътой, дæ паспорт куы 'рбахæссай, уæд дын æй ратдзыстæм, зæгъгæ. Шофыры ауагътой æмæ Бибылы-фыртимæ сæ куыстмæ сихор хæрынмæ ацыдысты. Фынддæс минуты фæстæ æвирхъау гуыпп фæцыди. Телевизоры хуылфы уыд бомбæ. Дыууæ лæджы фæмард сты, иу та цæфæй аирвæзт. Фæстæдæр гуырдзиаг фыдгæнджытæ Бибылы-фыртмæ ногæй бахъавыдысты æмæ йæ амардтой».

Æз бафæлвæрдтон Нодары мад Дудайты Лидæйæ хабар бæлвырддæр базонын, фæлæ сылгоймаг æрмæстдæр, хъарæггæнгæ,

мæ разы куыдта æмæ йæ бон дзурын нæ уыди. Гиголайы-фырт мын равдыста, бомбæтæ кæм æмбæхст уыдысты, уыцы бынæттæ: иу дзы бæласы къалиуыл бафидар кодтой, иннæ та уазæгдоны бамбæхстой.

– Мæнмæ гæсгæ, фыдгæнæг сыхæгты цæхæрадоны æнгузы бын бамбæхст æмæ уырдыгæй хъахъхъæдта, – дзуры Валери. – Уыцы фыдбылызы бон уазæгдонмæ фыццаг ацыди Нодары ус, уый фæстæ та йæ чызг. Фæлæ террорист кънопкæйыл ныххæцыд, Нодар йæхæдæг куы бацыди, уæд. Йæ дыууæ къахы дæр атахтысты, фервæзæн ын нал уыди.

## НИКÆУЫЛ БАЦАУÆРСТОЙ

Гиголайы-фырт гуырысхо нæ кæны, Бибылты Нодары марджытæ хъæуы адæмæй кæйдæр кæй балхæдтой, ууыл. Фыдгæнджытæн баххуыс кодта, Бибылты хæдзары арæх чи уыди, сæ царды уаг сын хорз чи зыдта, ахæм адæймаг.

Бестауты Бала у Хуссар Ирыстоны парламенты депутат, Аланийы хъазахъхъаг æфсад æмæ хохаг ротæйы хицау. Дыууæ хатты йæ хъавыдысты амарынмæ. Дыккаг хатт фыдгæнджытæ минæ бафидар кодтой Балайы хæдзары раз, хæтæлыл.

– Уыцы ’хсæв æфсæддон ахуыртæ дæргъвæтин ахастой æмæ хæдзармæ æрæгмæ ’рбацыдтæн, – дзуры Бала. – Дæсæм сахатыл мæ машинæ гаражæй ракодтон æмæ хæдзармæ камерæмæ баздæхтæн. Куы йæ рахастон, уæд æрдæгфæндагыл æрхъуыды кодтон, мæ дæгъæлтæ кæй ферох сты, уый. Фæстæмæ куыд фæцæйцыдтæн, афтæ бæстæ ныннæрыди. Сыхаг хæдзары раз дыууæ скъоладзауы фæмард сты. Цы аххосджын уыдысты уыдон та? Дуканийы раз машинæйæ продукттæ истой. Ноджы ма фондз лæджы фæцæф сты.



*Бестауты Бала.*

Фыдгæнæджы ’рцахстой. Бала мын йæ ном дæр загъта. Уый царди сæхи хъæуы, гуырдзиæгтæ йæ балхæдтой. Августы гуырдзы куы ’рбабырстой, уæд æй ахæстонæй рауагътой æмæ йæ кой фесæфт. Ныр дæр æй милицæ агурынц.

Хуыгаты Таймуразæн йæ амонд йæ разæй цæуы. Иухатт ын террористтæ йæ машинæйы цур бомбæ бавæрдтой.

– Мæ шофыримæ кулдуары раз бафæстиат стæм, – дзуры Таймураз. – Фыдгæнæг уый æнхъæл нæ уыд æмæ кънопкæйыл афонæй раздæр ныххæцыди.

Мартъийы террористты къухæй фæмард Тедеты Алан, тæрхонгæнæджы æххуысгæнæг. Фыдгæнджытæм изæрыгон Хуыгаты Таймуразы хуызæн фæкасти. Минæ бавæрдтой машинæйы бын. Куы срæмыгъта, уæд шофыр машинæйæ рахауд æмæ аирвæзт. Террористтæ амардтой æдасдзинады советы секретарь Æлборты Оледжы дæр.

## АСЛАМÆЙ СÆ НÆ БАЛХÆДТОЙ

Гуырдзыйы хицауад бирæты балхæдтой, – дзуры Хуыгайыфырт. – Æрæджы нæ хъæуы цæрджытæй æртæ лæгæн тæрхон кодтам. Æртæйæ фондз теракты сарæзтой.

Бестауты Балайы марджытæн гуырдзы зæрдæ бавæрдтой 25 мин доллæрæй, фидгæ та сын фынддæс йеддæмæ нæ бакодтой. Прокурорæн та «йæ аргъ уыди» 25 мин доллæры æмæ дыууæ фатеры.

Гуырдзы цы хъæуты цардысты, уыдонмæ Калачы хицауад сæ хъус рагæй дардтой, ирæтты хъæутæй сæ фæхицæн кодтой. Æртыгай мæйтæ-иу Цхинвалы дон нæ цыд, уымæн æмæ горæтмæ дон Гуырдзыстонæй уагътой.

– Фæстаг дыууæ азы уавæр ноджы зындæр сси, – дзуры Хуссар Ирыстоны университеты ахуыргæнæг, конфликтолог Кокойты Геннади. – Саакашвили Куртайы ног хицауад æрфидар кодта. Раздæр æй хуыдта Хуссар Ирыстоны хицауад, уый фæстæ та – рæстæгмæйы администраци. Уæдæй фæстæмæ республикæйы терактæ сарæх сты.

Йæ сау фæндтæ сæххæст кæнынæн Калачы хицауад æвзæрста республикæйы зындгонддæр адæмы. Зæгъæм, Санахъоты Дмитри раздæр Хуссары Ирыстоны куыста премьерæй. Фæстагмæ казинотæм цæуын райдыдта æмæ хæсты бын фæци. Ахæм зын уавæры рæстæгмæйы администрацийы хицауæй кусынылл куыннæ сразы уыдаид! Уый фæстæ, кæй зыдта, уыдоны йæ фæдыл ласын байдыдта.

– Мæнæн дæр хъæууон хæдзарады хицауы бынат лæвæрдта, – дзуры фæлтæрд ветеринар Гæбæраты Феликс. – Æхцайы бын кæй фæци, уый йыл бæрæг уыд. Иухатт иумæ фынгыл бадтыстæм æмæ мæ цыбæл кодта, фæлæ не сразы дæн.


*Гæбæраты Феликс.*

Феликс куы сразы уыдаид, уæд абон йæ бинонтæ сæ мæгуыр капеччытæ нæ нымаиккой. Санахъойы-фырт Феликсæн хæдзар дæр æмæ машинæ дæр балхæдтаид. Йæ цотæн дæр Калачы скъолатæ æмæ институттæм сæ фæндæгтæ гом уыдысты.

– Æз мæ райгуырæн зæххыл гадзрахатæй рацæуын мæ сæрмæ не 'рхастон, – дзуры мын дарддæр Феликс. – Гуырдзыйæ дæр мæм телефонæй дзырдтой, Калачы мын фатерæй зæрдæ бавæрдтой, æхцатæй мæ сайдтой, фæлæ не сразы дæн. Цхинвалы цæрджытæ уæйгæнæджы хæдзар судзгæ кæнынц, мæнæн та мæ фыды хæдзар зынаргъ у.

## ГУЫРДЗЫСТОН НОГ МАДЗÆЛТТÆ АГУЫРДТА

Санахъоты Дмитри адæмы фæдыл зылди, бирæтæ дзы 'мбæхстысты, иннæтæ та милицæйæ æхxуыс агуырдтой.

Хетæгкаты Нинæ вендиспансеры дохтырæй куыста, фæлæ йæ 'нæнхъæлæджы йæ куыстæй рарвыстой. Гуырдзиаг хъæуты куыстагур куы зылди, уæд æй Санахъойы-фырты адæм уайтагъд бафипайдтой.

— Мæ бон сæ нал уыди, — дзуры Нинæ. — Фатерæй, мыздæй, алыхуызон диссæгтæй мæ сæхирдæм сайдтой. Фæрсгæ дæр мæ нæ бакодтой, афтæмæй мæ министры бынаты сæвæрдтой. Куысты мæт дæр мæ нал уыд, афæдзы бæрц Цхинвалы æгуыстæй фæбадтæн. Гуырдзыйы хъузæттæ мæм æнæхъæн аз æртхъирæн фæкодтой. Иухатт


*Хетæгкаты Нинæ йæ фырт Толяимæ.*

хæдзары куы нæ уыдтæн, уæд нæм чидæр мæн æмæ мæ лæппуйы агурæг машинæйыл æрбацыди. Уый фæстæ мын æй мæ мад радзырдта. Милицæмæ фæхабар кодтон æмæ мын уæдæй фæстæмæ мæ хæдзар хъахъхъæдтой.

– Адæмы ’лхæныны фæрцы Саакашвилийы фæндыди дуне иу хъуыддагыл бауæндын кæнын, – дзуры Хуыгаты Таймураз: Хуссар Ирыстоны адæмы ’хсæн иудзинад нæй æмæ кæрæдзи цæгъдынц.

Хуыгаты Таймуразы хъуыдымæ гæсгæ, Хуссар Ирыстоны уавæр банывылгæнæн уыди 2004 азы. Уæд Кокойты Эдуард æмæ Зураб Жвания хæст бауромыныл баныхас кодтой. Фæлæ премьер Жвания куы амард, уæд Калак Хуссар Ирыстоны хурхыл ныххæцыди. Гуырдзы, марынмæ кæй хъавыдысты, уыдоны нæмттæ телеуынæны æргомæй дзырдтой. Фæлæ сын Ирыстоны адæм куы нæ басастысты, уæд æнæхъæн республикæйыл æнæвгъауæй арт бандзæрстой.

## ГУЫРДЗЫЙЫ ФЫДРАКÆНДТÆ 2008 АЗЫ

Хуссар Ирыстоны прокуратурæйы бæрæггæнæнтæм гæсгæ 2008 азы гуырдзиаг фыдгæнджыты аххосæй республикæйы æрцыди 159 фыдракæнды, уыдонæй 19 – терактты.

8 хатты террористтæ хъавыдысты паддзахад æмæ æхсæнады бæрнон кусджыты амарынмæ, 6 хатты та — æдасдзинад хъахъхъæнæг оргæнты кусджыты.

24 фыдракæнды баст сты адæмы давынимæ, 31 та – марынимæ.

Ацы фыдракæндты аххосæй фæмард 80 адæймагæй фылдæр, фæцæф 145, адавдæуыд 85 адæймаджы. Уыдонæй 22 Гуырдзыстоны ахæстæтты сбадын кодтой, уæрæсейаг дзырдхæсджытыл сæ «банымадтой».

***Нæкуысаты Наирæйы** тæлмац*

# «МАХ ДУДЖЫ» РАВДЫСТ



*Билар йæ хæлæрттимæ (лæууы фæсте галиуырдыгæй).*

*Цæрикъаты Билар каст фæци Дзæуджыхъæуы нывгæнынады ахуыргæнæндон, стæй Мæскуыйы Суриковы номыл нывгæнынады институты скульптурæйы хайад. Йæ куыстытæ сты Третьяковы галерейы, Германы, Францы, Англисы, Америчы æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Ирыстоны хицæн адæймæгтæм, фенæн сын вæййы мæскуыйаг, æппæтуæрæсейаг æмæ дунеон равдыстыты. Цæры Мæскуыйы.*



*Дзуары райгуырд.*



*Наполеон.*



*Ӕнæ номæй.*



*Чырысти Уæларвмæ тæхгæйæ.*



*Лæдзæг.*



*Мысырмæ лидзгæйæ.*



*Фсати.*



*Лæдзæг.*



*Хос ласынмæ.*



Уацилла.



Уастырджи.



Кораллты риф.



Ӕнæном ныв.



Паддзахы бадæн.



Сусæг æхсæвæр.

# ИРОН
# ПОЭЗИЙЫ
# АНТОЛОГИ

# ГИБИЗТИ ОСКАР

*(1960 — 1993)*

*Ацы аз мартъийы республикæйы Национ библиотекæйы уыдис æмбырд. Ныхасы сæр — журнал «Дарьял»-ы редакцийы фæндæй Гибизты Оскарæн дыууæ'взагыл (дыгуронау æмæ уырыссагмæ тæлмацæй) цы поэтикон чиныг рацыд, уый. Фарны хъуыддаг сарæзтой, æдзард поэты æмдзæвгæтæ ратæлмац кæныныл æмæ чиныг рауадзыныл чи бацархайдта, уыдон. Бирæ хорз æмæ раст ныхæстæ загъдæуыд Оскары тыххæй. Суанг ма йын рифмæбыд рæнхъытæй дæр ссардтой йæ ном. Фæлæ мын уæдæй абонмæ иу катайаг хъуыды æнцой нæ дæтты. Æмбырды чи радзырдта, уыдонæн сæ фылдæр уыдисты дыгурæттæ æмæ ирæттæ, афтæмæй Оскары поэзийæн аргъ кодтой уырыссаг тæлмацтæм гæсгæ. Уымæн æмæ нæдæр дыгуронау зонынц, нæдæр иронау, кæд Ирыстоны райгуырдысты, ирон-дыгурон хор æмæ донæй фæцардысты, уæддæр. Ахæм «уæрæседзаутæй» ныртæккæ нæ бæстæ бæз-бæз кæны. Æртиссæдзгай-цыппарыссæдзгай азтæ батонынц, афтæмæй, сæ мад-фыд, сæ тъымы-тъыма цы'взагыл дзырдтой, уый æдæрсгæ базоныны охыл сæ къух уазал доны дæр нæ атулынц.*

*Оскары фыццаг æмдзæвгæтæ мыхуыры фæзындысты 30 азы размæ. Малиты Васо йын йе сфæлдыстадон бынтæ æнæхъæнæй куы рауагъта биноныг разныхасимæ, ууыл дæр цыппæрдæс азæй фылдæр рацыд (журнал «Ирæф», 1994, № 2), адон та йыл нырма ныр цин кæнынц, раст цыма æндæр планетæйæ æртахтысты. Замана уый у, æмæ нæ «уæрæседзауты» нымæцыл иудадзыг æфтгæ кæй кæны. Гъемæ Секъайы загъдау, «æнæ хъæр-цъистæй куы мæлæм, æнцад-æнцады кæмæдæр æхсæвæй-бонæй лæдæрсæм».*

*Ацы дардыл койтæ уымæн кæнын, æмæ Оскар фыццаджы-фыццаг йæ мадæлон æвзаджы хъæбул уыди, поэт дæр дзы уый сарæзта. Оскар йæхæдæг та дыгурон дзырдаивады фарнмæ ахадгæ æфтуан бакодта, æмæ нын сæйраджыдæр йæхи текстты сты зынаргъ — уым сты йæ уды уыраугæ ристæ, йæ иунæджы сагъæстæ, утæхсæнтæ, йæ оригиналон æрмдзæф, фæивддзаггæнæн, баивæн кæмæн нæй, уыцы хæдхуыз, цардæгас фæлгонцтæ, зæрдæскъæф ахорæнтæ, йæ кæрдаг зонды æнæнхъæлæджы хатдзæгтæ. Æппæт уыдæттæ æндæр æвзагмæ тæлмацы, ай-гъай, зын бахъахъхъæнæн сты. Раст зæгъын хъæуы, Оскары поэзи уырыссаг æвзагмæ чи ивта, уыдон зæрдиагæй бакуыстой, бæрæг у, арф сæм бахъардта йæ трагикон хъысмæт. Фæлæ уæддæр æмæ уæддæр... Уæвгæ ацы темæ сæрмагонд ныхасы аккаг у. Мæнæн та мæ тыхстаг — кæдмæ уыдзæн ахæм уавæры не'взаг, нæ дзырдаивад? Нæ фæстæ цы рæзгæ фæсивæд ис, уыдон ма абоны ирон-дыгурон фæлтæры хъæр æмбардзысты? Йæ адæмы дæсгай-ссæдзгай милуантæй чи нымайы, уыдон дæр сæ фидæныл катайгæнгæйæ куы дзурынц, уæд мах цы мыггаг стæм? «Мне страшно подумать, что моим детям был бы непонятен мой язык, а за ним — и мои понятия, мечты, стремления, моя любовь к своей бедной природе, к своему родному народу...» Афтæ загъта стыр Уырысы разагъды фыссæг Владимир Короленко. Гыццыл Ирыстоны разагъды поэт Гибизты Оскармæ та ахæм хъуыды бакастæн: «Мæ дуар мин æхсæвигон æрбахуастæй æма мæмæ æрбацудæй... Малити Геуæрги. Загъта мин: «Биццеу, дæ адæмбæл дæ зæрдæ ма 'хгæнæ. Мæн дæр мæхе адæм фесафтонцæ. Фæлæ уæддæр нура мæн фæрци æй адæми æхсæн сæ æвзаг. Ду дæр адæмбæл ма устурзæрдæ кæнæ».*

*Канд Георгийы фæрцы нæ — Оскарæн йæхи фæрцы дæр у цæрæццаг дыгурон æвзаг, уымæн æмæ*

*«литература есть средство существования языка, а значит и нас с вами» (Иосиф Бродский).*

*Гибизты Рамазаны фырт Оскар райгуырд Иркутскы. Лæппу ма æнахъом уыд, афтæ йæ бинонтæ ралыгъдысты Ирыстонмæ. Оскар Дигорайы каст фæци астæуккаг скъола æмæ иуцасдæр акуыста районы газеты. Фæстæдæр ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæджы дæсныйад райста Цæгат Ирыстоны паддзахадон университеты. Кодта алыхуызон куыстытæ, уыди нæ республикæйы гвардийы уæнг дæр.*

*Æрыгон поэты æмдзæвгæтæ фыццаг хатт рацыдысты журнал «Мах дуджы» 1978 азы. Уый уыди суадоны ноггуырд донау сатæг, тæмæнкалгæ хъæлæс — зæрдæйæн хаста цин, æхцон. Раст загъта Малиты Васо, æмдзæвгæты циклæн цы цыбыр разныхас ныффыста, уым: «Никæимæ фæхæццæгæнæн ис Оскары къухдзæф, йæ алы æмдзæвгæйы дæр ссарæн ис, адæймаг æвиппайды кæмæй аджих вæййы, ахæм уæндон абарст, уыцыиу змæлдæй йæ гаччы чи абады, ахæм образтæ».*

*Уый фæстæ Оскары хъæлæс дзæвгар рæстæг нал райхъуысти — цыдæр æвирхъау мидхъуырдухæн ын æнцой кæй нæ лæвæрдта, уый рабæрæг æрæджиау. Йæ хъуырдухæны сæйрагдæр аххосæгтæ та уыдысты дыууæ: æрдзæй рахæсгæ сабион æназым уд бахауди хæрамæй йемыдзаг дунемæ. Ахæм тæссаг «фембæлд» фылдæр хатт йæ фæдыл расайы бæллæхтæ, уæлдайдæр сыгъдæг уды Хуыцау æрвон зынгæй — нывгæнæджы курдиатæй — куы фæхайджын кæны, уæд. Æвдисæнтæ — хæрх. Дыккаг аххоссаг та — æбуалгъ низы тас. Уый дæр фыццагимæ баст у: царды амæй-ай мæнгарддæр, цъаммардæр митæ, æрвылбоны трагедитæ уынгæйæ адæймаг хъуамæ куыннæ сæрра уа! Пушкин дзæгъæлы нæ фыста : «Не дай мне бог сойти с ума».*

*Цæвиттон, Оскарыл дæр æрцыд, алы адæмты стыр лæгтæй бирæтыл цы 'рцыд, уый — æлгъыстаг низы тас æмæ «фидиссаг царды» сау нывтæ йæ Чырыстийы*

*цахъхъæнæй барвыстой мæрдтæм: Дзæуджыхъæуы йæ мадыхомæ цæргæйæ, 1993 азы сæрдыгон æхсæвтæй иуы йæхи раппæрста æстæм уæладзыгæй.*

*Махæн та баззад йæ поэзи — йæ риссаг уды монцты æнæнцой уагахаст, фылдæр хатт — æрдиагау зæрдæхалæн (йæ иу æмдзæвгæйы ном «Уоди цъæхахст» хуымæтæджы нæ хуыйны, иннæ — «Уацайраг цæргæс халæнтти астæу», аннæ — «Нæ гъæун нæ Дигори» æмæ а. д.), йæ цæрдуд ахорæнты æнахуыр тыбар-тыбур, æнæнхъæлæджы метафорæтæй-абарстытæй райгуыргæ нывтæ, ныронг нæ цæст кæй нæма федта, ахæм диссæгты-тæмæсты дуне.*

## САЛД ЗÆРБАТУГ

**Цæбæл кæуис, мæ зæрди бундор?**
**Куд талингæ 'й мæ гъудий хæдзарæ...**
**Мæ æмдзæвгæ иссæй мæгургор,**
**Нæй мæ бон дзурдти согæй ниндзарун.**

**Мæ сагъæси тикис æй мæллæг,**
**Хуæдмæл дзурди æгасгей не 'ртасуй.**
**Æй мæ уарзти кæркдонæ ниллæг.**
**Мæ амонди уасæнгæ нæ уасуй.**

**Цъæх изгæ мин бахуардта мæ дзурд.**
**Мæ зарæг æрихгæд æй халасæй.**
**Салд зæрбатуг абони бæлвурд**
**Æрхаудтæй мæ цийнити бæласæй.**

***1976***

* * *

**Мæ гъудити косартæн растъегъдзæн æ цар,**
**Ра-ин уадздзæн æ тог,**
**Ра-ин тондзæн æ зæрдæ,**
**Бацæйтондзæн амонди æвæрæнти дуар.**

Ис-дзи есдзæн уæд сог,
Зинги бæсти — мæ бæлдæ,
Ниффæлсодздзæн цийнæ...
Баниуазæ æмдзæвгæ.

*1976*

## ГИБИЗТИ ОСКАРÆН

Цæбæл зарис, биццеу, цæбæл зарис,
Сау нимæти ма тохæ ду хор,
Æмдзæвги рæнгъитæй цæмæн фасис
Ду нæ царди дзиккоти цæлхдор?

Де 'взонг сагъæсти дорин куройнæ
Цийни тунтæ раинсуй æваст.
Ескæд уодзæй дæ зурнæ буройнæ,
Амонд дин нийййауаздзæй дæ маст.

*1976*

## СÆУМÆ

Думги зармæ бериндзуй бæласæ,
Цъеути зар тургъæбæл ивулуй,
Дидингути сагъæси халасæ
Зæнхи горцъе хъуритæ кæнуй.

Налат думгæ уозуй зæнхи ростæ,
Сатæг дон хæл-хæл кæнуй бунæй.
Арви дзиппæй хорæйдзаг тæрхъостæ
Цийни тунтæ калунцæ зудæй.

*1976*

## ИЗÆР

Синæр цæгъдуй зæронд уæрдундонæ,
Дуари хъист цæгиндзæй æууелгæй.
Дуари бæхбæл нур цæги идонæ
Мæ нана бакодта фæлладæй.

Ба-мæ хондзæй нуртæккæ æ уатмæ,
'Ма, аргъæутти авдæни рæхцгæй,
Игъосдзæн æдзинæг думги зармæ,
Гъудий дзосæй мæ зæрдæ гъæцгæй...

*1976*

* * *

Никкодтон мæ гъæбеси нæ гъоги
'Ма кæугæй исбадтæн æ рæбун.
Æ цæстити саури зæрди ходи
Е мæнæн ниггæлста æд æрхун.
Айдагъ е мин кæнуй тæрегъæд,
Айдагъ е ку лæдæруй мæ зин.
Е мæбæл макæддæр исæййевæд,
Ба мин дарæд æ касти кæрдзин...

## УОДИ ЦЪÆХАХСТ

Ниммæ уагътæ!..
Корун уи!..
Алцидæр уин фæуузæд хатирæй,
Æрмæст мин мæ æмдзæвги
Рæнгъити хулуй гъæмпæбæл
Рист зæрди æстъæлфагæ къæбиси
Уе 'взæгти гулдзуг ливзæ къохтæй
Уæддæр къохæвдулд ма кæнетæ,
Корун уи!..

*1987*

* * *

Некæд уарзтон адæми,
Раздæрти уарзинæ мæхе,
Фал нура мæхе дæр нæбал уарзун.
Фуддæр ма ци фæууй:
мæ цæсгони денгиз — къæйнаг ех.

Ходæзмоли хæрæг еци ехбæл
     истун нæ фæразуй.
Фуддæр ма ци фæууй:
     реуи арми хæссун нимæхстæй,
Фæрскъити æнгулдзитæй хуæцун
     фуд-зæрди уæззау дорбæл.
Фуддæр ма ци фæууй;
     æмдзæвги рæнгъитæй бид æхсæй
Тогфедуд бакæнун мæ рист уоди.

*1989*

* * *

Нæ гъæун мæ Дигори,
Мæн дæр нæ гъæуй мæ Дигорæ...
Нæ уарзгæй мæ адæми,
Се 'хсæн æргъæвст уодæй цæрун...
Нæ гъудтæн мæ Дигори,
Мæн ба куд гъудæй мæ Дигорæ!
Нæ астæу — бæрзонд горен,
Амад æй цæстисуги дорæй.
Еци дор нæ арæнмæ
Ластон мæ рист зæрди уæрдуни.
Мæ бæллецти уорс кауæ?
Кæддæр æррадæнтти байзадæй,
Дохтиртæ 'й се 'взæгути сиутæй
Фæлластонцæ уесгай.
Исбийон нæуæгæй?.. Ме 'взонгади цииртбæл
Бæлди таутæ не 'рзадæй...
Гъеуæхæн дессаг!..
Нæ гъæун мæ Дигори,
Мæн дæр нæ гъæуис, мæ Дигорæ...
Ци ми кæни мæнæй?
Ци ми кори?..

*1989*

* * *

**Мæ сæри хæдзарæбæл уаруй**
**сос дзубандий зуст мет;**
**Сау федис уорс гъости гъосинтæбæл**
**æндзæр æрæнцадæй.**
**Фест цонги донуайæнбæл рæхги**
**рауадздзæн карди хед;**
**Цæститæ — къæрæзгитæ ниууиндзæнцæ сæхе**
**тæвдæ тоги цъифцади.**
**Аци фæнди аууон**
**сонт зунди тар авари хуссуй,**
**Е 'ригъалæй тæрсгæй,**
**азмæлун нæ уадзун мæ ристади.**
**Уорс роси тъæригъосбæл мæлуй**
**цæстисуги сау фус...**
**Æрæгиау богъ-богъ кудт**
**æвзаги хуссæнæй исистадæй.**

*1989*

## МÆ ЦÆСГОНИ КОЛДУАР

**Мæ цæсгони колдуар...**
**Цæстити æрттевагæ 'вдозæнтæ**
**Берæ 'нзти, бонæй-бонмæ**
**Исæрст цæстисуги сойнæй.**
**Мæ цæсгони колдуар...**
**Фæллад сæри уæлмæрдти уорсзæнгæ —**
**Бæлдитæн циртдзæвæнтæ —**
**Уорс гъунтæмæ колдуар игон æй.**

**Мæ цæсгони колдуар...**
**Адæмæн е æхгæд некæд адтæй,**
**Цæстити æвдозæнтæбæл, цид,**
**Æнæмæтæй кодта елхъина...**
**Рæстæгутæ цудæй.**
**Æрæги 'йбæл бæзгин ниууардта**
**Кедæрти соцъа 'нгасти сау мет.**
**Æма ма дин, мæгур, ци кæна?**

Нæбал комуй игон:
Мети уæзæй нæййес æзмæлæнтæ,
Æрмæстдæр ма сæри уæлмæрдтæмæ
Фæууй бацæуæн.
Æз имæ айдæни цадæбæл банайун...
Кæдæй бæллун мæлæтмæ,
Кæдæй ковун адзалмæ...
Мæ бон ку нæбал æй... цæрун.

## МАДÆМÆ

Рагæй дæр æнгъæлдзауæй цæрун дæ адзалмæ,
Ку рамæлай — æз дæр дæ фæсте рамæлдзæн.
Уæлæбæл адæми 'хсæн мæ цард ци уазал æй,
Сæ бугъзур цæстæнгас — мæ уодæн нивæрзæн.
Цæй, цæуæн дууемæй дæр мæрдтæмæ. Æуæндæ:
Циртмæ нæбæл федиси сау мет нæ уардзæй...
О, мæ ном, ме 'знæгти æвзæгти
　　ливзæ къохти цæмæн дæ?
О, мæ цард, ци ди зонун хуарзæй?!

*1989*

* * *

Мæ цæсгони уорс арми
　　тæлфуй цæфсгæ хори узун,
Цæстити æнгулдзити
　　нæхсунцæ ирд тунти содзинттæ.
Дузæрдуги мистæ
　　берæ бæнтти 'хсинуй мин мæ зунд:
«Цæмæн гъæунцæ уæд
　　барвæндонæй мæн аци фудзинта?»
Ци кæнун æз хорæй?
Æнæсцохæй арвмæ ци кæсун?
Афонæ 'й рауозгалун ефстагмæ
　　уæддæр мæ фалдзосмæ...
Мæ цæсгони уорс арми
　　тæлфуй цæфсгæ хори узун,
Æвæццæгæн... æносмæ.

*1989*

* * *

Цæудзæнæн исонбони нæхемæ,
Зиндзæнæн æз, мæ мадæ, дæумæ...
Уозуй нин æнкъард мегъæ нæ тегъæ,
Рæфтæбæл æрхун кæнуй сæумæ.

Куд цæрунцæ, æдта, нæ бинонтæ?
Нæ 'й æстонг иуазæгæй къæсæр?
Федар ма 'й тургъи зæрдæ – кæркдонæ,
Æууелуй ма кæркитæн сæ гъæр?

Дæ лигъз дзурдæй хæссис нæ тикиси?
Ба ин дарис æхсир æма цихт?
Арæх-еу мæн цума æримиси,
Арæх дæу фæффæндуй мæн фæууинд?

Цæудзæнæн исонбони нæхемæ,
Зиндзæнæн æз, мæ мадæ, дæумæ...
Уозуй нин æнкъард мегъæ нæ тегъæ,
Рæфтæбæл æрхун кæнуй сæумæ.

* * *

Æрифтудтæ мæ зæрди, мæ мадæ,
'Ма бабæй искудтæн хæкъурццæй.
Еунæгæй дæн, айдагъ гъæу — ме 'рвадæ –
Мæ цæстисуг расæрфуй гъæунги дусæй.

## НАНАЙ МÆЛÆТ

Мæ цæстити æркъети кæуни фæсалæ,
Уазал рос цæстисугæй æмпъузт,
Мæ амондæн мæнæ æрискъаудæй æ зæлæ,
Хори реуи нæтуй думги ухст.

Ох, нана! Мæ нана! Ку лæуун æз дæ сæргъи,
Ци кæнон, ци зæгъон, куд кæнон?!
Æз федар ку бадун царди цийнæн æ саргъи,
Фал мæлæтæн ду федис хъалон.

Ци кæнон? Ци кæнон? Ду мæнмæ æригъосæ...
Ци кæнон?.. Бамæтъæл æй дæ каст.
Æрхуни рæхисæй мæ зæрди тъæригъосмæ
Баст байзадæй думгæмæ мæ уарзт.

* * *

Горæти турусати сурх тог
Гъæунгти тогдадзинттæй мезуй.

* * *

Гъæунгти фæццæун.
Адæми цæстити мет мæбæл уаруй.

* * *

Авдæни цæсти сувæллон — цæстисуг.

Цъары фæрстыл:

1. *Мæргъты бæлас.*
2. *Автосурæт.*
3. *Дзуар хæсгæйæ.*
4. *Ирон чындз.*

* * *


| | |
|---|---|
| *Технический редактор* | *Виктория БОРАЕВА* |
| *Корректор* | *Заира КАРАЦЕВА* |
| *Компьютерный набор* | *Марина КИРГУЕВА* |
| *Компьютерная верстка* | *Ирида КОДЗАТИ* |
| *Дизайн* | *Залина ГУРИЕВА* |


* * *

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору
за соблюдением законодательства в сфере массовых коммуникаций и охране
культурного наследия по Южному Федеральному Округу.

Свидетельство о регистрации СМИ ПИ №ФС 10-6649 от 20 июня 2007 г.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

*Журналмæ цы къухфыстытæ цæуы, уыдон редакци рецензи нæ кæны,
стæй сæ автортæн фæстæмæ нæ дæтты.*

Учредители: Комитет РСО-Алания по печати и делам издательств,
Государственное учреждение «Литературно-художественный
и общественно-политический журнал «Мах дуг»

Подписано к печати 29.10.08. Формат издания 60x84 1/16. Бум. офсет. № 1. Гарнитура
шрифта Myzl. Печать офсетная. Усл. п. л. 9,3. Учетно-изд. л. 7,8.
Тираж 1600 экз. Заказ № 1140. Цена свободная.

*Адрес редакции: 362025, г. Владикавказ, ул. Фрунзе, 24.*
*Телефоны: 53-69-66; 53-31-58; 53-69-62; 53-31-24, 53-65-86.*
*E-mail редакции: mahdug@mail.ru*

Отпечатано в ОАО Республиканском издательско-полиграфическом предприятии им. В. А. Гассиева
362011, г. Владикавказ, ул. Тельмана, 16.



Индекс 73247

